Эдилов С.Э.



# Нохчийн литература

## 6 класс

ФГОС

ББК 74.202.4(2 Рос.-Чеч.)
УДК 372.4(Чеч)
Э21

Дагахь латтаде!
Іаматан хІора рубрика шен билгало йолуш ю:

 – хаттарш а, тІедахкарш а;
 – текстана комментари;
 – ешначух ойла е вай;
 – произведенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай;
 – вайн къамел кхиадо;
 – культурийн диалог;
 – гІиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре дар;
 – билгалйинчу теманашна проекташ кхолла;
 – хІун Іемина вайна;
 – хІума довза лууចарна.

Э21 **Нохчийн литература.** 6 класс. Нохчийн Республикин юкъарадешаран учреждениешна Іамат / ХІоттийнарг: Эдилов С.Э. – Соьлжа-ГІала: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий»,2021. – 352 агІо.
ISBN 978-5-4314-0448-1

6-чу классан дешархошна лерина Іамат юкъайогІу литературехула йолчу дешаран-методически комплектана (5–9 кл.). Программин буха тІехь хІоттийна а, хІинцалерачу литературин лехамашца йогІуш а ю.

Іамат йогІуш ю дуьззина юкъарадешаран Федеральни дешаран пачхьалкхан стандартаца.

Іаматца цхьаьна зорба тоьхна: «Нохчийн литература: нохчийн литература кхиорна лерина белхан тетрадь. 6 кл.», «6-чу классехь нохчийн литература хьехар. Хьехархочунна гІоьнна методически куьйгалла», «Нохчийн литературина лерина герггарчу хьесапехь белхан программаш. 5–7 кл.».

Учебник соответствует Федеральному государственному образовательному стандарту основного общего образования

Рекомендован Министерством просвещения Российской Федерации (Приказ Министерства просвещения РФ от 28 декабря 2018 года №345)

УДК 372.4(Чеч)
ББК 74.202.4(2 Рос.-Чеч.)

ISBN 978-5-4314-0448-1

© Эдилов С.Э., 2021
© АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2021
Все права защищены

*«Ламанхойн шира хабарш а, иллеш а инзаре хаза поэтически хазна ю».*
*Толстой Л.Н.*

# ХАЛКЪАН БАРТА КХОЛЛАРАЛЛА

Ширачу заманахь, йоза а, йозанан литература а кхиале дуккха а хьалха, халкъо шен исбаьхьаллин произведенеш барта кхуллуш хилла: туьйранаш, тайп-тайпана дийцарш, эшарш, иллеш, кицанаш, хIетал-металш. Царах цхьаерш – туьйранаш, хIетал-металш, кицанаш, дийцарш – вайна евзира 5-чу классехь.

Туьйранаш, кицанаш, хIетал-металш санна, иллеш а ду халкъо барта кхоьллина. Амма уьш царах къаьсташ ду. Нохчийн халкъан иллеш шатайпа башхалла йолуш ду. Уьш кхаа тобане декъало: *турпалаллин-эпически, турпалаллин-исторически, лиро-эпически.*

Иллешкахь хилам бу коьрта. Оцу хиламан юьхь, цуьнан кхиар, иза цхьана чаккхене боьрзуш хилар а го вайна иллешкахь. Турпалаллин иллеш пондар тIаьхьа а балош олуш хуьлу. Уьш кхуллуш а, олуш а хилла халкъан говзанчаша-иллиалархоша. Царах дукхахдерш хьалха баьхначара тIекхиъначаьрга а луш, хаздеш, тодеш, вайн замане схьакхачийна а ду.

Адамийн дахар билгалдолу иллешкахь. Иллешкахь халкъо чIагIдо Даймохк безар, Iалашбар, кхечу къаьмнашца доттагIалла хилар. Къонахалла, оьздангалла, майралла, адамийн сий лардар кхайкхадо иллешкахь. Халкъо иллеш кхуллуш хилла паргIато лоьхуш болчу турпалхойн хьуьнарех а, сатийсамех а лаьцна. Цундела царах *турпалаллин иллеш* олу. Шен дикачу кIентийн хьуьнарш хастаме деш дийца, уьш тIекхуьучу тIаьхьенашка дIакхачо лаарна кхоьллина халкъо турпалаллин иллеш.

XII бIешарахь татаро-монголаш тIелатар бахьана долуш, дуккха а вайнах аренашкара лаьмнашка дIакхелхина. Цул тIаьхьа а АстагIа Тимаран эскар тIелатаро аренца бисна хиллачу нохчийн лаьмнашка дIакхалха дезийтина. Цу муьрашкахь юкъадаьлла малхбузехьара чергазий, малхбалехьара гIумкий вайн аренаш дIалеца гIертар.

Лаьмнашкахь вайнаха халонаш ловш хилла, латта кIезиг хилар бахьана долуш. Дахаран хьелаш лакхенгахь вуно хала хиларна, уьш шерачу метте, латтанаш долчу, гIерташ хилла. Даим, мехкашдIалецархошца къийсам латтош, тIемаш бина ламанхоша. Шайн ницкъ алсам хиларе терра, гIоли долу латтанаш тIамца дIа а лоьцуш, гIебартойн а, гIумкийн а элаша шайна дерзош хилла. Шаьш нуьцкъала дIалецначу мехкашкахь бехачу нахера ясакхаш а йохуш, уьш халачу хьелашкахь а бахкош, царна ницкъ беш хилла цара. Амма ясакх дIаяла таро цахиларна, наха, вовшах а кхетий, элашний, шовхалшний дуьхьалонаш еш хилла. И хиламаш а, къийсамаш а буьйцуш, халкъо дуккха а иллеш кхоьллина. Царах ду, масала: «Баьчча Балун илли», «Зайтан Шихмирзин а, Шовхалан Зазин а илли», «Аьккхарчу Iумаран Iелин илли», «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли», дуккха а кхидерш а.

Оцу муьран иллийн чулацамашкахь вайна хаало халкъан шен Даймахке болу безам. Иза беза а, хьоме а, сийлахь а бу цунна, цундела иллешкахь цунах «Нана-мохк» олу.

Майра, тешаме, яхьйолуш, халкъана муьтIахь верг хилла халкъо лоруш. ГIийлачуьнгахьа гIолацар, гIиллакхе, комаьрша хилар коьрта лору халкъо.

Шен турпалхой хестабо халкъо иллешкахь, церан хьуьнарш, цара дина дика гIуллакхаш тIекхуьучарна довзийта, кегийрхой уьш санна хьуьнаре хилийта, царах масал эцийта. Къехойн ямартчу, къизачу элашкий, шовхалшкий болу цабезам гойту оцу иллешкахь. Иза къеггина гуш ду цхьадолчу иллийн чаккхенехь:

Аганара ма гIоттийла элан кIант,
Iуьргара ма долийла берзан кIеза.

Турпалаллин иллеш шайн башхаллаш йолуш ду. Нохчийн дуккха а иллешкахь вайнехан турпалхошца доттагIаллин уьйраш йолуш кхечу къаьмнех болу кIентий хуьлу: оьрсийн, гуьржийн, таркхойн, гIебартойн, ногIийн. Иллеш тIехь турпалхой къаьмнашца ца къестабо. Ала деза, цхьа а къам емалдеш, сийсаздеш гайтина дац халкъан иллешкахь. Дукхахьолахь, вайнахаца цхьа а гамо йоцуш, дикачу ойланца гайтина халкъо шен иллешкахь тайп-тайпанчу

къаьмнийн кIентий. Уьш майра а, хьанал а нах бу. Вайнаха цаьрца доттагIалла леладо, уьш тешаме, оьзда накъостий а бу. Иллеша барт хиларе кхойкху.

Халахеташ делахь а, цхьацца бахьанашца, вайн халкъан барта кхоллараллин тоьлла произведенеш, царна юккъехь иллеш а, вайга кхачале дайна хила а тарло.

Вайн заманахь иллеш кхуллу керлачу дахарх, тайп-тайпанчу хиламех, гIарабевллачу нахах лаьцна, амма, литература кхиар бахьана долуш, хьалха санна дукха ца кхуллу уьш.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Халкъан барта кхолларалла бохург хIун ду?
2. ХIун тайпа произведенеш юкъайогIу халкъан барта кхоллараллина?
3. ХIун башхалла ю иллешний, туьйранашний юккъехь?
4. Стенах я хьанах лаьцна дуьйцу иллеш тIехь?
5. ХIун ницкъаш беш хилла мехкашдIалецархоша вайнахана?
6. Дийца турпалаллин иллех лаций. ХIунда олу царах турпалаллин иллеш?
7. Тетрадаш тIе шайна хууш долу а, хезна долу а илли дIаязде.

**Шуна, хIума довза луурш**

XIX бIешеран хьалхарчу эхехь дуьххьара дIаязъян йолийна халкъан барта произведенеш. Нохчийн халкъан тоьлла произведенеш гулъеш Iаморца, царна зорба тухуш белхаш бина оьрсийн Iилманчаша: Услар П.К., Миллер В.Ф., Берже А.П., Генко А.Н..

Амма халкъан барта кхолларалла бакъонца гульяррий, иза зорбатоxаррий, цунах халкъо шуьйра пайдаэцаррий кхочушхилла XX бIешарахь. Цу декъехь дакъалаьцна яздархоша Нажаев Ахьмада, Бадуев СаьIида, Ошаев Халида, Iилманчаша Джамалханов Зайндис, Эльмурзаев Сираьждис, Мунаев ИсмаьIала, Джамбсков ШаIранис, цхьамогIа кхечара а.

Иллеш тIехь буьйцу шовхалш – уьш гIебартойн, гIумкийн элий бу.

АстагIа Тимар – иза шен къизаллица гIараваьлла волчу мехкашдIалецархочун Чингисханан тIаьхьенах волу Тимур ву. Европехь цуьнан цIе Тамерлан олий йоккхуш хилла, ткъа нохчаша, иза цхьана когана астагIа хиларна, цунах АстагIа Тимар олуш хилла.

# ЭВТАРХОЙН АХЬМАДАН ИЛЛИ

I

Ва сарахь суьйренца, бузучу малхаца,
Гаьн тIе куьйра ва санна, ша дина хиъна,
Бен чохь леча ва санна, нуьйра чохь тавелла,
Сакъера аравелир, тов, Эвтархойн Ахьмад.
Бай тIехь бокъан санна, готтачу кийрахь
Дог ловзаделир, тов, Эвтархойн Ахьмадан.
Йочанан ва махо идо дарц ва санна,
Са цIенчу цу гило ша чехка идавеш,
Вадийна ваьхьир, тов, Эвтархойн Ахьмад
Экханан бен лар йоцчу цу пана ва махка,
Цаьпцалган бен цкъар[1] доцчу цу эрна ва ара.
Динна ида кIордийна, ша лаха воьссина,
Дерматан барголца[2] дин бажа лаьллина,
Чергасийн юткъа нуьйр гIовланга йиллина,
Чергасийн ва верта даржош тIе ва тесна,
Чал дера ва герзаш, нанас бер ва санна,
шен маракъуьйлуш,
Набарна ма вижир, тов, Эвтархойн ва Ахьмад.

II

Сатосу седарчий уьдучу заман чохь,
Седарчийн серлонаш къестачу заман чохь,
Нур дашо можа малх кхетале ва хьалха,
Малхал хьалха схьакхетта и маьлхан
зIенарш хазлучу заман чохь,
Син метта топ кхетта цIен экха ва санна,
ТIехьа ши куьг ва тухуш, ша хьалаиккхина,
Шен оьзда ва духар шен дегIа дерзийна,
Чал дера ва герзаш шен юкъах дихкина,

---

[1] Цкъар – аз, екар.
[2] Дерматан баргол – когаш дIабоьхку доьхкарш.

Ша ара ма велир цхьа гӀалагӀазкхи.
Дуьнен чу дашо малх кхетачу цу хенахь
Цу дато дуьрстанца ша араозийна,
Бохь бойначу попа тӀе дайн куьйра ва санна,
Дин хьаьвзаш ва хилла, ша таьӀаш тӀехиъна,
АйгӀарна хи мало ша ваха ма велир
ГӀизлара гӀалара и гӀалагӀазкхи.
Сирла хи малийна шен жимчу айгӀарна,
Юткъачу шедаца шен айгӀар чехабеш,
Ша чехка велир и шерачу цу ара.
ВорхӀазза тӀекӀелйинчу цу гӀалин ва корах
Шега хьоьжуш яйн цунна и гӀалин ГӀизлархa.
Бай тӀехь бокъан ва санна, готтачу ва кийрах
Дог ловзаделира, тов, цу гӀалагӀазкхичун.
Йилбазан ва махо некъан чан ва санна,
Расхачу айгӀаро ша чехка ва идош,
Ша ваха велир, бах, и гӀалагӀазкхи.
АйгӀаро вадийна мел чехка валийр, тов,
И гӀалагӀазкхи Эвтархойн ва Ахьмад
Наб кхетта Ӏуьллучу шерачу майдана.
Цунна Ӏуьллуш вайра, тов, цхьа динан ва бере.
ТӀеваха ца хӀуттуш, юхавала даго ца вуьтуш.
Ойла еш сецир, бах, и гӀалагӀазкхи:
«Дакъаза ма вала, хӀай Ӏуьллу хьо кӀанат!
Хьо хӀунда Ӏуьллу-те кху буто раьгӀнашкахь?
Хьаша воцуш ву-те хьо бӀобулуш тӀеваха?»
Лекхачу динара ша лаха воьссина,
Дерматан барголца дин бажа лаьллина,
Схьаэцна юткъа нуьйр гӀовланга йиллина,
Ахьмадан ах верта шена тӀе озийна.
Эвтархойн Ахьмадах шен агӀо ва тоьхна.
Набарна вижир, тов, и гӀалагӀазкхи.
ГӀан-набарш яйра, тов, Эвтархойн Ахьмадна:

Цхьана гIалагIазкхичун расхачу[1] айгIаро
Шен гила кхерийна,
шен жима ва гила хьалхара дIауьдуш,
ГIалагIазкхичун ва гила майра чу ва уьдуш.
Цу гIенан халалло мела хьацар ва тоьхна,
Набарха велир, бах, Эвтархойн ва Ахьмад.
Шен бIаьрга гира, тов, Эвтархойн Ахьмадна
Шен гила чехош, кхерийна, хьалхаберзийна,
Бежаш лелаш гира цунна гIалагIазкхичун гила.
Дера ча санна, дагна дарвелир, бах,
Эвтархойн ва Ахьмад.
Лен вели, бахара, Эвтархойн ва Ахьмад:
– Дакъаза ма вала, хIай гIалагIазкхи!
ХIай Iуьллу ва бере, ахьа суна ца бина
Тешнабехк аса бийр бац ва хьуна!
Хьан дино кхерий-кха сан жима расха дин!
Со кхерор варий-те дин болчу динан дас?
ХIинца лата веза вайша кху буто раьгIнашкахь! –
Олуш, вист ва хилча Эвтархойн ва Ахьмад,
ТIехьа ши куьг ва тухуш, шен герзех катухуш,
Син метта топ кхетта цIен экха ва санна,
Ша хьалаиккхир, тов, и гIалагIазкхи.
ТIаккха лен ма велир и гIалагIазкхи:
– Лета варий ва вайша, Эвтархойн Ахьмад,
Лекхачу ва хенал хьо лекха велхьара,
Стоммачу ва попал хьо стомма велхьара.
– Лекхачу ва хенал со лекха ву, хьуна,
Стоммачу ва попал со стомма ву, хьуна,
Тешнабехк ва боцуш, вайша лата ва ваьлча, –
Олуш, лен ма велир Эвтархойн ва Ахьмад.
ТIаккха лен ма велир и гIалагIазкхи:
– Дакъаза ма вала, Эвтархойн Ахьмад,
Муха лата лаьа хьуна кху буто раьгIнашкахь?

[1] Расха – говран ал бос.

ТIаккха лен ма велир Эвтархойн Ахьмад:
– Дакъаза ма вала, хIай гIалагIазкхи,
Схьаяьхна тапчанаш вовшашна ва тоьхча,
Цхьанниг харц хуьлий хаа йиш ма яц вайн.
Тоьпаца вай летча, харц хилла и йисча,
Тешнабехк хир ма бу, тарращца лата веза.
Ген-гена ва ваьлла, баттара тарраш ва даьхна,
Чучча а хьаьдда, вовшашна тарраш деттар ду вайша, –
Олуш, лен ва ваьлча Эвтархойн Ахьмад,
Ша реза ма хилир и гIалагIазкхи.
Вовшашна, сихонца тарраш а даьхна,
Шаьш чучча ма хьаьдир и дика ши кIант.
Шаьшшиъ чуччакхачале, хьалха ког ва тоьхна,
Мохь тоьхна вистхилир и гIалагIазкхи:
– Дакъаза ма вала, Эвтархойн ва Ахьмад,
Ахь сема ладогIа, собаре ва хилий:
Кхеравели ала даций хьан, Эвтархойн Ахьмад.
Нагахь хьан хьалха каяьлла, ахьа со ва вийча:
«ГIалагIазкхи вийна Эвтархойн Ахьмада», –
Аьлла, дIадоьрзур ду, тамаш а бийр бац хьох.
Нагахь санна, каяьлла, сан карах хьо велча,
Махкахь цIе йоккхуш дика кIант хьо хилча:
«Цхьана гIалагIазкхичо вийна Эвтархойн Ахьмад», –
Олуш, дийца даьккхича, цIе южур еца хьан,
Эвтархойн Ахьмад.
Вайшинга ва хьовса, вайшинна ва беза
Мехкарий бац кхузахь, бехк суна ма билла
Хьоьга хьуйсуш бацийца и нохчийн мехкарий,
Соьга хьоьжуш яцийца и гIалин ГIизларха.
Даггара тешаме доттагIий хила вайша,
Майралла ва гайта меттигаш нислур ю,
Собаре хилахьа, Эвтархойн Ахьмад, –
Олуш, лен ва ваьлча и гIалагIазкхи,

Ша реза ма хилира Эвтархойн Ахьмад.
Куьг лоцуш, вовшашна шаьш мараиккхина,
ДоттагІий ма хилир и дика ши кІанат.
Къамеле ва ваьлла, шерачу майданахь
Шаьш охьахиир, бах, и дика ши кІант.

III

– Дийцахьа, цхьанделхьа, Эвтархойн Ахьмад.
Хьо Іачу юьртахь хьайн йоккху бакъ цІе,
Айхьа лело ва гІуллакх, лууш дерг хьайна, –
Олуш, лен ва ваьлча и оьрсийн дика кІант,
ТІаккха лен ма велир Эвтархойн Ахьмад:
– Сан яккха тиллина цІе Эвтархойн Ахьмад ю,
Ас лело гІуллакх ду гІалин ГІизларха ялор,
Лууш дерг ду суна и сайна ялор.
Сан дагна езна-кха и гІалин ГІизларха,
ЯгІахь, йига лаьа суна и гІалин ГІизларха.
– ГІизларха йолчухула тІехволуш вара со,
Расхачу сайн динахь тІехволуш со гина,
ГІодаюккъелц араяьлла, тІаьхьахьаьжира и суна.
И тІаьхьахьажарх юхаверза дола хетта,
Со кхуза ма кхечи, Эвтархойн Ахьмад.
Вайший а и езаш хилча, и суна ца ялош,
Ялор ю вай хьуна, Эвтархойн Ахьмад.
ХьалагІатта, хІай Ахьмад, кечбе ахь хьайн гила.
Ваха веза вайша йоккхачу гІали чу, –
Аьлла, ваха велира тешаме ши накъост.
Шаьш воьдуш ма кхечира и дика ши кІант
И гІалин ГІизларха ехачу хІусаме.
Ша дийца велир, тов, и оьрсийн жима кІант
Цу гІалин ГІизлархе безамах лоьцуш.
ТІаккха лен велир, бах, Эвтархойн Ахьмад:
– Хьо хІунда хьевелла, хІай оьрсийн дика кІант?
И гІалин ГІизларха ялош, аравала цу чуьра!



Дуьхьал вистхилира и оьрсийн жима кIант:
– Дакъаза ма вала, Эвтархойн Ахьмад!
Сел сиха ца хуьлу йоIаца захало,
ЙоI резаярца бертахь дийцина,
ТIеерзо еза вай, собаре хилалахь,
ЙоI бертахь ца хилча, захало дац иза! –
Олуш, бос хаза ГIизлархa эцна,
Ша аравелир, бах, и оьрсийн жима кIант.
И гIалин ГIизлархa динан гаъ тIе хаийна
ГIалеха велир, бах, тешаме ши накъост.
ТIаккха лен ма велир и оьрсийн жима кIант:

– Борз санна майра ю хIара гIалин ГIизларха,
Ча санна дера ю хIара гIалин ГIизларха,
Малх санна хаза ю хIара гIалин ГIизларха.
Хьо санна ва кIентий сакъера ва боьлхуш,
Хьайн куьйгах и йоллалц, сакъера ма гIолахь,
Хьо ара ва вийлахь, и хераер ю хьох.
Шу марша гIойла-кха, некъ дика хуьлда шун,
Шуьшинна мел луу, шу цхьаьна дехийла
Безамца маьрша, дог дика хилла!
Со волчу вогIур хьо луучу хенахь,
Хьан дагах дог дустуш, доттагIа со ву-кха,
Со виц ахь ма велахь, Эвтархойн Ахьмад! –
Олуш, дIасакъаьстир, тов, и нийса накъостий.

* * *

Ма лолда вай, кIентий, вовшех безам ва байна,
Ма лолда вай, кIентий, вовшех тешам ва байна!

** Иллин чулацамна жамI а деш, коьрта маьIна доккхучу дешнех* ***риторически дерзор*** *олу.*

**Текстана комментари**

Иллин турпалхо Мохьмадан кIант Ахьмад вина а, кхиъна а ву Эвтарахь. Жима волуш дуьйна къаьсташ вара иза шен нийсархошна юккъехь доьналлица а, кадс, майра хиларца а. ТIаьхьо оцу амалша таро елира цунна махкахь дика вевзаш къонах хила. Шена везаш хиларна, халкъо цунах лаьцна илли кхоьллина.

**Ешначух ойла е вай**

1. ХIара турпалаллин илли хилар стен гойту?

2. ХIун Iалашо йолуш араваьлла хилла Эвтархойн Ахьмаддий, ГIизлар-гIалара гIалагIазкхий?

3. ХIун дара Эвтархойн Ахьмад дарвинарг?

4. Шега хьедина дов тIе муха лоцу гIалагIазкхичо? И шиъ вовшах а ца леташ, юхаваларан бахьана дийца.

5. Эвтархойн Ахьмадан а, гIалагIазкхичун а муьлха амалш билгалйовлу илли тIехь?

6. ГӀизлар-гӀала хӀунда вахна хилла ши доттагӀ?

7. ХӀун накъосталла дира Эвтархойн Ахьмадна гӀалагӀазкхичо?

8. Шуна муха хета, дахарехь нисдала тарлой и тайпа гӀуллакх?

9. Къаьмнашна юкъара доттагӀалла муха гайтина илли тӀехь?

**Иллин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. ХӀун ду турпалаллин илли вукху иллех къастош дерг?

2. Муьлхачу Ӏалашонца юкъадаладо иллина юх-юха аларш, эпитеташ, дустарш?

3. Фольклоран цхьа дакъа хиларе терра, иллешкахь пайда эцна меттан исбаьхьаллин суртхӀотторан гӀирсаш, туьйранашкахь санна, къаьсташ хуьлу. ЦӀерш яха церан. Даладе масалш.

**Вайн къамел кхиадо**

Дешнийн маьӀна даста, оьрсийн матте даха уьш: *чергазийн, гила, раьгӀнаш, бере, гаъ.*

**Билгалйиначу теманашна проект кхоллар**

1. Сурт дилла иллин цхьана хиламан чулацам тӀехь, барта дийцар кечде цунах лаций.

2. Инсценировка хӀоттае Эвтархойн Ахьмад а, гӀалагӀазкхи а пана арахь вовшахкхетарх лаций.

3. «Турпалаллин иллеш» темина хаамаш кечбе.

## ЭВТАРХОЙН АХЬМАДАН ИЛЛЕХ ЛАЬЦНА

Нохчийн барта кхоллараллехь йоккха меттиг дӀалоцу турпалаллин иллеша.

Дукхахдолчу иллешкахь буьйцу турпалхой хьалха цхьана хенахь баьхна нах бу. Шайн оьзданаллица, доьналлица, майраллица билгалбевлла къонахий бу уьш. Шен дикачу кӀентийн хьуьнарш хастаме деш дийца лаарна, кхоьллина халкъо турпалаллин иллеш. Царах дукхахдерш XVI–XVII бӀешерашкахь кхоьллина ду.

Коьрта долчу декьана, дахарехь хилла гӀуллакхаш ду иллин чулацамехь.

Нохчийн иллешкахь турпалхочун кхайкхош йолу коьрта Ӏалашонаш ю: доьналла долуш, собаре хилар; тешаме волуш, майра

хилар; яхьйолуш, къинхетаме хилар; ларам болуш, синтеме хилар; мискачеран, гӀийлачеран гӀолацар, Ӏуналла дар.

Кхечу халкъашций, къаьмнашций вайнехан хилла тешам, оьзда, хаза доттагӀалла дуьйцуш ду вайн барта поэзин дуккха а турпалаллин иллеш. Царах ду «Эвтархойн Ахьмадан илли» а.

Эвтархойн Ахьмадан цӀе дика евзаш ю литературехь а, барта кхоллараллехь а XIX бӀешеран 50-чу шерашкахь дуьйна. Цунах лаьцна даьхначу иллешка дукха ладийгӀина наха XIX–XX бӀешерашкахь. XX бӀешеран 30-чу шерашкахь вевзаш волчу илланчас Сулейманов Бауддис а олуш хилла и илли.

Иллин турпалхо Ахьмад вина 1824-чу шарахь Эвтарахь Мохьмадан доьзалехь. Жима волуш дуьйна а къаьсташ хилла иза шен нийсархошна юккъехь майра а, доьналла долуш а, говран дика бере а, комаьрша, яхьйолуш хиларца а. ТӀеман хьелашкахь хьалакхиъна Ахьмад дукха хан ялале майра тӀемало санна билгалволу. Амма деккъа цхьа тӀеман хьуьнаршца билгалхилла ца Ӏара Ахьмад. Халкъан лераме а, безаме а иза кхачийнарг, майралла, доьналла хиларал сов, оьздангаллий, догдикаллий, хьанал хиларрий дара. Ханна воккха вацахь а, халкъана везаш, мехкан тоьлла кӀант хуьлий дӀахӀутту иза.

Эвтархойн Ахьмадах лаьцначу эпосехь билггал меттиг дӀалоцуш ду Теркайистехь вевзаш хиллачу дукъа тӀерачу гӀалагӀазкхичуьнца Ахьмада лелийна доттагӀалла. Кавказан тӀом уггар марсабаьллачу хенахь, XIX бӀешеран 40-чу шерашкахь, церан кхолладелла доттагӀалла ма-дарра дуьйцу Эвтархойн Ахьмадах лаьцначу илли тӀехь.

Ларамаза вовшахкхета Теркан цхьана жимчу дукъа тӀехь Эвтархойн Ахьмаддий, гӀалагӀазкхий. ПаргӀат вижина Ӏуьллуш волу нохчи гича, цунна тешнабехк ца беш, юхxe охьавуьжу иза.

Ирча гӀан го Ахьмадна, гӀалагӀазкхичун говро шен дин эшош. Самаваьлча, шен гӀан декхаделла го эвтархочунна. Яхьйолчу Ахьмаде ца лало иза. ГӀуллакх лата дезаре доьрзу. Амма шаьшшиъ лата волавалале, тӀаьххьара а Ахьмаде вистхуьлу гӀалагӀазкхи.

ХӀун Ӏалашо йолуш араваьлла дийцахьара аьлла, шега деллачу хаттарна жоп луш, Ахьмада дийцира ша шена езаелла ГӀизларара

йоI яло дагахь хиларх лаьцна. ГIалагIазкхи, и йоI шена а езаш яра аьлла ца Iаш, шайн цIеначу доттагIаллина хьанал хилла, Ахьмадца цунна и йоI яло ГIизлара воьду. Дагалаьцнарг кхочушдой, и шиъ декъал а дой, новкъадоккху гIалагIазкхичо.

Илли цу тIехь чекхдолу, амма цул тIаьхьа хилларг вайна девза исторера.

Шен майрачун дин тIеэцначу гIизлaverарчу йоIана Ахьмадан гергарчара ГIизларха цIе тиллина. Ловзар хиллалц йоI, Iадато ма-хьеххара, Ахьмадан цхьана доттагIчун Жимчу АтагIарчу Къедин (хIинца цуьнан тIаьхьенех берш КадиевгIар бу) хIусамехь Iийна. ДоттагIчун ловзарга шовзткъа динбекъа а ялош веана дукъа тIера гIалагIазкхи. Ловзарга, керла доьзал декъалбан, имам Шемал а веана.

Ахьмадний, цуьнан тешамечу доттагIчунна – дукъа тIерачу гIалагIазкхичунна Санькиний – юккъехь ерш, доттагIаллин уьйраш хилла ца Iаш, дайшкара дуьйна цIийх йоьлла уьйраш хилла.

Шен доттагIчун Санькин безамна Ахьмада Сату аьлла цIе тиллира шен кIантана. Кхин йиъ йоI а хилла цуьнан цул тIаьхьа.

ТIехь да воцуш дисначу байшна, зударшна, мискачу нахана гIо деш хиларца халкъан эсехь висна Ахьмад. Йоккхачу Нохчий-чоьнан Шелан округан наиб хIоттаво иза Шемала, амма цо лелочу политикина ша резацахиларна, 1849-чу шарахь шена тIера наибан декхарш шен лаамехь охьадохку Ахьмада. Амма цул тIаьхьа а паччахьан эскаршца бечу тIемашкахь дакъалоцу.

Цуьнан валар 1852-чу шарахь чIирхойн карх хилла бохуш, дуьйцу. ХIетахь цуьнан 28 шо бен дацара. Эвтарарчу кешнашкахь, Ахьмад-КIотарна уллехь, дIавоьллина а ву иза.

Илли тIехь вай лакхахь далийначех аьлла хIумма а дац.

«Эвтархойн Ахьмадан илли» сюжетан берриг хиламаш къаьм-нашна юкъара доттагIалла, гергарло чIагIдаран маьIна долуш бу. Йоккхачу поэтически говзаллица кхоьллина илли ду иза. Шера ритм ю кхуьнан. Иллин суртхIотторан гIирсаша гIо до дуьйцуш долу гIуллакхаш даг чу дийшийта, цаьрца дог айа.

Шен барамца доккха дац илли, кхаа декъах лаьтта иза. Шиъ бен турпалхо а вац, атта ю сюжет.

Илли тIера хиламаш кхаа декъе бекъало: хьалхара – Эвтархойн Ахьмад ГIизларара йоI яло аравалар; шолгIа – гIалагIазкхи Санький, Эвтархойн Ахьмаддий ларамаза шерачу майданахь цхьаьнакхетар, церан доттагIалла тасадалар; кхоалгIа – Эвтархойн Ахьмадна ГIизларара йоI а ялош, ши доттагI цIаверзар. Оцу коьртачу хиламех лаьтта иллин чулацам, цаьргахула билгалйовлу турпалхойн амалш а.

Дукхахдолчу иллешкахь дуьйцуш дерш дахарехь шайн цхьа бух болуш хилла гIуллакхаш ду, къоман хьалхалерачу дахарера схьаэцна а ду уьш. ХIокху илли тIехь дийцинарг Эвтархойн Ахьмадан, гIалагIазкхичун Санькин бакъдолуш хилла доттагIалла ду. Шен дикачу кIентийн хьуьнарш хастаме деш дийца лаарна, уьш тIекхуьучу чкъуре дIакхачийта лаам болуш кхуллуш хилла уьш халкъо. ПаргIатонехьа болчу къийсамехь къаьмнашка цхьабарт болуш хиларе кхойкху иллешкахь. Турпалхо муьлхачу къомах ву, хьесапе ца оьцу. Коьрта лорурш стеган амалш ю: гIиллакх-оьздангалла, Даймахкана орцахвала кийча а, гIийлачун, мискачун гIо лоцуш а хилар. Иллешкахь турпалхочун дин дика хуьлу, герзаш чIогIа хуьлу, тIера духар – уггар тоьлла. Ахьмадна тIера духар дуьйцуш басарш кхоийна илли кхоьллинчара, цунна тIера верта чергасийн хилар бен, кхин хаамаш ца бовзийтина. Амма вайна хаьа ишттачу къонахчун духар тоьлла хиллий, тIехуу дин уггар масаниг, герзаш, безачу мехах эцна, гIоли дерш хиллий.

Иллешкахь турпалхойн гIиллакх-амалш тайп-тайпанчу исбаьхьаллин гIирсашца билгалйоху. Илли тIехь уьш диалогехь гучуйовлу. ХIокху иллин чулацам, турпалхойн васташ диалогашкахь билгалдовлуш ду. Оцу диалогашкахь хаало вайна Ахьмадна а, гIалагIазкхичунна а юкъара башхаллаш, мелла а церан амалех дерг. Цу шина а турпалхочун къамел собаре, гIиллакх долуш, оьздачу кIентийн къамел ду. Вайн халкъан барта поэзехь, вайнехан турпалхой санна, оьзда, дика, хьекъале, майра, хьуьнаре, адамаллин тоьллачу амалийн оьздангалла ларъеш, дикачу агIор бийцина кхечу къаьмнийн турпалхой, цкъацкъа-м, цаьрца гIиллакх лоцуш, уьш кхин а чIогIа хастош буьйцуш а нисло иллешкахь.

Эвтархойн Ахьмад санна майра, гIиллакх долуш ву гIалагIазкхи Санька, амма цуьнан собар, кхетам сов бу, и бахьана долуш, девнаца дIадоладелларг машаре доьрзий, ши доттагI хуьлу Ахьмад а, гIалагIазкхи а. Цул сов, шена езаш йоллушехь, ГIизларара йоI шен доттагIчунна яла а йо цо.

Цу тIехь а Ахьмадал лакхаваьккхина гайтина ву иза. Цхьана а кепара ца догIуш ца лору илли тIехь Эвтархойн Ахьмадна ялийнарг оьрсийн йоI хилар. Турпалхойн сибат-амат, куц-кеп гойтуш, церан хьуьнарех лаьцна дуьйцуш а, иллеш тIера хиламаш гойтуш а алссам пайда оьцу эпитетех, дустарех, гиперболех, юх-юха аларех. Эпитеташ, дустарш дукхахьолахь гуттар а цхьана кепехь лелаш дерш ду илли тIехь далийна: буто раьгIнаш; чал дера герзаш; са цIена гила; нур дашо можа малх; расха дин; гаьн тIе куьйра ва санна; син метта топ кхетта цIен экха ва санна; чал дера герзаш; нанас бер ва санна, шен маракъуьйлуш.

Цара гIо до дуьйцуш дерг исбаьхьаллин суьртехь схьагайта. Илли тIера дерзоран дешнаш иштта ду:

Ма лолда вай, кIентий, вовшех безам ва байна,
Ма лолда вай, кIентий, вовшех тешам ва байна!

Иллин чулацамна жамI а деш, коьрта маьIна доккху оцу дешнаша. Илли тIехь дийцинчун дерриг маьIна доллу оцу дешнашкахь. ЛадугIуш мел волчунна тIедерзийна ду уьш. Илли тIехь дийцина гIуллакхаш даг чу дийшийта, цаьрца дог айа, церан синхаамашка дIакхачийта далош ду уьш.

Шен маьIница а, исбаьхьаллин башхаллашца а вайн халкъан дикачу иллех цхьаъ ду «Эвтархойн Ахьмадан илли».

## ТАЙМИН БИЙБОЛАТАН ИЛЛИ

I

Буьйса сирла еача, гӀалин гонах хьийзаш,
Мох-дерз даьлча, цу гӀалин го толлуш,
Буьйса Ӏаьржа еача, гӀали чу леташ,
Полконакан йора дой ша чехка схьакхуьйлуш,
ЙогӀу-йоьду ковра шен бӀаьрга тергалъеш,
Шен бӀаьрга мел яйнарг шен куьйга йохош,
Коврах дохуш, бос хаза дареш алсам кхоьхьуш,
Ша лела велира и Таймин Бийболат.
Веана хӀоьттир-кха цуьнан отин неӀарга
цхьа динан бере,
МаьркӀажал тӀаьхьа, пхьуьйрал хьалха.
– Ассалам Ӏалайкум, ва Таймин Бийболат!
Буьйса дика хуьлда хьан!
– Ӏалайкум ва салам, хьо марша вогӀийла.
Хьо лаа леларий кху сарахь суьйренца?
– Къеначу инарлас хӀара кехат дайити хьоьга, –
Аьлла, дӀаделира цо цхьа бамбин кӀайн кехат.
– Хьо лаха воссахьа лекхачу динара,
Хьена даййна, мерза малийна вохуьйтур вара хьо.
– Хьо марша Ӏолда, Дала аьтто болда хьан,
Къахета суна хьох, ва Таймин Бийболат, –
Аьлла, дӀавахара и динан ва бере.

II

ЙогӀучу Ӏуьйренца, кхетачу малхаца,
Дуьгу нускал санна, шен гила кечбина,
Чал дера герзаш шен юкъах дихкина,
И ваьлла вахара инарла ва волчу.
– Хьо кхойкху, бах, соьга, хӀай къена инарла,
Хьо лаа кхойкхий-те? – аьлла, вистхилира и.

– Іуьйранна дІалаьллинарг сарахь цІа дан ца дуьтуш,
Буьйса сирла еача, гІали гонах хьийзаш,
Буьйса Іаьржа еача, гІали чу леташ,
Полконакан йора дой айхьа схьакхуьйлуш,
Хьо лелаш ву, боху, хІай Таймин Бийболат.
Со кхайкхац ва хьоьга, ва Таймин Бийболат,
Хьоь кхойкхург ву хьуна и Москон ва паччахь.
– И хьоьга дийцинарг бакъдерг-м ду хьуна,
ХІай къена инарла.
Ас сийсара далийна полконакан йора дой
Цу ханнийн божалахь паргІата дахаза,
Хьо кхойкху ва аьлла, схьавеана ву со-ма.
Кхана йогІучу хазачу Іуьйренца,
Іуьйренца кхетачу цу дашо малхаца
Цу БІахон борзехь цІечу байракхашца
Со хир ву ала цу Москон паччахье,
Соьца гІуллакх ва делахь, цу БІахон борзе вола ала.
Хьо марша Іолда, со цІехьа воьду, –
Аьлла, дІавахара, бах, и Таймин Бийболат.

III

И ваьлла вахара шайн юьртан пхьоьхана.
– Ассалам Іалайкум, юьртара ва кІентий!
Шуххий, Делаххий волийла со,
Шух шена накъост оьшуш шуьга аса и бахахь,
Шений-шений хиънехьара, ша вогІур вара
Бохуш, тІаьхьенгахь бехкаш ца дахийта боху ас,
Со воьду цу БІахон ирзе, инарла кхайкхинчу, –
Аьлла, юкъара къаьстира и Таймин Бийболат.
Цунна тІаьхьахІоьттира цхьакІеззиг кІентийн ва тоба.
Дуьне дуьтуш буза боьду можа малх санна,
Юрт юьтуш юьртаха елира и кІентийн ва тоба.
ТІаккха вистхилира и Таймин Бийболат:

– Сема ладогIалаш, хIай кIентийн ва тоба,
Iуьйренца болийна тIом суьйренга бахча,
Молханан кIуьрана дохк хIитта йоьлча,
Саьнгалан хьожана дой терса доьлча,
Стиглахь марха йоцуш декхначу цу дийнахь
Молханан кIуьрана мархаш хIитта евлча,
Борза тIехьа лечкъа волу кIант дIакъасталаш шайна.
Вай доьлху, шуна, цу БIахон борзе, инарла кхайкхинчу,
ДухадогIур ду аьлла, вай доьлхуш дац, шуна.
Уьш боьлхуш кхечир-кха цу БIахон борзе
ЙогIучу Iуьйренца, кхетачу малхаца.
Хьалхара хьалхе махал маса йолуш,
ТIаьхьара тIаьхье дахкарал юькъа йолуш,
Сеттачу поштана йора дой доьжна,
Царна юккъе хIоьттина,
Веана тIекхечира и къена инарла.
ТIом болабелира инзаре-буьрса.

IV

Iуьйренца болийна тIом суьйренга бахара,
Молханан кIуьрана дохк хIитта елира,
Саьнгалан хьожана дой терса девлира,
Стиглахь марха йоцуш декхначу цу дийнахь
Молханан кIуьрана мархаш хIитта евлира,
И юьртан кIентий борзах лечкъа ма буьйлира.
Ца виссал чевнаш шен дегIах хилла,
Цхьа Дела воцуриг, кхин накъост воцуш,
Дуьненах долу дог диллина ваьлла,
Цу халчу тIам тIехь ша цхьалха
Ма висира и Таймин Бийболат.
ТIаккха мохь туьйхира цо цу юьртан кIенташка:
– ХIай, елла йовла шу, ва юьртан кIентий,
Ша ца элира шуьга, вай дехачу юьрта йистехь,
Борза тIехьа лечкъа волу кIант дIакъасталаш аьлла.

Жимчохь берахь дуьйна мерза доттагI
Лаьттина вара сан и Жумин Акхтула,
Дуй биъна вара тхойша вовшел тIаьхьа яр дуьне ца даа.
Ца виссал чевнаш дегIана хилла сан,
Дуьненах долу дог диллина ваьлла со.
Цу Жумин Акхтуле хаийта ваха кIант вац-техьа шулахь? –
Аьлла, цо мохь тоьхча, ша воьду ва аьлла,
Кхокхашна юкъара кIайн куьйра санна,
Расхачу динца юкъара къаьстир-кха
Цхьа каде ва бере.
И чехка вахар-кха Жумин Акхтула волчу.
– Ассалам Iалайкум, ва Жумин Акхтула,
Жимчохь берахь дуьйна схьа
Хьан мерза доттагI волу и Таймин Бийболат,
Ца виссал чевнаш дегIана хилла,
Цхьа Дела воцуриг, кхин накъост воцуш,
ТIам тIехь хьийзош ву, хьуна, –
Аьлла, дIавахара и динан ва бере.
Чал дера герзаш кечдан вуьйлира и.
Цунах шекваьлла и къена Жума:
– Хьо стенна кечло, шен жима Акхтула? –
Аьлла, вистхилира.
– Жимчохь, берахь дуьйна шен мерза
ДоттагI лаьттина волу Таймин Бийболат,
Ца виссал чевнаш дегIана хилла,
Дуьненах долу дог диллина ваьлла,
Цу БIахон борзехь инарлин эскаран
Халачу тIамо хьийзош ву, боху,
Цига ваха воллу ша.
– ХIай, елла яла хьо, шен жима хаза «йоI»,
Басарш, сабанаш хьекхна, хьо паргIат йогIур,
Ва лата къона ву, хьуна, ша, къена Жума,
Вала къена ву, хьуна, ша, къена Жума,
Жерошна теба хан йолуш ву, хьуна, ша, къена Жума.



Схьаозал, цхьанделхьа, шен къена алаша,
Ша воьду цига, – аьлла, схьаозийра къена алаша.
Шен шира герзаш шен гIодах дихкина,
Къеначу алашна кхерсташ тIеваьлла:
– Дакъаза ма яла, шен къена алаша,
Хьо шеца къанъелла, ша хьоьца къанвелла,
Хьо каде хилалахь таханлерачу кху дийнахь, –
Аьлла, тоьхна ткъес санна, чехка юьртах ваьлла,
И воьдуш кхечира цу халчу тIам тIе.
– Ассалам Iалайкум, ва Таймин Бийболат,
Чевнаш декъал хуьлда хьан!



– Ва Iалайкум салам, марша вогIийла, къена Жума.
Мел вон веа хьо, хьо валла доккха
ГIуллакх дацара кхузахь.
– Ша вевзий-те хьуна, къена инарла,
ТIаме дукха хьийзина,
Молханан кIуьран тача
Духар тIе йиллина, ша къена Жума? –
Аьлла, тIом болийра къеначу Жумас.
Суьйренца болийна тIом Iуьйренга белира,
Сахуьлу седарчий уьдучу хенахь,
Седарчийн серлонаш къестачу хенахь,
ГIиргIано йохо кхоккхийн тоба санна,
Инарлин эскаран кхолха го шалха бирзира.
ТIаккха вистхилир-кха и Таймин Бийболат:
– Дакъаза ма вала, хIай къена Жума!
Мел чIогIа чехадо-кха вайшинна гонаха
Долу инарлин эскар.
– Шен жима хаза «йоI» йитинера ша,
Басарш, сабанаш хьоькхуш кечлуш,
Иза кхаьчна хир ю-кха кхуза.
Гила барзо дохо Iаьржа деций[1] санна,
Инарлин эскар ша чIогIа дохош,
Веана тIехIоьттир-кха и Жумин Акхтула.
– Ассалам Iалайкум, хIай къена Жума!
Шел хьалха кхуза кхаьчна,
Ахь нисдинарг хIун ду-техьа? –
Аьлла, вистхилира и Жумин Акхтула.
– Ша нисдинарг хIун ду, ша хаийта хьуна, – аьлла,
Пошта хаьхкина воьдучу къеначу инарлина
ТIаьхьа хийцир-кх къеначу Жумас шен къена алаша.
– Хьо ида ма ида, къанвелла инарла,
Идарх вер вац хьо, къанвелла инарла, –
Аьлла, тур тоьхна, божийра цо инарлин корта.

[1] Деций – уьстагIий.

Пошта тӀе велира и къена Жума.
– Бийболатан нускална яра совгӀат хьо ша,
Шуьша паргӀат вогӀур, – аьлла,
Сеттачу пошта тӀе ваьлла,
Ша цӀехьа вахара и къена ва Жума.
Бацала ло санна, и эскар эгийна,
Вахна цӀа кхечира цхьатерра ши накъост.
Кегийчу лоьраша вуьсур вац бохуш,
Баккхийчу лоьраша вуьсур ву бохуш,
Метта виллира и Таймин Бийболат.
Баккхийчу лоьрийн дарба алсам хиларна,
ГӀаьттина пхьоьхана велира и Таймин Бийболат.

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. Таймин Бийболат волчу хӀунда веана хилла жима бере?
2. ХӀунда кхайкхина хилла шена тӀе инарлас Таймин Бийболат?
3. Муха накъостий хилла юьртара кӀентий?
4. Жумин Акхтуле маца кхайкхина Таймин Бийболата?
5. Муха накъост хилла Жумин Акхтула?
6. Шина доттагӀчун майралла, доьналла, вовшийн ларар муха гайтина илли тӀехь?
7. Шуна муха хета, вовшех тера буй турпалаллин иллеш тӀехь буьйцу турпалхой?
8. Дийца, кхин муьлха турпалаллин иллеш девза шуна.
9. Дахарехь хилла гӀуллакхаш дуй илли тӀехь дийцинарш?

**Вайн къамел кхиадо**

1. Таймин Бийболатах, Жумин Акхтулех лаьцна кхин хӀун хаьа шуна?
2. МаьӀна даста дешнийн цхьаьнакхетарийн: саьнгалан хьожа, гила борз, ковра, молханан кӀур.
3. Меттан муьлхачу исбаьхьаллин суртхӀотторан гӀирсех пайда эцна илли тӀехь?

**Шуна, хӀума довза лууриш**

Илли тӀехь юьйцу сетта пошта – иза тӀехь цӀа долу кечйина ворда ю. Цу тӀехь дӀасакхоьхьуш хилла документаш, кехаташ, иштта ахча а. Почтин

декхарш кхочушдеш хилла цара. Цу кепара кечйинчу ворданах нохчаша пошта олуш хилла.

Нагахь санна шун турпалаллин иллеш алссам довза лаам белахь, аша еша еза хIара книгаш: «Нохчийн иллеш, эшарш», 1958; «Нохчийн фольклор», 1990, хIоттийнарг Джамбеков Ш.А.; «Нохчийн фольклор», 5-гIа том, 2007, хIоттийнарг Мунаев И.Б.

**Иллин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Иллин чулацам муха бу, муха ду цуьнан коьрта маьIна? Иллин дIахIоттаман коьрта дакъош билгалде: долор, хилам кхиар, кульминаци, дерзор.

2. Иллин дIахIоттамехь хIун дакъа лоцу хиламаша: Таймин Бийболат волчу кехат дохьуш динан бере вар; Таймин Бийболата бечу тIамехь шен деэшначу хенахь доттагIчуьнга Жумин Акхтуле хаийта геланча вахийтар; инарлин эскар хIаллакдина ши доттагI цIехьаверзар?

3. Къеначу Жумас дечу къамелан тидам бе. Муха ду иза цо шен кIанте дечу хенахь а, доттагIчуьнга Таймин Бийболате, алаше вистхуьлуш а? Цуьнан муьлха амалш билгалйовлу оцу къамелашкахь?

**Культурийн диалог**

1. ГIараваьллачу оьрсийн поэто Пушкин Александр Сергеевича шен «Путешествие в Эрзрум» некъан йозанашкахь Таймин Бийболатах лаьцна яздина: «Сийдолу Бейбулат, Кавказехь кхерам, Эрзрумехь вара шеца Нохчийчуьра шиъ старшина а волуш. Массо хенахь Кавказехь Россина сингаттам латтийнарг. Уьш графан Паскевичан шуьнехь бара. Бейбулат суна гIеметтахIоьттина стаг хийтира, 35 шо хан хир йолуш, лохочу дегIара, белшашкахь шуьйра а волуш. Бейбулат Эрзрумехь хилар суна боккха кхаъ бара. ХIинца, цхьа а кхерам боцуш, лаьмнашкахула юха ГIебарта некъ беш, некъа-накъост вара суна».

2. Оьрсийн матте даьккхина цхьа а нохчийн турпалаллин илли дуй? Муха дека иза цу маттахь? Кхечу къаьмнийн дуй турпалаллин иллеш?

## ИЛЛЕХ А, ЦЕРАН ИСБАЬХЬАЛЛИН БИЛГАЛОНЕХ А

Нохчийн иллеш йоккхачу поэтически говзаллица кхоьллина ду. Шера ритм ю церан. Іаламат хаза исбаьхьаллин суьрташ а, васташ а кхуллу иллешкахь, говза даладо тайп-тайпана дустарш, метафораш, эпитеташ, гиперболаш. Оцу исбаьхьаллин суртхІотторан гІирсех пайда оьцу турпалхойн куц-кеп гойтуш, церан хьуьнарех лаьцна дуьйцуш, иллеш тІера хиламаш гойтуш.

Эпитеташ, дукхахьолахь, гуттар а цхьана кепехь лелаш ерш хуьлу. Масала, Эвтархойн Ахьмадан илли тІехь: «чергасийн юткъа нуьйр», «чал дера герзаш», «расха дин», «нур дашо можа малх», «бос хаза», «бамбин кІайн кехат», кхиерш. Дуьйцуш дерг исбаьхьаллин суьртехь схьагойтуш гІо а деш, иза ладугІуш волчунна дагах хьакхадолуьйтуш гІо а до цара.

Шатайпа хуьлу иллин чулацам а, хІоттам а. Илли, дукхахьолахь, дІадолош хуьлу юкъара сурт хІотторца, я маьІна даккхарца, я цхьана хиламна тІера. Масала, Таймин Бийболатан илли дІадолало хІокху хиламна тІера:

Буьйса сирла еача, гІали гонах хьийзаш,
Мох-дерз даьлча, цу гІалин го толлуш,
Буьйса Іаьржа еача, гІали чу леташ,
Полконакан йора дой ша чехка схьакхуьйлуш,
ЙогІу-йоьду ковра шен бІаьрга тергалъеш,
Шен бІаьрга мел яйнарг шен куьйга йохош,
Коврах дохуш, бос хаза дареш алсам кхоьхьуш,
Ша лела велира и Таймин Бийболат.

Иллин коьрта ойла гучуяккхархьама, дуьйцург бакъдеш, тІечІагІдеш иллина говза юкъадалош хуьлу юх-юха аларш. Масала, Эвтархойн Ахьмадан илли тІехь вовшашца латар оьшуш цахиларан хьокъехь гІалагІазкхичо Ахьмаде олу:

Лекхачу ва хенал хьо лекха велхьара,
Стоммачу ва попал хьо стомма велхьара...



ГІалагІазкхичунна жоп луш, цуьнан дешнаш юхаолу Ахьмада:

Лекхачу хенал со лекха ву, хьуна,
Стоммачу попал со стомма ву, хьуна.

Вай далийначу кепара, юх-юха аларш дукха нисло Таймин Бийболатан илли тІехь а, кхечу иллешкахь а. Юх-юха аларша илли хаздеш, мукъаме даладо:

Ва лата къона ву, хьуна, ша, къена Жума,
Вала къена ву, хьуна, ша, къена Жума...

Коьрта долчу декъана дахарехь хилла гІуллакхаш ду иллешкахь дуьйцурш. Царна тІехь гайтина турпалхой а дукхахберш цхьана хенахь баьхна нах бу.

Амма иллеш тІехь хІума дестийна гойтуш хуьлу (гипербола), дахарехь ца хуьллучу кепара.

Масала, «бацала ло санна, инарлин эскар а эгийна», инарла а вохь, цІа воьрзу Жумин Акхтулий, Таймин Бийболаттий. Къьсттана дукха хуьлу иллеш тІехь дустарш. Говза далийначу дустарша турпалхочун васт куьце даладо:

...Син метта топ кхетта цІен экха ва санна,
Ша хьалаикккхир, тов, и гІалагІазкхи...

...Бацала ло санна, и эскар эгийна,
Вахна цІа кхечира цхьатерра ши накъост...

и. д. кх. а.

Иллешкарчу турпалхойн гІиллакх-амалш диалогашкахь а гучуйовлу. Эвтархойн Ахьмада а, гІалагІазкхичо а вовшашка дечу къамелехь хаало вайна царна юкъара башхаллаш, мелла а церан амалех дерг.

Иллин турпалхоша, шаьш цхьа гІуллакх дан кечлуш, динца къамел до, иза хьосту, накъосталла дар доьху цуьнга. Иштта дехар до «Таймин Бийболатан илли» тІехь шен къеначу алаше Жумас:

Дакъаза ма яла, шен къена алаша,
Хьо шеца къанъелла, ша хьоьца къанвелла,
Хьо каде хилалахь таханлерачу кху дийнахь...

Шен билгалонаш йолуш хуьлу иллин дерзораш а. Иллин коьрта маьIна чулоцуш хуьлу уьш. Цаьрца билгалйолу иллин Iалашо а. Илли тIехь дийцинчу дерригенан а жамI деш санна дека и дешнаш. Массарна а лерина ду уьш. Иллешкахь дийцина гIуллакхаш даг чу дийшийта, ладогIархойн дог айа, патриотически ойла кхио даладо дерзорехь и дешнаш. Масала, «Эвтархойн Ахьмадан илли» тIехь дерзор кху кепара ду:

Ма лолда вай, кIентий, вовшех безам ва байна,
Ма лолда вай, кIентий, вовшех тешам ва байна...

**Ешначух ойла е вай**

1. Муьлш бу халкъо кхуллучу иллийн турпалхой?

2. Муха хуьлу иллин чулацам а, дIахIоттам а?

3. Дийца, муьлхачу исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсех пайда эцна иллешкахь?

4. Таймин Бийболатан, Эвтархойн Ахьмадан иллеш тIера юх-юха аларш даладе.

5. Турпалхойн хьуьнарш дестийна дийцаран хIун бахьана ду? Даладе масал.

6. Муха хуьлу иллийн дIадолор а, дерзор а? ХIун маьIна ду церан?

7. Иллина юкъа диалог ялоран маьIна де. Даладе масалш.

8. Муьлххачу а цхьана илли тIера эпитеташ, дустарш даладе.

9. Иллин чаккхенехь далочу дешнийн хIун маьIна ду?

**Культурийн диалог**

1. Вайн фольклорехь шуьйра яьржина турпалаллин иллийн жанр ю. Царна тIехь цхьана билггалчу стеган хьуьнарш хестадо. Кхечу къаьмнийн фольклорехь дуй и тайпа турпалаллин иллеш?

2. Тайп-тайпанчу къаьмнийн эшарш шайн-шайн башхаллаш йолуш ю. Масала, якутийн фольклорехь шайн Деле дехарш даран эшарш ю. Оцу эшаршкахь церан шамано Деле доьху ирсе дахар, талларехь аьтто хилийтар, цамгарех адам лардар. Вайн къоман фольклорехь юй и тайпа дехаран эшарш? ХIун башхалла ю вайн эшарийн?

3. Оьрсийн къоман лирически а, доьзалан обрядови а эшарш зударша локхуш ю. Талорхойн а, исторически а эшарш – божарша. Эшарш лакхарехь и тайпа декъадалар дуй вайн халкъалахь?

**Билгалйинчу теманашна проект кхоллар**

1. Вайн композиторшна дукхаезара халкъан эшарш, уьш шайн произведенешна юкъайохуьйтура цара. «Яздархойн кхоллараллехь халкъан эшарша дӀалоцу меттиг» темина хаам кечбе.

2. Дийца, муьлха халкъан эшарш локху шун доьзалехь.

3. «Суна дукхаеза йиш» темина хаам кечбе.

## НОХЧИЙН ХАЛКЪАН ЭПОС

Шуна евзина халкъан барта кхоллараллa (дагалаца туьйранаш). Халкъан кхоллараллин юкъа йогӀу *эпос* (грекийн маттера гочдича, дош, къамел бохург ду). Ширачу эпосан коьрта тема хилла тайпанан, тукхаман, халкъан дахар цо голатухучу историн муьрахь. *Эпос – иза турпалаллин дийцарш, хабарш ду*, хӀунда аьлча цара халкъо мостагӀашца, Ӏаламан хиламашца латтийна къийсам гойту дела.

Нохчийн халкъан эпосна юкъа догӀу наьрт-аьрстхойх лаьцна долу дийцарш а. Вайн фольклоран шатайпа жанр ю иза. Халкъо кхоьллина а, дуккха а хенахь дуьйна халкъана юккъехь хилла а ю и произведенеш.

Халкъан лаамаш, сатийсамаш, цуьнан гӀайгӀанаш, баланаш, халахетарш, хазахетарш, цо лайна вон а, дика а – и дерриг чулоцу цара. Царах цхьадерш туьйранех тера хуьлу, инзаре-тамашийна хӀуманаш шайн чулацамехь а долуш, вуьш халкъан дахарехь хилла долу я хила тарлуш дерг дуьйцуш хуьлу. Цхьаццадолу хабарш билгалйолчу меттигах (юьртах, хих, ломах, бӀаьвнех) лаьцна хаамаш беш хуьлу. Дийцаран коьртехь нийсонехьа къийсам латтош а, мостагӀашна дуьхьалваьлла а турпалхо хуьлу дукхахьолахь.

Дийцаршний, туьйранашний тӀехь буьйцучу наьрташна юккъехь къаьсттана гӀараваьлла турпалхо ву Соскан Солса. Цуьнан майралла, хьуьнарш дуьйцуш дукха дийцарш кхоьллина халкъо.

## НАЬРТ-АЬРСТХОЙН ПАЧЧАХЬ НАУРАЗ

Наьрт-аьрстхой Нохчмахкахь а, Теркйистехь а, ГӀалгӀайчохь а баьхна, боху.

Нажин-Юьртана гонаха баьхна наьрт-аьрстхой. Цигахь болчу наьрт-аьрстхойн паччахь-тхьамда хилла, боху, Науразм. Иза ваьхна гӀала хилла боху меттиг ю Нажин-Юьртана дукха генайоцуш, ломан коьртехь. ГӀала хилла меттиг йоьхна, заманан йохалла текхна бердаш ду гуш. Цул дехьа ГӀера-гоьза олуш лам бу. Цигахь наьрт-аьрстхо ГӀера ваьхна. Наьрт-аьрстхо ГӀаьла ваьхначу меттигах ГӀаьла-чурте олу. И чурт ду, боху, Ӏаламат доккха а, деза а. ГӀаьлас кхо чаккхарма лекха лам тӀе хьала а баьккхина, чхар[1] ластийна, тоьхна лаьттах бахийтина.

Цу меттигах аьлла ГӀаьла-чурте.

Кхаа лам тӀехь вехаш хилла Науразззий, ГӀаьлий, ГӀерий. Цу кхаа лома юккъехь пхиъ-бархӀ чаккхарма юкъ хир ю. Вовшашна хьашт а хилла меттиг хилча, мохь ма-тоьххинехь, цхьана лам тӀера вукху лам тӀе диг кхуссуш хилла цара.

Нажин-Юьртана гонаха бехаш-Ӏаш наьрт-аьрстхой болчу заман чохь, лаьттан паргӀато лоьхуш, Нашха-Юьртара нохчий баьхкина, боху, Нажин-Юьртана лакха хьала ЦӀоьнтара. Цигахь нохчаша барт бина хилла, боху, наьрт-аьрстхошкара шайн хьалха хилла мохк схьабаккха.

Хьалха цкъа бертахь бехна нохчаша шайн мохк. Наьрт-аьрстхоша бертахь ца белла иза. ТӀаккха нохчаша аьлла: «ВорхӀ дийнахь шу кхузара дӀадовлахь, оха хӀумма а дийр дац шуна, нагахь санна аша цу хенахь тхуна мохк схьа ца лахь, тхо тӀамца тӀелета шуна».

Шаьш йиллинчу хенахь наьртийн эла паччахь Науразм а, цуьнан накъостий а дӀа ца бевлча, нохчий царна тӀамца тӀелата кечбелла.

БорхӀалгӀачу дийнахь лаьмнийн массо а кортошкаххьий, басешкаххьий лекхачу гӀуркхашна буьххье къаьжнаш[2] хьерчийна, царна тӀе цӀе а латийна, массо а маьӀӀехула Нажин-Юьртехьа тӀебуьйлабелла нохчий, маьхьарий детташ.

[1] Чхар – боккха тӀулг.

[2] Къаж – уьшалан буц.

И берриг лам цӀарца богуш гича, цунах кхеравелла Науараз а, цуьнан эскар а дедда Теркал дехьадаьлла, боху, тӀамца дуьхьало ян а ца даьхьна.

**Текстана комментари**

Наьрт-аьрстхойн паччахь Науараз ваьхна, бохуш дуьйцу, Ножин-Юьрта боьдучу некъа уллехь, *Боьхна берд* орцана юххехь. Дукха хьал долуш хилла иза, амма наха вохийна, эккхийна кхин юха ца вогг1ург. «Паччахь Науараз» цӀе йолу дийцар халкъо кхоьллина шена Даймохк дукхабезарна а, цуьнгахьа къийсам латто безаш хиларна а. ХӀокху дийцаран кепаш дукха ю. Царна тӀехь тайп-тайпана дуьйцу Науараз-паччахь вохорх лаьцна. Царах цхьаъ ду «Наьрт-аьрстхойн паччахь Науараз».

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. Наьрт-аьрстхой баьхна бохучу меттигийн цӀерш яха.
2. Мила хилла, боху, Науараз?
3. Дийца, хӀун меттиг ю ГӀаьла-чуьрте. ХӀунда тиллина цунна иштта цӀе?
4. Наьрт-аьрстхой муха нах хилла? Даладе масалш.
5. Шайн мохк бертахь схьа ца белча, хӀун сацам бина хилла нохчаша?
6. Ницкъболу Науараз шайн махкара эккхо муха хиьна нохчашна?
7. Дийцар кхаа декъе декъа, юхасхьадийца кечде.
8. Дийцар тӀера туьйранан тӀехь хуьлу билгалонаш схьалаха.
9. Дийцар тӀехь муьлхачу меттан исбаьхьаллин билгалонех пайда эцна?

**Вайн къамел кхиадо**

1. ХӀокху дешнийн маьӀна даста: *чаккхарма, къаж*.

*2. И берриг лам цӀарца богуш гича* дешнийн цхьаьнакхетарийн маьӀна де. И бохург хӀун ду?

## «НАЬРТ-АЬРСТХОЙН ПАЧЧАХЬ НАУРАЗ» ДИЙЦАРХ ЛАЬЦНА

Наьрт-аьрстхойн эпосан доккха исторически а, культурни а маьӀна ду. Къилбседа Кавказехь барта кхолламаллехь йоккха меттиг дӀалоцу наьртех лаьцначу дийцарша. Къаьсттана дукха ду уьш хӀирийн, гӀебартойн, чергасийн фольклорехь. Амма хӀора къоман а уьш шайн-шайн башхаллаш йолуш ду. Масала, нохчийн наьрт-

аьрстхо боху термин вайн фольклорехь бен лелаш яц. Оцу дешан этимологи хууш яц, схьахетарехь, тайпанан цIе хила а мега иза.

Вайн мехкан къилбседехьа долу дозанаш лардеш хилла орстхой цхьана хенахь. Тайпанан цIе чу а лоцуш яьккхина хила тарло наьрт-аьрстхо боху цIе нохчаша. Ткъа и наьрташ шайн дийцаршкахь, туьйранашкахь бийцар а ду тайп-тайпана. Вайн фольклорехь церан цIе вочу агIор йоккху дукхахьолахь, уьш къиза, нах бацош, вон адамаш ду бохуш. Маьрша беха нах Iен ца буьтуш, церан мехкаш дIалоьцуш, нахана ницкъ беш болу къинхетамза адамаш ду уьш. Амма туьйранашкахь, дукхахьолахь, оцу къийсамашкахь вайн наха, наьрташ эша а беш, шайн мехкаш схьа а дохуш, наьрт-аьрстхошна тIехь толам боккхуш дIабоьрзу хиламаш. Туьйранаш-кахь буьйцу наьрт-аьрстхой даккхий догIмаш долуш нах бу, герзаш секха-Iодмашший, цхьамзанашший долуш.

Цхьадолу туьйранаш дийцарш санна хуьлу, шайна бухехь цкъа мацах хилла гIуллакхаш а, хиламаш а болуш.

Царах лаьцна долчу дийцарш тIера хиламаш билггалчу метти-гах бозабелла хуьлу, уьш баьхнаярташ а йовзуьйтуш.

Масала, вай къастош долчу дийцар тIера Наураз-паччахь На-жин-Юьрта боьдучу некъа уллехь, Боьхна-берд цIе йолчу орцана юххехь ваьхна. Вайга схьакхаьчначу дийцарш тIехь Наураз-паччахь дукха хьал долуш, вехаш стаг хилла бохуш дуьйцу.

Амма вайн наха вохийна, эккхийна иза, кхин юха ца вогтIучу кепара. «Наьрт-аьртсхойн паччахь Наураз» цIе йолу халкъан дийцар кхоьллина Даймохк дукхабезаш а, цуьнгахьа къийсам латто безаш а хиларна тIедоьгIна. Масех вариант ю хIокху дийцаран.

Дийцар, башха доккха цахилар тидаме а эцна, кхаа декъе декъа мегар ду:

1) нохчаша наьрт-аьрстхошкара шайн мохк схьабаккха сацам бар а, цуьнан бахьана а;

2) наьрт-аьрстхоша маьршачу нехан лехамаш кхочуш цабар бахьанехь, цаьрга цIарца хьебина тIом;

3) наьрт-аьрстхой, дуьхьало ца еш, Наураз-паччахь коьртехь а волуш, Теркал дехьабовлар.

Іер-дахаран тайп-тайпана хьелаш хилла наьртийн а, маьршачу нехан а. Дукхахболчеран къен, хала дахар хилла, вукхеран – тІехдаьккхина дика. Цундела нохчаша шайн лаьттан паргІато лоьхуш хилла. Кхин садетта амал а ца хилла, цара шайна юккъехь барт бина, баха кхин таро цахиларна, шайн хилла мохк наьрт-аьрстхошкара схьабаккха. И мохк шайн хилла боллушехь, тІом ца хьебеш, машарца схьабехна цара иза.

Наьрт-аьрстхоша мохк бертахь схьа ца белчий бен, ца хьебина нохчаша цаьрга тІом: «Мохк аша бертахь схьа ца лахь, тхо тІамца тІелетар ду шуна».

Ала деза, оцу нехан лехамаш бакъонца нийса бу, ткъа цара шайн мохк паргІатбаккха йина ойла патриотически ю, хІунда аьлча наьртийн, кхо доьзал бен боццушехь, латтанаш дукха хилла. Ткъа дуккха а долчу къечу халкъан Іер-дахар, гаттийчу меттигашкахь, кхин хуьлийла йоццуш, хала хилла.

Халкъан лехамаш машаре хилар вайна го дийцаран кхидІа болчу хиламашкахь а. Нохчаша ницкъ ца бен шайн хьелаш наьрташна хьалха хІитторо а гойту шаьш лоьхург бертахь чекхдаккха церан лаам хилар. И лехамаш нийса а, бакъонца богІуш а, оьзда а бу.

Бакъду, цу кепара нийсо лоьхуш шайга схьакховдийнарг наьрташ тІеэца дагахь бац. Царна ца лаьа шаьш схьабаьккхина мохк дІатаса. ТІаккха, кхин дан хІума а ца хилла, нохчаша наьрташка дІахьедар до: «ВорхІ дийнахь шу кхузара дІадовлахь, оха хІумма а дийр дац шуна, нагахь санна аша цу хенахь тхуна мохк схьа ца лахь, тхо тІамца тІелета шуна». Тешнабехкаца а, ямартлонца а ца беш, мостагІчунна шаьш тІелетар дуй хоуьйтуш болийна тІом бу наьрташца дІаболийнарг. Кхузахь гучудолу халкъан собар хилар, бакъонца деш дерг нийса, толамца чекхдала дезар.

Ширачу заманахь хиллачу тІеман говзаллех пайда а оьцуш, психологически тІом бан кечам бо наха. Дехийчу гІуркхашна буьххье кхаьжнаш а хьарчийна, царах цІе а латийна, маьхьарий а детташ, массо а маьІехула наьрташна тІебуьйлало уьш. Іаьржачу буса гобаьккхина йогуш цІерш гича, нохчийн эскарш дукха ду а, тІеман гІирсашца дика кечделла ду а моттаделла, наьрташ, чІогІа кхера-

белла, бевдда дӀабахна, шайн коьртехь паччахь Наураз а волуш. Иштта говза, цӀий ца Ӏанош, шайн мохк паргӀатбоккху нохчаша.

Кху дийцар тӀехь вайна ца го, кхин хӀара ю аьлла, наьртийн къизалла а. Кхечу дийцарш тӀехь ма-бийццара зуламе ца буьйцу кху дийцарехь уьш, бакъду, нехан мехкаш дӀа а лецна, паргтӀат бсхаш Ӏаш-м бу уьш, нах готте а берзийна.

Халкъ а, наьрташ а дуьхь-дуьхьал хӀоттош гойту наьртех долчу дийцаршкахь: дикачо, диканиг а кхуллуш, вониг эшадо. Оцу къийсамехь халкъо наьрташна тӀехь боккху толам а хӀилланца боккхуш хуьлу.

Цхьа а тайпа тохар, Ӏоттар, вер-ваккхар доцуш, цӀий а ца Ӏанош, психологически тӀом барца эшабо цара Наураз-паччахь коьртехь волу наьрташ. Халкъан дика амалш гучуйовлу кху дийцар тӀехь: хьекъал, кхетам, собар, оьздангалла, патриотически дог-ойла.

ХӀокху дийцаран чулацаман маьӀна халкъо бакъдерггий, диканиггий лехар ду. Баьха доккха а доцуш, маьӀнех кхета атта а долуш, шех дика кхетар волчу маттахь кхоьллина дийцар ду хӀара.

## НИЦКЪБОЛУ СОЛСА

«Сайчул боккха ницкъ болуш мила ву, хьожур ву со», – аьлла, араваьлла хилла Соскан Солса.

Шегахь болу ницкъ зен Таьшкичу уллерчу хӀорда тӀехула ГӀажарийн махка сту кхоьссина Солсас. Цул тӀаьхьа, ша санна турпал стаг карор варий-теша аьлла, лелаш дӀавахча, мангал хьокхуш воллучу кхаа вешина – наьрт-аьрстхошна – тӀекхаьчна хӀара.

Кхо ваша Соскан Солсичул а дегӀехь алсам ницкъболуш хилла. Цара шайн нана йолчу хьажийна Солса. Нанас, шен кӀентий кхунна бохам бан бохку аьлла, къайлаха вадийтина Солса.

Баьхкина цӀа кхаьчча, нене хьаттина кӀенташа, шаьш цӀа ваийтина хьаша мичахь ву аьлла.

– Вайгахь ца соцуш, дӀавахара хьаша, – аьлла нанас.

ТӀаккха кхоь а ваша ведда ваханчу Солсина тӀаьхьаваьлла. Нуьцкъала кхо ваша шена бохамна тӀаьхьаваьллий а хиъна, шен ма-хуьллу ведда воьду Солса жа дажош Ӏачу цхьа бӀаьрг болчу наьрт-аьрстхочунна тӀекхаьчна.

Цуьнга шена накъосталла дахьара аьлла, дехар дина Солсас.

– ХӀун даьлла хьоьгара? – хьаьттина цхьа бӀаьрг болчу наьрт-аьрстхочо Солсега.

– Сайн ницкъ мел бу зуьйш, хӀордал дехьа сту кхоьссинера аса. Цу заман чохь со хаавелла, со вен дагахь тӀаьхьаваьлла кхо ваша – наьрташ. Царах къаьхкина вогӀу со, – аьлла Солсас.

– Ӏовдал стаг ву хьо, – аьлла наьрт-жаӀуьно. – Хьаштдоцург лелийча, сайна хилларг дуьйцур ду аса хьуна, – аьлла, жаӀуьно-наьрто дийцина: – Тхо ворхӀ ваша а, тхан да а вара, хьо санна, тхайгахьчул ницкъболуш стаг хир вуй-теша аьлла, талла араваьлла лелаш. ДогӀа дан а доьлла, лам чу кхаьчча, хьеха чу дуьйлира тхо. Хьехахь гулделла тхо Ӏачу заман чохь, жана хьалхаяьлла йогӀучу цхьана божо маӀаш тоьхна, хьехан берд ловзабаьккхира. ТӀевеанчу жаӀуьно, бож дӀа а лаьллина, коьжалг[1] Ӏоьттина хьехан берд дӀакхоьссира. Хьех ю моьттуш тхо чулевчкъинарг говран даьӀахк – туьта – хиллера, тхо чохь дерг цу коьртан бӀаьрг-даьӀахк а йолуш. Оцу коьртан даьӀахкаца сан да а, ялх ваша а дӀакхоьссинчохь хӀаллакьхилира, со, хьуна ма-гарра, цхьа бӀаьрг баккхар бен, кхин зен ца хуьлуш, висира. Ницкъана тхайл тоьлуш верг лаха арадевллачу тхуна хилларг зен ду. Сонта гӀуллакх ду ахьа юьхьарлаьцнарг, – аьлла бӀаьргбаьллачу наьрто Солсе.

– И ма дийцахьара ахьа, суна вошалла дахьара ахьа, – аьлла Солсас.

– Делахь, схьавола, сан бага эккха, – аьлла, и бага а ваькхина, шен матта кӀел дӀалачкъийна наьрт-аьрстхочо Солса.

Баьхкина тӀекхаьчначу вежарша-наьртхоша хаьттина жаӀуьне – цхьа бӀаьрг болчу наьрте:

– Хьоьца лаьттина жима къонах мича вахара? – аьлла.

ЖаӀуьно, ца хаьа шена аьлла, дуьхьало йича, тӀевеана кхо наьртхо цунах летта.

[1] Коьжалг – юьххьехь хьаьвзина а йолуш, жаӀуша лело гӀаж.

Уьш къарбала ца тигча, бIаьргбаьллачу наьрто шен букъ тIера чо а баьккхина, кхоь а ваша, хьовзийна схьа а лаьцна, цу чоца къевллина дIавихккина.

– ХIан-хIа, къонах, хIинцачул тIаьхьа хьайга цадогIург ма леладелахь. Хьоьл нуьцкъала нах а болуш бу, хьуна, дуьненахь, – аьлла, Соскан Солса дIавахийтина цхьа бIаьрг болчу наьрт-аьрстхочо.



### Текстана комментари

Наьртхойх лаьцна дийцарш ду хIирийн, адыгейцийн, балкхаройн, кхарачойн, нохчийн, гIалгIайн фольклорехь. Дукхахдолу васташ, наьртийн цIерш, сюжеташ цхьатера йогIуш ю ламанхойн эпосехь: адыгейцийн – Сосруко, абхазийн – Сасрыква, хIирийн – Сослан, балкхаройн – Сосрук, кхарачойн – Сосурка, Соскан Солса – нохчийн, гIалгIайн.

Нохчийн дийцаршкахь Соскан Солса гIараваьлла, нуьцкъала наьрт-аьрстхо ву. Соскан Солсас цIийннал лекха тIулг, тур муха лета хьажа, тоьхна, юккъехула бекъна бохуш, дуьйцу наха. И меттигаш Тумсойн-лам тIехь, ГаланчIожахь, хIинца а йолуш ю бохуш, дуьйцу халкъо.

### Ешначух ойла е вай

1. ХIун ду туьйра а, наьрт-аьрстхойх лаьцна долу дийцарш а вовшех къастош дерг? ХIун ду царна тIехь цхьатера дерг?

2. Хьанах лаьцна ду «Ницкъболу Солса» цIе йолу дийцар? Муьлш бу цуьнан коьрта турпалхой?

3. Мича Iалашонца цIера араваьлла хилла Соскан Солса?

4. Муха амал йолуш наьрт ву Соскан Солса?

5. Шуна хетарехь, Соскан Солса кIелхьара хIунда ваьккхина жаIуьно?

6. Муьлхачу ницкъашна юккъехь, хIун къийсам бу дийцарехь гайтинарг?

7. Дийца, наьрт-аьрстхойх лаьцна долчу хIокху дийцаран хIун маьIна ду.

8. Шуна хетарехь, хIунда кхуллуш хилла халкъо хIара тайпа туьйранаш-дийцарш?

9. Дийцар тIера хIума дестийна дуьйцуш йолу меттигаш билгалъяха.

10. Наьрташ шина тайпана хилар муха билгалдолу?

### Культурийн диалог

1. *Богатырь* дош оьрсийн матте маца, муха деана, хьийн шуна? Монголо-татараша оьрсашна тIелатарш дечу хенахь деана и дош оьрсийн матте. Дашо Ордахь *багатур* дашо тIемалочун дарж билгалдеш хилла.

Ткъа вайн маттахь хIун олу майрачу тIемалочух? Муьлхачу маттара тIеэцна и дош нохчаша?

2. Нохчийн эпосан шуьйра бевзаш болчу турпалхойх лаций дийца. Мила ву царах шуна дукхавезаш? ХIунда?

# ГЕРМАЧИГАРА НАЬРТАШ

Энгел-Эвлана, Азамат-Юьртана юккъехь бу Яшарт цӀе йолуш барз. Цигахь а, Гермачиг олучу меттехь а бехаш хилла, боху, наьрташ. Наха ницкъаш беш бита а ца битина, Яшарт-борзера наьрташ Гермачигахь болчарна тӀебахна, боху. Цу шина меттиган юкъ исс-итт километр хир ю.

Гермачиг Энгел-Эвлана ши километр къилбехьа, хьалха ю. Йоккха хьет санна, горга меттиг ю иза, гобаькххина яьккхина саьнгар, цунна гонаха бина вал а болуш. Юккъехь, цхьа гӀишлош хилча санна, беха шу бу, шоралла ткъа гӀулч хир болуш. Хьалха, геннарчу ширачу заман чохь, хиллачу гӀишлойн сурт ду цуьнан.

Шайна чукъовлабала Гермачиг бохучу чӀагӀонна чубулуш, юккъера латта ара а доккхуш, гонаха кӀорга саьнгар, лекха вал бина наьрташа, адамаш тӀе ца кхачийта. Цул тӀаьхьа, нахана ца хоуьйтуш, лаьтта бухахула саьнгар а яьккхина, геннара хи далийна, ара ца бийла а, тӀамах болчу кхерамах ларбала а. Шайна даа ялта а, даьхни а гулдина, цу чу боьлла уьш.

Хьалха наьрташа ницкъаш беш, ца буьтуш хьийзийнчу наха, гулбелла вовшахкхетта, бахна го лаьцна наьрташ чубоьллачу чӀагӀонна – Гермачигана. Амма гӀеххьа кӀотарал йолчу Гермачиган чӀагӀо онда йина хилла, нах, хӀетахь йолчу говзаллица, чу а ца бахалуш, валах дехьа а ца бовлалуш бисна.

Шайга царна хӀума ца даделча, наха кхеташо йина. Цу балхана хӀун далур дара-техьа аьлла, вовшех дагабевлча, нахана дагадеана, царна, миччара дагӀахь а, цхьанхьахула хи тӀедогӀуш хила деза, ткъа мала хи ца хилча, уьш мегар бац аьлла.

Гермачигана тӀе хи мичара догӀу хьожуш зен цхьа йоккха стаг йолчу бахна уьш, цунах дагабовла. Нахана дагацадогӀург дика хууш, кхетаме йолчу йоккхачу стага аьлла:

– Цу наьрташна тӀедогӀу хи, миччахула делахь а, лаьтта бухахула догӀу. Иза гучудаккха реми юкъара кхаара эмалк-говр лаца еза. Оцу эмалкана кхаа дийнаххьий, кхаа бусий кхерзина мукх бао беза, хи а ца молуьйтуш. ТӀаккха иза, хьаг а йина, дӀахеца еза.



Иза мича йоьду хьожуш тергалйичхьана, цо яхна гучуйоккхур ю наьрташна хи тIедогIу меттиг.

Йоккхачу стага шайна хьехар ма-дарра, реми юкъара кхаара чохь йолу эмалк-говр лацна, цунна кхерзина мукх баийна, иза дIа а хецна, тIаьхьабевлла юьртара нах.

Кхерзинчу мекхо чо а ягийна, хьагъелла, бIарзъелла йолу эмалк-говр массо а меттехула дIасахьаьдда, Гермачигана уллера дуьйна хьожа а йохуш, йоргIахь яхна Хошкалде кхаьчна. Цига дIа ма-кхеччинехь, Хошкалдена уллехь, регIа кIел яхна, цхьана меттехь хьалхара тIа детта йоьлла говр. Говро тIа тоьхначохь хьалха цкъа

поппарх йина кхийра биргІанаш, тІаккха царна чухула Гермачига кхаччалц охьадогІу хи гучудаьлла.

Говро лелориг а гина, тІаьхьаваьлла хьожуш лелачу стага, хи тІе охьа а таьІна, чІогІа гІадвахна, аьлла:

– Ай, хошкалде! (ГІумкийн маттахь «ой, марша да хьо!» бохург ду иза).

Адамаш сов хазахетта хьаьвзина. Цу меттехь йиллина ю, боху, хІинца а нах бехаш йолу юрт Хошкалде, и хи карийча аьлла долу Хошкалде шен цІе а йолуш.

Гермачигахь болу наьрташ, лаьтта бухахула биргІанаш чухула шайна тІедогІу хи хадийна сацийча, хьогаллина ницкъ а хилла, цул тІаьхьа мацалла а хІоьттина, цу ор чохь, белла, хІаллакьхилла, арабовла а ца баьхьаш бохуш, дуьйцу. Цхьаболчара, гІевттина, къайлаха генна дІабахна а, олу. Цигахь дикка хан яьлча а карош хилла цара лелийна герзаш а, пхьегІаш а, кхийолу хІуманаш а.

**Хаттарш а, тІедахкарш а**

1. ХІун тайпа меттиг хилла дийцар тІехь юьйцу Гермачиг?

2. Яшарт-барзера наьрташ Гермачигахь болчарна тІе хІунда бахна?

3. Гермачиг бохучу чІагІонна чубулуш хІун дина наьрташа? Уьш оцу чуболаран хІун бахьана ду?

4. Шайга и чІагІо схьа ца яккхаелча, нахана хІун дан дагадеана? ХІун хьехар дина нахана йоккхачу стага?

5. Муха хІаллакьхилла, боху, Гермачигара наьрташ?

6. ХІун ду нахе наьрташна тІехь толам баккхийтинарг?

8. Хошкалде боху цІе мичара схьаяьлла?

**Билгалйинчу темина проект кхоллар**

Шаьш дехаш долчу меттигийн цІерш мичара схьаевлла хьовсуш, талла.

## НАЬРТ-АЬРСТХОЙ КХЕРОР

Хьалха заман чохь уллехула оьхуш доккха хи а долуш, юрт хилла. И зама хилла наьрт-аьрстхой уггар гIарабевлла, цара нахана зенаш деш, царна дуьхьало еш цхьа а стаг воцуш йолу хан.

ДегIана тоьлла, массарел а гIараваьлла хилла оцу юьртана генавоцуш Iаш волу цхьа ворхI наьрт-аьрстхо. Цу юьртана чIогIа зенаш дора, бoху, цара. Цхьаъ-шиъ бежана царна тоьуш ца хилла дийнахь-бусий, юьртара даьхни хIаллакдина бовлуш хилла уьш.

ТIаккха дагабевлира, боху, юьртара нах вовшех, уьш муха совцор бара-техьа, хIун дича бакъахьа хир дара-техьа аьлла. Амма цхьана а тайпана ян дуьхьало дага ца йогIура царна. Кхин дан хIума ца хилла, кIелбиснера уьш. Юьртахоша лоруш а воцуш, цхьа къен-миска стаг веара оцу хенахь юьртан тхьамданаш гулбеллачу майдана.

– Аса совцор бу и наьрт-аьрстхой, – аьлла цо. – Амма аша суна кIалд а, цхьа кад дама а, ю а, уьш чуяхка тIоьрмиг а ло.

Воккхачу стага дуьйцучух шаьш ца тешахь а, цо бохуш йолу кIалд а, дама а, ю а, тIоьрмиг а белла, новкъаваьккхира юьртахоша и къен стаг.

Коча оьллина и тIоьрмиг а болуш, юьрта йистехула охьаоьхуш долчу хийистехь хIоьттина лаьттара воккха стаг. Хан-зама ялале дехьа хийистехь гучувелира цхьа наьрт-аьрстхо. Наьрт-аьрстхочо хичаш йира воккхачу стагана, иза кхеравалийтархьама. ТIулгах хи даьккхира цо, куьйгаш юккъехь Iаьвдина. Воккхачу стага, меллаша схьа а эцна, тIоьрмиг чуьра хи санна йолу тIеда кIалд куьйгаш юккъехь Iаьвдира. Наьрт-аьрстхочул а «туьйлира» воккха стаг.

ТIаккха наьрт-аьрстхочо, тIулг хьакха а бина, цунах чан яьккхира, шен ницкъ воккхачу стагана гайта, амма воккхачу стага, шен дама схьа а эцна, цунна «хIуп» элира. Чан алсамо елира. Воккхачу стеган «ницкъ» туьйлира. ТIаккха воккхачу стага омра дира, ша ги а воллий, хил дехьаваккха аьлла. Кхин дош ца

олуш, меллаша воккха стаг ги а воьллина, хи чухула дехьаволуш лаьттара наьрт-аьрстхо.

Наьрт-аьрстхочо хаттар дира воккхачу стаге:

– Хьо ницкъболуш хилча, оццул вайн хIунда ву хьо? – аьлла.

Воккхачу стага жоп делира:

– Дала зIенашца стигалах хьалавиххина ву со, – аьлла.

Наьрт-аьрстхочо элира, боху:

– Цхьажимма охьахеца ала оцу Деле, – аьлла.

ТIаккха воккхачу стага, схьаэцна, ю Iоьттина букъах.

Наьрт-аьрстхочуьнга мохь белира:

– Тоьур ду хьуна, хьалаайа ала цуьнга! – аьлла.

Мискачу стага ю схьаяьккхира букъахара.

Воккхачу стага, сарралц цуьнга гихь а лелавайтина, сарахь ша цIа валавайтира. Мискачу стага, шен зудчуьнца барт а бина, элира:

– Ялол, зуда, аса байъинчу наьрт-аьрстхойн жижиг кхехкадел тхойшинна, – аьлла.

Кхеравелла, доккха садаьккхира наьрто. Цо садоIуш арахецначу хIавао воккха стаг тховх туьйхира. Наьрто хаьттира воккхачу стеган зудчуьнга, и хIун деш ву аьлла.

Зудчо жоп делира:

– Хьуна тоха дукъо доккхуш ву иза, – аьлла.

Кхеравелла, ара а иккхина, вахара наьрт-аьрстхо. Шайн метте кхаьчча, цIахь болчу наьрташа хаьттира, и хьан кочахь ерг хIун ю аьлла. Иза неIаран гура хиллера, араволучу хенахь цунах гасабелла. Наьрто дIадийцира шена гина долу хIума.

Кхерабелла, наьрт-аьрстхой кхин оцу юьрта ца бахна, боху.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Муьлха зама ю дийцар тIехь юьйцург?

2. Наьрт-аьрстхошна дуьхьало ян дага хIунда деана хилла юьртхошна?

3. Наьрташа ден зуламаш совцор ду ша аьлла, юьртан тхьамданаш гулбеллачу майдана веанарг мила хилла?

4. Дийца наьрт-аьрстхочун а, къен-мискачу стеган а къовсамах лаций.



5. ДегӀана эгӀаза волу воккха стаг нуьцкъалчу наьртал толар муха нисделла?

6. Воккхачу стеган зуда хьекъал долуш хилар мичахь гучудолу?

7. Наьрт-аьрстхой кхерабалар хӀун бахьана долуш хилла?

8. «Хьекъал тоьлла» темина сочинени язъе.

9. «Хьекъал тоьлу я ницкъ тоьлу?» темина классехь къийсадаларш дӀахьо.

## НАЬРТ-АЬРСТХОЙХ ЛАЬЦНА ДОЛУ ДИЙЦАРШ А, ТУЬЙРАНАШ А

Нохчийн барта кхолларахлехь йоккха меттиг дIалоцу наьрт-аьрстхойх долчу дийцарша а, туьйранаша а.

Царах лаьцна дийцарш, туьйранаш цхьа нохчийн хилла ца Iа. Къилбседа Кавказехь дехачу массо а къаьмнийн ду царах лаьцна дийцарш, туьйранаш: гIебартойн, хIирийн, чергасийн, дегIастанхойн. Амма хIора къоман уьш шайн-шайн башхаллаш йолуш ду.

Халкъо наьрт-аьрстхойх кхоьллина дийцарш, туьйранаш Iилманчаша кхоччуш теллина дац хIинца а. Схьахетарехь, ширачу заманахь Кавказехь баьхна нах бу уьш. Цул сов, цхьана кепара ца йохуш, тайп-тайпана йоху церан цIерш а: наьрташ, наьрт-аьрстхой, эртхой, эристхой.

Ала деза, *наьрт* дашна тIетухуш долу *аьрстхо* дош Нохчийчохь бен лелаш дац.

Наьрт-аьрстхойх долу дийцарш, туьйранаш хIора къоман а шен кеп йолуш ду: цхьадолчу къаьмнаша уьш дика нах лору, вукхара, уьш къиза, нах бацош, вон адамаш ду бохуш, дуьйцу.

Нохчийн халкъан барта кхолларахлехь, наьрт-аьрстхой вон нах бу бохуш, дуьйцу. Дийцаршкахь, туьйранашкахь уьш къиза, акха, хьекъална эшна болу бацорхой санна гайтина бу. Наьрт-аьрстхой даккхий догIмаш а долуш, нуьцкъала адамаш хилла бохуш, дуьйцу наха шайн дийцаршкахь. Тамаш балла даккхийра, инзаре хьуьнарш гойту цара: лекха лаьмнаш херцадо, Теркал дехьа лаьмнел даккхийра тIулгаш кхуьйсу, цкъа охьахиъча, дийнна бежана а, уьстагIий а доу.

Дукхахьолахь вовшашца а, ткъа иштта адамашца а луьра къийсамаш латтабо цара. Адамашца цара бен къийсамаш, гуттар бохург санна, уьш шаьш оьшуш дIа а боьрзу.

Цхьадолчу дийцаршкахь бакъдерг бакъдоцчуьнца эдеш а дуьйцу. Наьрт-аьрстхойх лаьцна долу дийцарш дукхахьолахь билггалчу меттигах дозаделла ду. Царна тIера хиламаш кхочушхуьлу билгалйолчу ярташкахь а, евзаш йолчу кхечу меттигашкахь а. Иштта ду,

масала, «Новр а, ГӀожакъ а» дийцар, Гермачигарчу наьртех, Соскан Солсех лаьцна долу дийцарш.

ХӀора районехь шайн-шайн турпалхой бу: Теркаца хьалаохьа баьхна, боху, Новр а, Сатиха а, Белши а, ГӀожакъ а; Нажин-Юьртахь – Наураз-паччахь; Веданахь – ГӀад-паччахь Лашма. Цул сов, наьрташ баьхна, боху, Шуьйтахь, ЦӀоьнтарахь, Элистанжахь, кхийолчу меттигашкахь.

Дийцаршний, туьйранашний тӀехь буьйцучу наьрташна юккъехь къаьсттана гӀараваьлла турпалхо ву Соскан Солса. Цуьнан майралла а, хьуьнарш а дуьйцуш дукха дийцарш кхоьллина халкъо. Дин а бу цуьнан, ког тоьхча, боккха кӀаг а боккхуш, цхьана лам тӀера вукху лам тӀе а кхоссалуш. Иштта хьуьнаре бу дийцаршний, туьйранашний тӀехь буьйцу наьртийн турпалхой: Хамчин Патраз, Боткъин Ширткъа, кхиберш. Царна юккъехь а къаьсташ ву Боткъин Ширткъа. Шена лиъча, кхечу дуьнена а воьдий юха схьавогӀу иза маьлхан дуьнена.

Вукху наьрташка хьаьжча, нийсо езаш а, къинхетаме а, машаре а турпалхо ву иза.

Нохчийн халкъан барта кхолламаллехь Ӏаьржа ХожагӀарах лаьцна туьйранаш а, дийцарш а ду. Уьш кхолладелла дукха хан ю, наьртех долчу туьйранел а, дийцарел а дуккха хьалха.

Вайнаха ХожагӀар наьрташ бу бохуш дийцахь а, уьш наьрташ бац. ХожагӀар, наьрташ вовшех къаьсташ бу.

Наьрташ, онда догӀмаш а долуш, нуьцкъала адамаш санна, нах бу. Ткъа Ӏаьржа-ХожагӀар хье юккъехь цхьа бӀаьрг болу циклопаш бу, цара адамаш а доу.

Уьш инзаре даккхий а, буьрса а гӀаларташ ду бохуш, дуьйцу: кед-кеддал бӀаьргаш а, маьрс-маьрссал цергаш а, текх-теккхал лергаш а долуш, масех корта а хуьлу церан. Уьш наьрташ бац, уьш, Ӏаьржа-ХожагӀар буьйцуш, халкъо кхоьллина кхин дийцарш, туьйранаш ду.

Кхечу къаьмнийн барта кхолламаллехь а бу Ӏаьржа-ХожагӀарех тера болу турпалхой. Ишттачарех ву, масала, грекийн «Одиссея» произведени тӀехь вуьйцу цхьа бӀаьрг болу инзаре воккха а, буьрса а стаг Полифем.

### Хаттарш а, тӀедахкарш а

1. Муьлш хилла наьрт-аьрстхой, мичахь баьхна уьш?

2. Къилбседа Кавказехь дехачу муьлхачу къаьмнаша кхоьллина наьрт-аьрстхойх дийцарш а, туьйранаш а?

3. ХӀун башхаллаш ю царна юккъехь?

4. Наьрт-аьрстхой баьхна меттигаш билгалъяха. Цигахь баьхначу наьрт-аьрстхойн цӀерш яха.

5. Наьрт-аьрстхойх лаьцначу туьйранийн, дийцарийн гӀараваьлла турпалхо мила ву? Муха вуьйцу иза халкъо?

6. Муьлха туьйранаш, дийцарш ду шира: Іаьржа-ХожагІар буьйцурш я наьрт-аьрстхойх дерш?

7. Муьлш бу Іаьржа-ХожагІар?

8. ХӀун башхалла ю наьртех долчу а, Іаьржа-ХожагІар буьйцучу а дийцаршна юккъехь, халкъо муха буьйцу уьш?

9. Шайна наьрт-аьрстхойх лаьцна туьйра а дийцийтий, иза литературин кепехь дІаязде.

10. Шуна муха хета, вайн заманахь хӀунда ца кхуллу халкъо наьрт-аьрстхойх долу дийцарш а, туьйранаш а?

### Билгалйинчу теманашна проект кхоллар

1. Вайн махкахь наьрт-аьрстхой баьхна меттигаш билгал а еш, литературин карта хӀоттаде.

2. Эпосан дийцар дика доьшург билгалвоккху къовсам дӀахьо.



# ГАЙСУЛТАНОВ
## Іумар Эдилсултанович

**(1920 – 1980)**

Гоьваьлла нохчийн яздархо Гайсултанов Іумар вина 1920-чу шарахь Шелахь. Жима волуш дуьйна дукха ладегІна цо ден нанас Себибата шена дийцинчу туьйранашка. Оцу туьйранаша боккха безам кхоьллина цуьнан халкъан барта кхолларалле, литературе.

Тайп-тайпанчу жанрашкахь дуккха а произведенеш язйина цо берашна: повесташ, дийцарш, стихотворенеш, баснеш. Нохч-ГІалгІайн книжни издательствехь 1959-чу шарахь араелира Іумаран дуьххьарлера книга. «Болат-гІала йожар» яра цуьнан цІе.

Гайсултанов Іумарна дика девзара берийн дахар, церан дог-ойла, сатийсамаш. Цуьнан йоккха уьйр яра берашций, кхиазхошций. Цундела бераша даггара лорура и, дукхаезара цуьнан произведенеш.

1960 – 1962-чу шерашкахь араевлла Гайсултановн берашна язйина «Кавказан лаьмнашкахь», «Сема лергаш» цІерш йолу книгаш. Царна тІехь яздархочо гойту берийн дахар, церан дешар, пайде гІуллакхаш.

Иштта Гайсултанов Іумар автор ву приключенчески дийцарийн, цхьамогІа повестийн.

Яздархочун дукхахйолу произведенеш халкъан барта кхолларалла герга а, цаьрга болчу безамца язйина а ю. Масала, халкъан дахарехь хиллачун бух тІехь кхоьллина «Болат-гІала йожар» повесть.

«Іаьрби» повестехь Гайсултанов Іумара, чолхе сюжеташ ца ялош, бераш атта кхета долчу агІор гайтина хьарам карабеанчу бахамо талхийначара нахана юккъехь мостагІалла муха тосуш хилла.

Берашна язйина («Турпал», «Лечарчий», «Дашо бIар») пьесаш ю Гайсултанов Iумаран. Шен хенахь республикин тайнигийн театро хIитта а йира уьш.

Иштта, шайн чулацамца, маьIница, васташ къегина хиларца къаьсташ ю Гайсултанов Iумаран баснеш «Барзо амалш ца хуьйцу», «Кхо стуй, борззий».

Классикан шатайпа щедевр хилла ехаш ю вайн литературехь Гайсултанов Iумара кхоьллина «Александр Чеченский» повесть. Цу тIехь дуьйцу кIайчу паччахьан эскаро къинхетамза Алда-Юрт ягош дийна висначу шина кIантах цхьаннан – Iалин (Чеченский Александран) – кхолламах лаьцна. Нохчийчохь а, цунна арахьа а дика евзаш а, ешархоша лаккхара мах хадош а ю и.

Дешан говзаллица, маьIнин кIоргаллица, сюжетан исбаьхьаллица сих, дагах кхеташ язйина Гайсултанов Iумаран произведенеш ойла йойтуш а, самукъанечу, еша дог догIучу кепехь хIиттийна а ю.

Гайсултанов Iумар нохчийн берийн литературин бухбиллархо луруш ву. Цуьнан произведенеш зорбане евлла вайн махкахь а, дозанал арахьа а.

### Хаттарш а, тIедахкарш а

1. ХIун меттиг дIалоцу нохчийн литературехь Гайсултанов Iумара?

2. Мичахь, маца вина яздархо Гайсултанов Iумар?

3. Муьлхачу жанрашкахь язъеш хилла шен произведенеш яздархочо?

4. Мила ву яздархочун литературе, барта кхолларалле безам бахийтинарг?

5. Стенах, хьанах лаьцна язъеш хилла цо шен произведенеш? ХIун маьIна ду церан?

6. Iамийначу а, ешначу а произведенех муьлханиг хазахета шуна? ХIунда?

7. «Аса ешна произведени» темина Гайсултанов Iумаран кхоллараллех лаций сочинени язъе.

## НИЙСА КХЕЛ

Чу ча диллина неIармачаш аьрру белша тIе а тесна, илли олуш вогIура шена тIехь долчул сов хIума доцуш волу Дикалг. Даьхни-бахам гулбаран гIайгIа йолуш а вацара иза. Ша санна мискачарна гIоьнна орцахваьлла, шен са а кхоор доцуш, къинхетаме дог долуш вара иза. Хийла стагана, мах боккхур бар-кха аьлла, дага а ца догIуш, шен ницкъ ма-кхоччу гIо дина вара Дикалг.

Стаг холчухIоьттина гича, цунна накъосталла ца деш дIавахна а вацара иза. Хийла наха баркалла аьллера, дикачу цIарах хьахош цIе яьккхинера цуьнан.

ДIасалелаш гуш адамаш доцуш, боккхачу новкъа, аьхкенан йовха чан, ког ма сазза баьккхи, демала баьккхича санна, хIур боккхуш яьржаш, хечин когаш тIелеташ, вогIура Дикалг. Коьрта тиллина боккха кIайчу бIегIиган куй бара. Мокхачу куча тIехула гIодаюккъе йихкина локхар яра. Сих-сиха некъа йисте а волий, сийначу баца юккъе девлла, арс къорзачу кузах таръеш, бIаьрг ловзош, дагна аьхна хьожа йогIуш долу зезагаш дохуш вогIура и.

ЦIаьххьана некъ хьаьвзачохь стаг гира Дикалгана. Юьхь лаьцна, ницкъ ма-ббу бIарза дIаийзош, мохь хьоькхура стага:

– Яло! Яло! Кхи-кхи! Нажжаз! Хьий, хьан дала, исс делахь а, са!

Амма вон амал йолу бIарза меттах ца йолура. Шен дас лелориг шех хIумма а дозуш доцуш санна, новкъахь йоьгIча санна, ченалахь лаьттара иза, дехий лергаш лестош, кест-кеста мозий дIа а къехкош. Дикалг тIекхечира.

– Ассалам Iалайкум!

– Ва Iалайкум салам! – аьлла, бIарзана оьгIазвахначу стага, кIоршаме вистхуьлуш, схьаийцира салам.

Дикалга, иза велаваларе сатесна, бегаш бира:

– Ченалахь йисна бIарза?

– Меттах-м ца йолу, дуй биъча санна.

– ХIоьттина хир ю и. ХIинца-м, жимма са а даьIна цо, дIайолаяла а мега. Хьажал, дIалаллий.

– Кхи! Кхи! Яло, Іовдал! Кхи!

БІарза меттах ца хьайра.

– «Кхи» ца олуш, говрана санна «но» аьлча а йолалур яцаратехьа хІара? – аьлла, бІарзана тІехьа а хІоьттина, мохь туьйхира Дикалга, куьйгаш а лестош: – Но! Но! ДІаяло! Но! Ой-й! Хьо ма жІаьлеша. Хьойц! Но! Къуш!

БІарза, лергаш а лестош, лаьттара.

– Цкъа собар делахь! ХІара вон амал йолуш хьайба ду. Ялсамани чу ийзийча а, вир юхагІиртина бохуш дуьйцу туьйра хезний хьуна? Изза ду хьуна хІара а. ЦІога а лаьцна юхаозо езара хІара, тІаккха ша хьалхахьа дІагІуртур яра, – аьлла, цІоганан юьхьиг а лаьцна, юхаозийра Дикалга бІарза.

Хьалха юьхьанца шена деш дерг хІун ду ца хиъначу бІарзано корта ластийра, тІаккха, ша чІогІа юхаийзорна, хьалхахьа дІагІоьртира иза. ТІах-аьлла тата а долуш, Дикалган карахь цІоганан юьхьиг а юьсуш, бІарза, цІингаш а кхоьссина, новкъа дІаедира.

Дикалг цецваьлла хьоьжура шен карахь йисинчу цІоганан тамаре.

– Сан бІарзан цІога дац иза? – аьлла, хьаьттира бІарзан дас, юххе а хуьлуш.

– Тера-м ду.

– Тера ду бохург хІун ду? ХІуьттаренна, сох кхаьрдаш, нах сох белийта, ди-кх ахьа хІара. ЦІагара бІарзан да хилла лелар вац со! Я цІога дІахуттур ду ахьа, я суна кхин бІарза оьцур ю ахьа! – олуш, шаьлтана тІе ка диллира бІарзан дас.

Шен дагахь ойла йора цо: «Кхул бІегІийла дерг цкъа а нислур дац суна, цу вон амал йолчу бІарзах дІа а къаьстина, кхин бІарза караян», – бохуш.

– Сих ма лохьа, къонах! Аса хьан бІарзан цІога дагадоьхна а ца дина хІара, я со бІарза эццал хьал долуш а вац. Сайн дагахь хьуна гІо до моьттуш ма ваьллинера со, хьайна иза дика хуъушшехь, хьо соьга харц а лоь.

– Харц, ца харц, хаац суна. Я суна бІарза оьцур ю ахьа, я цІога дІахуттур ду ахьа!

– Аса туй тоьхча хIара дIахотталуш делахьара-м, хала а ма дацара хьан лаам кхочушбан. Эца бохург, ахьа со кхузахь шаьлтанца верина охьавиллича а, цахиндерг ду, со да волуш Iуьрг даькккхина эппаз а дац.

– Суна и хаа оьшуш а дац.

– Дацахь, схьаетта хIета хьайн шаьлта.

Цхьана минотехь гергга лаьттира бIарзан да, вист а ца хуьлуш, ойланаш еш. ТIаккха билгалдаькккхира цо:

– Дика ду. Хьо хIокху сохьта иштта късн стаг велахь, вайшиъ хьалха тIекхаьчначу юьртан къеда волчу гIур ву, цо йийр ю вайшинна кхел.

– ХIун дийр ду хьуна, гIур ву-кх юьртан къеда волчу а.

Генна яьлла дIайоьдучу бIарзана тIаьхьаволавелира и шиъ.

– Хьан бIарза цIоганан юьхьиган йозаллина йолалуш ца хилла. Хьажал, йорт эцна йоьдучуьнга, – элира Дикалга, вела а къежаш.

БIарзан да вист а ца хилира.

Иштта дIавоьдуш, генна ваьлча, цушинна гира новкъахь говр-ворда а, цунна юххехь цхьаъ деш воллу стаг а. Цунна тIекхечира и шиъ.

Муьлххачу меттехь а тIекхаьчча луш долу салам-маршалла деллачул тIаьхьа, Дикалга хаьттира:

– ХIун хилла хьан вордан чкъургана?

– ХIоз тIерабаьлла. ХIара метта ца нислуш воллура со.

– Аса гIо де хьуна, схьалол соьга.

Йоккха хан ялале хIоз шен метта дIанисбелира. Амма дIачIагIбан я хьостам а, я аьчкан сара а бацара.

– Меллаша дIавахча, нах бехачу кхочур ву хьо, цигахь карор ю хьуна хIоз тIекъовла хIума.

Вордан дас, баркалла а аьлла, вордан тIе а хиъна, дIайолаялийтира говр. Генавалале хIоз юха а дIа а баьлла, доккха тата а доккхуш, чкъург йойра.

Вордан да, сихха охьа а иккхина, воьхна чкъурге хьаьжира, юха, йоккха хан ялале, Дикалгана тIе а хьаьдда, цуьнан пхьаьрсах катуьйхира цо.

– Аса дешначу жайнора гӀур вац хьо ког бацкхина дӀа-м, суна чкъургана богӀу мах охьа а ца буьллуш, ахьа Ӏехавалла Ӏовдал а вац со. ХӀоз шен меттахь лаьттар болуш санна, со Ӏехо а воллурий хьо. Эхь ца хетий хьуна!

– АстагӀфируллахӀ, хьо тахана суна доьхна деана де, – элира Дикалга, доккха са а доккхуш.

– Къонах, – аьлла, къамеле велира бӀарзан да. – Кхуьнгахь хьуна чкъургана бала мах а бац...

– Суна юкъарлончаш ца оьшу. Хьайн доттагӀ волу дела кхуьнгахьа гӀо даккха воллу хьо.

– Ахьа хӀун дагадеана боху-м ца хаьа суна сайга чкъурган мах ло, – элира Дикалга, – амма аса нис ма-барра хӀоз дӀанисбан гӀерташ хьо-хьо ма вара, ахьа нисбинехьара а йоьра яра хьан чкъург. Сан бехк болуш хилла ма дац иза, хьо бакъдолчух кхета лууш велахь.

– Ахьа хьехамаш балла жима а вац со. Кхин деха дуьйцур а дац аса, охьабилла мах.

– ХӀай къонах! – аьлла, шозлагӀа а къамела юкъа вуьйлира бӀарзан да. – ХӀара сан доттагӀ а вац я суна вевзаш а вац. ЛадогӀахь цкъа аса бохучуьнга.

– ХӀун боху ахьа?

БӀарзан дас ма-дарра дӀадийцира шен гӀуллакх а, ша бина сацам а. Жимма ойла а йина, вордан дас элира:

– Кхин сан а дац дан хӀума. Юьртан къедас сацам бича, йиллинчу хенахь я схьалур бу кхо мах, я цу механа суна вецар ву хӀара. Со а вогӀу юьртан къеда волчу.

Иштта сацам а бина, дӀабахара уьш.

Некъана цхьана агӀор кӀорга доцуш Ӏин дара, пен санна нийса берд а болуш. Цигахьа дӀа а хьоьжуш, ойланаш йора Дикалга: «БӀарза йолчо дуьйцучух-м хала а, атта а хьалхавер вара со. Ткъа хӀинца хӀара а нисвели-кх, сан докъазалла, кху тӀе. Юьртан къедас кхел муха йо а, дика хууш ду. ХӀокхара со цуьнан балхахь вацош хӀаллаквийр ву. Иштта дуьне дуучул, валар тоьлу».

И сацам а бина, цӀаьххьана дӀаиккхина ведда Дикалг, вукху шиннан бӀаьрг ца кхуьуш, бердах иккхира.

Иза юьртан къеда волчу вуьгуш вогӀу шиъ цхьабосса:

– Я АллахӀ! – аьлла, берда йисте хьаьдира.

ДӀачухьаьвсича, царна гира валаза дийна Дикалг а, цунна тоха яьккхина шаьлта а карахь жима стаг а. Царна дӀанехьо Ӏуьллуш кхин цхьа стаг а, генайоццуш нилхаяьллачу бацала яжа кхийдаш тӀе нуьйраш техкина ши говр а.

Берда тӀехь волчу шиммо цхьабосса мохь туьйхира:

– Собар делахь!

– Сих ма лолахь!

Кхин хан ца йолуьйтуш, и шиъ ведда чехка дуьхьал новкъа лаха чу воьссира, ца соццуш мохь а бетташ.

ЧӀогӀа кхеравеллера и шиъ. Дикалг вийча, шайн дагахь, царна каракхаьчча санна хеташ болу пайда бовр бу-кх бохург дагатеснера цушинна, ткъа юьртан къедас, шена жимма кхаъ белчахьана, кхел шайгахьа узуш йиийриг хиларх тешна а вара и шиъ.

– Шу эзар стаг хилча а, сайн ден пхьарс бойначу стеган са доккхур долуш ву со! ХӀуьттаренна иккхира иза цу бердах чу, сан дена тӀекхетархьама. Аса...

– Сих ма лолахь! Оха бохучуьнга ладогӀахь!

– ХӀун боху аша?

Цара дийцира шаьш юьртан къеда волчу хьош дерг. Йистехь, бай тӀехь, хиъна Ӏа воккха стаг вистхилира:

– Сан кӀант! Вайшиъ а ваха веза юьртан къеда волчу. Пхьарс меттахӀоттош лело долчу молханашна дайа ахча деза, ткъа аса меттахь Ӏуьллуш болх ца беш йоккху йолчу ханна богӀу мах а боккхур бу вайшиммо кхуьнгара.

ДӀакхечира уьш юьрта. Нахе юьртан къеда мичахь вехаш ву а хаьттина, цуьнан керта бахара уьш.

Кертахь, беркъа бедар а юьйхина, дечиг доккхуш волчу ялхочо юьртан къеда цӀахь цахилар хаийтича, рагӀу кӀелахь садаӀа охьахевшира схьакхаьчнарш. Дикалг, шен кӀадваларе ца хьоьжуш, ялхочунна тӀе а вахна, цуьнгара диг схьа а эцна,

дечиг даккха вуьйлира. Цу юккъехула ялхочо дечу хаттаршна жоьпаш лора.

Дикалга ша кхуза кхачаран бахьана дийцира.

Йоккха хан ялале, дечиг доккхучохь Дикалг а витина, дIавахара ялхо. Доггах тухура Дикалга дечигах диг. Боккха дечиган мор баьккхира цо.

РагIу кIел веара, сийна оба а юьйхина, йоккха маж йолуш, бIаьргашна тIетаIийна тиллина Iаьржачу холхазан куй а болуш воккха стаг, пхьаьрса кIел лаьцна жайна а долуш. Дикалга шен болх битира. Диг гоьрга тIе а доьгIна, сецира иза. Салам-маршалла деллачул тIаьхьа воккхачу стага хаьттира:

– Шу со волчу даьхкина?

– Хьо юьртан къеда вуй?

– Ву-те.

– Даьхкина, дера, тхо-м цхьацца гIуллакхаш нисделла, хьоьга кхел яйта.

– Кхуззахь, хIокху рагIу кIел, ер вай шуна юкъадоьллачун кхел. ЦIа чохь йовха ю, кхузахь Iиндаг1 ду, шийла ю.

Массо а шайна меттиг йол-йолчу охьахевшира. Юьртан къедас, хена тIе охьа а хууш, хаттар дира:

– Хьалхара муьлха ву шух?

– Со ву, – аьлла, хьалагIаьттира бIарзан да, дукха даккхий доцчу мекхех куьг а хьокхуш, вела а къежаш.

– Схьадийцал.

– Сан-м дац кхин деха дийца хIума а. ХIокху стага сан бIарзан цIога хадийна, хIинца иза сайн долахь йита йиш йолуш вац со. Я сайна кхин бIарза эца, я цIога дIахотта, боху аса.

– БIарзан цIога дIахотталур ду ткъа?

– Дац. Цундела боху аса кхуьнга сайна кхин бIарза эца.

– Ахьа дийцарехь, лечкъина тIе а веана, хадийна-кх цо и цIога.

– ХIан-хIа, суна гIо дан гIерташ.

– Ткъа цо хьуна хIуьттаренна дина ма дац иза. ХIунда хьийзаво ахьа иза, бехк боцуш?

– Со муха лела веза цIагара бIарза а эцна? Сох нах буьйлур ма бу. Со-м башха хьал доцуш а вац, сайх нах белийта, – элира бIарзан дас: «Соьгахьа оьзна ахьа кхел яхь, тоьлу хьуна», – боху хаам беш, бIаьрг а таIош.

– Дика ду хIета, хьо охьахаа. ШолгIа мила ву шух рогIехь?

– Со ву, – аьлла, хьалагIаьттира вордан да. – Гой хьуна, къеда, дIо сан ворда? Чкъурган милк ца хиллехьара, кхуза а кхачалур вацара со.

– Хьажахь! – цецваьлла сурт хIоттийра юьртан къедас. – Мел дика ду-кх чкъурган милк йолуш.

И дешнаш муха аьлла ца кхеттачу вордан дас дуьйцура:

– Чкъурга тIера хIоз дIа а баьлла, и дIанисбан гIерташ со воллуш, суна гIо до ша аьлла, тIе а веана, хIоз дIанисбира хIокхо. Цул тIаьхьа, генавалале, хIоз юха а тIера а баьлла, чкъург йойра.

– Ахьа нисбийр барий хIоз цо санна дIа?

– Кхин муха нисбийр бара аса?

– Дика ду. Охьахаал.

Шега хаттар дале, хьалагIаьттира жима стаг.

– Къеда! Сан деха дийца хIума а дац. ХIокху стага, бердах чу а иккхина, сан ден пхьарс бойна. Цунна дарбанаш лелош, цо цомгуш Iуьллуш меттахь йоккху йолчу ханна хиндолу зен меттахIоттадайтар доьху аса хьоьга.

– Берд лекха барий?

– Дера бара, сов лекха а ма бара.

– Дика ду. ЛадогIалаш массара а! – аьлла, юьртан къедас дIадиллира жайна, тIаккха жимма хан а ялийтина, дIакхайкхийра цо кхел. – Жайно магош дац харцдерг. Харцлер къилахь а ду. Жайно боху, бIарзан да, хьох лаьцна: нагахь санна хьайна дийна цIога долу бIарза езахь, дIалур ю ахьа иза цуьнан цIога хадийначуьнга цIога юха хьаладаллалц лело! Реза вуй хьо?

БIарзан да, вист ца хуьлуш, юьстах а ваьлла, бIарзан юьхь лаьцна, дIавахара.

– Вордан да! Жайно боху хьоьга, вордан чкъург, тишъелла хиларна, йойна. ДIалур ю ахьа хIокхуьнга хьайн ворда а, говр

а. Цо керла чкъург а йина, иза тишъяллалц лела а йина, юхалур ю хьуна ворда а, говр а. Реза вуй хьо?

Вордан да бIарзан да вахханчу новкъа дIавахара.

– Жима стаг! Хьоьга боху жайно, хIара берда кIелхула, хьой, хьан дай вогIуш ма-хиллара, дIаволалур ву, ткъа хьо берда тIера чуэккха веза. Реза вуй хьо?

Жима стаг вистхилале, цуьнан дас элира:

– Сан кIант, бакъдерг дуьйцу къедас. Кхел нийса йина. Со-со а вара кху гIуллакхан ойла еш. Вало, дIагIур ву вайша.

Цецваьлла лаьттара Дикалг, лаьттан бIаьра хьоьжуш. Ца кхетара иза, мича дикане сатуьйсуш йо юьртан къедас шегахьа уьйзуш сел нийса кхел. Меллаша корта хьала а айъина, юьртан къеде хьаьжира иза. Юьртан къедас, дIасхьа а хьаьжна, вела а къежаш, хаьттира:

– Хьо вуй кхелана реза, сан ваша?

– Дуьненахь яц цул нийса йина кхел. ХIун дика де аса хьуна, къеда?

– Цхьа а дика ца оьшу суна, сан ваша, хьайн дикалла хьайн дагца ю хьан, – аьлла, схьа а лаьцна, озийна дIаяьккхира къедас шен мажжий, меккхий.

Сихдина бIаьрг-негIарш детташ хьоьжура Дикалг. Цунна хьалха лаьтташ верг вара ялхо.

– ХIара ма тамашийна хIума ду!

– Кхел нийса ца йина бохург дагадеана-м ца ваьлла хьо цец?

– Ца ваьлла-те. Хьуна сел нийса и ян хаарна, цецваьлла со.

– ХIан, дIагIо хIинца, къеда цIа вогIу хан хилла.

– Марша Iойла хьо, сан ваша!

– Марша гIойла хьо а.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. ХIун хии вайна Дикалгах лаьцна? Муха стаг ву иза?

2. Новкъахь хьовзам хиллачу нахана гIодар мича хьоле доьрзу Дикалгана?

3. Дикалга динарг цу кепара тIе хIунда лоцу некъахоша?





4. Юьртан къеда волчу хIунда баха лиъна царна?

5. Ялхочо юьртан къеда ву ша моттуьйтуш йина кхел муха яра?

6. ХIун бахьана ду цо и кхел цу кепара яран?

**Ешначух ойла е вай**

1. Муха хийти шуна хIара дийцар? ХIун ойланаш кхоллаялийти цо шун дегнашкахь?

2. Дийцаран муьлха турпалхо везавели шуна? Дийца, хIунда къастийна аша иза.

3. Дийцаран коьрта турпалхо мила ву? Шайн жоп масалшца тIечIагIде.

4. Ялхочун а, Дикалган а амалехь цхььанадогIург хIун ду, шуна хетарехь?

5. Шуна хетарехь, ялхочунна къедин метта кхел ян дагаданийтинарг хIун ду?

6. Дикалге шен довхошна тIехь толам баккхийтинарг хIун ду?

**ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай**

1. Харцлер, къилахь дерг, нийсо бохург хIун ду? Дийцаран дакъалацархошна царах дерг хьанна хIун кхачор дара аша? Автор хьаьнгахьа ву аьлла, хета шуна?

2. Адаман дика амал – и юй яздархочо шен произведенехь коьрта лорург?

3. Дикалг оцу новкъахь шеца нисбеллачу нахана гIо а ца деш дIаваха тарлорий? Аша хIун дийр дара, цуьнан метта хиллехь?

4. ХIара произведени ешча, диканиг дан дог догIу, харцо эшо, нийсо ларъян лаам кхоллало даг чохь. Реза дуй шу хIокху чIагIдарна?

**Билгалйинчу темина проект кхоллар**

**Инсценировка хIоттае ялхочо кхел яран хьокъехь.**

## БАСНЯ ЖАНРАХ ЛАЬЦНА

*Басня* (цхьаболчара туьйра-кица а олу цунах) ширачу литературин жанрех цхьаъ ю. Иза шеца къеггина хьехамбаран маьIна а долуш, стихотворенин кепехь (наггахь прозехь а) яздина жима дийцар ду. Дукха хан йоццуш шуна девзинчу туьйранашкахь персонажаш адамаш, акхарой, дийнаташ дара. Стаг къонвеш долу Iежаш, тамашийна олхазар, стаг денвеш долу хи, мекара цхьогал, оьгIазе борз, дера ча а.

ХIоранна а евза и персонажаш. Уьш, туьйранашкахь хилла ца Iаш, баснешкахь (туьйра-кицанашкахь) а хуьлу. Хьуна ма моттахь, дакъалоцурш даим акхарой, дийнаташ ю. Баснин турпалхой олхазарш, акхарой, дийнаташ делахь а, амма церан амалш адамийн амалшца йогIу. Церан вовшашца йолчу юкъаметтигашкахь, леларехь, цара дечуьнца бIаьрла гучуюьйлу вайна адамийн амалш, амалийн башхаллаш, вайгахь резадацар кхуллуш йолу. Авторо, беламе а дохуш, Iорадоху и сакхташ. Царна тIехь дуьйцург къайладаьккхина маьIна долу хIума хуьлу.

Коьртаниг – иза и басня хIун Iалашо йолуш язйина, хIун ду цуьнан коьрта маьIна бохучух кхетар ду.

И ерриг баснеш цхьаьнатухург аллегори ю. *Аллегори* (грекийн маттахь allos – кхин, agopeuo – олу) – иза кхидерг алар, кхечу дешнашца кхетам балар, исбаьхьаллин произведенин юкъара маьIна билггал долу васт кхолларца, къеггина гуш долчу хIуманехула гучудаккхар бохург ду. Адамийн амалш, дукхахьолахь, дийнатийн, акхаройн васташкахула билгалйоху: сай – оьздангалла, зингат –

къинхьегам, ча – ницкъ, ондалла, цхьогал – хIилла, пхьагал – стешхалла гойтуш хуьлу.

Цул сов, баснехь кхетoран маьIна а хуьлу, оцу сакхтах, вочух стаг хьалхаваккхаран Iалашо йолуш далийна.

Дуьххьара баснеш кхолла а, йийца а волавелларг Эзоп ву, Ширачу Грецехь вайн эра тIеяле, VI–V бIешерашкахь, ваьхна волу.

Цуьнан цхьайолу баснеш берашна яздинчу шен дийцаршкахь йовзийтина Толстой Лев Николаевича.

Стихотворенин кепехь язйинчу баснешца гIарабевлла Францера поэт Лафонтен, XVII бIешарахь ваьхна волу, иштта оьрсийн поэт Крылов Иван Андреевич а. Нохчийн литературехь шуьйра яьржина яц и жанр. Вуно кIезиг бу вайн литературехь баснеш язйинарш. Уьш бу: Гайсултанов Iумар, Сатуев Хьусайн, Гацаев СаьIид, Кибиев Мусбек.

***Гайсултанов Iумар***

## БАРЗО АМАЛШ ЦА ХУЬЙЦУ

*(Басня)*

Iай хало хьегна
ГIелъелла и борз
УгIура гIийла,
Букъах бина хIоз.
Гира цунна газа,
Дацара гIор лаца.
Йистхилира иза,
Хила гIерташ эсала:
– Газа, схьайола,
Хир вай доттагIий,
Со хийцаелла,
Кан аса хийцина.
Газа тIеeара,
Хезнарг бакъ хетта.
Барзо и хьаьшира,
Чехка тIекхетта.

Барзо, хIора шарахь
Кан хуьйцуш хиларх,
Хийцац шен амалш.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Мича хьолехь хилла борз Iай? ХIунда?
2. ХIун доттагIалла хьедира барзо газане?
3. ХIун тешнабехк бира барзо газанна?
4. ХIунда тийшира газа барзах?
5. Барзах тешарна хIун хилира газанна?
6. Стенах доллу баснин коьрта маьIна?
7. Барзах лаьцна шайна хууш долу халкъан кица даладе.
8. Басня яххьашкахь еша кечло.

**Ешначух ойла е вай**

1. ХIун «хало» хьегна Iай барзо?

2. Шуна муха хета, мила ву Берзан, Газанан васташкахь вуьйцург? Дагадаийта, тардина маьIна бохург хIун ду.

3. Берзан а, Газанан а васташкахь муьлха амалш билгалйовлу?

4. ХIун маьIна ду кху баснин?

5. ХIара ши жанр – басня а, туьйра а – гергаялориг хIун ду? Ткъа мичахь го шуна уьш вовшех къастош дерг?

**Вайн къамел кхиадо**

1. Шайн дешнашца баснин маьIна даста.

2. Ойла а яй, баснин дIахIоттаман башхаллех лаций дийца.

3. Лахахь далийначу дешнашкахь берзан муьлха амалш билгалйовлу: *газа схьайола, хир вай доттагIий, со хийцаелла, кан аса хийцина.*

4. Дийца, муха кхета шу дешнийн цхьаьнакхетарех: *кан аса хийцина.*

5. Баснин дакъалацархойн коьрта амалш билгалъен къастамаш балабе: Борз – ... , Газа – ... .

6. Синонимаш ялае *хьаьшира* хандашна. Шуна хетарехь, яздархочо и хандош хIунда далийна кхузахь?

7. Берзан, Газанан васташкахь шуна товш дерг, доцург хIун ду, дийца.

8. Дагалаца басни тIера, афоризм хилла, нахалахь даьржина дешнаш: *барзо хIора шарахь кан хуьйцуш хиларх, хийцац шен амалш.*

9. Оцу афоризман темица догIу шайн жима дийцарш кхолла.

## «БАРЗО АМАЛШ ЦА ХУЬЙЦУ» БАСНЕХ ЛАЬЦНА

Арсанукаев Iабдуллин «Нохчийн литературин Iилманан терминийн лугIат» тIехь туьйра-кица аьлла билгалйина басня. Шеца хьехамбаран маьIна долу кегий дийцарш ду уьш, стихотворенин (наггахь – прозехь) кепехь яздина. Адамийн сакхте амалш, юкъаметтигаш дийнатийн васташца схьагойту царна тIехь.

Туьйра-кицанашкахь халкъан хьекъалх а, барта кхолламаллех а схьаэцнарш дукха хуьлу. Царна тIехь дийнаташ, адамех тардеш, маьIна къайладаккхарца, аллегорически кепехь гойтуш дуьйцу. Яздархочо цхьаннан васт хIоттош, цуьнан амалш, юкъаметтиг гайтарца гучудоккху туьйра-кицанан маьIна. Персонажийн амалш цхьана билггалчу кепехь ялийна хуьлу. Масала: борз – даим буьрса, сутара, цхьогал – мекара, хIилла долуш и. д. кх. а.

Вайн литературехь шуьйра яьржина, кхиъна яьлла жанр яц хIинца а басня. ХIокху жанрехь шайн корматалла зийна яздархой а бац дукха: Сатуев Хьусайн, Кибиев Мусбек, Гайсултанов Iумар, Гацаев СаьIид.

Гайсултанов Iумара «Барзо амалш ца хуьйцу» басни тIехь акхаройн, дийнатийн васташца адамийн тайп-тайпана амалш гайтина. Берзан вастаца авторо гайтина ямарта, шех тешам боцу персонаж. Шена хьалха хIоттийна Iалашо а ю цуьнан вон – газа яа ойла йолуш. Борз борз хилаза Iийр яц олуш, кица ду вайн халкъан. Цо шен амалш ца хуьйцу. Ткъа газа, цунах тешар бахьана долуш, хIаллакьхуьлу.

Iай, шийла йолчу хенахь, берзалоша, дукхахьолахь, халонаш хьоьгу. Кхача боцуш, мацалла лан дезаш меттигаш дукха нисло оцу акхарошна цу хенахь. Борз оза а, меца, шелонна хебна а, чукхетта гай а долуш хуьлу. Цу хьоле йолчу барзо шега ша гIийла а ю, тохарлераниг яц, ша амал а, кан а хийцина аьлча, газа цунах теша. Теша, ша догцIена хиларе терра, барзаца гергарло дезарна. Гергарло къийсамал гIоли долу дела.

Кхузахь къеггина гучуйолу берзан ямартло. Ша гIора дайна, гIелъелла хиларна, шена газа эшо атта хилийтархьама, кIеда-мерза дуьйцу цо газанца, цунна тешнабехк бан ойла йолуш. Цундела ю

борз луьра а, ямарта а. Ткъа газа дагахь хIума доцуш, гIийла хIума ю.

Яздархочо борз чолхечу вастехь гайтина. Ямарта борз мацалла гIора дайна елахь а, цуьнгахь берзан дог а, ницкъ а бу. Цо газанна тешнабехк бо.

Баснин маьIна хIокху дешнашкахь ду: «Барзо, хIора шарахь кан хуьйцуш хиларх, ца хуьйцу шен амалш». Оцу дешнаша гойту яздархочун барзах йолу ойла а, идейни маьIна а. Хаза дийцарх, гIийла хетарх, кан хийцарх, берзан дог-ойла ямарта ю, цундела цунах теша мегар дац. Баснин мотт а бу шеца исбаьхьалла йолуш. Барзо деш долу къамел а ду кIеда-мерза, эсала: «хир вай доттагIий», «со хийцаелла», «кан аса хийцина». Ткъа авторан дешнаш аллегори шайца йолуш далийна: барзо «букъах бина хIоз», «кан хуьйцуш хиларх, хийцац шен амалш». И дешнаш халкъан кицанашца догIуш ду.

Саидов Билалан «Майра кIант Сулима» туьйранера Сода а ву иштта ямарта стаг. Сулима вацаво цо, цунна догIург дIа а ца луш, юха цхьана махка дIавохуьйту, юха ца воьрзуш, иза хIаллакь-хилийта.

«Барзо амалш ца хуьйцу» ша жима басня елахь а, бараме диллича, кIорггера маьIна долуш ю. Адамийн дахарехь хуьлуш дерг ду яздархочо вайга масал эцийта далош.

Яздархочо тардинчу маьIнехь гайтина вайна шен басни тIехь дахарера бакъдерш.



## САТУЕВ
## Хьусайн Джунидович

***(1939 – 1995)***

*Хьаша вац со маьлхан хьаьттахь,*
*Йистера бIаьрг тоха веъна.*
*Со вага веъна кху лаьттахь,*
*Охане довха дог тесна...*

Нохчийн поэт Сатуев Хьусайн вина 1939-чу шарахь Хьалха-Мартанан кIоштан Iалхан-Юьртахь ахархочун доьзалехь.

Дуьнен тIехь веха пхоьалгIа шо бен доцчу хенахь шен халкъаца йийкъира хинволчу поэто 1944-чу шарахь махка йоьссина хало. Дерриг нохчийн халкъаца махках а ваьккхина, шен хенара болу кхиболу яздархой санна, хийрачу махкахь кхиъна ву поэт. Цигахь школе а вах на.

Нохчийн халкъ шайн дай баьхначу махка цIадирзинчул тIаьхьа, 1958-чу шарахь, чекхъяьккхира цо юккъера школа. Оццу шарахь деша вахара Нохч-ГIалгIайн хьехархойн институте.

Дуккха а шерашкахь болх бина Хьусайна Iалхан-Юьртарчу юккъерачу школехь берашна нохчийн мотт а, литература а хьоьхуш. Жима волуш дуьйна а вара иза халкъан барта кхолларалла дукхаезаш. Хьусайнан ненан ваша вара халкъан барта кхолларалла дика хууш а, евзаш а. Ша валлалц йоккхучу заман чохь нохчийн халкъан туьйранаш а, шира хабарш а дуьйцура, иллеш а довзуьйтура цо Хьусайнна. Цо доккха дакъа лецира хинволчу поэтан кхетам шорбеш кхиорехь.

Поэт хилла ша дIахIуттуш, Хьусайна шен уггар хьалхара хьехархо нохчийн литературин бухбиллархойх цхьаъ волу Мамакаев Мохьмад лорура.

Сатуев Хьусайн стихаш язъян волавелла 1958-чу шарахь ша хьехархойн институтехь доьшуш волуш. Цуьнан дуьххьарлера стихийн

гулар зорбанехь араяьлла 1967-чу шарахь «Лаьмнийн бер» цIе а йолуш.

ХIетахь дуьйна цо арахецна дуккха а стихийн гуларш. Уьш ю: «Сахуьлу седа» (1969), «Йистйоцу аре» (1978), «БIаьстенан мукъамаш» (1980), «Дахаран абат» (1988), кхиерш а.

ДIаволалуш дуьйна а цуьнан поэзехь хаалора къонахаллин аз. Хьусайнан стихаш вайна дукхабезачу Даймахках, Iаламах, къоман гIиллакхех, къонахаллех лаьцна ю.

Баснин жанрехь а болх бина поэто. Евзаш ю цуьнан баснеш: «Ломмий, цхьогаллий», «Оьпанийн арданг», «Цхьогалан хьехам», «Дуьме ца кхаьчна цициг», кхин а.

Ша схьаваьлла орам ларбар, цуьнан оьзда зIе, заманахь къагош, кхин а дIакхехьар лору поэто тIекхуьучу тIаьхьенан коьрта декхар.

## ЛОММИЙ, ЦХЬОГАЛЛИЙ
*(Басня)*

Борз борз хилаза йисна яц, цо шен куц мел хийцарх...
*Халкъан кица*

Лоьмана кхаъ-кхалор
Кховдийна къайлах,
Котамийн Iунал дан
ХIоьттира Цхьогал.
Де доьхна котамаш
Евлира кхайкха:
– Ма ирча хьал ду-кха
ХIоттийнарг тхоьга!
БоргIалийн барт тайра
Арз дала Лоьме.
Дог тешна, уьш кхечи
Цу Лоьман гIопе:
– ХIай сийлахь тхан паччахь,
Оха бакъ лоьху,
Тхо цоьсту Iцхьогало,
Ехьа ахь гIоли.

– И хIун ду? Баккъал а
Дуй-теша иштта? –
Дера дистхилира
Акхаройн тхьамда.
– Ой, суна-м ца хиъна
Цуьнан и хIилла!
Iамор ду Цхьогал-м ас
Котамийн хам бан.
БоргIалаш яхара.
Ткъа Цхьогал кестта
Лом долчу кхечира,
Тускар а текхош,
Хьесталуш, кьевкъира,
Цхьа коча сетташ:
– Кхерзинчу котамна
Хир дуй хьо тIера?
– Схьатоха кху стоьл тIе
Сан ховха безам.
Ахь мерза кечйо и,
Сан чоме кхачош.
Ткъа кхана, мекарниг,
Ахь кечбан беза
Хьайна арз деанчу
БоргIалех кхача.

Сан дешнийн маьIна а,
Гена ца долуш,
Ша Лом ду моьттучу
Хьаькамна догIу.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Котамашна хIун Iуналла дан лиъна цхьогална?
2. ХIун «бакъ» лоьхуш тIеяьхки лоьмана боргIалш?
3. Шега боргIалша арз дича, хIун кеп хIоттийра лоьмо?
4. Цхьогало хIун дира боргIалша лоьме шена арз динчул тIаьхьа?
5. Арз нийсонца къастийрий лоьмо?



6. Лоьмана кхаъ хIунда белла хилла цхьогало?

7. Шена кхаъ беллачул тIаьхьа цхьогална хIун тIедиллира лоьмо? Нийсо ларъеш хиллий цо? Теша мегар дуй цунах?

8. Дийца, хIун маьIна ду хIокху баснин.

9. Адаман сийх, хьаналх, тешамах лаьцна долу кицанаш даладе.

**Ешначух ойла е вай**

1. Лоьман, Цхьогалан, БоргIалийн, Котамийн васташкахь муълш гайтина яздархочо?

2. Лоьмах хIунда тийшира БоргIалш?

3. Лоьман, Цхьогалан васташкахь муьлха амалш билгалъяьхна авторо?

4. Лом ши юьхь йолуш хьалкам хилар стен гойту?

5. Цхьогал Лоьмана хьесталуш, ткъа котамашца дера хIунда ду?

6. Баснин коьрта маьIна муьлхачу дешнашкахь билгалдолу?

**Баснин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Баснин аллегорически (тардина) маьIна даста хьовса.

2. Дуста вовшашца БоргIалийн, Лоьман, Цхьогалан къамел. ХIун хаало шуна цу къамелашкахь? Церан муьлха амалш билгалйовлу оцу диалогашкахь?

3. ЛадогIа диалогашкахь Лоьмо дечу къамеле. Муьлхачу дешнаша гойту цо шалхо лелош хилар?

4. Басни тIера оьшучохь нийса далийна васте хандешнаш схьалаха.

**Культурийн диалог**

1. Ойла е, муха гойтуш ю борз оьрсийн литературехь (дагалаца оьрсийн туьйранаш, Крыловн баснеш). Ткъа кхечу къаьмнийн а, нохчийн а литературехь муха гойту иза?

2. Баснеш тIера шайх кицанаш хилла дешнийн аларш даладе. Оьрсийн матте даха уьш.

## БАСНЯ ТАЛЛИЙ ВАЙ

Баснех кхетархьама, дакъалацархойн амалех, церан юкъаметтигех, билггалчу хиламех, цара шайна хьалха хIоттийначу Iалашонах кхета веза. Сатуев Хьусайнан «Ломмий, цхьогаллий» баснехь эпиграфна далийна кица а цхьа маьIна долуш далийна ду аьлла, хета: «Борз борз хилаза йисна яц, цо шен куц ме л хийцарх...»

ХIокху халкъан кицано схьадосту баснин маьIна.

Басни тIера Цхьогалх лаьцна хIун хии вайна? Хьалкам долчу Лоьмана кхаъ белла, шена бIегIийла котамашна тIехь Iуналла даран гIуллакх эцна цо. Амма ша оцу дарже дIахIотторца котамашна тIехь ницкъ бан а хIоьттина. Де доьхна, дан амал доцуш, йоьхна хьийза котамаш. Цхьогало шайга хIоттийна ирча хьал довзийтар боргIалша шайна тIелоцу.

Бакъдерг, нийсаниг лоьхуш йолчу боргIалша шайн къа-бала дIабалхийча, Лоьмо Цхьогало лело хIилланаш шена ца девза кеп хIоттайо. Цунна догIу таIзар дар, котамийн хам кхидIа йолчу ханна Цхьогале ша бойтур хилар дIахоуьйту нуьцкъалчу паччахьо Лоьмо.

Амма шена дина арз кхочушхилла далале, дукха сиха Лом долчу, карахь-марахь «кхаъ» бохьуш, схьакхочу Цхьогал. Хьасталой, качлой, Лоьмана там берг дан сихло и хIиллане цIуьхIар. Шера хаьа цунна, Лоьмана хIума дагадале, гIаьттина вой шен метта хао дезий. Ткъа Лоьмана оьшург хIун ду? Цунна а веза шена хьесталург, ша лорург, шена муьтIахь верг. Цундела до цо и тайпа омра Цхьогале, арз дохьуш яьхкинчу боргIалийн хIу дайа деза аьлла.

ХIун маьIна ду хIокху баснин? Хьанал, хьарам, нийсо, бакъо бохург хIун ду а ца хууш, дерриг дуьне шайн ду моттаделлачу Лоьмах тера болу хьаькамаш а нисло вайн дахарехь. Шен куьйга кIел мел волчунна шена луург, ша дагалаьцнарг, шен аьрхачу амалехь дерг бен кхочуш ца дан весет ду цо ша-шена динарг. Царна ца беза нийсонна, бакъонна тIегIерта хьанал къинхьегамхой.

Ишттачу хьаькамашна безарш, шайна кхаьънаш а кхийдош, даржаш а оьцуш, харцонах шайн байракх а йина лела нах бу. Оцу нахехула кхочушдо цара шайн хьарам, харц, тешаме доцу ирча гIуллакхаш. Шина куьцехь нах бу и тайпа даржашка нисбелла нах: юьхь-дуьхьал цхьаъ дуьйцуш, букъ ма-берззийна, кхин дуьйцуш.

И тайпа нах чIогIа кхераме бу. Шайх нах тешабо цара хаза хабарш а дуьйцуш. Iехабеллачу нахана тIехь шайн харцо дIакххехьа аьтто болу церан. Ишттачу хьаькамех ма теша, цара бохург иштта атта тIе ма лаца, ларлуш хила, сема хила боху вайга хIокху туьйра-кицано. Эпиграфна далийна дешнаш а ма дара цхьана хIуманна далийна: «Борз борз хилаза йисна яц, цо шен куц мел хийцарх...»

ХIокху баснехь, воннг гучу а доккхуш, диканиг хьоьху вайна авторо, дикачу лехамашна тIе даладо вай.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Дийца, хIун тайпа жанр ю басня. Хьанах, стенах лаьцна хуьлу иза?
2. Аллегори бохург хIун ду? Муха кхета шу цунах?
3. Дийца, хIун хьоьху баснеша, муха бу церан мотт, чулацам.
4. Шайн маьIница муьлхачу произведенех тера ю уьш?
5. Акхарой а, дийнаташ а дийцарца муьлш буьйцу авторо «Ломмий, цхьогаллий» бохучу басни тIехь, хIун маьIна ду цуьнан?
7. Стенах доллу баснин коьрта маьIна?
8. Басня яххьашкахь еша кечло.

## ГАДАЕВ
## Мохьмад-Салахь

***(1909 – 1972)***



*...Гой хьуна, Даймохк,*
*сан гIелбелла когаш,*
*Хьуна тIе некъ бина гIелбелла уьш...*

Нохчийн яздархо, поэт, драматург Гадаев Мохьмад-Салахь вина 1909-чу шарахь Ножин-Юьртан кIоштан Чуьрчу-Ирзехь. ЧIегIардиган бен санна, ломан басах дIалеттачу, Iаламо исбаьхьалла еллачу ЦIечу-Бердехь дIаихна хинволчу яздархочун бералла.

«Буьйсанан бере» поэми тIехь иштта яздо поэто ша винчу юьртах:

Со вина борз угIучу ламанан Iин чохь,
Эндаже лечарчий, ижуна дуьйлуш,
Суьйренца хьийзачохь, буьрса аз кхуьйлуш.
Вина, чIу ца баллал луьстачу хьуьн чохь,
Лаьттан тхов тиллинчу тишчу тхайн буьн чохь,
Дада сайн ваьхначохь, къаьхьа кад муьйлуш...

Шера боцуш, чолхе нисбелла амал осалчех йоцчу яздархочун дахаран некъ. Шен ден нанас «сатасарца гIаьттина, малх гIушлакхе баллалц арахь левзинарг ялсаманехь хир ву» олуш дерг дика тIеийцира хинволчу поэто.

«Со ца кхочуш меттиг а яцара, суна ца хууш экханан, олхазаран бен а бацара цу ЦIечу-Бердан басешкахь. Дийнахь хьовха, буса а хуьлура со цу басешкахула, хьаннашкахула кхерсташ – бухIанашка хьажа гIерташ, цхьогал-борз ган лууш, «кхерар» девзаш а дацара», – бохуш, дагалоьцура цо тIаьхьа.

Чуьрчу-Ирзун хотешкахь самаслира, кхоллаелира Гадаев Мохьмад-Салахьан поэзин, прозин, драматургин, меттан говзанчин философин, астрономин корматалла.

Юьхьанца Мохьмад-Салахьа юьртарчу школехь, цул тIаьхьа – Ростов-гIалахь рабфакехь дешна. Амма, и чекхъяьлккхина а валале, литературе веара иза. ХIетахь дуьйна поэтан, прозаикан, гочдархочун сийлахь гIуллакх кхочушдеш схьавеара Мохьмад-Салахь.

Массо а тайпа жанрашкахь язйина цо произведенеш: прозехь – «Ши стаг», «Буьйсанан бере» романаш; «Нус», «Гуьржи», «Акхаралла» повесташ; «Кехат», «Ирча суьрташ», «Хазман», «ЧIир екхар, стаг тIевитар» дийцарш, берийн, ширачу заманан дийцарш, туьйранаш, баснеш; поэзехь – «Тоьпан тата», «Буьйсанан бере», «Балхам», «Вокхачу стеган къамел», кхин дуккха а поэмаш, стихаш.

Гадаев Мохьмад-Салахьа ша ма-яздарра, цо, шед етташ, кийрара схьа ца лихкина шен байташ, уьш кийрара Iанаяхчий бен, кехата тIе яха а ца гIиртина иза.

Яздархочун кхоллараллехь йоккха меттиг дIалоцу хьомсчу Даймахках, Iаламах лаьцна язйинчу стихаша.

Ненан мотт Iаморна а, и ларбарна а тIехь дикка болх бина яздархочо. Iилманехь а йитина цо шен ницкъкхочу лар – астрономехь, философехь.

Вайн халкъ махкахдоккхуш, 1944-чу шеран 23 февралехь, Соьлжа-ГIалара Нажин-Юьрта вогIуш схьа а лаьцна, карахь беккъа дечиг-пондар бен боцуш, Юккъерачу Азе вига новкъаваьккхира иза.

Мохьмад-Салахьан кхоллараллин некъ юкъахбаьлла 1957-чу шарахь, вайн халкъ шайн Даймахка цIадирзинчул тIаьхьа. ЦIавирзинчул тIаьхьа газетан агIонаш тIехь, радиохула вистхилар сих-сиха хуьлура цуьнан. Зорба тоха кечйина яра цуьнан масех поэзин, прозин гуларш.

Амма уьш зорбане ца евлира. Набахтехь воллучу поэтан произведенеш зорбатохар дихкина дара, цудела цуьнан цIе нохчийн литературехь деххачу шерашна дIаяйра.

Шорта бара цуьнан лаамаш. Иза дуьнен чу а веанера сирлачу Iалашонца – шен махкана, халкъана хьанал ваца.

Ма ирс ду иза – воцуш а нахана ваца висар!

## ДАРТА

Ламанан дарта ю
хьегIарехь тийна,
Шерачу аренгахь
охьахиъна гуш.
Когаш тIехь латташ ю,
тIемаш гIортийна,
Латта дегI дожадар
деза ца луш.
Мархаш кIел хьийзаш цо
зама текхнера,
Турпалчу тIемашца
хедадеш хIо.
Сирлачу шовданех
дай а бекхнера,
Мокхазар бердаша
биллина го.
Амма уьш генахь ду
хIинца-ма цунна,
Гонаха зил банза
аренаш ю.
Iазапо хьешна дегI
доьжна Iачуьнан
Iаьршашка хьаьжна
бIаьрг эрна ма бу.
Йишлой ткъа хIинца а,
йиц ма ца ло
Жималла дагна,
гена мел ели,
Сирла ю – тохало
и йоьжна ериг,
Латта тIам гIортабой,
айа а ло.

Генахь ду лаьмнаш а,
ялалац стигла,
ХIинццалц дайн идда дегI
даш хилла ду –
Эшначу тIемаша айа
ца тигна,
Мархаш кIел хьийзинарг
йоьжна ма ю.

**Хаттарш а, тIедхкарш а**

1. ХIун хаьа хьуна поэтан Гадаев Мохьмад-Салахьан кхоллараллин дахарх лаьцна?

2. Цуьнан муьлха произведенеш евза хьуна? ЦIерш яха церан.

3. Ламанан олхазаран васт муха гайтина поэто шен «Дарта» стихотворенехь?

4. Муха дIакхехьна шен зама олхазаро хьалха? Ткъа хIинца мича хьолехь ду и? Дуста цуьнан хьалхалера а, хIинца долу а дахар, стихотворени тIера оьшу могIанаш а далош.

5. Дийца, хIун хало ю олхазаро ловш ерг, хIун къийсам бу цо дIахьош берг.

6. ХIун ду нуьцкъалчу олхазарна цадезарг, цуьнан дагна эшам беш дерг? Аьлларг тIечIагIдеш, масалш даладе стихотворени тIера.

7. Стихотворенин чулацамца догIу суьрташ а дахкий, дийца царах лаций.

**Ешначух ойла е вай**

1. Дийца, хIун хилла олхазарна. Муьлха хилам бу хIокху стихотворенин бухехь?

2. Дийца, муха кхета шу хIокху могIанех. МаьIна де церан:

Iазапо хьешна дегI доьжна Iачуьнан
Iаьршашка хьаьжна бIаьрг эрна ма бу.

3. Муха дIакхехьна шен зама олхазаро хьалха? Ткъа хIинца мича хьолехь ду и? Стихотворени тIера оьшу могIанаш а далош, дуста цуьнан хьалхалера а, хIинца долу а дахар.

4. ГIорасиз хилла, олхазар кIелдисар поэтан лазамечу дагах хьакхалуш хилар стенна тIехь хаало вайна?

5. Дийца, хIун ойла кхоллайолуьйту шун дегнашкахь стихотворенино. ХIун маьIна ду цуьнан?

6. ДегI даз а делла, де а эшна, стигала хьала ца ялалучу дартина гIо дан дог догIий шун? ХIунда? ХIун ду шуна цуьнан амалехь товш, дикахетарг?

7. Барта дийца, хIара стихотворени йоьшучу хенахь хIун суьрташ го шуна.

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Кхин цкъа а дIаеша стихотворени. Ала, оцу хьолехь йолу дарта авторна гина хилла, ала мегар дуй?

2. Меттан муьлхачу исбаьхьаллин гIирсашца гайта хиъна поэтана нуьцкъала олхазар де эшна хилар? Схьалаха стихотворени тIера и дешнаш. Эпитеташ, метафорш, дустарш даладой поэто стихотворенехь, олхазар хIинца мича хьолехь ду гайтархьама?

3. Стихотворенехь олхазар хIинца мича хьолехь ду довзуьйтуш, цхьа маьIна долу хандешнаш юх-юха а даладо поэто: *доьжна, йоьжна, дожадар*. Шуна хетарехь, мича Iалашонца далийна ду уьш?

**Вайн къамел кхиадо**

1. Стихотворени тIехь долчу хандешнех пайда а оьцуш, дарганан дахарх лаций дийца.

2. ДIаешначу стихотворени тIехь йоцу кхечу кепара сюжетан истори кхолла.

3. Стихотворенин чулацамца догIу суьрташ а дахкий, дийца царах лаций.

4. Дийца, муха кхета шу хIокху могIанех: *сирлачу шовданех дай а бекхнера; Iаьршашка хьаьжна бIаьрг эрна ма бу.*



**ОШАЕВ**
**Халид Дудаевич**

***(1898 – 1977)***

Гоьваьлла нохчийн яздархо Ошаев Халид вина 1898-чу шеран июлехь Чахкара-гӀалахь хьуьнхочун доьзалехь.

Халидан да Дуда а, нана Небист а хьеша-дена чӀогӀа тӀера дара. Уьш болчохь кест-кеста хуьлура хьеший. Жимчу Халидан чӀогӀа сакъералора дуккха а хӀуманаш гинчу баккхийчу наха шайна дайнарш дуьйцуш дечу къамелех, боккха тидам беш ладоьгӀура цо халкъан иллешка а, эшаршка а. Говзачу дийцархошка ладоьгӀуш, дуккха а туьйранаш, халкъан дийцарш Ӏамийра Халида.

1916-чу шарахь Соьлжа-ГӀалахь реальни училище чекхъяьккхинчул тӀаьхьа Петрограде хьуьнан институте деша вахна Халид. Революцин болам марсабаьллачу хенахь цига нисвалар бахьана долуш, дешар юкъах а дуьтуш, ша винчу махка юхавеана иза.

1918-чу шарахь дуьйна дакъалаьцна революцин къийсамашкахь, граждански тӀамехь. Нохчийн литература кхоллалучу хенахь цунна юкъавеанчу Халида доккха дакъа лоцу литература кхиош а.

Халидан яздархочун некъ дӀаболабелла XX бӀешеран очеркаш, фельетонаш, дийцарш яздарца. Дуьххьарлера цо язйина «Дайн Ӏадат» пьеса чӀир эцаран Ӏадат Ӏорадоккхуш ю. Цу хенахь дуьйна цо язйина дуккха а исбаьхьаллин произведенеш. Царах коьрта лара мегар ду пьесаш «Асланбек Шерипов», «Ахьмар-Хьаьжа», «Сайн декхар лору», «Цхьана буйнахь ши хорбаз»; повесташ «Вендетта», «Брест – цӀеран бӀар», Нурадилов Ханпашех лаьцна очерк а. Къаьсттана меттиг

дӀалоцу Ошаев Халидан кхоллараллехь «Алун шераш» роман-эпопеяс. Цу тӀехь халкъан дахаран шуьйра исторически сурт хӀоттадо яздархочо, гойту халкъо машарехьа, паргӀатонехьа латтийна луьра къийсам.

Дахаран чолхе некъ дӀабаьхьира Ошаев Халида. Цуьнан бӀаьргашна хьалха, цо жигара дакъа а лоцуш хийцаделира нохчийн халкъан дахар, цхьа стаг вазвечу заманан шайтӀанан махо шена чу а озийра иза.

1937-чу шарахь цхьа а бехк боцуш лаца а лаьцна, чувоьллина итт шо а, ссылкехь кхо шо а даьккхина цо, цул тӀаьхьа шен халкъаца махках а ваьккхина, кхойтта шо Сибрехахь текхна, кхин а масане ирачу голатохарех, хиламех лаьтташ дара яздархочун дахар. Амма цхьа хӀума чӀогӀа дара Халидан амалехь – иза цкъа а юьстаха ца лаьттара халкъан дахарна.

Шен халкъан культурехь, Ӏилманехь, исбаьхьаллин литературехь цо йитина лар мехала а, йоккха а ю. Дуьххьарлера нохчийн Советийн заманан алфавит кхоллархо, халкъан дешар вовшахтохархойх цхьаъ, фольклор, литература таллархо, кӀорггера хаарш долу Ӏилманча, тайп-тайпанчу жанрашкахь исбаьхьаллин литературин произведенийн автор, говза публицист – иштта евза Ошаев Халидан цӀе. Дахаро шен махкана мел генаваккхарх, хьоме Даймохк, хьоме халкъ цкъа а диц ца дора цо.

Стеган дахарехь Даймохк уггар сийлахь а, беза а кхерч хиларх лаьцна ду цуьнан «Чайра» цӀе йолу дийцар.

## ЧАЙРА

БӀаьстенан къегинчу Ӏуьйранна ламанан Шуьйтахь жимчу майданахь сецира автобус. Шайн-шайн маьхьаршца машена чуьра аракхоххабелира нах. ТӀаьххьара охьавоьссира лекхачу дегӀара, шуьйра белшаш йолуш, тӀеюьйхина тужурка, когахь керзан эткаш, бендацараллица коьртан бӀаьштиг тӀе Ӏоьттина тиша хурашка а йолуш жима стаг.

Шен карара жима чамда лаьтта а йиллина, хурашка дӀа а яьккхина, аьлларг ца до месаш куьйган пӀелгашца шарйина,

бIаьстенан маьлхан зIенарша комаьрша цIеста диллинчу гона-харчу лаьмнашка леррина бIаьрг кхарстийра цо.

Самукъанечу тачано екхийра жимчу стеган юьхь. ТIаккха цо бIаьрг туьйхира ваьштатаьIIина майданна го бинчу цIеношка. Цхьажимма ойлане а лаьттина, шен чамда кара а эцна, юьр-тан къилбехьа агIор охьахьаьддачу новкъа онддачу боларца дIаволавелира иза.

Лахахь тIулгашна тIехула аьрха кхийсалора жима Верди-Ахк. Охьачувоссале кIант кхин цкъа а лаьмнашка хьаьжира.

Иза шен Даймахкахь вара!

Цхьайтта шо дара иза кхузахь хилаза. Мохьмад Карагандахь вехаш а, шахтехь болх беш а вара.

Шен бералла дIаихначу меттигашкахь хила лаам цуьнан даг чу бижна дукха хан яра. Къеначу дас Дадус хийлазза олура цуьнга:

– КIант, со хIинца къанвелла. Гарехь, аса дуьнен тIехь яккха дукха хан ца йисна. ГIохьа вайн эвла. Хьо мукъане а хьажахьа, цигахь хIун ду. ТIаккха суна дуьйцур дара ахьа.

Сингаттаме-гIайгIанечу мархаша дIалаьцна стигал дIацIанъ-яллалц шен лаам кхочушбан аьтто ца белира цуьнан.

Ткъа хIинца иза кхузахь ву...

Иза ваха везаш йолу Лакха-ЧIинха генна лаьмнашкахь яра. Хи чу воьссира Мохьмад. Халла тасаделла лаьттачу тIех дехьа а ваьлла, Оргин Iинан йистехула кхозаделлачу чхерниийн готтачу асанца дIа бара хIинца некъ.

Цуьнан бIаьргаш хьалха гучудуьйлура девзаш долу суьрташ: цIаьххьана тIеIотталора гара чукхевдинчу чхарана, я бIаьрхи санна цIеначу шовдана, я стешна юккъехула гучуйолура жима майда.

Хьогаме чууьйзура Мохьмада хIаваъ, хьомсарчу лаьмниийн цIена хIаваъ. Бералла дага а лоьцуш, цо тIулгаш кхуьйсура дIо кIоргехь кIуркIмане кхехкаш, тIулгех хьере детталуш чопа а тесна догIучу Орган чу.

ТIенисвеллачу хIора шовдана юххехь соцура иза, хьогалла хаалуш яцахь а, канахь оьций, хих къурд бора.

Цкъацкъа генашца некъана тхов а тиллина лаьттачу хьаьрсачу хьоча тIе нислора. Хьалакхевдий, Мохьмада дохура хIинца а аьрга хьечаш, нощдала кхиазчу церан муьсталлех чIичкъа а оьхуш, дагна боккха хьаам хиларца доура уьш.

Чекхбелира асанца Iина йистехула дIабахбелла некъ. Къилбехьара, ЧIинхойн чIожера, шело схьахьаьдира.

Аьрру агIор дIахьаьжира Мохьмад. Гучумкхаьллин Iин чохь, цхьайтта шо хьалха санна, ирхъяхна лаьтташ яра шира, амма куьцехь тIеман бIов.

ХIинца хьалха дерг сингаттаме кхоьлина чIаж ду. Бердийн пхьагIато ондда мараIаьвдина, дала а, дола а меттиг гатбелла, дIо кIоргехь оьгIазе гIергIа хи. Цуьнан аьтту агIор, лабанах кхозучу чхара кIел, бердах дIалетта кхин а цхьа бIов ю.

Цкъа мацах, гуьйренан муьрехь, хи хьаьъна долуш, кхечу берашца кху готтачу некъан тачанехула халла цунна тIекхечира Мохьмад, наха дийцарехь, цигахь лаьттах йоьллина хазна схьакаро дагахь.

Берашна хазна ца карийра, амма Мохьмадна шерра дагадогIу, иштта кхерамечу меттигашкахула хазна лоьхуш кхин ца лелийта, шена дадас сараг хьакхар.

Iин дIасадахара. Аьтту агIор чхара тIехь гучуелира кхоалгIа бIов а. Шадерриг цхьайтта шо хьалха санна дара...

Иттех уьстагI хьалха а лаьллина вогIу жаIу-хевсур дуьхьалкхийтира кхунна. Леррина некъахочуьнга хьаьжира хевсур.

– Гамарджоба, – гуьржийн маттахь маршалла хаьттира цо.

– Гагимарджос, – жоп делира Мохьмада.

Совца а севцца, вовшашка куьйгаш делира цара.

– Хьо нохчо-м вац? – нохчийн маттахь хаьттира хевсуро.

– ХIаъ, нохчо ву.

– Генара вогIий хьо?

– Казахстанера. Со-со-м кху меттигашкара ву.

– Ма дика ду иза, – элира хевсура. – Муьлхачу эвлара ву хьо?

– Хил дехьарчу Лакха-ЧIинхара ву со. – Мохьмада куьйга гайтира цуьнга шайн юрт йолу агIо.

– И эвла хIинца яц. Дукха хан ю цигахь цхьа а ца веха.

Казахстанехь а хезнера цунна, эвла йохийна бохуш. Хевсурца цхьаьнакхетталц иза хирг хиларх дегайовхо яра цуьнан.

Готтачу тIай тIехула хих дехьавелира хевсур а, Мохьмад а. Цуьнан бердаца хьала-охьа яхъелла яра Лаха-ЧIинха. Чекхдевллачу шерашкахь кхузахь хIумма а хийца ца деллера.

Хевсура шен хIусам гайтира Мохьмадна. ТIебаьхкира кхин нах а. Мохьмаде маршалла а хоттуш, Казахстанерчу дахарх дийцар доьхура, массара шайга-шайга хьошалгIа дIа а кхойкхура хIара.

Хевсурашна баркалла а аьлла, Мохьмад кхидIа волавелира. Кхуьнан эвла гена яцара. Кийрахь гIаьттина хазахетаран шовкъ халла сеца а еш, дукха хенахь ког ловзазчу гIаш-новкъа ведда воьдура Мохьмад.

Жимчу дукъа тIе велира иза. Iинан вукху агIор, тIулган басах летта, лаьттара кхуьнан эвла – ламанхойн иттех ськкал. Пенаш хIинца а лаьтташ дара. Амма болуш гуш кIур а бацара, адаман цхьа инса а дацара.

Боьра чу воьссира Мохьмад, жимчу хих дехьавелира, шена дика бевзачу тIулга тIе ког а буьллуш. Йоккха гIовгIа яьккхина, лета а леташ, цIаьххьана хIокхунна тIехьаьдира лар оьцу кхоъ жIаьла.

«Делахь-хIета, кхузахь цхьаъ вехаш ву», – дагатесира Мохьмадна.

Сацавелира. Летачуьра а ца совцуш, генадоццуш дIахIиттира жIаьлеш а.

Царах цхьаъ, буьйса санна Iаьржа, кенаш а кхийзаделла дара. Девза, цхьа гергара аматаш дара цуьнан...

ЦIаьххьана, суй санна, коьрте хьаьдира ойла: «ХIара-х тхан Чайра ду!»

– Чайра... Чайра!

Iаьржа жIаьла оццу муьрехь летачуьра сецира.

Охьалахделира, корта леккха хьала а айъина.

– Чайра! Чайра!

ЖIаьла цIевзира, цIога ластийра, тIаккха лаьтта охьадижира, хIокхунна тIера бIаьрг дIа а ца боккхуш.

Важа ши жӀаьла а дӀатийра.

– Чайра, схьадола!

Къинхетаме угӀар а, делхар а цхьаьнайира жӀаьлин, ге тӀехь текхаш, Мохьмадна тӀедахара.

– Чайра, хьо-м дийна ма хилла?

ТӀаккха кхин а маса текхира жӀаьла, юха, хьала а иккхина, беа а кога тӀехь дедда дахна, Мохьмадах хьаьрчира. Цуьнан куьйгашна, когашна мотт хьоькхура, лаьттахула керчара, тӀаккха, хьала а гӀаьттина, хьалхара ши ког цуьнан белшаш тӀе а биллина, юьхь-маршана мотт хьакха гӀоьртира.

Мохьмадан бӀаьргаш чу хиш хӀиттира. ЧӀоггӀа, адам санна, марадоьллира цо жӀаьла.

– Чайра... Къена... миска сан Чайра...

Важа ши жӀаьла лаьтта охьадижира. Хуьлуш долчун геннара тидам беш, дӀатийра.

– Меца хир ду хьо, Чайра? Меца ду дера-кх... – Мохьмада схьайиллира чамда, цу чуьра баьпкан булка схьа а яьккхина, каг-йина, ах жӀаьлина елира цо. Ши юьхк вукху шинна а кхоьссира.

Чайрас, юкъа-кара Мохьмаде бӀаьрг а бетташ, тӀекхетта дуура бепиг.

– ХӀан, дало, Чайра. Вайн цӀенойх хӀун хилла, хьовсур вай, – элира Мохьмада, жӀаьла, бепиг диъна а даьлла, цуьргаш лехьо даьлча.

Чайрица шайн эвла хьалавелира иза. Важа ши жӀаьла царна тӀаьхьадогӀуш дара.

Вехха лийлира иза шена девзаш долчу цӀенойн юккъешхула. Ерриг саьккалийн тхевнаш дохийна дара. ТӀулган пенаш шек а доцуш дӀалаьттара. Амма, бобсраш санна, гӀорасиз гора уьш. Дечиган коьчалш дӀасакхехьнера.

Кхеллий охьаюхку меттиггий, рагӀуй, цӀенойн яккъашший дӀалецнера луьста бевллачу ниггаший, мангалкомарший, гӀун-далгӀеший.

Шайн цӀенойн пенашна тӀевахара Мохьмад. Къух даьлла яра массо чоь.

«Дадина хазахетар дийр ду аса – кхуззахь буьйса йоккхур ю», – сацам хилира цуьнан.

Тхов тӀера охьаэгна тӀулгаш, яраш дӀа а яьхна, шена охьавижа мотт тарбира цо. Чайра, цунна готуьйсуш, хьаьддий, деддий лелара.

«ЖӀаьлешна жижиг тардан деза», – дагатесира цунна.

Саьккал чуьра ара а ваьлла, Лаха-ЧӀинхахьа дӀаволавелира иза. ЮххехӀоьттина догӀура Чайра. Царна тӀаьххье, амма хаъал юкъ а ларъеш, догӀура важа ши жӀаьла а.

Лаха-ЧӀинхана герга мел кхочу, синтем байна хьийза доладелира Чайра. Цкъа соцура, Мохьмадан бӀаьргаш чу хьожура, додий, вукху жӀаьлешна тӀедоьдура, юха а шен дена тӀекхуьура, юх-юха а соьцура.

Эвла дӀакхача ахчаккхарма гергга йисча, тӀаьхьадогӀу ши жӀаьла сецира. Дедда царна тӀедахара Чайра.

Мохьмад хьастаме кхайкхира цуьнга. ЖӀаьла цӀийзара, ша долччохь гонаш туьйсура, амма эвлехьа ког ца боккхура.

«Адамех кхоьруш ду уьш», – дагатесира Мохьмадна.

Эвла ша вахара иза. Хьалхо вевзинчу хевсура гӀо а деш, буьхьиган чарх ийцира Мохьмада.

– ХӀун аьлла хета хьуна, – хаьттира цо хевсуре, – кхузахь адамех хӀунда кхоьру жӀаьлеш?

– Уьш дай боцу жӀаьлеш ду. Уьш хьерадевлла ду моьттуш, адамаша тоьпаш еттара царна. Цундела кхоьру-кх уьш нахах.

– Ткъа цара хӀун йоу?

– Толлуш лела. Кхузахь Ӏаламат дукха акха гезарий дебна дийнна жаш ду.

Хевсурна баркалла а аьлла, дӀавахара иза.

ХӀинца жӀаьлеш ца летира цунна, ткъа Чайра, иза гучуваларца, дедда дуьхьалдахара.

ЦӀа ма-кхеччинехь, жӀаьлешна дийкъира цо жижиг.

Ӏаржлуш яра. Декъа дечиг а лахьийна, шена мотт тарбинчу сонехь цӀе латийра Мохьмада. Шена жижиг кхарза а волавелира. Чайра кхуззахь, цуьнан когашкахь, Ӏуьллура. Пхьуьйре а йина,

цIарна хьалхха охьавижира Мохьмад. Набаран тар тосуш сацам хилира, хIуъа дина а, шеца Чайра Казахстане дига.

ЭхI, ма самукъадер ду-кха дадин!

Мохьмад хьалххе самавелира. Малх хIинц-хIинцца булуш бара гонахарчу лаьмнийн лекхачу баххьашна дешин бос тоха. ЧIинхойн Iин чохь хIинца а лохха йижна сатасаран дохк а, бода а бара.

Дисначу жижигах жIаьлешна дакъош а дина, сараг тIехь шена а кхерзина, новкъавала кечвелира иза.

Чайра юххехIоьттина догIура. ТIаьхьара ца долуш, хьалха санна, юкъ а ларъеш, догIура важа ши жIаьла а.

Лаха-ЧIинха юьстаха а юьтуш, дуьхьала болчу новкъа вахара Мохьмад.

Шеца Чайра Казахстане дига лаам чIагIбеллера цуьнан: цIерпошта тIехь бат дIайихкина дига таро ю иза. Амма тIай тIе кхоччушехь, тем байна хьаьвзира жIаьла. ТIаьхьадедда догIу важа ши жIаьла а сецира. Чайра а сецира.

Мохьмад кхайкхира цуьнга, тIе а вахна, хьаьстира – важа меттах ца долура.

«Кхоьруш хила а тарло...»

Шен кара а эцна, тIех чекхдаьккхира цо иза. Карахь паргIат Iара Чайра. Амма ша лаьтта охьадилларца, кхийсалуш, дедда-дахна, тIех дехьатилира.

– Чайра! Чайра, схьадола!

Чайра цIийзара, вукху берда йистехула синтем байна дедда лелара, амма тIайна тIе ца догIура.

Юха а, тIех дехьаваьлла тIе а вахна, хьаьстира иза Мохьмада.

– Хьуна хIун хили, Чайра? Хьайн меттамотт дIатаса ца лаьа хьуна? Ца лаьа... Хьо кхузахь ца дитича вер вац со... – жIаьлин коьртах куьг а хьаькхна, жимма цунна тIехIоьттина а лаьттина, Iодика еш куьг а ластийна, шен некъ юьхьарлецира цо.

Амма цIаьххьана дагах чекхболу узам хезира.

Чайра угIа доладелира. Важа ши жIаьла а.

И угIар лан ца делира Мохьмаде. Ведда юхавахара. Чайра марадоьллира.

– Чайра... Миска Чайра... – цуьнан бIаьра хьаьжира иза.

ЖIаьлин бIаьрса артделлачу, къеначу бIаьргаш чуьра бIаьрхиш оьхура.

ХIинцца тидам бира Мохьмада: кIеза санна, кхуьнан настарех хьирчина Чайра ма къанделла! Пхийтта шо дара цуьнан.

Вилхина дIавахара Мохьмад.

– Чайра... Чайра... Ма къена ду-кха хьо...

Вехха лаьттира иза жIаьла а марахь. Амма ваха дезара.

– Iодика йойла, Чайра...

Кхин цкъа а цуьнан деха оьхакхозучу лергех куьг а хьаькхна, кхин корта хьала ца ойуш, тIаьхьа а ца хьожуш, некъан ченала довха бIаьрхиш а ледош, Iин чу вуьйлира иза.

Юха а уьгIира Чайра:

– У-о-ы-й...

Цунна тIаьххье уьгIира вуьш а. Цунна тIаьхьа дехха хьийдира акхадевллачу жIаьлийн гIайгIане угIар...

ДIаделира ши шо. Хьалххе яьллачу бIаьстенан довхачу дийнахь цIерпошто къена Даду цIа валийра. Цуьнца вара кIант Мохьмад, нус Iайнаъ, церан кIант Iела а.

Даймохк!..

Ша юха а цIахь ву бохучу кхетамо вахийна Даду ларлуш охьавоьссира вагонан ламин терхеш тIера.

Генна дIа бIаьрг кхарстийра цо – хийлазза дуьхьалтийсина, оцу дехачу шерашкахь самах ган хIара хьегна лаьмнаш дара анаюхехь сенлуш схьагуш. Кхуьнан лаьмнаш. Царна тIехьа яра кхуьнан эвла.

...Къена Чайра дийна дуйла хиъначул тIаьхьа цIа кхача хIокхо туьйсу са цамгарехьа дирзира. Дадус дагардора беттанаш, кIиранаш, денош...

Кхолламо дехачу шерашна ша дIасакъастийна гергара стаг иза волуш санна, жIаьла ган хьаьгна вара иза.

Дайчу боларахь, шуьйра гIулчаш а йохуш вогIура къена Даду шен эвла. Цуьнан самукъа кийра ца тарлора. ЦIогIа тоха, илли ала, халхавала дог догIура.

«ХIинца суна Чайра ґур ду... Вевзар вуй-техьа цунна со? – коьрте шеконаш лестара. ТIаккха, дог тохалуш, дагатесира: – Дийна дуй-техьа иза?» ХIара бу и гу. Кхузара дIа тIаьххьара бIаьрг туьйхира цо кхойтта шо хьалха, шен бен дIа а тесна, цабевзачу хийрачу махка дIавоьдуш.

ХIара ю цуьнан эвла. Яраша юькъна ю шаерриг. Ткъа Чайра дац.

ЦIенойн баьрзнашна юккъехь тамашийна тийна дара. Садолу хIумма а дац. Цкъа къорза моьлкъа-м схьакъедира яраш юккъера, амма оццу муьрехь тIулгаш юккъехь къайлабелира иза а.

Шен цIийнан пенашна тIевахара Даду.

– Веза-воккха Дела, со дайн лаьтта вухаверзийнчийн оьмар яхъе Ахьа! – мохь белира цуьнгара.

Цуьнан настарш голашкахь сеттира – бертал лаьтта охьавуьйжира иза. Воккхаверан бIаьрхишца воьлхуш, лаьттана барташ дохура цо.

Саьккал чоьхьавелира иза. Цхьана сонехь хIинца а йолуш яра ши шо хьалха кхуьнан кIанта латийначу цIеран овкъарш.

«Ванах, Чайра, мичахь ду-техьа?» – тохавелира воккха стаг. Саьккал чуьра ара а ваьлла, чIогIа кхайкхира:

– Чайра! Чайра!

Бовха богура малх.

Гонах тап-аьлла тийна дара. ЖIаьле а кхойкхуш, сихачу боларца эвлана го баьккхира воккхачу стага.

– Миска Чайра... ХIоккхул шерашкахь ла-м дийгIира ахьа. ТIекхача доьгIна ца хилла-кха. Гарехь, делла иза, – аз дегош, шабарца элира цо.

ЦIаверзаран хазахетаран чам байъира жIаьла цагаран сингаттамо. ГIайгIане дIатекхира иза берахь дуьйна а ша тIехийша марзвеллачу чхара тIе. Кхузахь даим хезаш хуьлу цкъа а дIа

ца тоь хин гIовгIа. Бол-болуш, сингаттам дIабала болабелира. ХIарах цIахь ву!

Лаха-ЧIинхахь кIеззигчу ханна сацаделла Мохьмаддий, Iайнаъий шайн кIантаца схьакхечира.

– Дада, Чайра дац? – геннара схьа мохь тухуш, хьаттира Мохьмада.

– ХIан-хIа. Хетарехь, делла иза.

– ХIун дер тIаккха, дада, вай тIекхаччалц оьмар ца хилла-кх цуьнан. Ткъа вай даха деза. Вало. Керла цIа догIа меттиг билгалъер вай. Со эвласоветехь хилира. Хевсураша веза хьаша санна тIелецира со.

ШолгIачу дийнахь цIенош тIехь бен болх кхехкаш бара. КхоалгIа де делкъенга долуш, Мохьмада салккал тIехула четар уьйзира – оьшур дуйла а хууш, Казахстанера деана дара иза.

Цкъа цхьана дийнахь Даду а, Мохьмад а Лаха-ЧIинха хевсураш болчу ваха аравелира. ЦIаьххьана махо церан лере жIаьлийн летар деара.

– Хетарехь, Чайра ду-кха иза! – эккхийта кхиавелира Мохьмад, гу тIехьа къайлавалале.

Цунна тIаьххье дIахьаьдира Даду а.

ТаьIначу чохь хи тIе яхначу Iайнаъна леташ ши жIаьла дара.

– Чайра! Чайра! – кхайкхира Мохьмад.

ЦIовза а цIевзаш, шена тIеведда вогIучу Мохьмадна дуьхьалхьаьдира Iаьржа жIаьла. ТIе а деана, цIийзарца, цуьнан юьхь-марша тIе мотт хьакха хьалакхийдара иза.

Хьуьхь а воьлла, схьакхечира къена Даду.

– Дийна ду! Дийна! Сан миска Чайра!..

ЖIаьлина вевзира Даду. Цунна тIехьаьдира Чайра, мара а доьллина, вилхина Iанавахара Даду.

– Сан миска Чайра! ХIинца вай цхьаьна ду, Чайра... Цхьаьна лийр а ду вай...

ЦIе а ца хууш, шолгIа жIаьла тIекхойкхуш вара Мохьмад:

– Гунди! Гунди! – бохуш.

Важа тӀедан ца хӀуттура. ТӀе ца догӀура, амма лета а ца летара. Чийлак охьа а диллина, жӀаьла марахь воллучу шен мардега а хьоьжуш, йовлакхан тӀам хьоькхуш бӀаьрхиш дӀадохуш латтара Ӏайнаъ.

Шайн настарех хьерчачу жӀаьлица цхьаьна, шаьш хӀинца даха дезачу цӀа юхабаьхкира хӀорш.

Оццу дийнахь воккхачу стага шина жӀаьлина бун йира...

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. ХӀун хиламаш бу дийцар тӀехь буьйцурш, муьлш бу цуьнан коьрта турпалхой?

2. Шен бералла дӀаихначу меттигашка кхача сатесна хӀунда вара Мохьмад? Шен лаам муха кхочушбира цо?

3. Лаха-ЧӀинха, гӀеххьа хенахь шена чохь дехаш цхьа а адам доцуш, дӀатесна йитаран бахьанех лаций дийца.

4. Эвлах хилларг хӀун ду хьажа веанчу Мохьмадна, шаьш махкахдохуш шайн цӀахь дисна жӀаьла гича, муха хийтира?

5. Чайра шеца Казахстане дӀадига хӀунда лиира Мохьмадна?

6. Чайра синтем байна хьийзаран хӀун бахьана ду? ХӀунда ца лиира цунна шен меттамотт хийца? ЖӀаьла шеца Казахстане дӀадан цалаар тӀе муха лецира Мохьмада?

7. Стеган дахарехь Даймохк уггар сийлахь, беза, хьоме кхерч хилар стен гойту? Цунна тоьшалла деш долу масалш даладе дийцар тӀера.

8. Гергара стаг иза волуш санна, оццул чӀогӀа Чайра ган сатесна хӀунда хилла къена Даду а, цуьнан кӀант Мохьмад а?

**Ешначух ойла е вай**

1. Муха хийти шуна Ошаев Халидан дийцар? ХӀун ойла кхоллаялийти цо шун дегнашкахь?

2. Дийцаран муьлха персонаж герга хийти шуна? Дийца, хӀунда хета.

3. Дийцаран коьрта турпалхо мила ву? Шайна хетарг масалшца тӀечӀагӀде.

4. Маца, муьлхачу меттигашкахь дӀабоьлху дийцаран хиламаш?

5. Дийца, муха кхета шу могӀанех: «Сингаттаме-гӀайгӀанечу мархаша дӀалаьцна стигал дӀацӀанъяллалц шен лаам кхочушбан аьтто ца белира цуьнан». ХӀун ала гӀерта оцу дешнашца яздархо?

6. ЖӀаьла хиларал сов, Чайрица дозаделларг кхин хӀун ду Мохьмадан а, Дадун а?



7. Дийца, муха гайтира ша Чайрас цхьайтта шарахь шена гина воцу Мохьмад цIаьххьана гучуваьлча.

8. Луларчу къаьмнашца нохчий бертахь бехаш хилла хилар стен гойту?

9. Муьлхачу дакъошка декъа мегар ду хIара дийцар? ЦIерш тахка царна.

10. Муха чекхдолу дийцар? ХIун гойту цо?

**Дийцаран исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Сюжетах лаьцна мелла а кхетам бу шун, вуьшта аьлча, произведенин хиламаш дIа муха боьлху боху кхетам. ДагайогIий шуна сюжетан кепаш?

*Экспозици* – хилам болабалале хьалха кхолладелла хьал; *кульминаци* – произведени тIехь хиламаш кхиарехь уггар лакхара тIегIа; *дерзор* – хиламаш берзар.

Дийцар тIера шайн рогIаллица сюжетан кепаш схьалаха.

2. Ойла е, муьлха хилам лара мегар ду дийцаран кульминаци – ДадугIар шайн Даймахка цIаберзар я Чайрица уьш юха а цхьаьнакхетар.

3. Цхьадолчу дийцаршкахь пейзажо йоккха меттиг дIалоцу адамийн синхаамаш бовзийтарехь. ХIокху дийцар тIехь хIун меттиг дIалоцу пейзажо турпалхойн синхаамаш бовзийтарехь?

4. «Чайра» дийцар нохчийн яздархойн дийцарех къаьсташ ду я дац? Делахь, муьлхачу билгалонашца?

**Синъоьздангаллин хаттарш дийцаре дер вай**

1. Къинхетам бохучу синъоьздангаллин мехаллех муха кхета шу? Дийцаран муьлхачу персонажца хаало вайна иза? Оцу кхетамца йолу юкъаметтиг муха ю шун а, дийцаран авторан а?

2. Оьрсийн яздархочун Тургенев Иванан «Муму» дийцар тIехь шен ялхочуьнга Герасиме цо кхобуш долу жIаьла, леташ гIовгIа еш хиларна, эластуно доьйту. Ша иза кхиийна доллушехь, омра кхочуш ца дан ца ваьхьаш, Герасима, коча муш а тосий, хи чу кхуссу иза.

Ткъа Ошаев Халидан дийцаречу Мохьмада, цхьайтта шарахь шена гина доцчу шайн жIаьлех къа а хетий, цунна а, цуьнца долчу шина жIаьлина а хевсурашкара эцна деана газанан жижиг ло. Цкъа хьалха царна юург еллий бен, шена жижиг кхарза а ца хIутту Мохьмад.

Дийца, хIун билгалдолу хIокху шина хIуман тIехь. Адамалла алсам муьлхачу персонажехь ю? ХIунда?

3. Даймохк адамна беза а, сийлахь а мохк бу. Шун кхетамехь, Даймохк бохург хIун ду?

**Вайн къамел кхиадо**

1. «ХIун хир ду хьол хьоме, Даймохк!» темина сочинени язъе.

**Билгалйинчу теманашна проект кхоллар**

1. Бехк боцуш махкахбаьхна нохчий ГIум-Азехь а, юха, Даймахка цIабирзинчул тIаьхьа а, Iийна меттигаш билгал а яхий, церан карта-схема хIоттае.

2. Баккхийчаьрга хатта а хоттуш, махкахбохуш а, цул тIаьхьа а цара лайначу халонех лаьцна болу дагалецамаш дIаязбе. «Дагалецамаш» цIе йолу альманах кечъе.

**Культурийн диалог**

1. Даймохк дашна синоним ялае. Оьрсийн матте даккха и дош. Цхьатера дуй оьрсийн а, нохчийн а меттанашкахь оцу дешнийн маьIна?

2. Ошаев Халидан дийцарца йогIуш произведени юй кхечу къаьмнийн яздархойн? ЦIерш яха церан.

**Шуна, хIума довза луурш**

Нохчийн халкъ махкахдаккхарх лаьцна дийца а, хьахо а йиш йоцуш дукха а хенахь Iийна вай. Советски Союз йоьхначул тIаьхьа бен, цунах лаьцна дийца бакъо ца елла вайнахана. Цу бохамах лаьцна дуккха а исбаьхьаллин произведенеш арайийлина зорбанехь (Абдулаев Зиявди. «Всполохи», Сулаев Мохьмад. «Лаьмнаша ца диц до», Дадашев Iабдулла. «Iцакагбелларш», Дудаев Муса. «Встать, звереныш», Нунуев Сайд-Хьамзат. «Дела воцург накъост воцуш», кхиерш), кинофильмаш («Ночевала тучка золотая», «Отец») а яьхна.

## «ЧАЙРА» ДИЙЦАРХ ЛАЬЦНА

Ошаев Халидан кхолларалле хь тайп-тайпана произведенеш ю: дийцарш, повесташ, пьесаш, роман-эпопея. Шуьйра ю цуьнан произведенийн тематика а.

Дукха яц вайн литературехь дийнатех лаьцна произведенеш. Царах цхьаъ «Чайра» цIе йолу дийцар ду. Дийцар тIера хиламаш авторо шен цIарх бовзуьйту вайна. Цуьнан коьртачу персонажца Чайрица бозабелла бу уьш. Цу тIехь юьйцу зама 1955–1957-гIа шераш ду. Вайн халкъ махкахдаьккхинчуьра цIадерза ши шо дисна а, цIадоьрзу а хан ю иза. Шайн цIерш ца вийца йиш йолуш кхо-виъ персонаж бен вац дийцар тIехь: Мохьмад, цуьнан да – къена Даду, цуьнан нус Iайнаъ, кIентан кIант Iела, жIаьла Чайра.

Церан юьхь-сибат, куц-кеп довзуьйтуш басарш мелла а кхоийна яздархочо. Цу декъехь цхьана Мохьмадах ала дош хуьлу вайн, иза а – цхьа тIехулара. Лекхачу дегIахь, шуьйра белшаш йолуш, тIеюьйхина тужурка а, когахь эткаш а, коьрта тиллина хурашка а йолу жима стаг ву вайна дийцаран юьхьехь гайтинарг.

Ткъа Чайрех лаьцнарг кхин а къовзийна ду. Iаьржачу басахь, деха ши лерг долуш, лар оьцу жIаьла ду иза. Къена Даду а, Iайнаъ а, Iела а цхьана а кепара шайн сибатаща а, тIерачу духарща а бовзийтина

бац. Стеган дахарехь Даймохк уггар сийлахь, беза, хьоме кхерч хила безар чIагIдо дийцарехь. Иза мел хьогаме бу цунна генаваьккхича, вайна хаало дийцаран хьалхарчу могIанашкахь дуьйна и чекхдаллалц.

Дийцар дIадолалуш вайна го цхьайтта шарахь Даймахках хаьдда хилла Карагандахь шахтехь болх беш волу, хIинца шен аьтто баьлча, шен бералла дIаихначу меттигашка хьажа вогIу жима стаг Мохьмад. Шен а, шен ден а лаам кхочушбан дагахь вогIу иза Лакха-ЧIинха олучу метте. Вайна хаьа, спецпереселенцаш цхьана юьртара вукху юьрта баха йиш йоцуш хиллий. Яздархочо цхьана предложеница гойту иза: «Сингаттаме-гIайгIанечу мархаша дIалаьцна стигал дIацIанъяллалц, шен лаам кхочушбан аьтто ца белира цуьнан». Уьш хIун мархаш ю а, шера хууш ду. Нохчийн халкъ махкахдаккхарх лаьцна тема йиххина яра литературехь а, историхь а. Шен ала бакъо йоллучул аьлла вайга яздархочо оцу заманах лаьцна. Бакъду, бакъо йоццушехь, къайлах-къулах шайн Даймахка цIабирзинарш а бара.

Яздархочо шуьйра суртхIотторан кепехь ца гайтинехь а, йоккхачу исбаьхьаллица, говза схьаьоьхьна вайна стеган шен даймахке болу безам. Ша Шуьйтахь автобус тIера охьа ма-воьссинехь, гонахарчу лаьмнашка леррина бIаьрг кхарстабо Мохьмада. Уьш гича, цуьнан дагна хилла хьаам а цхьана предложеница бовзуьйту яздархочо: «Самукъанечу тачано екхийра жимчу стеган юьхь». Цунах ца Iебаш, юха а хьалахьожу иза лаьмнашка. Хьогаме чууьйзу цо лаьмнийн цIена хIаваъ, тIенисвеллачу хIора шовдана юххехь соцу, хьогалла хаалуш яцахь а, хих къурд бо; дагна боккха хьаам хиларна, тIенисвеллачу муьстачу хьечех, чIичкъа а оьхуш, чам боккху, уьш нощдалаза делахь а. Дагна хьоме меттигаш гуш, дерриг хилларг дагаоьхуш, кийрахь гIаьттина хазахетаран шовкъ халла сеца а еш, вада дог догIуш вогIу иза, шаьш Iийна юрт, дайн кхерч гаре сатесна. Ша дукха сатийсина болчу Даймахко ницкъ ло цунна.

Даймохк аьхна бу, адамийн орамаш Даймахкаца ду. Цул хьоме цхьа а хIума дац стагана. Шен махке, халкъе даим Мохьмадан салаьттина хилар гойту оцу могIанаша. Амма шаьш нуьцкъала махкахдохуш цIахь дисна шайн жIаьла Чайра гича, дуккхавеза стаг дуьхьалкхетча санна, барам боцу хазахетар хьоду цуьнан кийра. Вехха лаьтта иза бIаьргаш чу хи а хIуттий, чIоггIа, адам санна, жIаьла мара а дуллий. Цу кеппара самукъадаьлла, сакъераделла, цIахь ву бохучу кхетамо

вахийна ву кхолламо дехачу шерашна махкахваьккхина, хIинцца цIавирзина къена Даду а.

«Цуьнан самукъа кийра ца тарлора, цIогIа тоха, илли ала, халхавала дог догIура», – цу кеппара дешнаш лехна яздархочо хазахеттачу Дадун дог-ойла гайта. Амма шен цIийнан пенаш гича, ирахь латта гIора а ца хуьлий, бертал лаьтта охьавужу иза, воккхаверан бIаьрхишца воьлхуш, лаьттана барташ дохуш. Чайра ган хьаьгна волу Даду, иза шена ца гича, гIайгIане вужу, цIаверзаран хазахетаран чам лахбо цуьнан оцу сингаттамо. Шен доьзалхо санна, Чайра ган сатесна вара иза. Делахь а цIахь хиларо сатедира, и сингаттам а бол-болуш дIабелира цуьнан кийрара. ДегаIийжаме, бIаьргех хи ца долуш дешалур доцу могIанаш далийна яздархочо Дадун, Чайрин цхьаьнакхетарх лаьцна. И лазаме хазахетаран сурт гуш йолу Iайнаъ а ю, жIаьла марахь долучу мардега а хьоьжуш, бIаьрхиш дIадохуш лаьтташ. Оццу дийнахь воккхачу стага жIаьлина бун йо.

Шаьш гуттаренна а, дуккха а шерашкахь сатийсинчу Даймахка, шайн кхерча цIадирзина хиларан билгало ю иза. Ламанца вайна лулахь бехачу хевсурех а довха дош аьлла яздархочо. Гуш ду уьш бертахь, вовшийн лерам беш баьхна хилар.

Гуьржийн маттахь шега маршалла хаьттича, церан маттахь дуьхьал вистхуьлу Мохьмад. Оцо а тоьшалла до церан вовшашца йолу юкъаметтигаш дика хиларан. ХIара цIавсаний хиъна, хевсураш, маршалла хоьттуш, Казахстанерчу дахарх лаьцна дийцар доьхуш, шайгшайга хьошалгIа кхойкхуш бу.

Чайрин васт боккхачу безамца, йоккхачу дегайовхонца кхоьллина авторо. Ша даьхначу кертара дай нуьцкъала махкахбаьхнашехь, ша Iийна меттигаш дIа ца тосуш, цу меттехь Iен дуьсу иза. Хьерадевлла ду моьттуш, адамаша тоьпаш етташ хиларна, царах къехкаш, мелла а акхадевлла уьш. Цхьайтта шо хан дIаяьллашехь, Мохьмад вевзий, къинхетаме угIар а, делхар а цхьаьнаоьй, текхаш тIедогIу иза цунна. Цунах тоам ца хуьлий, хьала а оьккхий, тIехьоду, лаьттахула керча, когаш Мохьмадан белшаш тIе а бохкий, юьхь-марш тIе мотт хьекха хIутту. Къинхетам, безам, тешам – шадерриг а цхьаьнаоь кхузахь. Шеца Казахстане дIадига лаам болчу Мохьмада дIадехна Чайра шина даггара ду: шен меттамотт дIатаса а ца лаьа цунна, Мохьмадца дIадаха а лаьа. ЖIаьлин психологи дика евзаш хиллачух тера ду яздархочунна.



Синтем байна хьийза, бIаьргех хиш оьхуш, угIуш долу жIаьла гайтар психологически тIеIаткъам беш ду.

Иштта говза хIоттийна яздархочо къена Даду Чайрица цхьаьнакхетар гойту сурт а. Ганза дукха хан йолуш, вовшех хьоьгуш а лелла, цIаьххьана вовшахкхеттачу шина адамах тера хетало церан вовшийн гар.

Авторо шен дегайовхо дийцаран турпалхошна дIаелла церан сатийсамашца, церан лаамашца деттало цуьнан дог. Царах дог а лозу цуьнан. Говза, шеца исбаьхьалла йолуш бу дийцаран мотт а. Авторна кIеззигчу дешнашца чулацаме сурт хIотто а, васт кхолла а хиъна. Къеггина гайтина дацахь а, хаза а, шайца билгалдолу маьIна долуш ду дийцар тIера Iаламан суьрташ. Уьш чулацам кхоччуш гучубаккха Iалашо йолуш юкъадалийна а, произведени йоьшуш волчунна алссам тIеIаьткъачу агIор хIиттийна а ду.

Вайн литературехь дукха яц хIара тайпа произведенеш.

## ЛИТЕРАТУРИН ПРОИЗВЕДЕНИН ТУРПАЛХОЧУХ ЛАЬЦНА

Исбаьхьаллин произведени йоьшуш вайна бевза тайп-тайпана турпалхой. Яздархочо турпалхочун амал гойту произведенин чулацаме а, ша хIоттийначу Iалашоне а хьаьжжина. Турпалхочун вастехула яздархочун ойла а, дуьнене хьежар а гучудолу. Цо турпалхо вуьйцу цуьнан юкъараллехь йолу юкъаметтиг а, уьйраш а гойтуш, церан мах хадош. Яздархочо турпалхо гойту дахарехь иза ма-хиллара, цхьа билгалболчу къастамашца: цуьнан амал гайтарца я ойла йийцарца, я цо буьйцучу маттаца, я сибатца.

Произведенехь турпалхо коьртаниг ву.

Дахарехь адамах лаьцна вайн ойла кхоллало цуьнан къамел, лер, куц-сибат тидаме эцарца. Иштта яздархочо а шен турпалхочун васт хIоттадо цуьнан юьхь, бIаьргаш, бедар, дегI дийцарца, къамелдаран суртхIотторца. И билгалонаш схьа а язъеш, маттаца цуьнан куц-сибат дуьллу яздархочо. Масала, Ошаев Халида «Чайра» дийцарехь шен турпалхочун Мохьмадан сурт (портрет) хIокху тайпана хIоттадо: «ТIаьххьара охьавоьссира лекхачу дегIара, шуьйра белшаш йолуш, тIеюьйхина тужурка, когахь керзан эткаш, бендацараллица коьртан бIаьштиг тIе Iоьттина тиша хурашка а йолуш жима стаг».

Мохьмадан дахарх лаьцна хIун гойту оцу суьрто? Цуьнан куц-кеп девзина ца Iаш, цуьнан Iер-дахаран цхьадолу хьелаш а девзира вайна яздархочун хIокху дешнех: «тIеюьйхина тужурка, когахь керзан эткаш», «бIаьштиг тIе Iоьттина тиша хурашка».

Цунна тIехь долчу духаро а гойту Мохьмад башха дикачу хьелашкахь вехаш-Iаш цахилар.

Турпалхочун куц-кеп – портрет – хиламан тайп-тайпанчу меттигашкахь дуьйцуш хуьлу. Масала, яздархочо кхидIа хIокху кепара яздо: «...Хурашка дIа а яьккхина, аьлларг ца до месаш куьйган пIелгашца шарйина, гонахарчу лаьмнашка леррина бIаьрг кхарстийра цо. Самукъанечу тачано екхийра жимчу стеган юьхь».

ХIун гойту яздархочо шен турпалхочун и сурт дилларца? Цуьнан «самукъадаьллачу сибатах» вайна го Мохьмадан дахарехь цхьа хазахетар, самукъадалар хиллийла. Бертаза махках а ваьккхина, цхьайтта шарахь ша сатийсинчу хьомечу Даймахке бIаьрг тоха ван лаам цуьнан даг чу бижна дукха хан яра. Мохьмадан лаам кхочушхилла: иза шен Даймахкахь ву! Авторо диллинчу суьрто гойту яздархочун цуьнга болу къинхетам, безам, цунах и воккхавеш хилар: «ТIаккха цо бIаьрг туьйхира ваьштатаIIина майдана го бинчу цIеношка. Цхьажимма ойлане а лаьттина... онддачу боларца дIаволавелира иза. ...Охьачуvoссале кIант кхин цкъа а лаьмнашка хьаьжира. Иза шен Даймахкахь вара!» Оцу кеппара, вайн ала йиш ю: турпалхочун куц-кепо гойту цуьнгахь долу хьал – коьрте хьийза ойланаш, хазахетар, самукъадалар, сапаргIатдалар; ган йиш ю цуьнан амал а. Иштта кхета йиш ю цуьнан нахаца йолчу уьйрех а, юкъараллехь цуьнан йолчу меттигах а, яздархочун цуьнга болчу безамах а, къинхетамах а.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Яздархочо шен произведенехь куц-сибат гайтаро турпалхочун вастах кхетарехь хIун гIо до? Муха?

2. Исбаьхьаллин произведенехь турпалхо муьлхачу билгалонашца вовза тарло вайна?

3. Шайна хууш йолчу исбаьхьаллин произведени тIера турпалхочун куц-кеп гойтуш долу могIанаш схьаязде. Дийца, хIун ойла кхуллу цара турпалхочух лаьцна.

4. Шуна хетарехь, «Чайра» дийцаран авторан хIун ойла ю шен турпалхочух Мохьмадах лаьцна? Стенах го иза? Шайн тетрадаш тIе жимчу дийцаран кепехь дIаязде шайна цунах хеташ дерг.



## МАМАКАЕВ
## Іаьрби Шамсуддинович

*(1918 – 1958)*

*Сан дог, хьо деттало*
*къахьоьгуш халкъана...*

Мамакаев Іаьрби вина 1918-чу шарахь Лаха-Неврехь. Теркаца йолчу оцу ширачу юьртахь дІаихна цуьнан бералла: бовхачу малхо воттуш, догІанаша тІунвеш, ганза дерг ган гІерташ ваьлла лелаш.

Да-нана а делла, дукха жима волуш дуьйна байлахь висира иза. ВорхІ шо кхаьчча ден вашас Серноводскерчу берийн цІийне деша дІавелира Іаьрби.

Хинволу поэт, цигахь дешна ваьлча, Соьлжа-ГІала рабфаке деша вахара. Цуьнан литературе болу безам гучубала болабелира иза цигахь доьшуш волчу хенахь. Хьалха цкъа пенан газета тІехь, тІаккха «Серло» газетехь зорба тоха йолийра къоначу поэтан стихаш.

1936-чу шарахь дуьйна йовза йоласлира цуьнан цІе. Мамакаев Іаьрбин дукхахйолу стихаш зорбане а йовлале поэзи езачарна евзаш хуьлура. Ткъа Іаьрбин «Айза», «Салихьатан йиш», «АслагІин кехат», «Майра Кикила» халкъан а хилла дІаяхара: уьш эшаршка йирзира. Цуьнан «Теркан тогІе» цІе йолу поэмийн, стихийн гулар зорба туьйхира 1940-чу шарахь.

Заза даккха йолаелира поэтан исбаьхьа кхолларалла. Нохчийн оцу хенахьлерачу поэзин юьхь йинарг Іаьрбин лирика яра. Гергга массо а жанрашкахь къахьоьгуш схьавеана яздархо: цо арахецна дийцарш, повесташ, поэмаш, стихаш, язйина пьесаш.

Амма, коьртачу декъана, Мамакаев Іаьрби поэт-лирик ву. Цуьнан кхоллараллехь йоккха меттиг дІалоцу Іаламах лаьцна йолчу стихаша. Боккхачу безамца язйина поэто «Даймахке», «Сарахь Теркан тогІехь»,

«Суьйренан ойланаш» цIерш йолу стихаш. Дегайовхонца гойту цо ша винчу мехкан Iалам, Лаха-Невре, Терк:

Ма хаза ю-кх хьо, шера тогIе,
Хьайн бай тIе цIен зезаг даьлча!
Ма хаза ю-кх хьо, Теркан гIайре,
Хьайна тIе баьццар къаж яьлча!

Бакъдолчу а, башхачу а васташца язйина ю цуьнан повесть «Винчу юьрта». Граждански тIамах лаьцна ю иза. «Нохчийн лаьмнашкахь» цIе йолу цуьнан поэма нохчийн литературехь тоьллачех цхьаъ ю. Цу тIехь дика къаьста поэтан корматаллин исбаьхьаллин башхаллаш а, халкъан Iер-дахарх, синъоьздангаллех, ламастех долу хааршш а.

МостагIчуьнга болчу цабезамах юьзна ю поэтан патриотически стихаш «Дерриг а тIамна», «Чевнаш хиллачу капитане», «ТIамна кайолийла», кхиерш а.

Амма дерриг а цIаьххьана хедира. ДIаболабелира Сталина а, цуьнан хьадалчаша а халкъан интеллигенци, динан дай хIаллакбаран мур. Цунах кIелхьара ца валавелира Мамакаев Iаьрби а.

1942-чу шарахь, лаца а лаьцна, итт шо хан а тоьхна, набахти чу воьллира иза. Дейтта шаре бахбелира Iазапан, къизаллин некъ. Халонашна кIел ца соцуш, массо хенахь доьналлица, къонахаллица чекхвелира оцу халонех поэт.

Вайн халкъ шен махка цIадирзинчул тIаьхьа дукха ца вехира и.

Iаьрби гуттар а вара шен халкъаца а, и дезаш а. Нуьцкъала шен махкахваьккхинчу поэто яздора:

Кавказ, со хьан вара
Хиларх мел генахь.

Ван а вара Iаьрби Кавказан кIант. Даг чохь цхьа а тайпа оьгIазло, дегабаам боцуш, хиндерг дерриг сирла, цIена хила лааре бирзина бара цуьнан сатийсамаш.

Цхьана ханна дукхабезачу махках, халкъах ваьккхина поэт юхаверара Даймахка шен халкъаца цхьаьна цуьнан илли, эхь-бехк хилла гуттаренна ваха.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Мичахь, маца вина поэт Мамакаев Iаьрби?

2. Маца волавелла иза стихаш язъян?

3. Муха ю цуьнан поэзин тематика?

4. Иза поэт-лирик хилар стен гойту?

5. ХIун билгалонаш, къастамаш бу цуьнан поэзехь?

6. Вина меттиг, Даймохк поэтана дукхабезаш хилар тIечIагIде стихотворенин могIанашца.

7. Муха мах хадийна халкъо Мамакаев Iаьрбин кхоллараллин?

## ПОЭМЕХ ЛАЬЦНА

***Поэма*** (грекийн маттахь *до, кхуллу* бохург ду) – лирически, эпически, драматически билгалонаш шеца йолчу стихашца язйина йоккха произведени ю.

Исбаьхьаллин литературехь поэмин жанр кхоллаелла дукха хан ю. Гомеран «Илиада», «Одиссея» бохучу произведенеш тIера схьадагардеш ду дуьненан литературехь поэма кхоллаелла шераш. ХIетахь дуьйна, хийца а луш, кхиа а кхуьуш, вайн хене схьаеана поэма.

Нохчийн халкъан поэма (илли) кхоллаелла XVI–XVII бIешерашкахь. Халкъана шен дикачу кIентийн хьуьнарш хастаме дан, уьш тIекхуьучу тIаьхьенашка дIакхачо лаарна, еххачу хенахь кхуьуш схьаеана халкъан барта кхолларараллехь поэма (илли). Иштта ду «Эвтархойн Ахьмад», «Теркаца хьала-охьа вехаш хилла эла Мусоста, Адин Сурхо», «Мадин Жаьммирзий, Жумин Акхтулий» цIерш йолу иллеш. Оцу иллешкара «схьаеана» поэма нохчийн литературе.

Поэмаш шайн кепашца тайп-тайпана хуьлу. Поэмехь къоман дахарехь доккха маьIна долу гIуллакххаш а, хиламаш а къастабо. Дукхахьолахь цуьнан коьрта турпалхо ву хьуьнаре а, доьналла долу а стаг.

Нохчийн литературехь поэмин жанро шена чуэцна къоман барта кхолларраллин ламасташ, ткъа иштта кхечу къаьмнийн литературийн поэман жанран кхиамаш а.

Поэма стихашца язъеш хиларна, цуьнан екар а, цо беш болу Iаткъам а чIогIа хуьлу.

Халкъан иллин мукъамехь ека поэмин стихаш. Цуьнан жанран керла форманаш, исбаьхьаллин суртхIотторан керла кепаш юкъаялийна хIинцалерачу поэташа. Вайнехан литературехь хаддаза кхуьуш схьайогIу поэмин жанр.

## ДАГАЛЕЦАМАШ
*(Дакъош)*

Beралла-м сан хьайчух
Тера хир я хир а яц, –
ХIетхьарчу сан ирсах
Хьоьгийла-м ян а яц,
Амма шен жималлех
Безам а бовр бац,
Къаналла цаезарх,
Мел дезарг хир дац...

ХIетахь сайн... хIетахь сайн
Деноша хьоьстур со,
Хьоьстуш я тергам беш
Дай-наний-м дацара,
Аьрха бер, аьрха бер
Хилла схьавогIур со,
Боберах мисхал а
Тера а-м вацар со.

Беттаса кхеттачу
Буьйсанца берашлахь
Туьйранаш дуьйцур ас
КетIарчу тIулга тIехь,
Кханенга сатуьйсуш,
Седарчийн сийналлехь
Ойла еш Iуьллур со
Бешарчу чардакх тIехь.

Неврехь сайн бераллин
Мур хIетахь ас боккхуш,
Гечошца[1] Теркан гах
Вуьйлуш, сакъералуш,

[1] Гечо – хи гомха долу меттиг.

Хьуьнхарчу уьшалшкахь
Бедашна гІаж кхуьйсуш,
Лелар со, деха де
Дацлой, сакъералуш.

Бовхачу малхо со,
Ца кхоош, воттура,
РегІахь я тогІешкахь
ДогІнаша тІунвора,
Ганза дерг ган гІерташ,
Волий со лелара,
Мел кхерстарх, Іабаций,
КІадлой, цІа воьрзура.

Ялх-ворхІ шо хьалхарчу
ТІемийн ларш а лоьхуш,
Эвлйистехь саьнгаршца
ХІоьънаш а карадеш,
Баккхийчийн хьехаршка
ЛадоьгІуш, ойла еш,
Лелар со берашца,
Хиндолче сатуьйсуш.

Нанас ца хьистинчу
Сайн дог цхьа гІелделча,
Воьдуш со хиллачу
Ирзун сурт дагадогІу.
Цигахь со цхьа висча,
Сулу[1] тІехь ас бинчу,
Дагахь дерг шортачу
Мукъаман аз дагадогІу.

Со бертал бай тІехь, сайн
Когаш а ловзабеш,

[1] Сулу – хи оьцу меттиг, хи мало а, говраш лийчо а меттиг.

Ма Іиллир-кх хІетахь, дайн
Иллеш а декадеш.
Ткъа тулгІеш, берашха
Качлой, со Іехавеш,
Ма хуьлур-кх вайн боцчу
Маттахь соь къамел деш.

Моьттура, цара сайна
Хьехар до, дог хууш:
«КІант, илли ала ахь
Хезначийх, долчийх гуш.
Ткъа оха Терк ма-дду
Хьан аз, тхайн аз лоруш,
Аренца даржор ду,
Хьо а тхайн кІант лоруш...»

ГІум гІаттош мох баьлла,
Терк, терсаш[1], шагдаьлча[2],
Цхьаллех сайн шекваьлла,
Хийла аса хаьттина:
«Черчашха[3] даръелла,
Махца шайн шок етташ,
Шу стенна Іаржъелла,
ХІай Теркан тулгІенаш?..»

Ткъа цкъацкъа тийначу
Деношкахь мохнашца
Хуьлур Терк йистерчун
Дог хьоьстуш шен гІарца.
«Хьо стенга сихделла,
Хьоме Терк, – олур ас, –

[1] Терсаш – кхузахь: гІовгІа еш.
[2] Шагдаьлча – дистина догІуш, бехделча.
[3] Черчашха – ча санна, дера.

Тарлой со ван хьоьца
Дуьнене тоха бIаьрг?..»

Цецвуьйлуш хьоьжур со
Бердашца хьала-охьа,
Хил дехьахь шерачу
Аренгахь машене.
Сатуьйсуш, хьоьгур со,
Генна и йоьддучхьа
КIорддоллалц дIаихна,
Ца гинчохь воссаре.

И кхеттол доцучу
Сан жимчу хьекъална
Моьттура, и, ловзуш,
Хазхета дIаслела,
ЙогIур и, лар юьтуш
Мокхачу асанан,
Туьйранахь бийцинчу
Саьрмаках таръелла.

Цу хенахь тхайн юьртахь
Хиллачийх цхьаццадерш,
Заманийн ангалех[1]
Чекхъхьаьжча, дагадогIу,
Стохкалер гIан санна,
Дицделла хийла гIулкх,
Туьйранийн сурт санна,
Халла суна дагадогIу.

«Бераш, юрт, урамашкахь
Суьйренашца ловзарш,
Воьду со, вай къастарх,
Хийцамаш боцуш,

[1] Ангалех – кхузахь: генара.

Хир ду-кх вай хан яларх
Цхьабосса...», – моьттуш,
Къаьстира со тхайн юьртах
ВорхI шо сайн кхочуш.

ЭхI! Иштта-м ца хилла,
Хилла дац иштта!
Едда хан, берално
Геннахь тIам бетта.
ХIеттахье тIе буц яьлла,
Ширлехьа кхетта,
Денойн цу тулгIеша
Бералла яьхьна...

Хено вай Iамийна.
Кегийнаш хир бу
ХIинцо ирс кховдийна
Юьртахь тхан ловзуш.
Хийла гIум кегийна
Терк хьаьдда хир ду,
ХIетахь тхо левзина
Ларш дIа а йойуш.

Шена со тIевийлла
Лечкъаргех ловзуш,
Бешара шалгу кхор
Хадийна хир бу.
Хийла тIелахвелла,
Замано хуьйцуш,
КетIара къена чхар[1]
Кагбелла хир бу.

Баккхалийн[2] могIаршца
Совдегарш хьийзинчу

[1] Чхар – тIулг.

[2] Баккхалш – кег-мерса хIуманаш юхку туьканаш.

Тхан юьртан майданах
Маьлхан беш хилла.
Шайн дечкан семнашца
Ворданаш цIийзинчу
ЛапгIанийн урамийн
Сурт хийца ма делла.

Ткъа хIинца, со хIетахь
Леллачохь гIелонца,
Бераш го, наг-наггахь,
Гуллой шайн тобанца.
Амма уьш-м со санна
Гуш долчух Iабаций,
ДагIац цу ирзушка
Делхо шайн дог, дакъий.

Тхан дадин бераллел
Сайниг а тоьлура.
Амма кхераниг цу сайчул
БIозза сов тоьлуш ду.
Делар со бер хIинца
Цаьрцанна школехь,
Уьш дац ткъа кхетамца
Кхуьуш дерш Нохчийчохь?

Уьш ду, и ирсениш,
Ярташкахь, гIали чохь
Леттачийн и лоьхуш
ТIаьхьенаш. Царалахь
Ловзийта, Iамийта
Ас а дIахоьцур ву
Сайн кIант а. Масийтта
Сов сол а и тоьлур ву.

Ткъа со? Со къанлур вац,
Шераша мел хан идорх.
Сан дог а гIеллур дац,
Мел чIогIа къахьегарх.
Къона ву, могуш ву,
Тоам бо ас вахарх.
Соьхь тоъал ницкъ а бу –
Со а вац ткъа ирсечех?

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Муха хилла боху поэто шен бералла?

2. «Аьрха бер, аьрха бер хилла схьавогIур со» бохучу могIанех муха кхета шу?

3. Поэмехь Iалам а, Терк а муха гайтина авторо?

4. Шен бералла дIа муха кхехьна поэто, хIун ду цунна дагахь лаьттарг? Мел хан хилла цуьнан хIетахь?

5. Шен сагатделча, мича воьдура ша бохуш, дуьйцу поэто?

6. «Бералла-м сан хьайчух тера хир я хир а яц» хIунда боху цо?

7. Мила лору поэто ирсе? ХIунда?

8. Дийца, муха хийцаделла берийн Iер-дахар тIаьхьарчу хенахь. ХIун хийцамаш хилла шу дехачу меттехь?

9. «Сан бералла» темина сочинени язъе.

**Ешначух ойла е вай**

1. Муьлхачу синхаамца гайтина поэто поэмехь шена хьоме хилла меттигаш?

2. Стенах лаьцна ю поэтан ойланаш?

3. Шуна хетарехь, поэто дIадахнарг мокхачу басаршца гайтаран хIун бахьана ду?

4. Муьлха хан ю поэми тIехь юьйцург, муьлхачу могIанаша тIечIагIдо иза?

5. Шен баланаш хьаьнга балхабо поэто? ХIунда?

6. Iаламца йолу юкъаметтиг муха хилла поэтан?

7. Ойла е, лирически турпалхочун синхIоттам бовзийтарехь хIун меттиг дIалоцу пейзажо.

**Поэмин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Муьлха исбаьхьаллин кеп ю поэмин дIахIоттаман бух кхуллург? Цу кепах пайдаэцаро мел таро елла поэтана Iаламан къеггина сурт хIотто?

2. Іаламан къеггина сурт хІоттош меттан муьлхачу исбаьхьаллин гІирсех пайда эцна авторо?

3. Поэмехь далийначу дустарийн маьІна даста. ХІун дакъа лоцу цара Іаламан суртхІотторехь?

4. Иллешкахь, туьйранашкахь турпалхо шен дине вистхуьлуш кеп хуьлу юкъаялош, ткъа поэмехь поэт Теркаца дагаваларан хІун маьІна долуш ду?

5. Муха кхета шу хІокху могІанех: «Ткъа тулгІеш, берашха качлой, со Іехавеш, ма хуьлуьр-кх вайн боцчу маттахь соь къамел деш». Меттан исбаьхьаллин суртхІотторан муьлха кеп ю хІара, мича Іалашонца юкъаялийна иза поэто шен поэмина?

6. Поэмин цхьадолу дакъош дийцаран кепехь ду, ткъа вуьш – суртхІотторан. Поэми тІера и дакъош схьалаха.

7. Муьлхачу синхаамца чекхйолу поэма, муха ю поэтан дог-ойла?

**Вайн къамел кхиадо**

1. Поэмин цитатни план хІоттае.

2. Оцу планах пайда а оьцуш, поэмин чулацам схьабийца.

**Билгалйинчу теманашна проект кхоллар**

1. ХІун хийцамаш хилла шу дехачу меттехь тІаьхьарчу хенахь?

2. «Сан бералла» темина сочинени язье.

**Шуна, хІума довза луурш**

Мамакаев Іаьрби вина а, кхиъна а волчу цІа чохь цуьнан кІанта Мамакаев Эдуарда музей схьайиллина. Поэтан хилла а, цу хенара а хІуманаш ю цу чохь гулйина. Цара кхоччуш сурт хІоттадо и ваьхначу заманан. Поэми тІехь Іаьрбис бийцина кхор а, цу кертахь Іиллина тІулг а хІинца а болуш бу.

## «ДАГАЛЕЦАМАШ» ПОЭМЕХ ЛАЬЦНА

Мамакаев Іаьрби нохчийн лирически поэзи кхоллархойх цхьаъ ву. КІеда, синхнааме, деган кІоргене кхийдаш ю цуьнан поэзи. Іаьрбин стихаш мукъаме а, фольклоран буха тІехь кхоьллина а ю. Шен стихашкахь цо дуьйцу доттагІаллех, Даймехкан хазаллех, винчу юьртах, Терках – дагах чекхдолучу дерриг а дахарх.

Винчу юьртах а, шен бераллех а лаьцна ю цуьнан «Дагалецамаш» цІе йолу поэма. Иза цо язйина 1940-чу шарахь. Шен юьрта керлачу

дахаро дохьу, шен бераллех, хьалакхуьучу берийн хиндолчух лаьцна поэтан ойланаш, дагалецамаш бу поэми тIехь балхийнарш.

«Дагалецамаш» поэма поэтан бераллех лаьцна шатайпа лирически схьадийцар ду. Цу тIехь башха васташ, суьрташ кхуллу поэто шен Лаха-Неврех, Терках. Поэтан ницкъ кхаьчна шен произведени тIехь Iаламе, винчу юьрте, Даймахке болу кIорггера безам гайта. Цо догъIийжарца юьйцу дIаяхна зама, шен сингаттаме бералла.

ХIунда ю и бералла сингаттаме, хIун лазамаш бохку цуьнца поэтан?

Жима волуш дуьйна да-нана а кхелхина, бобер хилла Iаьрби. Шен ворхI шо кхочуш къаьстина иза юьртах, Серноводскерчу берийн цIийна деша а воьдуш. Къинхетамца, доглазарца карладоху поэто шен ойланехь шен юьртахь, Лаха-Неврехь, хилла долу берахьлера суьрташ: «Бовхачу малхо со, ца кхоош, воттура, регIахь я тогIешкахь догIнаша тIунвора». Граждански тIом дIабаьлла дукха хан яц. Иза вайна го хIокху дешнашкахь: «...Ялх-ворхI шо хьалхарчу тIемийн ларш а лоьхуш, эвлайистехь саьнгарщца хIоьънаш а карадеш, баккхийчеран хьехаршка ладоьгIуш, ойла еш, лелара со берашца...»

ГIийла ойланаш а еш, шен хилла дахар сингаттамечу басаршца гойту поэто, хIунда аьлча гонаха мел дерг мокха, сингаттаме долу дела. Хийла берийн ца хуьлу ойланаш а еш, Терке хьоьтту цо:

Черчашха даръелла,
Махца шайн шок етташ,
Шу стенна Iаржъелла,
ХIай Теркан тулгIенаш?..

Нанас хьистина воцчу кIентан цкъацкъа тийначу хенахь хьомечу Терко дог хьоьсту шен гIарца, тIаккха цуьнца дуьнене бIаьрг тоха ваха дагахь ойла кхоллало цуьнан деган кIоргенехь. Наггахь, агано санна, Теркан тулгIенаша, качлой, техкадо бобер, юха хьехарш до цунна, хьайна хезначух, долчух лаций илли ала, ткъа оха и хьан аз, тхайн долуш санна, аренца даржор ду, «хьо а тхайн кIант лоруш».

Тамашийна хеташ хилла цунна бердашца хьала-охьа лела машенаш, «туьйранахь бийцинчу саьрмаках» тарло уьш цунна. Оцу сингаттамечу суьрташа гойту поэто шен бераллехь Iаьвшина бала,

ша цхьаъ хилар бахьанехь. Шен декъазаباралла дага а оьхуьйтуш, кхиъна ваьлча ша йина ойланаш ю цо вайга ялхош.

Шен баланаш, гІайгІанаш, синхаамаш Терке балхош хилла цо. Уьш балхо кхин цхьа а вац цуьнан, да-нана хьалххе делла хиларна. Байлахь диснач бран бес-бесара ойланаш кхоллалуш хилла Іаламца, къаж яьллачу Теркан тогІешкахь.

Іаьрби когахІутту зама – иза Советан Іедал дІахІутту хан ю. Адамо халонаш лайна зама ю иза: мацалла, бохамаш. Керла дахар ду дІахІоттош. Хьалха шен бераллехь хилла суьрташ халла дагадогІу цунна, амма дагахь льтта шайн бешара лечкъаргех ловзуш ша тІевийлина шалгу кхор, кетІара къена чхар. Хилларг хийцаделла, дахар толуш ду. ХІинца кхечу кепара, айабелла бу поэтан синхаам. «Совдегарш хьийзинчу тхан юьртан майданах маьлхан беш хилла. ЛапгІанийн урамийн сурт хийца ма делла», – боху поэто. ХІокху могІанаша гойту юьртан дахар тоделла, дикачу агІонгахьара хийцаделла хилар. «Маьлхан беш» токхе, сирла, дика дахар ду. Хьалхалера шен дахар сингаттаме хиллехь а, иза башха воьхна а вац, хІунда аьлча керла дахар дагна синтеме ду. Цо иза хила ма-деззара тІеоьцу. Шен дог эшадеш а ца дуьйцу иза поэто. Адамийн дахар де-дийне мел дели толуш ду, цундела боху цо: «Тхан дадин бераллел сайниг а тоьлура. Амма кхераниг цу сайчул бІозза сов тоьлуш ду». ХІинцалерачу берех хьоьгуш ву иза:

> Делар со бер хІинца
> Цаьрцанна школехь,
> Уьш дац ткъа кхетамца
> Кхуьуш дерш Нохчийчохь?

Церан дахар шечул ирсе делахь а, амма шен кхолламна а реза ву поэт, ша а ирсечарах лору цо.

Иштта ца яздича ца волура поэт цу хенахь. Советан Іедал а, цо хуьйцуш долу адамийн дахар а хестош ца дийцича, ца волура иза.

Ткъа вукху агІор, цу Іедалх тешаш хилла хила а мега иза, цо шен къиза куьг шена тІекховдадаллалц.

Поэми тІехь долчу пейзажан суьрташа гІо до хиламах, поэтан догойланах кхета а, цу тІехь дуьйцург кІоргаллиций, синхаамций тІеэца а. Масала, Теркан сурт хІоттош вайна гучуйолу поэтан дог-ойла а,

цуьнан Іаламца йолу юкъаметтиг а. Цхьа эсала, кІеда-мерза ю цуьнан Теркаца йолу юкъаметтиг:

Ткъа тулгІеш, берашха
Качлой, со Іехавеш,
Ма хуьлура-кх вайн боцчу
Маттахь соь къамел деш.

Теркаца йолу юкъаметтиг юьйцуш, поэто, Терк адамах тардеш, ша цуьнца къамел деш санна гойту:

Хьо стенга сихделла,
Хьоме Терк, – олур ас, –
Тарлой со ван хьоьца
Дуьнене тоха бІаьрг?..

Оцу могІанаша гойту къеггина суртхІотторан Іалашонца поэто цхьаболчу меттан гІирсех пайда оьцуш хилар, масала, олицетворенех. Къеггина сурт хІоттош, дустарех а пайда эцна Іаьрбис.

Масала, дистина догІу Терк терсаш, гІум уьйуш ду, черчашха даръелла ю цуьнан тулгІенаш; аренгахь дІасалела машенаш туьйранахь бийцинчу саьрмаках тарйина поэто. Поэмин цхьадолу дакъош дийцаран кепехь ду, ткъа вуьш – суртхІотторан. Масала, дийцаран кепехь ду поэмехь Мамакаев Іаьрбис шен дІадахначу бераллех бохург: «..буьйсанца берашлахь туьйранаш дуьйцура ас, кетІарчу тІулга тІехь. Кханенга сатуьйсуш, седарчийн сийналлехь ойла еш Іуьллур со...».

***СуртхІоттор*** (описание) – иза цхьана хІуманан билгалонаш къастош я Іаламехь дерг довзийтар къеггина васт хІоттош гайтар ду. Масала, поэто шех лаьцна иштта боху: «...Сан дог а гІеллур дац, мел чІогІа къахьегарх, къона ву, могуш ву, тоам бо аса вахарх. Соьхь тоъал ницкъ а бу – со а вац ткъа ирсечех?»

Поэтан дог-ойла, синхаамаш сирлачу кханенга хьажийна бу. Оцу айамечу дог-ойланца чекхйоккху шен поэма Мамакаев Іаьрбис. Хилларг, дІадахнарг сингаттаме, гІийла хиллехь а, амма кхане ирсе хир ю, боху цо.



## САЙДУЛЛАЕВ
## Хьасан Хамидович

***(1948)***

Сайдуллаев Хьасан вина Юккъерачу Азехь вайн къам цIерадаьккхинчу хенахь.

Нажин-Юьрта кIоштан Мескатахь школа чекхъяьккхинчул тIаьхьа Хьасана дешна Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетехь филологин факультетехь. Вайн халкъан яздархочуьнгара Айдамиров Абузарера дуккха пайдехь дерг схьаэца аьтто хилла Хьасанан. Мескатарчу юккъерачу школехь цхьана хенахь Айдамиров Абузарца болх бина цо берашна нохчийн мотт, литература а хьоьхуш. Дешан чам а Абузарера бевзина Хьасанна.

Сайдуллаев Хьасан масех гуларан автор ву: «Даймехкан тешам», «Зевне бердаш», «Нана-Нохчийчоь», «Iуьйренан нур», «Сатийсаман кхоллам», «Iуьйренан аьзнаш» – иштта ю церан цIерш.

Сайдуллаев Хьасанан поэзи герга ю Сулаев Мохьмадан а, Дикаев Мохьмадан а поэзина. Цу шина поэтан кхолларалло тIеIаткъам бина меттигаш дуккха а хаало Хьасанан стихашкахь. Амма цуьнан поэзин шен хатI а, шен мотт а бу.

Шуьйра бу цуьнан поэзин тематикин го: Даймохк, доттагIалла, Iалам. Шен поэтически могIанашкахь Даймохк ненаца бустуш гайтина цо.

И ший а амат цхьатерра хьомс ду цунна. Даймахках херваллачун дахар мел даьсса, маьIне доцуш ду, гайта хиьна поэтана. Лаьттан кийра орамаш хецна дитт санна лору цо шен Даймахке болчу безамца веха стаг. Даймахках хаьдда стаг цхьалха ву.

Ша мичара схьаваьлла, шен орам бевзаш, дуьнен чу хIунда веана хууш верг ву цуьнан поэзин лирически турпалхо. «Кху дуьнен чу со цецвийла веана..» аларца цо тIечIагIдо вай дахар деза а, цуьнан хама бан а, и хаздан а кхоьллина хилар.

Поэзехь къахьегна ца Iаш, цо шен ницкъаш зоь прозехь а. Шена тIе тидам бохуьйтуш ду цуьнан «Безаман алу», «ТIаьххьара горгали» цIерш йолу дийцарш.

Барта кхолларалла гулъярехь жигара дакъалоцуш схьавогIу Хьасан. Цо, гул а деш, дIаяздина дуккха а Молла-Несартах лаьцна забаре дийцарш. Ткъа иштта цо гочдина Iарбийн яздархочун Джуда Ассаххарин «Пайхамарех дийцарш» книгин 1-ра дакъа.

ТIекхуьучу тIаьхьенгахь патриотически дог-ойла кхиорехь мехала ю цуьнан «Ненан бIаьрхиш» цIе йолу поэма.

## НЕНАН БIАЬРХИШ

### *I дакъа*

Лаьмнел лекха бу ден синхаам,
ХIордал кIорга бу ненан безам.
*Халкъан кица*

Къоьжачу мархех чекх
Кортош а даьхна,
Мокхазан лаьмнаша
Биллина го.
Лекхачу бIаьвнаша
Йийсаре лаьцна,
Бехачу боьра[1] чохь
Шира юрт го.

Некъаш ду – тачанаш,
Тархаш[2] тIехь хьийзаш,

[1] Боьра – чукхетта меттиг.

[2] Тарх – боккха тIулг.

Къена варш[1] юьртана
Гонаха го.
Ирачу баххьаш тIехь –
Аьрзунийн баннаш,
КIоргачу тогIи чохь
Аьрха хиш ду.

Къеначу ден, ненан
Ша цхьаъ бен воцуш,
Цу юьртахь кхуьура
Хьомсара кIант.
Бохамо, цамгаро
Лацарна кхоьруш,
Цунна тIе хьийзара
Нана цIе ерг.

ТкъозлагIчу бIаьстенан
Чам эца воьлча,
КIант кхиъча «къонаха»
ЦIе йоккхуш шен,
Лаьмнашкахь гIарабаьлла
Дин шена эцча,
И воккхавеш вара
СовгIатах ден.

Малх санна, дог цIена,
Оьздаллех вуьзна,
ГIиллакхе кхуьура
Ден, ненан кIант.
Боьхху мах пхьерашна
Ца къуьйсуш белла,
Цунна цара ийцира
ТIеман барзакъ[2].

---

[1] Варш – луьста хьун йолу меттиг.
[2] Барзакъ – духар.

«Ламанца сакъера
Вай доьлху», – аьлла,
КІентий цІа баьхкира
Бохьуш и кхаъ.
Нийсаршна даггара
Баркалла аьлла,
Де-нене вистхили
И оьзда кІант:

«Вахийта кІенташца
Тахна сакъера,
Тохийта соьга а
Дуьнене бІаьрг.
Сатосуш маьлхан нур
ГІоттуш ца дайна,
Беттаса кхачалуш
Лаара ган.

Іуьйранна баца тІехь
Тхин туьтеш лахьош,
Лун буьхьиг ежачохь
Со хилла вац.
ГІелашна[1] саготта
Сира сай гІергІаш,
Хьаннашкахь ас цкъа а
ЛадегІна дац».

«ХІан-хІа, кІант, ма гІолахь,
Пурба дац хьуна», –
ОьгІазе човхийра
Къеначу дас.
«КъинтІера ца йолу,
Водахь, со хьуна, –
Йилхира нана а, –
Бакъо лац ас».

[1] ГІала – стен сай.

Ден-ненан лаамна
Дуьхьало йоцуш,
Шен деган сатийсам
Къевлира цо.
Сакъера боьлхучийн
Куьйгаш а лоцуш,
Элира: «Со вуьсу,
Ткъа шу дIагIо».

ЦIахь виси и жимха
Шен цIенна гонаха,
Виси и ца ваьлла
Iалашбан кхерч.
Сагатлуш, дог оьшуш
Массо а дийнахь,
Къахьлора кIантана
Ша кхиъна керт.

Къеначу ден, ненан
ГIеллуш ю йорта,
КIайделчу шераша
Къежъеш ю йис.
Маржа-яI, царна гац
КIант хилар воккха,
Къоначу даг чуьра
Деттало ткъес.

***II дакъа***

«Батта чохь дукха Iиллина шаьлта макхъелла».
*Шаьлти тIера йоза*

Цул тIаьхьа хьаннашка
Экхана талла
Юьртарчу нийсарша
Кхайкхира кIант.

«Вохуьйтург хир ву ша
Цара цига», – аьлла,
Сов хазахийтира
ТІебеъна кхаъ.

«Вахийта кІенташца
Экхана талла,
Леча шен ижуна[1]
ТІехьодуш ган.
Дог лоцуш, хІаваэхь
Яржаеш биркъаш[2],
Цунна ас тухур бу
Хьажийна пха.

Лечанан мІареха
КІелхьарадаьлла
Олхазар дІахеца
Син-маршо луш,
Лаьара сийначу
Іаьршашка[3] даьлла,
Лелийта Іаламан
Хазалла гуш.

Лекхачу тарха тІехь
Кур[4] аркъалтесна
Лаьттачу хьехе[5] бІаьрг
Ас тухур бу.
Хьаьвзинчу маьІаха
Шотха[6] а доккхуш,

[1] Ижу – толлуш лоху напха, кхача.
[2] Биркъаш – кхузахь: месаш.
[3] Іаьршашка – кхузахь: лакхахь.
[4] Кур – хьайбанан я дийнатан коьрта тІера маІаш.
[5] Хьех – ламан бож.
[6] Шотха – кхузахь: мерцхиг доккхуш.

Пха тоьхна, шел сема
Со гойтур ву.

Лаьар-кха, юькъачу
Хьаннийн арц толлуш,
Къахкийна, некъ лаца
Масаран[1] цкъа.
Дуьнен чохь шел чехка
Со хилар гойтуш,
И лаьцна, цец-акха
БІаьрган Іин ган.

Бух боцу стигалан
Седарчий санна,
БІаьргаш а хьаьстина,
Яшор ю вас.
Къизачу иччархойл
Дог-дика адамаш
Лаьтта тІехь дехаш дуй,
Хоуьйтур ас.

Бехк билла даций шун,
Шун хан а йойуш,
ШозлагІа а малъярна
Лаамийн урх.
ХІун де ас, нийсархойх
Яхь хилча йогуш?
Шуьгарчу пурбане
ЛадоьгІуш ву.

Со-м кхоьру, хІинца а
Ца веъча шайца,
Мотталахь кІенташна
КІилло ду дог.

[1] Масар – акха газа.

Я уьйраш, гергарло
Ца оьшу шайца,
Къайленгахь латтайо
Гамонан бог[1]».

«Маржа-яI, хьомсарниг, –
Йистхили нана, –
Дуьхьлара хьо ваьлча,
Тоха са дац.
Экхано лазийча...
Кхин хилча кхана,
Къеначу хьан нене
И лалур дац».

«ХIай, кIант, хIай! – элира
Аз тодеш дадас. –
Таллар бен, синкъерам
Боцуш ву хьо?!
КIадбоцчу гIуллакхах
ХIоьттина бахьна,
Вон дагIахь, юьхьIаьржа
ХIуттур ву со.

ХIан-хIа, кIант, ма гIолахь,
Пурба дац хьуна!» –
ОьгIазе човхийра
ТIаьххьара дас.
«КъинтIера ца йолу,
Водахь, со хьуна, –
Нана а йилхира, –
Бакъо лац ас».

Ден, ненан лаамна
Дуьхьал ца волуш,

[1] Гамонан бог – кхузахь: дагахь хIума долуш хилар.

Шен деган сатийсам
Къевлира цо.
«Нана ю тахна сан
ДегI диқа доцуш, –
Элира, – со вуьсу,
Ткъа шу дIагIо».

## *III дакъа*

...Майрачу кIантана
Ахь корта тохалахь.
Сийлахьчу Iожална
Хьайн декхар дIалолахь...
*Мамакаев М.А. «Цалечийн илли»*

БIаьстенан гIушлакххехь[1],
Комаьрша боьлуш,
Малхо шен догу нур
Латтта тIе хьоьрсу.
ГIа-бецийн кIажараш
Зезагех юцуш,
Шовданийн бIаьргаша
Стигланаш хьоьсту.

ЦIаьххьана, бос байна,
Анаюх[2] макхлуш,
Юьртана ирча кхаъ
Орцане кхочу:
«МостагI ву вайн мехкан
Дозане кхочуш,
Ламанхойх леш бина
Бацор бу, боху».

[1] ГIушлакх – кхузахь: малх дикка лакхабаьлла.
[2] Анаюх – дуьненан йист; латтий, стигаллий хоттаелла хеталуш йолу йист.

Даймехкан декхаро
ГӀовттийра кӀентий,
Болатан пен хилла
Дозане хӀуьттуш.
Есаниг юзура,
Чу даш а дуттий,
Аьртаниг ирйора
Шога тӀулг хьоккхий.

Шен юкъах дихкина
Тешаме герзаш,
Шира гӀагӀ[1] некха тӀе
Доггаха оьзна,
Воккха стаг вахара
КӀантаха лечкъаш,
Чехкачу динна шен,
Багош, шед тоьхна.

Догучу молханах
ЦӀийелла мархаш,
Татанийн узарщца
Дегош ду латта.
Оьпанах Іоьхура,
ЦӀе туьйсуш, мажарш[2],
МостагӀийн догӀмеха
ЦӀийн Іовраш хьаьвдда.

Майрачу цу кӀентийн
Тобанна юккъехь
ТӀом бора къаьсттана
Къоначу кӀанта.
Болатан барзакъ[3] а

---

[1] ГӀагӀ – чевнах дегӀ лардеш йолу аьчках ен бедар.

[2] Мажар – яханчу заманахь хилла мокхаз буьллу топ.

[3] Барзакъ – кхузахь: тӀеман духар.

Лепара малхехь,
Юьхьа тIе оьзнера
Цо зIенийн цхьара[1].

МостагIийн декъаш тIехь
ХIиттаеш саьлнаш[2],
Ткъес санна, каде цо
Еттара шаьлта.
ТIом буьрса мел болчохь
Цунах бIаьрг кхеташ,
Дог дуьзна, цецваьлла
Воккха стаг латтта.

«ХIай адмаш, мила ву
ДIо шаьлта еттарг?!» –
Хаьттира кIентан дас
Юьстах а сецна.
«Хьан кIант ву кху тIамехь
Хьуьнаре летарг.
Вуьззина къонаха
Хьан кхиъна хилла».

БIешераш хиш санна
ДIаихна хийла,
Эзарнаш кIенташа
Довха цIий Iенош.
Маршонал сийлахьа
Даржаш ца хилла,
Лаьмнашкахь и къийсар
Деза ду лоруш.

Шен дикчу кIенташка
Орцаха кхойкхуш,

[1] Цхьара – юьхь тIе охьахоьцуш йолу буьйцинчу серах йина дуьхьало.
[2] Саьлнаш – кхузахь: оьланаш.

Хала де тIехIоттахь,
Ша тахна санна,
Даймехкан безамо
Дог ирахIоттош,
КIенташкахь ницкъ хуьлу,
Лоьмашкахь санна.

МостагIчо гулбира
ТIаьххьара ницкъаш,
Майрачу турпална
Уьш тIелетира.
Iоьттинчу гIоьмакхах[1]
Кийра дIовш даьржаш,
БIаьргийн цу седарчех
Шийла ша бира.

ГIоьмакхех, таррех шайн
Табина барма,
Веллачу турпална
ТIе верта тесна,
Нах юьрта богIура
Дуьне кхолийна,
ТаьIначу белшаш тIе
Маьлхан нур лаьцна.

***IV дакъа***

Дерриг а дуьне ду къонахчун меха,
ХIара дуьне-м къонахийн белшаш тIехь дай!
*Сулейманов А. «Шуьнехь дош»*

Ломан белш таьIначохь
Йоьзан бос керчаш,
Чубуза лахбелла
Суьйренан малх.

[1] ГIоьмакх – хьалха заманахь тIамехь ледош хилла беха цхьамза.

Хьун кхачош готта некъ
Юьрта чу боьрзуш
КIентан да вистхили:
«Совцийша, нах!

Вежарий! – элира,
Догу дог къуйлуш. –
Ирча кхаъ нене соьхь
Бийца ницкъ бац.
КIант валар говзачу
Маттаца дуьйцуш,
Вистхила хууш верг
Цхьа вайца вац?»

ГIайгIано, балано
Даздина кортош,
Вистхуьлуш стаг воцуш,
ДIатийра уьш.
Адмашка беанчу
Лазамна техкаш,
Тезетахь санна Iа
Гонаха варш.

Iай шано Iаьвдина
Куьйса[1] эрз санна,
Къаьхьачу ойланехь
ТIемалой тий.
Башломан бохь санна
Къоьжа стаг тIаккха,
Меллаша тобанах
Сехьакъаьсти.

«Схьабайша, – эли цо, –
Соьга мерз-пондар,

[1]Куьйса – тIехь гIа доцу.

КIант валар цо ненс
ДIадуьйцур ду.
Ницкъ кхочур бу цуьнан
Ненан дог кIаддан,
Хала кхаъ лан атта
Цунна хир ду».

Кегийчара кховдийра
Мерз-пондар цуьнга,
Тобанна хьалха и
Велира, тов.
Боьлхура, бекара
Сов буткъа мерза,
Іийжара хIораннан
Даг тIера чов.

КIант вина, кхиъначу
Керта а кхаьчна,
Кортош а охкийна
ТIемалой Іаш,
Барми тIехь валийнарг
Ца вевзаш, йоьхна,
Пондаре ладоьгIуш
КIант винарг Іа.

Шийлачу шовданан
Декаре буьйлуш,
Аганан ховхачу
Иллех тарло.
Буьйсанна мерзачу
Набарха юьйлуш,
Нанас шен кIант кхиор
Дуьйцура цо.

Пондаро дуьйцура,
Цхьаъ бен, кхин воцуш,

Мел везаш кхиийра
Нанас шен кIант.
Сийлахьчу, боккхачу
Безамах боьлуш,
Мерзашца дегош ду
Илланчин куьг.

ЦIаьххьана хазийра
Лечанан гIергIар,
Хазийра терсачу
Цо лаьмнийн аз.
Шело сов Iаьткъина
Лаьмнийн шаш лелхар
Дуьйцуш, шагбеллера
Пондаран мерз.

Дуьйцура кIант-тIемало
Мел майра кхиъна,
ГIиллакхах, доьналлех
Дуьйцура цо.
Болатан тарраш а
Детталуш хета,
Де доьхна мостагIий
ДIауьдуш бу.

Цу тIеман марсаллехь
МостагIий эшош,
КIант-турпал къуйсуш ву
Даймехкан сий.
Къорачу аьзнашца
Мерзаша, доьлхуш,
Дуьйцура цу кIанта
Iанийна цIий.

Гора-яI! Сан лаьмнийн
Дог довха иллеш,

Маьлхан цIе шун мерзийн
Пхенашкахь ю.
Ткъа тахна, синIаткъам
Дорцаха тийжаш,
Яхь йолу ламанхой
Аш белхош бу.

*V дакъа*

Нанас дена ма волда яхь йоцу ва кIанат,
И, вича, ма кхиа яра дуьне ва даа.
Нанас дена ма волда тешам боцу ва кIанат,
И, вича, ма кхиа цу дийнан делккъалца.
*Эла Мусостан, Адин Сурхон илли*

Эххар а пондарчас
Айъира корта,
Дегалуш хийтира
Мокхаза лаьмнаш.
Дозаллин хьасартехь
Ластаеш ворта,
Цо доггах туьйсура
Мерзеха пIелгаш.

Даймехкан декхаро
Орцаха баьхна,

И ларбеш эгначех
Пондаро дуьйцу.
Цуьнгарчу маршонах
Декхар дIаделла,
Сийлалле кхаьчначу
Турпалхойх дуьйцу.

Къоьжачу илланчин
Горгъелла белшаш,



Доьлхура, тийжара
Йиш хаьлла мерзаш.
УьйтӀарчу гоьзанехь,
Малделла гаьллаш,
Да воцу дин лаьтта
Берг етташ, терсаш.

Кхийтира ладоьгӀуш
Ӏадийна нана,
Цо ларвеш кхиийнарг
Барми тӀехь Ӏуьллу.

Дуьххьара ваьллера
Ца хоттуш ара,
Къеначу дас тахна
Дог кийрахь къуьйлу.

Боьлхура, тийжара
Мерз буткъа пондар,
Довха хиш бIаьргара
Хьаьвдира ненан.
Цуьнгарчу къахьоно,
Балано Iуьйдуш,
Аз доцчу маттаца
Юьхь йоьлху лаьттан.

Декъачу легашкахь
Къора аз хедаш,
Чов Iийжош, батталуш
Шен готта кийра,
Узарш деш бекачу
Пондар тIе тевжаш,
И марахь тийжара,
Йоьлхура нана.

Ма-Iебба йилхина
ГIаьттича нана,
Гира, бах, адмашна
Пондар тIехь Iуьргаш.
Марж-яI! Ма боккха
Хилла-кха бала,
Ма довха хилла-кха
Цу ненан бIаьрхиш.

Кхин чIогIа гIарбаьлла
Бекара пондар,





Боьлхура и, ненан
ГIайгIа язъелла.
ДегI нисдеш, айалуш
Мохь туьйхи нанас:
«Со хьуна къинтIера
Ели, кIант!» – аьлла.

«Тхо девли къинтIера!» –
Йийкира тоба.

«Декъала хуьлда хьо!» –
Мохь туьйхи нанас.
Боьлхура, тийжара
Илланчин пондар,
Доьлхура ненан дог,
Оьгура бІаьрхиш...

Ткъес тоьхча санна, гІов
Лаьмнаша даржий:
«Деса ца техкийна
Цу кІентан ага!
Махкана, халкъана
Турпалхо кховдий.
Декъала хилла ю
Иштаниг нана!»

**Хаттарш а, тІедахкарш а**

1. Муха гайтина поэми тІехь ширачу заманахь вайнехан хилла дахар, гІиллакхаш?

2. ХІун совгІаташ дина хилла кІантана дас-нанас?

3. Шен нийсархошца сакъера а, талла а вахийта шайн кІант хІунда лууш ца хилла дений, нанний?

4. КІант оьзда хилар стен гойту? ТІечІагІде и масалшца.

5. Нийсархошца ша талла ца вахча, царна хІун дагадарна кхоьруш хилла кІант?

6. Махкана тІе бохам беача, къонахалла а, майралла а муха гайтина кІанта?

7. Шуна хетарехь, кІант, ден-ненан пурба а доцуш, шен лаамехь тІам тІе хІунда вахна? Нийса диний цо иза?

8. ТІемалой-юьртахой хІунда ца хІиттина кІентан нене ирча кхаъ баккха? И декхар шена тІелаьцнарг мила ву?

9. Барми тІехь верг шен цхьаъ бен воцу кІант вуй хиъча, хІун аьлла нанас?

10. ХІун тайпа уьйр ю поэмин халкъан барта кхоллараллица? Даладе масалш.

**Текстана комментари**

Махкана, халкъана хала киртиг тІехІоьттича, хьалхаволуш хилла иллан-ча. МостагІех летачу кІентийн дог иракарахІоттош верг а илланча хилла. Бок-

кха бала тӀебоьссича, адамийн гӀайгӀа-бала байбеш, илли олуш верг а хилла изза илланча. Халкъалахь илланча веза а, сийлахь а лоруш хилла. Цундела ву поэми тӀехь нене ирча кхаъ баккха хьалхаваьлларг илланча.

**Поэмин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Муха бу поэмин дӀахӀоттам? Схьалаха цу тӀера произведенин дӀахӀоттаман кепаш: долор, хиламан кхиар, дерзор.

2. Илланчас пондар бекорца ирча кхаъ нене баккхар стенца дозаделлла ду? ХӀун маьӀна долуш юкъавалийна авторо шен поэмина илланча?

3. Поэмин хӀора дакъа эпиграфца долало. ХӀунда ялийна уьш авторо? ХӀун гӀуллакх кхочушдо цара поэмехь?

4. Мича Ӏалашонца поэмина алссам юкъадалийна авторо шира дешнаш?

5. Муха кхета шу хӀокху могӀанех: «Ма-Ӏебба йилхина гӀаьттича нана, гира, бах, адмашна пондар тӀехь Ӏуьргаш»? Меттан муьлхачу исбаьхьаллин кепах пайда эцна авторо ненан безаман ницкъ гайта?

6. Пейзажо хӀун меттиг дӀалоцу поэмехь? Персонажийн дог-ойла йовзийтарца доьзна дуй поэмехь далийна долу Ӏаламан суьрташ?

**ГӀиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай**

Дас-нанас аьлларг кхочушдан декхарийлахь ву хӀора доьзалхо. Амма, ден-ненан пурба а доцуш, мостагӀашца тӀом бан араволу церан цхьаъ бен воцу кӀант. Ден-ненан лаамера а ваьлла, кӀант аравалар муха тӀеоьцу аша?

**Вайн къамел кхиадо**

1. Шайн дешнашца схьабийца иллин чулацам.

2. Цхьана аламца поэмин чулацам схьабаста хьовса: «ХӀокху поэми тӀехь дуьйцу ...».

3. «Мила лору аса мехкан кӀант?» темина сочинени язъе.

**Культурийн диалог**

Халкъан паргӀатонехьа, машарехьа къийсам латтош хьуьнарш гойтуш волу билггал стаг ву нохчийн турпалаллин иллеш тӀехь вуьйцург. Кхечу къаьмнийн литературехь дуй и тайпа иллеш?

**Билгалйинчу теманашна проект кхоллар**

Тоьлла иллиалархо билгалвоккхуш къовсам дӀахьо.

**ХIун Iемина вайна**

Шайна хетарг, масалшца тIечIагIде. Эпически турпалхойх халкъан, мехкан дуьхьа шен дахар дIадала а кийча волу патриот мила ву? Шайна хетарг тIечIагIде.

**Шуна, хIума довза луурш**

Сайдуллаев Хьасана «Ненан бIаьрхиш» цIе йолу поэма нохчийн халкъан ширачу дийцаран буха тIехь кхоьллина ю. Дийцаран цIе ша ма-ярра, ца хуьйцуш, йитина цо. Поэтан ницкъ кхаьчна дийцаран чулацам тIехь исбаьхьа поэтически произведени кхолла.

## ПЕЙЗАЖАХ ЛАЬЦНА

Исбаьхьаллин произведенехь Iаламан суьрташ (пейзаж) гайтар доккха маьIна долуш ду. Цара гIо до хиламех дика кхета, вуьйцуш волчун хьал хаа, довза, юьйцу меттиг кIоргаллица йовза, цуьнан хазалла ган.

Iалам гайтарца яздархочо хиламехь турпалхочун дог-ойланех а, хьолах а кхетаво, цо хьоьгу халонаш гойту, цунна тIебогIу бала я хазахетар серладоккху пейзажо. Масала, Сайдуллаев Хьасанан «Ненан бIаьрхиш» поэми тIехь исбаьхьа бIаьстенан сурт цIаьххьана хийцалой дIахIутту юьрта тIе вогIу мостагI гучуваьлча. ТIебогIучу балано хуьйцу цуьнан амат:

БIаьстенан гIушлакххехь,
Комаьрша боьлуш,
Малхо шен догу нур
Лаьтта тIе хьоьрсу.
ГIа-бецийн кIажараш
Зезагех юцуш,
Шовданийн бIаьргаша
Стигланаш хьоьсту.

ЦIаьххьана, бос байна,
Анаюх макхлуш,
Юьртана ирча кхаъ
Орцане кхочу ...

Исбаьхьаллин произведенехь пейзаж турпалхочуьнца хуьлуш долчух, цо ечу ойланех йозаелла а, наггахь дуьхьал а хуьлу. Масала, Мамакаев Іаьрбин «Дагалецамашна» тІехь вайна хаало поэтан догойла Теркаца эелла хилар. Цо, Терк дендеш, шен доттагІчуьнца санна дуьйцу. Терко а турпалхочуьнца къамел деш санна сурт хІутту вайна хьалха:

Ткъа тулгІеш, берашха
Качлой, со Іехавеш,
Ма хуьлур-кх вайн боцчу
Маттахь соь къамел деш.
Моьттура, цара сайна
Хьехар до, дог хууш:
«КІант, илли ала ахь
Хезначех, долчех гуш...»

Теркаца хуьлуш дерг тайп-тайпанчу басаршца гойту поэто. Цкъа, дарлой, Іаржлой, гІовгІанца тулгІенаш етташ дІахІутту иза, ткъа юха, тийначу деношкахь, дог хьоьсту цо тийначу шен гІарца. Цуьнца цхьаьна генна дІаваха дог-ойла хуьлу. Кхузахь поэто Терк дийцарца вайна го цуьнан берийн дог-ойла а, синтемалла а.

Цхьаболчу яздархоша Іаламан суьрташ кхолларца дуьйцу адаман, Іаламан вовшех йозаеллачу уьйрех а, оцу Іаламо цунна бечу тІеІаткъамах а лаьцна.

Наггахь пейзаж символан маьІне йоьрзуш меттиг а нисло. Хьомечу лаьттан исбаьхьалла, хазалла шега эцарца пейзажо яздархочун патриотан дог-ойла а гойту.

**Хаттарш а, тІедахкарш а**

1. Пейзаж хІун ю, хІун гойту цо?

2. Исбаьхьаллин произведенехь хІун маьІна ду пейзажан?

3. Мамакаев Іаьрбин «Дагалецамаш», Сайдуллаев Хьасанан «Ненан бІаьрхиш» произведенеш тІера пейзажах лаьцна яздина могІанаш схьалаха. Дийца, хІун маьІна ду церан.

4. Шаьш дехаш долчу меттиган Іаламан сурт хІоттаде.



## СУЛАЕВ
## Мохьмад Абуевич

*(1920 – 1992)*

Гоьваьлла нохчийн яздархо Сулаев Мохьмад вина 1920-чу шарахь ГIойтIахь. Деша ваххалц йолу бераллин хан цигахь яьккхина цо.

1928-чу шарахь иза шен деца-ненаца Соьлжа-ГIала кхелхина. Школехь дешначул тIаьхьа Мохьмад Баку-гIала деша вахара. Цигахь рабфак кхиамца чекх а яьккхина, цул тIаьхьа циггахь лоьрийн дешар дийшира цо. Бакухь мединститутехь доьшуш волуш язйина цо шен дуьххьарлера стихотворени. Дешна ваьлла цIавирзинчул тIаьхьа дуьйна лоьран а, поэтан а сийлахь гIуллакхаш кхочушдеш схьавеара иза.

Зорба тухуш араевлира цуьнан произведенеш дуьххьара 1939-чу шарахь. Шен дуьххьарлера «Малх тоьлур бу» цIе йолу поэма цо араяьккхира 1943-чу шарахь. Иза лерина яра Советски Союзан Турпалхочун Нурадилов Ханпашина. ХIетахь дуьйна нохчийн халкъан турпаллаллин амалш хестаяр коьрта хуьлий дIахIутту цуьнан кхолламаллехь. Нохчийн халкъ махкахдаьккхинчу хенахь а произведенеш ца кхуллуш ца Iийра иза. Амма церан зорбане арайовлар яздархо шен Даймахка цIавирзинчул тIаьхьа бен ца хилира.

1958-чу шарахь дуьйна цуьнан дуккха а книгаш араевлла. Уьш ю «Безаман эшарш», «Даймехкан зIенарш», «Даг чуьра суйнаш» цIе йолу гуларш.

Стихаш язйина ца Iаш, прозехь а бина цо болх: арахецна цхьамогIа дийцарш, повесташ, цкъа хьалха «Тавсолта ломара дIавоьду», юха тIаьхьа – «Лаьмнаша ца диццо» цIе йолу роман.

Сулаев Мохьмадан поэтически кхиарехь дакъалецира нохчийн литературин бухбиллархочо Бадуев СаьIида.

Поэтана вайнехан фольклор а, литература а дика евзаш хилар къеггина гуш ду цуьнан произведенеш тIехь.

Дуьххьарлерачу байта тIехь дуьйна гучубаьлла схьабогIу поэтан Даймахке болу безам. Мохьмадан кхоллараллехь литературин турпалхочун васт Даймахкаца дIаэделла ду.

Сулаев Мохьмадан стихашкахь денло исбаьхьчу Кавказан, вайн мехкан диц ца ло Iаламан суьрташ.

Вайн мехкан лаьмнийн, яртийн, хийн, шовданийн, хьаннийн хазалла, исбаьхьалла гайтарца, цаьрга безам кхолларца поэто кхайкхам бо уьш Iалашдаре, лардаре, уьш адамийн дахар хаздеш йолу мехала хазна хиларе терра.

Лирически, безамах лаьцна стихотворенеш ю Сулаев Мохьмада язйинарш. Амма патриотически, интернациональни дог-ойла гIаттош ша вехачу заманах, поэтан декхарх, адаман, дахаран маьIнех, цуьнан эхь-бехках кIорггерчу ойланца язйина дукха а стихаш ю цуьнан.

Сулаев Мохьмад говза гочдархо а вара. Лаккхарчу говзаллица гочйина цо Рудакин, Гейнен, Лермонтовн, Пушкинан, иштта кхечу гоьбевллачу поэтийн стихаш.

Поэтан ерриг а кхоллараллo чIагIдийриг адамашка болчу безаман цIарх вогучу поэтан васт ду:

Хилийта со даим вогуш:
Вогуш бен ваха тарлац!
Хилийта дог цIарца догуш:
ЦIарца бен серло хилац!

## КIАНТЕ

Ма хилалахь нахаца, кIант, цкъа а вочех –
Чам боккхий, дIакхуссу тIех муьста хьач.
Ткъа эшац хила а тIех эсал, коча
Хьаъа а схьалоцу эсалчун кач.
Хаалахь, тIех эсалниг осала хета,
Ткъа осалниг, мел дика хиларх а и,

Ца лору цхьаммо а!
Оцунах кхетий,
Шен хоршшахь дӀахьолахь къонахчун сий.
Собар а дуй хаалахь оьздаллин гӀортор,
Делахь а, товш хилац цхьавериг, гуш,
Кхечеран хьаштана деш собар шорта,
Шен долчу хьаштана и ца тоьуш.
Ӏамалахь, кхечарна гӀалаташ гечдеш,
Хьайчеран ца хила дог къера лай.
Цкъа а ма хилалахь цхьанна а кечбеш
Тешнабехк – кӀиллочун ямарта тӀай.
Накъостца хилалахь даима хьанал,
Делахь а, лаарна доттагӀех эн,
Ма сихло цаьргара гӀалатниг Ӏамо,
Ледарниг ахь цкъа а ма дита тӀе!

**Ешначух ойла е вай**

1. ХӀун хаьа хьуна яздархочун Сулаев Мохьмадан дахарх лаьцна?
2. Цуьнан произведенийн коьрта теманаш муьлханаш ю?
3. КӀант нахаца муха хила веза, бохуш поэто «КӀанте» шен стихотворенехь?
4. Къонахчун сий муха дӀакхехьа деза хӀораммо а?
5. Накъосташца муха хила веза кӀант? Схьалаха и могӀанаш.
6. Оьздангаллин гӀортораш муьлханаш ю бохуш, чӀагӀдо поэто?
7. Тешнабехк, ямартло хьенан герз ду?
8. Халкъан барта кхолларалли ца хӀун уьйр ю «КӀанте» стихотворенин? Даладе масалш.
9. Поэто бинчу хьехамех, цо йийцинчу амалех шуьца муьлханаш ю?

**ГӀиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай**

1. Синъоьздангаллин муьлха мехаллаш хила лаьа лирически турпалхочуьнгахь поэтана?
2. Массо хенахь а собаре хила хала хуьлу дахарехь. Шегахь собар ца тоьуш меттиг нисъелча, хӀун дан деза?
3. Стагана тӀе хала киртиг хӀоьттича, и юьхьӀаьржонах ларвеш, хьалхавоккхург цуьнан муьлха амал ю аьлла, хета шуна?

### Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. ХIара стихотворени цхьа цIаьххьана хедаш санна хетий шуна? КхидIа хIун яздан мегар дара?

2. Муьлхачу формехь язйина ю стихотворени (дийцар, диалог, монолог, ойлаяр)?

### Вайн къамел кхиадо

1. Стихотворенин хьалхарчу могIанашца догIуш цхьа а кица дуй вайн халкъан? Дагадаийта иза. Дийца, хIун маьIна ду цуьнан.

2. Шайн дешнашца схьабийца стихотворенин чулацам.

3. Стихотворени тIера синъоьздангаллин мехаллаш схьаязъе, дийца царах лаций.

### Культурийн диалог

Стихотворенехь хьахийна йолу мехаллаш кхечу къаьмнийн кIенташкахь кхиош юй, я кхечу кепара ю уьш? ХIун хаьа шуна цунах лаьцна?

### Шуна, хIума довза луурш

Оьрсийн яздархо Чехов Антон Павлович, Сулаев Мохьмад санна, лаккхара оьздангалла йолуш стаг хилла. Даим шегахь дика амалш кхиош, шен оьздангалла лакхайоккхуш къахьегна цо. Шен веше Николайга яздинчу кехат тIехь оьздангаллин кодекс йохьуьйту цо: «Оьзда нах, суна хетарехь, хIокху лехамашна жоп луш хила беза:

1. Адам лоруш хила беза уьш, цундела даим кIеда-мерза, къинхетаме, кхиберш лоруш, гIиллакхе хила беза;

2. Цхьана цицигах, мискачу нахах дог лезна IадIан декхар бац уьш. БIаьргана гуш доцчу хIуманашка а дегалазам хила беза церан. ДоттагIашна гIо дан, нанна тIеюхург эца, доьшуш волчу студентах-вешех мах дIабала буса наб ца йо цара;

3. Нехан долахь йолчу хIуманан мах хадо, цуьнан тIалам бан хууш хиларна, шайна тIера декхар дIало цара;

4. ДогцIена бу уьш, цундела харцонах, цIарх санна, кхоьру уьш. Хабар дукха ца дуьйцу цара. Нехан лергаш лардеш, дукхахьолахь бист ца хуьлу уьш;

5. Кхечуьнга шайх къинхетам байтаран Iалашонца шайна тIе куьг ца кховдадо цара;

6. Шайлахь дика амалш, оьздангалла кхиайо цара, тIехь бедар йолуш наб ца кхета царна, хьожа йогIучу меттехь са ца даIало цаьрга, чохь боьха йолчохь ца Iало уьш…»

Вайна ма-гарра, хIара лехамаш нохчийн гIиллакх-оьздангаллица богIуш бу.



# ЭДИЛОВ
## Хасмохьмад Эдилович

***(1922 – 1991)***

Нохчийн поэт, прозаик Эдилов Хасмохьмад вина ТIехьа-Мартанан кIоштара ВаларгтIе юьртахь. Дуьненна а девзаш долчу Валарг-хи йистехь, хIора хелиг, тIулг, дитт историца дозаделлачу меттигашкахь дIаихна цуьнан бераллин шераш.

Юьхьанца ша-шена Iамош дешна цо.

Берахь, дукханне а иза ма-хиллара, халкъан барта кхолларалла дукхаезаш, баккхийчаьргара туьйранаш, иллеш Iамийра Хасмохьмада. Хьехархойн училищехь ша доьшуш волуш боккхачу лаамца Iамийра цо халкъан барта кхолларалла а, литература а.

1937-чу шарахь, Хасмохьмад хьехархойн училищехь доьшуш волчу хенахь, нохчийн меттан хьехархочо стихотворени язъе аьлла тIедиллар дина шен студенташна. Цо язйинарг массарал гIоли хилла. ТIаккха хьехархочо аьлла цуьнга: «Кхин а язъян хьажа. Амма кхечарах тарвала ма гIерта. Хала делахь а, хьайн хатI лаха. Гарехь, хьоьга иза далур ду. Хьанна хаьа, хьох поэт хуьлий а». Кхуьнан дог тедеш хьехархочо аьлла и дешнаш тIаьхьало а, шайца цхьа шайхалла долуш а хилла – Эдилов Хасмохьмадах поэт хилира.

Цуьнан дуьххьарлера стихотворени зорбанехь араелира 1939-чу шарахь, ткъа поэзехь чIагIвелла дIахIоьттира иза 1941-чу шарахь, цуьнан стихаш къоначу литераторийн вовшахтоьхначу гулар тIехь зорбане евлча. Зорбане яккха кечъеш яра цуьнан поэтически сборник, амма болабеллачу тIамо а, нохчийн къам махкахдаккхаро а дIатеттира 1958-чу шаре кхаччалц.

Юьхьанца, цо поэзехь хьалхара гIулчаш йохуш, боккха тIеIаткъам бина цунна Бадуев СаьIидан, Мамакаев Мохьмадан кхолларалло.

Доккха гIо деш хилла цунна яздархойн некъа тIе хIотта Мамакаев Iаьрбис. Хасмохьмада боккхачу безамца, дегайовхонца дагалоцура иза. Поэтически хьалхара книга араяьллачул тIаьхьа дуккха а керла книгаш арайийлина поэтан.

Царна юккъехь ю: «Лаьттан цинц», «Ненан безам», «Дуьненан юкъ», «Кханенга воьду», «Сан ирс», кхиерш. Прозехь а зийна цо шен ницкъаш. Ешархоша дика тIеийцира цуьнан повесть «Кхел», дийцарийн гулар «Акхаройн лорах».

Вайн къомана кхечу къаьмнийн яздархойн кхолларалла йовзуьйтуш а доккха дакъалоцу Хасмохьмада. Цо нохчийн матте а яьхна, зорба тоьхна луларчу республикийн поэтийн стихаш а, поэмаш а.

Даймохк а, ша вина латта а, шен халкъ а дукхадеза поэтана. Халкъан барта кхоллараллин бух тIехь кхоьллина цо шен дукхахйолу произведенеш.

Эдилов Хасмохьмада шен куьг латтадо дахаран пхенаш тIехь, иза веха цуьнан ойланашца, хьашташца. Поэтан дахаре болу боккха безам къеггина гучуболу «Ненан безам» стихотворенехь. Цуьнан стихаш къаьстара лаккхара говзаллица язйина хиларца а, дешан исбаьхьаллица а.

Дахаран илланча хилла нохчийн литературе веанчу Эдилов Хасмохьмада шен ерриг корматалла дIаелла цо зазадаккхарна.

## НЕНАН БЕЗАМ

Хьозано кIорнеш яьхнера
Тхов кIелахь, карниза чохь.
Хаддаза хезара церан
Цхьа гIийла, цхьа буткъа мохь.

Сов сиха хьийзара нана,
Яхьара цаьпцалг я цIоз.
Тахана санна, и кхана
Хуьлура кIорнеш юзош.

ХIусамдас, чу поппар тоьхна,
Дуькъира цу бенан Iуьрг.
Хьозано, бешара лехна,
Еара цхьа цIозан цуьрг.

Хьаьвзира и хьоза гонах,
Беттара кIорнешка мохь.
И нана кхоьрура вонах –
Шен бераш даларх цу чохь.

Кхойкхура кIорнеш а нене,
Мацалла йоьлхура уьш.
Кхача ца кхочура бена –
Нана яц тIекхачалуш.

Бен баста гIиртира хьоза,
Ницкъ ма-ббу еттара зIок –
Куьйгаш дац хатташ схьаоза,
ГIорто бац нуьцкъала ког.

ТIаьхь-тIаьхьа гIеллора кIорнеш,
Мацалла лахлора аз.
Хьозанан, аьтто бохарна,
ГIаьттина массо а мас.

ЦIаьххьана гIаьттина тIома,
Яьккхира цо кIорнийн цIе.
Шен безам – уьш йолччу, хьоме,
Кхийтира карниза тIе.

Пенаца дуьйжира лаьтта,
Цкъа-шозза гIаттийра зIок.
Ша охьадоьжначу меттехь
Дисира и, сецна дог.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Хьозано кIорнеш яхар, цо уьш кхиор муха гайтина поэто?

2. ХIусамдас хIун бохам бира хьозанна?

3. Шен кIорнешна тIекхача гIерташ хьоза холчухIоьттина хиларх лаьцна дуьйцу могIанаш, схьа а лахий, дIадеша.

4. ЦIаьххьана тIебоьссинчу балано садукъдина хьийзачу хьозанан сурт муха хIоттийна поэто?

5. Ненан дог а, безам а чIогIа хилар стенах хаьа вайна? И тIечIагIдеш долу могIанаш даладе стихотворени тIера.

6. Стенна тIехь гучудолу къиза хIаллакбинчу хьозанан доьзалх поэтан дог лозуш хилар?

7. ХIун маьIна ду хIокху стихотворенин, хIун ала гIерта поэт?

8. И тайпа къиза гIуллакх шегара далийтина стаг аша муха лору? Шеца адамалла, къинхетам боцу нах муха лору халкъо?

9. Дийца, и тайпа меттиг шайн цIен тIехь нисъелча, аша хIун дийр дара.

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай.**

1. Эдилов Хасмохьмада поэтически меттан коьрта лорург цуьнан шера ешаялар а, рифма хилар а дара. Мискачу олхазарна тIебоьссина бала гойтуш, муьлхачу дешнех пайда эцна авторо? Муьлхачу исбаьхьаллин билгалонашца гайтина поэто сингаттам совбалар?

2. Сингаттам, тIебоьссина кхерам, бала тIеттIа совбоккхуш долу дешнаш схьалаха.

**ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай**

1. Шуна хетарехь, хIусамдас хьозанан бен дIа хIунда буькъна? Цуьнан муьлха амал билгалйолу цу тIехь?

2. Вайн гIиллакхашца, бусалба динца догIуш дуй цо динарг?

3. Ненан безам онда ницкъ болуш хIума ду. Иза нуьцкъала бу валаран кхерамал а. Оцу безам тIехь льтташ ду стеган дахар а. Яздархочо шен стиховоренехь чIагIдийриг а изза ду. Реза дуй шу яздархочо бохучуьнца?

**Вайн къамел кхиадо**

1. Стихотворенин чулацам цуьнан цIарца богIуш буй? Дийца цунах лаций.

2. Цхьана дашца ала, хIусамда хIун амал йолуш стаг ву?

3. Шаьш олхазаршна Iаьнах довла хIун накъосталла до, дийца.

**Культурийн диалог**

Цхьана жимчу хилам тIехь ненан безамах лаьцна, Эдилов Хасмохьмада санна, «Воробей» цIе йолу произведени кхоьллина оьрсийн яздархочо Тургенев Иван Сергеевича. Вовшашца юста и ши произведени. Схьалаха церан цхьаьнадогIург.



## АХМАДОВ
## Іумар Ахмадович

*(1927 – 2002)*

Берийн яздархо, журналист Ахмадов Іумар дика вевзаш ву вайн махкахь. Иза вина нохчийн уггар яккхийчех йолчу юьртахь – Хьалха-МартантІехь.

Деша воьду хан тІекхаьчча, Хьалха-МартантІерчу школе деша велира иза. Амма бераллин, кхиазхочун мур хийрачу ГІум-Азин мах-кахь чекхбаккха дийзира цуьнан, 1944-чу шарахь нохчийн халкъ бехк боцуш махкахдаккхар бахьана долуш.

Школехь доьшуш волуш дуьйна исбаьхьаллин литература ду-кхаезаш волчу Іумара, школин программица Іамо еза книгаш ешна ца Іаш, кхиерш а йоьшура, цундела, тІаьхьо, берийн, къоначийн дахар дика девзаш яздархо хилира цунах.

Школа чекхъяьккхинчул тІаьхьа Іумара дешна Алма-Атахь, пач-хьалкхан университетехь.

1952–1956-чу шерашкахь Іумара болх бина къона тІаьхье кхе-тош-кхиош, школехь берашна хьоьхуш. Цул тІаьхьа белхаш бина тайп-тайпанчу меттигашкахь: «Ленинан некъ» газетехь, телевиденехь, радиокомитетехь.

Исбаьхьаллин литературехь шен ницкъаш зен волавелла 1960-чу шерашкахь.

1962-чу шарахь Нохч-ГІалгІайн книжни издательствехь араелира цуьнан «Даггара доттагІий» цІе йолу дуьххьарлера книга, цул тІаь-хьа – «Къонахалла», «Тийна Малика», «Забаре дийцарш», кхиерш.

Яздархочунна дика девза берийн дахар, церан дог-ойла, сатийсамаш. Цундела ю уьш самукъане а, еша дог догIуш а. Дийцарш, очеркаш язйина ца Iаш, пьесаш а язйина Ахмадов Iумара, уьш хIиттийна Нурадилов Ханпашин цIарх йолчу театрехь.

Ахмадовн произведенийн коьрта турпалхой догцIена, майра, тешаме, хиндолчун ойла еш, хьанал къахьега лууш долу бераш ду. Яздархочун дахаре болу безам къеггина гучуболу цуьнан произведенешкахь, цара тоьшалла до иза даим лехаман новкъа вогIуш хилла хиларх.

## ВОККХА ДАДА

Жимчу Зараана массарел а дукха шен ден да везара. Юккъерачу дегIахь, оза, даим кхоьлина бIаьргаш долчу цу воккхачу стага кIентан йоIана луъург дора.

– Дада, суна морожни эцахь, – доьхура жимчу йоIа ден дега, иза аьхка шайга юьртара хьошалгIа веача.

«Сникерс» а, «марс» а шена езча, юха а Зараа ден дега оьцуьйтура. Вукхо-м шен долчух хIумма а ма ца кхоадорий цхьаъ бен воцчу кIентан цхьаъ бен воцчу доьзалхочунна.

– Аса мосазза аьлла хьоьга, дадига ахча ма деха? Хьайна эшахь, соьга алахь, аса оьцур ю хьуна оьшург, – нанас дов дора йоIана.

Делахь а, Зараана шера ма хаарий, нанас, шена ца лиъча, морожни а, кхин марзонаш а ца оьцийла, ахча дац олий. Цо, нанна а ца хозуьйтуш, ден ден лере а йоьдий, къайллаха хьахайора шена езарг.

– Дада, Лидинаш санна, когсалазаш оьцур юй ахьа суна? – цкъа гурахь хаьттира йоIа дадига.

– Хьо хIинца а жима ю когсалазаш хехка! – резайоцуш йистхилира и хезна нана.

– Дера оьцур ю, – жоп делира воккхачу дадас, – ло мадиллинехь.

Амма ло ца догIуш хьеделира. ЙоIана хаьара, и ма-деъанехь, воккхачу дадас шен дош кхочушдийр дуйла. Цо иза дIахаийтира,

шел йоккха елахь а, ша доттагIалла лелочу Лиде. Вукхо элира, Зараан ден да эвлияъ санна стаг ву.

Бакъду, Зараана хаа-м, дера, ца хаара оцу дешан маьIна, амма и дика хиларх тешара. Цул тIаьхьа дикка хан яьлча, цкъа буса ло диллира, шел а елира. Зараъ тешара, Iуьйранна когсалазаш а йохьуш ден да шайга схьакхочург хиларх. Амма Iуьйранна а, я делкъехь а ца веара. Иза йоьллера ден дас ша аьлларг кхочушдарх.

Лида йолчу а ца яхара, цо шега когсалазаш хьахорна кхоьруш. Ма оьгIазъяхнера и воккхачу дадина, шайга иза ма-веъанехь, цунна дов дан дагахь хилира. Делахь а, сихха къинтIераелира. Цунна дагадеара, воккха дада, цомгуш а хилла, ца вогIуш висна хир ву аьлла.

Дагахь а доцуш, хIара, дерриг диц а делла, Лида йолчу яха арайолуш, ден да кхечира кIайн кIур тIебиллина хаза когсалазаш а йохьуш. Дукха хазахеттачу йоIа, воккха стаг къевллина мара а воьллина, цуьнан морса маж яьллачу юьхь тIе оба элира. Зараана хааделира, дадин дегI довха а, хьаж тIехь хьацаран кегий тIадамаш а хилар. Везза гIанта а хиъна, коьртара схьабаькххинчу кхакханан куйнаца хьаж тIера тIадамаш дIа а дохуш, цо элира:

– Тахана жимма сиркхо[1] хьакхаелла сох, Зараана когсалазаш оьцур ю аларна, хIорш йохьуш веанера со, – цо охьаеххира ай-раш кIел хир долу хьостамашца когсалазаш тIехьовзийна йолу цIена ботинкаш.

Жимчу йоьIан Iаьржа ши бIаьрг боьлура воккхачу дадина. Ма дукхавезара хIинца цунна воккха дада! И саннарг цхьаьн-нан хир а вац аьлла, хетара беран ховхачу дагна.

Нана юха а оьгIазъяхара Зараана, иза-м воккхачу дадина а реза яцара, беран хичаш хIунда тергалйо бохуш.

– Аса дош деллера Зараана, – элира воккхачу стага.

– Делча хIун ду берана дош? – дIатен ца туьгура нана. – Хьо могуш ма вац. ТIаккхахула ян а мегар дара уьш.

– ХIинцалерачарна мегар хир ду, делла дош кхочуш ца дан, амма суна мегар дац иштганиг, – воккхачу дадин кхоккийна юьхь кхин тIе а кхоьлира, иза оьгIазвахнера.

[1] Сиркхо – цамгар.



Цул тIаьхьа бераллин бендоцу зама лергира кеманаша.

Соьлжа-ГIали тIе бомбанашший, ракеташший етта йолийра.

Буьйсанна массо а бомбоубежищехь дIалечкъара, ткъа дийнахь, цу чуьра ара а довлий, чоьнашкахь Iара. Дийнахь а еттара уьш-м, буса санна, дукха ца еттахь а. Амма декабран тIаьхххьарчу дийнахь Зараъий, Лидий шайн кертахь ловзуш йолуш, цIаьххьана генайоццуш иккхира кемано охьакхоьссина бомба.

Зараана дагадогIура ша тентакьялар а, цул тIаьхьа цхьа буькъа Iаьржа бода а беана, ша, цхьанхьа ахках йоьдуш санна, кхетамчуьра ялар а.

Зараъ эсе еача, цунна гинарг девзаш доцу тамашийна сурт дара: юххехь Iаш яра хих дуьзна бIаьргаш а долуш цуьнан хьомсара нана. Иза елакъежира, бIаьрхиша яшийна а, цIийелла а горга юьхь кхунна тIе охьа а таIийна. Дехьа а, сехьа а маьнгеш тIехь кIайчу шаршуш кIелахь Iохкура девзаш доцу адамаш. Чохь цхьа боьха хьожа йогIура. Шен беран хьекъалца иза кхийтира, шена цхьа доккха хIума хилла хиларх а, ша больницехь хиларх а.

Цунна дагадеара, масех бутт хьалха, воккха дада цомгуш хилча, наница цуьнга хьажа больнице яхча, цигахь а иштта хилар.

«Со баккхийчарна юккъехь Iуьллуш хIунда ю-техьа? – дагатесира цунна. – Бер цомгуш хилча, лоьре цIа кхойкхуш ма хуьлура. ХIара ма тамашийна ду, – ойла йора цо. – ХIетахь, сой, наний воккха дадига хьажа яхна йолуш, лоьраша бохура, чIогIа ма лелаш».

Ткъа кхузахь йоккха гIовгIа яра чохь а, сени чохь а, арахь а. Иза, йист а ца хуьлуш, Iуьллура. Нана гича, йоьIан юьхь тIехула даьржина дIадахара елакъажар. Вуьшта, беран тидамза ца дисира елакъежачу ненан юьхь йоьлуш цахилар.

– Нана, хьо цомгуш хилла? – халла хезаш элира Зараа, шен гIийла декначу озах ша цец а йолуш.

– Ца хилла, сан диканиг, – нанас йовлакхца меллаша дIадехира бIаьрхиш, елакъежар а ца сацош.

Юха а ойлане елира йоI. «ХIета, цомгуш со хилла-кх», – хийтира цунна.

ХIинца цунна, гIенах санна, дагадеара хилларг: шай, Лидий цхьаьний уьйтIахь ловзуш йолуш, бомба эккхар, цо ша дIакхоссар, тIаккха кхетамчуьра ялар. Хиира, шена цхьаъ хиллийла. Ткъа хIун? Цо адъяла кIелахь шен когийн пIелгаш а, тIаккха когаш а меттахъхьабира, уьш таза дара. Бакъду, аьрру коган хьоркана юххехь лазар-м хааделира, делахь а, ког меттахъхьалора. Куьйгийн пIелгаш сатто лиира, амма циггахь дагадеара, ша кхетамчу еачхьана а, уьш, тIе кIегий дехкича санна, догуш хилар.

ХIун хилла-техьа царна? Уьш адъяла кIелхьара схьа а даьхна, цаьрга хьажа дагахь хилира Зараъ, амма нана юкъагIоьртира:

– Со нана яларг, куьйгаш меттах ма хьеделахь, лозур ду уьш, – мохь белира нене.

ЙоIа цо бохург дира.

Зараан куьйгаш тIаьхь-тIаьхьа чIогIа лазадевлира. Цунна тIе дагар хьаьдира. Цо кест-кеста хи доьхура, са ца тохалора. Цкъацкъа тиларчу а йоьдура.

Больница дархойх юьзна яра. Соьлжа-ГIалахь кхеххкачу тIамера цига хIора дийнахь-бусий схьакхоьхьура иттаннаш дархой.

Уьш, охьабахка маьнгеш цатоарна, цIаьнкъахь, сени чохь дIатарбора.

Геннахь юьйлу хезара бомбанаш, церан мелла а тата даьлча, Зараъ ша Iуьллучохь тохалора, шений, Лидиний уьйтIахь хилларг дага а догIий.

Иза дIакерчаш, схьакерчаш Iуьллура, дегI догура, корта тентаке бара. Нанас куьйгаш адъяла кIелхьара схьа ма даха аьллехь а, цунна а ца хоуьйтуш, къайлаха цаьрга хьаьжча, уьш хинкисица дIадихкина гира. Цкъа цо нене хаьттира:

– Нана, сан бишешна хIун хилла?

Ма чIогIа кхоьрура миска нана йоьIан цу лазамечу, дагна хала долчу хаттарх. Ша хIун эр ду ца хууш, иза соцунгIа хилира. Дагна хорам беш болу цхьа шийла шад хIоьттира легашка, цхьа а дош багах ара ца долуьйтуш. Церан метта ненан беснеш тIехула охьахьаьдира бIаьрхийн жима татол. Шен бер цец ца далийтархьама, иза юха а, ца догIучу теIамечу дагца, елакъежира.

– Царна чов йина? – хаьттира йоIа.

Нанас, йист а ца хуьлуш, меллаша корта таIийра.

– Уьш толур дуй?

– Толур ду, толур ду! Дала мукъ лахь! – йоIана жоп дала сихъелира цунах дог Iийжа нана.

Зараан сапаргIатделира.

ДIаоьхура денош, беран лазарш а дайделира. ЙоIе хьовса оьхучу гергарчара а, чохь Iохкучу дархоша а берана яа мерза хIуманаш, ловзоргаш а лора.

– Тоелчахьана, ловзур ю со, нана, хIинца дог ца догIу, – олий, Зараа нене дIайохкуьйтура ловзоргаш.

Хаддаза цо хоьттург, воккха дада хIунда ца вогIу шега хьажа, дара. Нанас, цомгуш хилла, ван ца ло иза аьлча а, юх-юха ден да хоьттура, иза ган сакIамделлера Зараан, цуьнца къасто дезаш цхьа къайлаха хIума долуш санна. Цхьана дийнахь:

– Нана, Лида мичахь ю? Иза а лазийна? – хаьттира.

Нана юха а юьйхира, ша йоьIан дог хIун аьлла хьостур ду, ца хууш. Ткъа Зараана ма ца хаьара, цу дийнахь иккхинчу бомбано йоьIан дахар дIадаьхнийла а, и йоI шайн уьйтIахь

дӀайоьллинийла а, хиллачо хьераяьккхина Лидин нана, хьттича, жоп дала а ца хууш, тиларчохь юйла а.

– Лида гӀалахь йисна-кх, – дагахь доцу жоп делира зудчо, шен йоьӀан дог тедархьама.

– Со тоелча, тхойшиъ цхьаьна ловзур ю, – жимма самукъадаларца бохура Зараа.

Нанас хӀумма а ца элира. Цуьнан дог доьлхура, иза сингаттаме дара, йоӀах къахетара. Маржа, дуьне, яӀ, хир дуй-техьа ненан дагал къинхетамениг? Ма доьлхура иза шен цхьаъ бен йоцчу йоӀана!

– Воккха дада цомгуш велахь, кхуза, больнице, схьа хӀунда ца вогӀу, нана? – хьттира цкъа Зараа нене.

Иза дагахь яра, воккхачу дадига ша толур юй аьлла, хатта. Воккха дадас харцдерг эр ма дацара цуьнга. Иза шера хаара Зараана.

Шега хьовса баьхкинчу гергарчаьрга, хинкисица дихкина куьйгаш дӀа а оьхьуш, уьш хьийза а деш, йоӀа олура:

– Хьажал сан бишешка, кестта уьш толур ду, толур ду!

И хезча, хьовса баьхкина зударий белха озош меттигаш а йогӀура.

Зараъ ца кхетара, уьш хӀунда боьлху.

Ткъа тӀом соцуш бацара. ХӀора буса схьакхоьхьучу дархоша гойтура иза. Жимма а гӀоли хилларг гергарчара дӀавуьгура, цуьнан метта кхин охьавуьллура. Дуьйцура: бомбанаш нохчийн ярташка а, гӀаланашка – Орга – Устрада-гӀала, Гуьмсе а етта йолийна.

Ма чӀогӀа лаьара Зараана, и тӀом сихха дӀа а баьлла, гӀала цӀа яха, цигахь нийсархошца кертахь ловза, морожни яа, Лидица цхьаьна уьйтӀахула ида. Амма цӀаьххьана хийтира, со муха ловзур ю, куьйгашца хӀумма а далуш ца хилча, соьга-м сайга хӀума а ца яало. Цуьнан жимчу, хӀинца а кхетаман орам тасанза долчу дагчу шеко еара, куьйгаш дӀадаьхна-техьа аьлла. ХӀета, нанас хӀунда боху,  толур ду? Нана чохь яцара, Зараъ, меллаша куьйгаш адъяла кӀелхьара схьа а даьхна, юха а цаьрга хьаьжира, бӀаьргашна хьалха даьхьна, дӀаса а дерзош.

Иза кхийтира куьйгаш дацделла хиларх. ХӀета, хӀорш дӀадаьхна боху ирча ойла хьаьвзира цуьнан коьрте, кийра – шийла

шело, дегIе дагар хьаьдира. Дагадеара мохь хьакха: «Нана, ахьа со лейина, сан куьйгаш дIадаьхна!» ТIаккха, цIаьххьана, кхин дагатесира: куьйгаш буйнаш дина хир ду, цундела хета хир ду уьш доца. Цо мелла а сатедира беран. Иза кхин цкъа а леррина хьаьжира кIайн чорда киса хьарчийначу шен кегийчу куьйгашка. Церан юьхьигаш бинчу буйнех тера ца хийтира. Юха а сингаттаме тача хьаьвзира беран кийра, дегIе хьацар детта долийра. «Хинкиса чIогIа Iовдарна, буйнаш дика ца го хир ду», – ша-шен Iехийра цо, деган кIоргехь шеко йиснехь а.

Цо шен куьйгаш, хьалха санна, дIалачкъийра.

Чуеанчу нанна хааделира йоIехь сингаттам хилар.

– Сан диканиг, хьуна хIун хилла, хьо кхохкийна ма ю? – ненан аз сингатттаме дийкира.

– Нана, воккха дада маца вогIур ву?

– Аса хьоьга ма аьлла, иза цомгуш ву. Товелча, вогIур вукх, – резайоцуш жоп делира наб йоцуш буьйсанаш йоIана юххехь йохучу зудчо.

Ненас ша дуьненахь чIогIа ирс доцуш лорура. Цхьа шой ахшой хьалха, некъахьовзам а хилла, цуьнан дика цIийнда кхелхинера. Бедарш тоьгучу мастерскойхь болх беш йолчу цуьнан аьтто боьхнера, цхьа а тайпа алапа а ца луш, шарахь сов къа а хьегарна, хIинца цхьаъ бен воцу доьзалхо а заьIап висарна. Бакъду, мардас гIо дора. Шен ницкъ хилча, йоьIан метта цо ша хуьлуьйтур яра. Амма иза цунах дозуш дацара.

– Нана, сан куьйгаш толур дуй? – даим ша хоттуш дерг дара йоIа хоьттург.

– Дера толур ду, толур ду, сан хазаниг, – жоп делира йинчо, амма хIинццалц санна, цуьнан бIаьргех хиш ца даьхкира.

Ткъа ненан юьхь хьалхачул а кхоьлина хийтира Зараана.

ЙоI ойланашка яхара. И ца кхетара, ша толур ю, толур ю алар бен, куьйгех хилларг цадийцарх. ЦIаьххьана цунна хийтира, шен куьйгаш юьххьера жимма дIадаьхна, амма уьш тIедевр ду, дIахадийна пIелган мIараш санна. Я лоьраша кхин тIелатор ду. Цундела боху-кх ненас толур ду. Делахь а, воккха дадас дуьйцур дара цIенна бакъдерг.

ХIунда ца вогIу-техьа иза? Юха а цхьа тамашийна шеко лестира цуьнан жимчу дагчу. ЙоIана дагадеара, шен куьйгаш дихкина хинкиса хуьйцуш, лоьраша шена куьйгаш а ца гойтуш иза деш хилар. ХIинца хийтира, и цара лаа ца до аьлла. Ехха Iиллинчул тIаьхьа, цу буса йоIана наб кхийтира. ГIенах иза дуккха а Лидица шайн гIаларчу уьйтIахь левзира, вовшашна тIаьхьауьдуш, схьалоьцуш.

Зараан куьйгаш гIенах могуш дара.

Iуьйранна самаяьлча, Зараъ самукъане яра. Цо дика хIума а йиира, ела а йийлира. Делккъехь цунна доккха хазахетар хилира: цуьнга хьажа веара хьомсара цо оццул чIогIа сатийсина ден да.

И чIогIа азвеллера. Палати чу велира Iасан тIе а тийжаш. Воккха стаг йоIана юххе диллинчу гIанта хиира, цо, Зараан хьийзина месаш йолчу горгачу коьрта тIехула дайн куьг а хьоькхуш, иза хьаьстира. Цо халла совцийра бIаьргех нуьцкъала схьагIоьртина къинхетаме бIаьрхиш. Ца лаьара беран ховха дог дохо, цунна цатам бан, Iовжо. Иштта ца лаьара палати чохь Iохкучу дархошна шен гIорасизалла гайта а. Иза ша а ма вара фашизмана дуьхьал СССР-о бинчу тIамехь шозза а чов йина.

ЙоI ехха хьийжира хебаршка ихначу воккхачу дадин къеначу юьхь тIе. Тахана бен цуьнан тидам а ца хиллера, иза шен дех сел чIогIа тера хиларан. Цунна ден да кхин а дукхавийзира.

Воккхачу стага Зараана дуккха а мерза хIуманаш еанера. Хьалха иза совгIаташ а дохьуш веача, йоIана чIогIа хазахетара, иза, буьхьиг санна, ирхкхийсалора, тIаккха, йодий, Лидина цунах дакъа а дой, шиммо а юура. ХIинца башха оцу хIуманех цуьнан са а ца къераделира. Цунна хазахеттарг хьомсара ден да ша йолчу вар дар-кх.

ЧIогIа самукъа-м дера даьллера йоьIан веза хьаша веана, амма цуьнца цхьаьна сингаттам а хьийзара коьрте: хIинца мадарра къаьстар дара бакъдерг – иза толур ю я яц. Цунна юххе а хиъна, букъ а тоьхна гIийла хьоьжучу цкъа а шен дахарехь харцдерг дийцина воцчу ден дас схьадуьйцур ма дара цунна цIенна бакъдерг. Юхxе а хIоьттина, пхьаьрсаш чуччадаьхна ша доьIучу сине гIийла хьожуш, тIаккха мардена тIе бIаьргаш

дугIуш, лаьттара Зараан нана, йист а ца хуьлуш, бIаьрхиш куьйган пIелгашца дIа а хьоькхуш.

Iайт, ненан дог, ма карзахдаьллера иза, цо ша-шена каеттара, хIун дийр ду, ца хууш. Цунна шера хаьара, йоIа шен ден дега хотту дерг а, цо лур долу жоп а. Иза-м дера хилира мардега хилларг ма-дарра ма дийцахьара ала дагахь. Амма кхетара харцонах цIийн мостагI, бакъонах деган доттагI хетачу воккхачу стага шега ладугIург цахиларх. ЦIаьххьана Зараа, воккхачу стагана хьалха даьхьна дIасхьа а карчош, кIайчу хинкисано марчонан басе дерзийна жима бишеш дIа а оьхьна, хьаьттира:

– Воккха дада, сан бишеш толур дуй?

Буса кешнашкахь хуьлу тийналла хIоьттира чохь. Дархой а дIатийра. Са а ца тохаделла, Зараан нана, елхаран къурдаш а деш, сени чу иккхира.

Воккха стаг, шен къежбелла корта охьа а бахийтина, тийна Iара. Цо, корта хьала а ца таIош, шен кIадбелла ши бIаьрг тIеберзийра йоIана. Докъан баса яхначу Зараан юьхь тIехь цунна хааелира шех тешаран, толург хиларан дегайовхо. Беран кегийра горга бIаьргаш тешаме хьуьйсура ден дега. ХIан-хIа, цунна ца лаьара жима дог Iовжо, делхо. Амма харцдерг а алалур дацара. Иза вахьийча санна Iара, вист а ца хуьлуш, цо берана тIедоьгIна бIаьргаш хIиттина лаьттира. ТIаккха Зараана хааделира цуьнан беснеш тIехула охьаIийдало тIадамаш.

Воккхачу дадас меллаша корта теIабора, амма цхьа дош ца элира.

Циггахь хиира Зараана бакъдерг. Цо динчу дехарна воккхачу дадас бIаьрхишца деллачу жоьпо кхетийра иза шена хиллачу ирчачух. Цуьнан хаттарна воккхачу стага жоп делира къонахчун бIаьрхишца.

Уьш цуьнан бIаьргех девлла а дацара ша берара ваьлчахьана цкъа а.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. ХIун хан ю дийцар тIехь гайтинарг, муьлш бу цуьнан коьрта турпалхой?
2. Жимчу доьзалан Iер-дахар а, церан вовшашка йолу юкъаметтиг а муха гайтина дийцарехь?

3. Зараан доттагIчо цуьнан ден да эвлияъ санна стаг ву аларан хIун бахьана ду?

4. Вайн махкахь хиллачу тIамо жимчу Зараан дахаре беанчу бохамах лаций дийца.

5. Чов а йина, ша больнице охьайиллинчу хенахь, хIун ойланаш йора жимчу Зараа?

6. Шен куьйгашна хиллачух Зараа деллачу хаттарна жоп дала хIунда кхоьруш хилла цуьнан нана?

7. Кертахь иккхинчу бомбано чов йинчу шен йоIах къахеташ, ненан дагчохь лаьтташ болу сингаттам муха гайтина яздархочо дийцар тIехь?

8. ХIун дешнаш даладо яздархочо карзахдаьлла ненан дог гойтуш?

9. Адамийн маьрша дахар а дохош, Нохчийчохь хиллачу тIамо хIун деара вайн махка? Дийцар тIера цунах лаьцна дуьйцуш йолу меттигаш, схьа а лахий, дIаеша.

10. Синтем байна хьийзачу Зараа шега динчу халачу хаттарна жоп муха делира воккхачу дадас? ХIун дара цуьнга иштта доьналлица жоп далийтинарг?

**Ешначух ойла е вай**

1. Муха хийтира шуна хIара дийцар? Зараъ муха йоI ю? ХIун ду шуна цуьнан амалехь дикахетарг?

2. Шуна хетарехь, муха хир ду кхидIа долу Зараан дахар?

3. Дийцарна тиллина цIе цуьнан чулацамца йогIуш ю аьлла, хетий шуна? Аша хIун цIе туьллур яра цунна?

4. ТкъолагIа бIешо чекхдолуш, ткъе хьалхара бIешо долалуш вайн махкахь хиллачу тIамо хIун деара вайн махка?

5. Дийцаран муьлха хилам дика хийтира шуна? ХIунда?

**Дийцаран исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Дийцаран турпалхой жима йоI Зараъ а, цуьнан нана а, ден да а лара мегар ду. Церан куц-кеп дукха къовзийна гайтина яздархочо: Зараъ Iаьржа бIаьргаш, хьийзина месаш йолуш йоI ю, ден да оза, юккъерачу дегIахь, хебаршка ихна юьхь, къежбелла корта а болуш воккха стаг ву, нана горга юьхь йолуш стаг ю. Кхин хьахийна хIумма а дац. Ур-атталла воккхачу стеган а, ненан а цIерш яц хьахийна. Амма яздархочо цара деш дерг, церан ойланаш, диалогаш, юкъаметтигаш йовзуьйту вайна. Оцу дерригенах литературин турпалхочун исбаьхьаллин васт кхоллало.

2. Схьалаха дийцар тIера Зараъ хIуманан тидам бан хууш хилар гойтуш долу масалш (маьнгеш тIехь Iоххура адамаш, чохь хьожа йогIура, иза кхийтира ша больницехь хиларх).

3. Шена тIе тидам бохуьйтуш ду Зараан доттагIчо Лидас цуьнан ден да хьахош аьлларг: «Эвлияъ санна стаг ву иза». Воккхачу стеган амал йовзийтарехь мехала ду и дешнаш. ТIаьхьо гучудолу шен кIентан йоIана чу са а диллина вехаш иза хилар. Цомгуш воллушехь, йоIана ша дош даларна, цунна когсалазаш йохьуш вогIу иза. Цкъа а харцдерг ца дуьйцу цо. Зараа шега деллачу хаттарна а жоп ца луш ца Iа иза. ЙоIа деллачу хаттарна бIаьрхишца жоп ло цо. ЙоI дерригенах кхийтира, цунна шен куьйгех лаьцна долу бакъдерг хиира.

4. Шен лазийначу куьйгех лаьцна дукха ойланаш йо Зараа. Бакъду, йоьIан цхьайолу ойланаш дукха хьекъале, кIорггера ю. Оцу ойланаша гIо дой цуьнан амал йовзарехь?

Литературин турпалхочун амал йовзийтарехь доккха дакъа лоцу цо дуьйцуш долчу къамело.

Больницехь Iуьллуш ю Зараъ. Цо луш долчу хаттарна, иза кхоош, бакъдерг цхьаммо а ца дуьйцу цуьнга. Цундела, ша жима елахь а, шен сагатдечех лаьцна йоIа дукха ойланаш йо. Коьрте карзахе ойланаш хьийза, дагчу шеконаш юьссу, хиллачух а, хуьлучух а ца кхеташ. Массаьрга а луш цхьа хаттар ду цо: «Сан бишеш толур дуй?» Схьалаха и могIанаш, дIадеша уьш. Дийца, хIун гойту цара.

5. Зараъ дика амал йолуш, комаьрша йоI хилар гучудолу вайна хIокху цхьана хIуманна тIехь: «Хьалха иза совгIаташ а дохьуш веача, йоIана чIогIа хазахетара, иза, буьхьиг санна, ирхкхийсалора, тIаккха, йодий, Лидина цунах дакъа а дой, шиммо а юура».

ЙоьIан амал йовзуьйту кхитайпа масалш дуй дийцар тIехь? Схьалаха, дийца, хIун гойту цара.

6. Дийцар авторан цIарх дIахьош ду. Цо довзуьйту вайна йоIана хилларг, цо сагатдийриг. Цуьнгахула хаьа вайна, и мила ю, муха ю цуьнан ден деца а, ненаца а йолу юкъаметтигаш, хIун ду цуьнан ойланашкахь. Оцу дерригено а гучудоккху вайна авторан исбаьхьаллин васт. ХIун ала мегар ду дийцаран авторх лаьцна? Цунна дика девза берийн дахар, цунна герга а, дика девзаш а ду иза. Цунна дукхабеза шен турпалхой, къаьсттана воккха стаг а, Зараъ а. Ненан васт кхолларехь басарш жимма кхоийна авторо, амма уьш тIедузу цуьнан дегаIийжамо.

7. Дийцар хедаш санна, цхьа цIаьххьана чекхдолу. Шуна хетарехь, шен дийцар авторо цу кепара хIунда дерзадо?

**Вайн къамел кхиадо**

1.«Тхуна ца оьшу тIом, самах я гIенах» темина сочинени язье.

2. Дийцаран цхьана хиламах инсценировка хIоттае.

**ХIун Iемина вайна**

Теша лаьа, хIокху дийцаро, шун дегнашкахь къинхетаман зIийдигаш а хьоцуш, дуьнен тIехь даим машар оьшу боху кхетам шун ойланехь чIагIбина хиларх.



## АЙДАМИРОВ
## Абузар Абдулхакимович

*(1929 – 2005)*

*Лаьар-кха сайн оьмар жимма яхлойла,*
*Хьомечу халкъана, махкана ваца.*
*Цушиннан ирс кхуллуш доггах къахьега,*
*ТІаьхьара цІийн тІадам царна дІалойла...*

ХІора къоман а хуьлу эхь-бехк, гІиллакх-оьздангалла, эс лардар дахаран нигат, къилба дина стаг. Нохчийн къоман и деза, сийлахь декхар шен белшаш тІе а эцна схьавеанарг Айдамиров Абузар вара.

Иза вина 1929-чу шарахь Мескетахь. Шен юьртахь юьхьанцара школа чекхъяккха бен ца ларийра иза. Дуьнен тІехь веха дукха хан йоцу кІант шен халкъаца махкахваьккхира. Да а воцуш висначу Абузаран кхалларан юьхк йоккхуш генарчу ГІум-Азехь стерчий лоьхкуш лела дийзира. ХІетте а ларийра иза меттигерчу школехь ворхІ класс чекхъяккха. Цул тІаьхьа дІаболабелира Абузаран къинхьегаман некъ. Цо белхаш бира библиотекехь, финансови органашкахь, дийшира юьртбахаман техникумехь.

Яздан волавелла 1957-чу шарахь, хІетахь арадаьлла цуьнан дуьххьарлера дийцар. Юккъерачу Азера вайн халкъ цІадирзинчул тІаьхьа Мескетахь 25 шарахь болх бира цо школехь директоран даржехь. Болх беш воллушехь чекхъяьккхира Нохч-ГІалгІайн хьехархойн институт, Москвахь – литературин лаккхара курсаш.

Айдамиров Абузаран стихаш, дийцарш, повесташ арайийла йолаелира 1950-чу шерийн юьххьехь. Цуьнан дукхахйолчу произведенийн турпалхой къона вайзаманхой бу. Уьш миччахь хиларх, хІуъа болх

барх, цара стеган амалехь диканиг лору цуьнан догцIена хилар, дешан да хилар. Уьш даим къийсамехь, дахарехь шайн меттиг лохуш бу. Шен произведенешкахь, вайн дахарехь хуьлуш долу диканиг гайтина ца Iаш, цунна новкъарло ещ долу гIиллакхаш а Iорадоху яздархочо.

Айдамиров Абузар нохчийн литературехь исторически романан бухбилллархо лору. Нохчийн къомо шен маршонехьа латтийначу къийсаман темина цо язйина «Маршонан цIарах», «Еха буьйсанаш», «Лаьмнашкахь ткъес», «Дарц» романаш вайн литературин лакхенаш хилла дIахIиттина. Ткъа нохчийн синкхетамна «Еха буьйсанаш» романо санна Iаткъам бина цхьа а произведени яц вайн литературехь.

Нохчийн литература кхиорехь баккхий кхиамаш бахарна Абузарна тиллина халкъан яздархочун сийлахь цIе. Цо школехь бина болх билгалбаьккхина Къинхьегаман ЦIечу Байракхан орденца, ткъа литературехь динчунна Къаьмнийн Бартан орден а елла, Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан совгIатан лауреат а вина.

## ВИНА МОХК

Бераллехь со хьоьха
Къаьстинчу хенахь,
Со жима бер долуш
Ас ма-биттара
Карий хьо аса дагахь
Латтийнчу суьртахь,
Сих-сиха гIенаха
Суна ма-гарра.

Ахь со тIеийцира,
Нанас бер санна,
Хьаьстина – хийла
Сатийсинарг хьайга.
Хьан лаьмнаш, аренаш,
Баьццара хьаннаш
Ас дагчохь ларийра
Массанхьа сайца.

Ткъа хIинца, ца Iебаш,
Хьоьга мел хьежарх,
Гу лакха вуьйлуш, ас
Хьоьга бIаьрг бетта.
Сийначу духарца
Кхелина Iалам
Шен кIант – со, тIеэца
Кечделла моьтту.

ЛадоьгIу шовданаш
ТIулгаш тIе Iенаш,
Бошмашкахь, хьаннашкахь
Олхазарш декаш,
Хьоьжу со, диттийн гIаш
Шур-шур деш лесташ,
Зезагаш бацалахь
Эсала техкаш.

Моттало, уьш сайца
Къамеле девлла,
Нанас шен бер санна,
Цара со хьоьсту.
Iуьйранна гIаьттина
Со араваьлча,
Даймехкан Iаламо
Маршалла хоьтту.

Беза хьо, Нана-мохк –
Дай баьхна латта.
Хьоьца ду сан ирс а,
Ас мел ен ойла...
Хьан дуьхьа къахьега,
Iожал тIеэца
Ца луу долу кIант
Дена ма войла!



**Ешначух ойла е вай**

1. Бераллехь ша битина мохк хIинца муьлхачу суьртехь го поэтана?

2. ХIун синхаамаш хаало вайна лирически турпалхочун кийрара долучу озехь? Шайн жоп стихотворенин могIанашца тIечIагIде.

3. Хийрачу махкахь хIун дагатуьйсуш хилла яздархочунна?

4. Винчу махко тIе муха ийци шен кIант?

5. Мел хьежарх ца Iебаш, шен Даймахке лирически турпалхочо бIаьрг беттаран хIун бахьана ду?

6. Нана а, мохк а цхьаьнаийна хIокху стихотворенехь. Уьш цхьаьнатоьхна далоран хIун маьIна ду?

7. Шен ирс стенца дузу яздархочо? ХIунда?

8. Даймехкан дуьхьа къахьега а, эшахь, шен са дIадала а кийча воцчу кIентан мах муха хадийна стихотворенехь?

9. ХIунда бу Даймохк иштта хьоме а, сийлахь а, беза а? Шайн жоп масаллица тIечIагIде.

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Меттан исбаьхьаллин суртхIотторан муьлхачу гIирсах пайда эцна авторо шен Даймахке болу безам гойтуш? Даладе текста тIера масалш.

2. Зезагаш, эсала техкаш, лирически турпалхочуьнца къамеле девлла, и хьоьстуш ду, нанас шен бер санна. И хIун тайпа исбаьхьаллин кеп ю авторо ялийнарг? Мича Iалашонца ялош хуьлу иза шайн произведенешкахь яздархоша?

**Вайн къамел кхиадо**

1. «ХIун дийр ду аса Даймехкан дуьхьа, со воккха хилча?» хаттарна йозанехь жоп ло.

2. Даймахках лаьцна долу кицанаш даладе. Церан маьIнех лаций дийца.

**Культурийн диалог**

Оьрсийн поэтан Лермонтов Михаил Юрьевичан «Родина» а, Айдамиров Абузар Абдулхакимовичан «Вина мохк» а стихотворенеш вовшашца юста. ХIун ду царна тIехь цхьатера догIург а, къаьстарг а?

**Билгалйинчу теманашна проект кхоллар**

Слайдаш кечъе хIокху стихотворенина. Иза кхочушдархьама: къастаде, маса слайд хила еза; хаамаш балабе Даймахках лаций: мичара, муьлха меттигаш ю (шайн суьртийн чулацам муха хир бу, ойла е, цуьнца йогIу йолу музыка а харжа).

## «ВИНА МОХК»
## СТИХОТВОРЕНЕХ ЛАЬЦНА

Йоккха яц «Вина мохк» стихотворени шен барамехь. Айдамиров Абузарна хьоме бу шен дай баьхна мохк. Цунна тоьшалла до цо язйинчу цхьамогIа стихотворенеша: «Сан Даймохк», «Яьссин тогIехь», «Винчу ломахь», «Ирзохь».

Даймохк, дай баьхна латта. ХIун хир ду хьол хьоме а, деза а? Дуьххьара цхьана бIаьстенан малх кхеттачу дийнахь девза иза. Девза ненан хьастарца, ден хьехамца. Шераш мел дIаэхарх, даим къона а, хаза а хетта и хIоранна а. «Со жима бер долуш аса ма-биттара карий хьо, аса дагахь латтийнчу суьртахь», – боху поэто а.

1959-чу шарахь язйина ю хIара стихотворени. Бехк боцуш махкахдаьккхина нохчийн халкъана шен дай баьхначу махка – Нохчийчу, цIадерза бакъо елла ши шо бен ца даьлла.

Жима хилла Абузар шен халкъаца махкахвоккхучу хенахь. ХIетахь, шен бераллин хенахь, дагчу дижина Даймехкан сурт кхойтта шарахь хийрачу махкахь дагахь латтийна цо, диц ца деш. Хийлазза гIенах дуьхьалтийсина цунна иза. Иштта дагахь буьсу, гIенах дуьхьал а туьйсу Даймохк адамашна. Хьомечу мехкан сурт, цуьнан исбаьхьа аматаш диц ца ло цкъа а:

> Хьан лаьмнаш, аренаш,
> Баьццара хьаннаш
> Ас дагчохь ларийра
> Массанхьа сайца.

Стаг дуьнен тIе ваьллачу махке болчу безамах лаьцна дукха могIанаш яздина вайн поэташа. Иштта хьоме бу и Айдамиров Абузарна а. Цуьнга мел хьежарх, кIорда ца деш, бIаьрг бетта реза ву иза. Цунна хьоме ю цуьнан сийначу духарца кхелина аренаш, тIулгаш тIе Iенаш долу шийла шовданаш, шайн зевнечу эшарщца бошмаш, хьаннаш екош долу олхазарш, шур-шур деш леста диттийн гIаш, бацалахь эсала техка бес-бесара зезагаш. И дерриг исбаьхьа Iалам, къамеле долий, маршалла хьоттуш ду хьомечу кIанте. Бертаза шех ваьккхина хилла кIант вухавирзича, нанас шен бер санна, хьаьстина, куьг хьаькхна тIеэцна Даймахко. Кхечу кепара хила йиш а яцара. Ткъа кIант, ца Iебаш, бIаьрг бетташ, гу тIе хьалаволуш, лаха чувуссуш, сема ладоьгIуш, даймехкан Iаламо шега хоьтту маршалла даггара тIеоьцуш, синтеме ву, дог хьаьъна ву.

Даймохк – иза цхьа лаьмнаш, хиш, аренаш хилла ца Iа. Даймохк – иза уггар хьалха адамийн вовшашца йолу оьзда юкъаметтигаш, гIиллакхаш, баккхийчеран хьекъал, Iеламнехан беркате серло, кегийрхойн доьналла, мехкарийн оьздангалла ю. Мел баккхий баланаш, гIайгIанаш тIехIиттарх, мел къаьхьа, мерза уьш хиларх, хьан латта ду иза, хьан дайша цIийца хьандина, хьацарца дашийна, наноша ховхачу куьйгашца хьистина, хьан сих дIаийна латта. Кху лаьттаца доьзна дукха ду: дай-нанойн кешнаш, ойланаш, хьацар, цIий. Нана-махкаца дузу шен дахар, ирс, ша мел ен ойла а поэто. Цуьнан дуьхьа къахьега а, эшахь,

Іожалла тІеэца а реза ву иза. Амма и декхарш щена тІелаца ца луу долу кІант цхьана а ден хила а ца лаьа цунна.

Кху тІаьхьарчу хенахь баланаш, халонаш ловш схьабеана вайн мохк. Гина тІемаш, къизалла, акхаралла. Вайн махкара цхьаболу нах кхечу мехкашка Іен дІа а бахна. Амма Нохчийчоьнна генабовларх, церан дог-ойла, сатийсамаш шайн махкаца бу. Эрна олуш дац, Даймохк мазал мерза бу.

Айдамиров Абузара вайга массаьрга беш хьехам бу шен стихотвореница. Вайх хІоранна а тІехь ду вайн Даймохк безар, мостагІех и ларбар, хазбеш, тобеш и схьабалор. ХІораммо а чІагІо ян еза, бехдийр дац хиш, локъуьйтур дац шовданаш, эрна хІаллакйийр яц хьаннаш, хьоьшур яц цанаш аьлла. Шен дагчу дижийта деза ша кхузахь Іен а, ваха а дезаш хилар, шел тІаьхьа богІуболчарна иза безар, оьшур буйла.

Ларбе вай, кхиабе вай, хазбе вай вайн мохк?!

## ЭПИТЕТАХ ЛАЬЦНА

Произведенин кІоргалла, исбаьхьалла, мехалла дукхахьолахь йозуш ю яздархочо пайда эцначу мттан гІирсех. Исбаьхьчу вастех пайдаэцарца яздархочо, шен ойла а, хьежам а гойтуш, цхьана хІуманах я хиламах лаьцна дуьйцу. *Къамелехь адамийн синхаам кІарг а беш, хІума поэтически а, исбаьхьаллин а билгалонашца гойтучух* ***эпитет*** *олу.* Эпитеташа дешнаш къагадо, оьшуш долу басарш тІе а тухуш, авторан синхаамаш а бовзуьйтуш. Масала: *«Саьнгалан цІе буьрса кхерсташ, турпала дой доьхна терсаш, молханан кІур буькъа гІуьттуш, майра кІентий луьра хьийзаш».* Кхузахь *буьрса, буькъа, луьра* дешнаша тІом хала а, кхераме а хилар билгалдаккхарца къеггина сурт хІоттадо.

Дукхахьолахь эпитет билгалдашах кхоллало:

Лекха лаьмнаш,
Нохчийн *кура* лаьмнаш,
Эзар шерийн ницкъо доьттинарш.
Къаной санна,
Ойланаша лаьцна,
*Къоьжа* кортош стигла гІоьртина.

*(Сайдуллаев Хь.)*

*Кура лаьмнаш, къоъжа кортош* дешнаша лаьмнийн къеггина васт хIоттадо, дозалла дойту царах.

ХIуманан, хиламан и билгалонаш кхечу кепара а гайта тарло:

Ахь *гIийла* ойланаш
Суна тIе туьйсу,
*Шийлачу* ойлано
Сан дагца къуьйсу.
*(Мамакаев М.)*

*ГIийлачу* а, *шийлачу* а ойланаша дагчохь сингаттаме ойла кхуллу.

Эпитеташа гучуйоху хIуманийн синхаамна а, кхетамна а уггар чIогIа Iаткъам беш йолу билгалонаш.

Делахь а, муьлх-муьлххачу а билгалдашо ца кхуллу дагчохь вай гайтина болу синхаам. Масала, *къена стаг гIанта тIехь хиъна Iара.* Грамматики тIе а доьгIна аьлча, кхузахь *къена* дош билгалдош ду. Амма иза эпитет яц, хIунда аьлча цо цхьа а тайпа Iаткъам ца кхуллу адамийн дагчохь, къена стаг муьлххачу а хьелашкахь къена стаг хуьлий вуьсу.

Кхечу кепара аьлча, *къена* билгалдош эпитет хила а тарло, масала, *кIанта къена хабарш дуьйцура. Къена* дешан кхузахь кхин васт а, дог-ойла а кхуллу, цо билгалйоккху кIентан амал, иза баккхийчарах тарвала лууш хилар.

Эпитетан гIоьнца авторан таро ю дуьйцучуьнца йоьзна шен юкъаметтиг массо а кепара гайта.

Халкъан барта кхолларалллехь къаьсттана дукха хуьлу исбаьхьалла кхуллуш йолу и тайпа билгалонаш-эпитеташ:

Ва *сийна* стигланаш,
*Iаьржа* латтанаш,
Ва *зевне* шовданаш,
*Лекха* ламанаш,
ДIаэцийша сан даг тIера
И *шийла* гIайгIанаш,
Яхийша сан коьртера
И *гIийла* ойланаш.

Барта исбаьхьаллин кхоллараллехь, дукхахьолахь, цхьана кепехь лелаш йолу эпитеташ хуьлу: *догмайра кIант, кIайн нускал, расха*

*дин, чо чехка чола куй, мерза са, дилха дог*. Цара гІо до дуьйцуш дерг исбаьхьаллин суьртехь схьагайта.

**Хаттарш а, тІедахкарш а**

1. Эпитет стенах олу?

2. Эпитет юкъаялийча, мича кепе доьрзу олуш дерг?

3. Муха пайда оьцу яздархоша эпитетех? Даладе масалш.

4. Лахахь далийначу стихотворенийн могІанаш юкъара эпитеташ схьакъастае:

Къеначу лаьмнашций,
Ширачу хьаннашций,
ДІадевлларш хьехадеш,
Къамел дан йиш хилча ...

*(Мамакаев I.)*

Цу хенахь доккхаде
Кийрара дилха дог,
Акхтарган бохь санна,
Цу малхе ма кхийда.

*(Саидов Б.)*

КІоргачу Іин чохь юткъа шок етташ,
Буьйсанна хан яьлча, олхазарш гІиттош,
Дог майра акхарой хьан бердех къеххкаш,
Хьо охьадогІу-кха, бос сийна Орга.

*(Айсханов Ш.)*

5. ХІара дешнаш юккъехь а долуш, эпитеташ ялае: *дог, латта, мархаш, кІант, малх.*



# АХМАТОВА
## Раиса Солтамурадовна

***(1928 – 1992)***

*Хьомечу махкана*
*Сайн ницкъаш дIабала*
*Со кийча ца хилахь,*
*ДIаэца лаьттара.*

Нохчийн халкъан поэтесса Ахматова Раиса йина 20 декабрехь 1928-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь къинхьегамхочун боккхачу доьзалехь.

Раиса дика евзаш ю вайн махкахь а, дозанал арахьа а. Атта ца хилла цуьнан дахаран некъ. Диъ шо кхаьчначу хенахь берийн цIийне дIаелла иза.

Цигахь ша яьккхина хан дагалоьцуш, цо дуьйцура: «Тхо Iемара тхайн кхолламан дай хила. И шераш дагадаьхкича, суна хетало: далур дарий-те соьга аса сайн дахарехь мел динарг, нагахь санна со сайна атто лоьхуш, мела хиллехь?»

9-чу классехь доьшуш йолуш, «халкъан мостагI» йой, халкъаца цхьаьна шен махках йоккху иза. Цигахь Казахстанехь Iийна, юьхьанцарчу школехь болх а беш. Даймахкка цIайирзинчул тIаьхьа деша йоьду хьехархойн училище.

1946–1956-чу шерашкахь, Ахматова Раисас хьехархочун болх бо. Стихаш язъян йолало школехь доьшуш йолчу хенахь.

Поэтессин «Хьоме республика» цIе йолу дуьххьарлера гулар зорбане яьлла 1958-чу шарахь. Цо исбаьхьаллин дашца кхуллуш долчу Даймехкан васте ма-хьаьжжинехь хааделира нохчийн литературе поэтически корматалла йолу поэтесса еана хилар.

Цул тIаьхьа цо дуккха а книгаш арахецна нохчийн а, оьрсийн а меттанашкахь. Ткъе йиъ поэтически книга зорбанехь араяьлла цуьнан. Царна юккъехь ю: «Нийсархошка», «Сан седа», «Шовданан

йистехь», «Дикалла», «Цхьаьнакхетар», «Суьйренан зIенарш», кхин а. Нохчийн литературехь поэмин жанр кхиорехь а дакъалаьцна Раисас. Цо язйина яккхий поэмаш: «Ялтех дош» (дуьххьарлерачу нохчийн йоIах-комбайнерах Дудуркаева К. лаьцна), «Олхазар», «Дагалецамийн новкъа», «Йиш лоькху поп».

Дуьнен чохь а, Нохчийчохь а хуьлуш долчу гIуллакхашна юьстаха ца лаьттина иза, мелхо а, жигара дакъалаьцна. Махкана, халкъана шен хьуьнарш, шен хаарш дIадала кийча яра иза даим, халкъан лехамашца цхьаьна детталуш дара цуьнан кийрара дог.

70–80-чу шерашкахь вайн республикехь, дозанал арахьа арайийлина цуьнан стихаш. Дуккха а исбаьхьаллин кIоргаллех юьзна поэтически произведенеш язйина цо.

Раисин кхоллараллехь йоккха меттиг дIалоцуш ю вайнехан зударийн дахаррий, ойланашший, сатийсамашший гайтаран тема. Иза нохчийн зударех дуьххьара яра зударшна-ламанхошна орцахъяьллачех.

Шега кхаьчна и «хала дакъа» дуккха а шерашкахь, кIадъялар хIун ду ца хууш, майрра дIахьо цо. Поэтессин кхоллараллин чулацам шуьйра бу, цуьнан стихаший, поэмаший чулоцу философин маьIна долу ойланаш дукха а, шуьйра а ю.

Къаьсттана дагах хьакхалуш бу цо шен дукхахйолчу произведенешкахула чекхбоккху Даймахке болу безам.

Ахматова Раисин кхоллараллехь йоккха меттиг дIалоцу безаман лирико. Цуьнан поэзин турпалхо догцIена стаг ю.

Цуьнан дукхахйолу стихаш кIеда-мерза, мукъамехь ека, цундела йирзина хета уьш эшаршка а.

Шега нийсархоша хьан дахаран коьрта гIуллакх хIун ду, аьлла, хаьттича, цо жоп делла: «Iемаш, доьшуш, болх беш, къуьйсуш, поэзехь, дахарехь дикалла кхоллар». Иштта ян а яра Ахматова Раиса – и диканиг кхуллуш, халкъана шен поэзица хазахоьтуьйтуш.

## МА ХАЛА ДУ ЦУНАХ КХЕТА

Ма хала ду цунах кхета!  
Лаьмнашка со мосаз яха,  
Дуьххьар уьш гуш санна хета.  
Дерриг а девзаш ду кхузахь,  
Дерриг ду гергара дагна.

Марха дІатевжина хьуьллахь, –
Некха тІехь къоьжачу ломан,
ДІахьаьжча, лаьмнийн басешкахь
Жа дежаш го суна бацалахь,
Ткъа дІогахь, лекхачу баххьашкахь,
БІаьвнаш го – шира гІаролаш,
Хиллачу тІемийн и тешаш.
Ма хазло ламанийн баххьаш
Іуьйранна сатосчу хенахь.
Наггахь тІам хьабеш, хІаваэхь
Аьрзу а го ижу лоьхуш.
ГІашлойн некъ дІабов мархашлахь,
Тарделла шаьш гезган машех.
Баххьаш тІехь со а цкъа хилла –
Дог хуу седа сайн болчохь.
Ас хийла тешийра цунах
Экамчу деган къайленаш.
Замано худу вайн шераш,
Ткъа лаьмнаш – даима къона...
Ма хала ду цунах кхета!
Лаьмнашка со мосаз яха,
Дуьххьар уьш гуш санна хета.
Лаьмнаш, шу даим ду-кх къона!

**Хаттарш а, тІедахкарш а**

1. ХІун хаьа хьуна поэтессин Ахматова Раисин кхолларалин дахарх лаьцна?

2. Цуьнан кхолларалин коьрта теманаш муьлханаш ю?

3. Лаьмнех лаьцна хІун ойла ю поэтессин, стенах йоккхае иза?

4. Шуна хетарехь, хІунда ду лаьмнаш поэтессина сел хьоме а, герга а?

5. Авторо бахарехь, къаьсттана хаза маца хуьлу лаьмнаш?

6. Авторо, лаьмнаш даим къона ду, хІунда боху?

7. Стихотворенин могІанаш дІадешча, авторан ойланех хІун хаало вайна?

**Ешначух ойла е вай**

1. ХІун дог-ойла кхоллайолуьйту стихотворенин могІанаша?

2. Дийца, хIун суьрташ хьалхахIуьтту шуна стихотворенин могIанаш доьшуш.

3. Ойла е, лирически турпалхочун дог-ойла йовзийтарехь хIун меттиг дIалоцу пейзажо.

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Муьлхачу формехь язйина ю стихотворени (дийцар, диалог, монолог, ойлаяр)?

2. Стихотворенехь Iаламан сурт кхуллуш авторо пайда эцна олицетворенех, эпитетех, метафорех. Дийца, хIун дакъа лоцу цара вайн мехкан исбаьхьалла гайтарехь.

3. Муха кхета шу кху могIанех: «ГIашлойн некъ дIабов мархашлахь, тарделла шаьш гезган машех»?

4. Тидам бе. ТIаьххьара ши строфа вовшашца рефренца йоьзна поэтессас.

Ма хала ду цунах кхета!
Лаьмнашка со мосаз яха...
Лаьмнаш, шу ду-кх даим къона!

Бакъду, жимма хуьйцуш ялийна ю иза. *Рефрен* – иза стихотворенехь строфа я билгалдолу цхьа дакъа чекхдаьлча юх-юха далош долу дешнаш ду.

**Культурийн диалог**

Пушкин А.С. язйинчу «Кавказ» стихотвореница юста хIара стихотворени. ХIун ду царна тIехь цхьатера догIург, хIун ду къаьстарг?

**ХIун Iемина вайна**

1. Исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсех (олицетворени, эпитет, метафора, дустар) пайда а оьцуш, дийца шайна дукхаезачу меттигех лаций.

2. Сочинени-миниатюра язъе темина: «Сан дагна хьоме ду лаьмнаш».

## «МА ХАЛА ДУ ЦУНАХ КХЕТА» СТИХОТВОРЕНЕХ ЛАЬЦНА

Ахматова Раисин поэзи, коьртачу декъана, лирикех лаьтташ ю. КIорггера идейно-эстетически чулацам болуш, Даймохк, халкъийн доттагIалла, къинхьегам, машаре дахар хестош ю цуьнан лирика.

«Ма хала ду цунах кхета» стихотворени тIехь боккхачу айамца, даггара долчу дешнашца хестадо цо хьоме лаьмнаш. Лаьмнех лаьцна ойла ечу лирически турпалхочунна герга ду аьхначу Iаламан суьрташ, дагна тамехь ду лекха лаьмнаш, мел хьежарх, кIордор доцу исбаьхьа

басарш. Шен бIаьргашна хьалха хIутту сурт ду вайна поэтессас схьаухьург: къоьжачу ломан некха тIехь дIатевжина марха, басенашкахь дежа жа, лаьмнийн баххьашкахь гIаролехь лаьтта шира бIаьвнаш, ижу лоьхуш, хIаваъ цоьстуш лела аьрзу, гезгмашош санна, мархашлахь дIадовш долу гIашлойн некъаш. Мел говза кхоьллина исбаьхьа сурт ду иза. Ахьа бIаьргаш хьабдича, и сурт вайх хIоранна а дуьхьалтосур дара, уьш вайна герга долу дела. Иштта хьоме а, герга а ду уьш поэтессина а. Цара шен дагна бина хьаам вайга а кхачо лаьа цунна. Дог резадой, вай цунна тIе а тов.

Амма гуттар хаза хуьлу и лаьмнаш Iуьйранна сатосуш, маьлхан дашочу зIенарша церан баххьаш эсала хьоьстучу хенахь. Цхьа боккха лаам бу поэтессин: шен деган къайленаш оцу лаьмнашка дIайийца. Вайна хаьа, деган къайленаш дега, нене ца юьйцуш, тешамечу доттагIчунна йовзуьйтуш хуьлий. Иштта хьоме, уллера ду Ахматова Раисина и лаьмнаш. Цара ницкъ ло цунна, даим къона латтайо иза. ХIоразза цхьа керланиг, цхьа къайле йовзуьйту лаьмнаша цунна. «... Шу даим ду-кх къона!» – чIагIдо цо. Дукха цIена ю, сирла ю авторан ойланаш. Даймахке, лаьмнашка болу безам шатайпа бу цуьнан.

ХIара стихотворени йоьшучу хенахь Пушкин Александар Сергеевичан кхолларадлин хьу хаало поэтессин поэзехь. Вайна дагадогIу цуьнан «Кавказ» стихотворенин могIанаш:

Кавказ ю лахенгахь. Лакхахь ву со цхьаъ.
Аьрзу ю, го бохуш, ца тухуш тIам.
Кхуззара суна го шовданаш довлар.
Ткъа бухахь – дерзина мокхазан пенаш.
Кхин бухахь гIийла буц, екъа кол го; кхин дехьа – сийна хьун.
УьстагIий ламанийн басенашцца дежа.

Хаза, шерачу маттахь, атта ешалучу кепехь ю Ахматова Раисин стихотворени «Ма хала ду цунах кхета». Олицетворенех а пайда эцна авторо:

Марха дIатевжина хьуьллахь,
Некха тIехь къоьжачу ломан...

Жа дажош волчу, кIадвелла, цхьана ханна дIатаьIначу жаIуьнах тарйина кхузахь марха. Иштта поэтически хаза сурт хIоттош, аьхналлин, сирла ойланаш дагчохь кхиош гойту хьомечу мехкан сурт Ахматова Раисас.



# САРАКАЕВ
## Хьамзат Бекович

*(1927 – 2013)*

Прозаик, поэт, публицист, гочдархо, издатель санна вевза вайн махкахь Саракаев Хьамзат. Иза вина 1927-чу шарахь Сольжа-ГӀалахь.

Дех, ненах къаьстинчул тӀаьхьа (Советан Іедало хьийзийна да кхелха, нана а лоцу) ден вешин доьзалехь кхуьу иза, Веданахь школа-интернатехь деша а доьшуш.

Хьамзат, халкъан мостагӀ аьлла, цӀе а тиллина, шен халкъаца 1944-чу шарахь махкахваьккхина. Цу хенахь цо дешна Чимкентахь юккъерачу школехь, цул тӀаьхьа Чарджоухь хӀордан, хинан техникумехь. Вайн халкъ шайн дай баьхначу махка цӀадирзинчул тӀаьхьа чекхъяьккхина цо Нохч-ГӀалгӀайн хьехархойн институт.

Исбаьхьаллин литературехь гӀулчаш яха волавелла шен 12 шо долуш. Цуьнан дуьххьарлера стихотворени зорба тоьхна 1939-чу шарахь.

Саракаев Хьамзатна исбаьхьаллин литература езаялийтинарш бу нохчийн гӀарабевлла яздархой: Мамакаев Мохьмад, Ошаев Халид, Музаев Нурдин. Цуьнан говзалла кхиарехь боккха тІеІаткъам бина оцу яздархойн кхолларалло. Цуьнан да Бек, нана Марьям вайн махкахь дуьххьарлера журналисташ, литераторш хилла. Царах масал оьцуш, исбаьхьаллин литературехь шен ницкъаш зуьйш схьавеана иза.

1957-чу шарахь дуьйна шуьйра зорба тоха йолийна цуьнан произведенешна. «Дуьххьарлера хьуьнар» (1972) – иштта яра цуьнан дуьххьарлерачу гуларан цӀе. Цу юкъа яхна повесть а, дийцарш а къоначу ешархошна лерина дара.

ХIетахь дуьйна тайп-тайпанчу шерашкахь араевлла цуьнан произведенеш: «Ширачу гIопехь», «Халачу некъийн ирхе», «Нихлара тIай», «Эдалханан некъаш», «Эдалханан доттагIий», «Малхана тIаьхьа», «Толамах тешарца», иштта кхиерш а. Уьш ерриш берийн дуьненах, дахарх, сатийсамех, лехамех lаьцна ю. Дукхахйолу произведенеш – дийцарш, повесташ – уьш коьртачу турпалхочун Эдалханан дагалецамаш бу.

И тайпа бераш 1940-чу шерашкахь дукха хилла Веданахь Саракаев Хьамзатан библла дIаихначу меттехь. Оцу берийн амалш, гIиллакхаш ду Эдалханан вастехь гайтинарш. Яздархочо шен турпалхой кхиарехь, оьздангаллин керла-керлачу анайисташка бийларехь гойту.

Берийн яздархочун кхоллараллин некъ хала а, жоьпалле а бу. Цуьнан уггар коьрта декхар ду шен произведенийн турпалхой доьналла долуш, бакъдолчуьнца къуьйсуш, мел яккхий а халонаш эшош, дахаре кIорггера безам болуш, шен лаамаш, сатийсамаш кхочушбарехь даккхий хьуьнарш дохуш гайтар.

Берийн литературе болу и лехамаш кхочушбеш схьавеана шен кхоллараллехь Саракаев Хьамзат.

Хьомечу махке безам кхолларан, цу чохь дехачу къаьмнашна юккъехь доттагIалла чIагIдаран ойланаш ю Саракаев Хьамзата шен произведенешкахь кхайкхош ерш. Цара Iамаво уггар оьшучу говзаллина – адам хиларна. Яздархочо чIагIдо: нагахь хьо адамашца догцIена, царна орцахвала гуттар а кийча хилахь, хьо цкъа а вуьсур вац цхьаллехь.

## ИРСЕ БIАЬРХИШ

ХIинццалц дIадахначу шен дахаран дерриг сурт дуьхьалхIоьттира Ахьъядана оцу миноташкахь. ХIара, ког а шершина, Iинах чувогIуш кхуьнан кара еара цхьа жима колл. Иза карахь йолу куьг кегийра дегадора. Аьрру куьйго схьалаца бегIийла хIума лоьхура, амма кхо юьхьанца катоьхна тIулг, карара а баьлла, керчина Iинах чубахара. Охьакхаьчча цо даькххина тата халла бен ца хезира Ахьъядана... Ког дIатасабала хIума яцара... Ницкъ гIелбеллера. Дерриг дегIах шийла хьацар тоьхнера. Колл карахь

йолу аьтту куьг кулла тIерачу кIохцалгаша шина-кхаа меттехь хадийнера. Куьг а, пхьарс а цIийша дуьзнера, амма иза тергалдечохь дацара гIуллакх. КIантана вала ца лаьара, иза ца тешара шен дахаран тIаьххьара миноташ тIехIиттина бохучух. Лерехь: «ДIахеца, Iовдал. Хьо кIелхьараваккха цхьа а вац, хьуна. Колл дIахецча, кхин схьалаца хIума ма яц», – бохуш санна хеталора цхьана озо.

– ХIан-хIа... хIан-хIа... хьалхе ду. Со лийр вац, – жоп делира оцу озана кIанта.

Къоначу даго дIатоьттура Iожаллин ирча сурт.

«Со кхин а вехар ву... Сан вала йиш яц!» – бохура даго.

«Вехар вуй-те? – доьлура аз. – Хьо Iинах чугIур ву. ТIаьххьара бIаьрг тоха хьайна дуьненах, сонта ойланаш а ца еш», – бохура цо.

– Вац! Вац! Хьан хIуьттаренна гIур вац со Iинах чу... Хьан хIуьттаренна вехар ву къанваллалц. ДIадала, ма е гIовгIа!

«Мел сонта а ву. Хьажал чунехьа. Бух гой хьуна хIокху Iинан? Бухахь догIуш буьрса Орга ду, хьуна. Цо керчо тIулгаш мел даккхий ду, хаьий хьуна! Хьажал, хьо ца тешахь!..»

Баккъал а шега луьйш цхьа адам долуш санна, юхахьажа аьлла, корта дIаберзийра Ахьъяда. Амма оццу минотехь, «къаршкъирш» оьккхуьйтуш, хедира кхуьнан карахь йолчу куллан шикхо орам. Кхин а чIогIа куьйгаш дегийна, аьрру куьйга лаьттах катуьйхира кIанта. ДегIехь мел долу гIора гулдира цо шен аьрру пхьаьрсехь. Декъачу лаьттах чудахара кIентан пIелгаш. МIарашна кIелхьара цIий хьаьдира. Амма тхьуздоьллачу дегIана ца хаалора лазар.

КIентан берриг синкхетам хIокху бердах хьалаваларна тIеберзийна бара.

«Баккъал а хилаза цадериг кхочушхилийта аса? – аьлла, ойла еара коьрте, амма тIаккха а: – ХIан-хIа, сан иштта атта вала йиш яц. Бакъ дац, со кIелхьаравер вац бохург!» – мохь белира кийрахь.

Гонаха самадолуш дара тӀейогӀучу бӀаьстено дендина Ӏалам.

ЧӀенгаш а этӀош, гучудевлла кегийра гӀаш дара цхьаццадолчу дитташ тӀехь гуш. Лакхахь хьоькхучу бӀаьстенан мелачу механ тулгӀе хьекхалора наггахь кӀентан дегӀах. Нанас дайн хьоькхучу куьйго санна, коьрта тӀехула хьакхалуш тӀехболура иза, кхуьнан коьртара месаш дӀаса а яржош.

«Мохь тоха-те аса? Орца даккха-те?» – дагадеара кӀантана.

ТӀаккха а, цхьанна дӀахазахь осал хетар ву-кх со бохург дага а деана, юха а басах хьалатасавелира иза. Амма куьг а, ког а дӀатаса хӀума цахиларна, юха а Ӏинах чушершаш воллучу кхо катоьхна схьалецира ша хӀинццалц Ӏожаллин буйна ца вохуьйтуш сацийна йолу колл. Кхунна генадоццуш охьахиира цхьа хаза бос болу хьоза. ДӀа а, схьа а хьаьвзина, корта агӀорбаьккхина адаме а хьаьжна, «чӀир-чӀир» элира цо, цкъа-шозза кхосса а луш.

«Дависа, цхьана минотана, хьан санна, ши тӀам белара сан», – дагадеара дегӀера тӀаьххьара ницкъ кхачош воллучу кӀантана.

ЦӀаьххьана цхьана хӀуманах кхераделла дӀаиккхира хьоза.

Ткъа оццу минотехь лакхара охьа, цӀийша дуьзначу кӀентан куьйга тӀехула, охьабеара беха, шуьйра, къорза бухка.

Гарр-аьлла, цхьа тамашийна вегийра иза. Цкъа юьхьанца и бухка бӀарлагӀа ю моьттуш, ша кхетамчуьра ваьлла аьлла хийтира цунна. Амма морсачу бухканан чордалла хааелира коьллаша а, тӀулгаша а цистинчу куьйгашна. Кхин еха ойла ечохь дацара гӀуллакх...

Къарш-къиршшанехь татанаш дохуш, хедаш дара куллан тӀаьххьара орамаш, ницкъ а лаьттара кхачош. Аьрру куьйга колл кхин а чӀогӀа схьа а лаьцна, жимма хьала а кхоссалуш, бухканах катуьйхира кӀанта.

«Хада ма хадахьара я хеца ма лахьара», – дагадеара.

ДегӀан дозалло озийна, пха санна булабелира бухка.

Иза шена карабеаншшехь, кол дӀахеца ца хӀуттуш, цхьа хан яьккхира цо. Амма, эххар а, чехкка колл дӀа а хецна, катоьхна, вукху куьйга а схьалецира цо бухка.

* * *

...Шен некха тIехь а, коьрта тIехь а цхьа тамашийна шело хааелира цунна, ша синкхетамчу вогIуш. И хIун ду хиъна далале:

– Вай, хьайн нана яла хьан, делаI... Хьо-м леш ма воллу! Ой, аса хIинца хIун дан деза? – бохуш, луьйчу зудчун аз хезира цунна.

Халла бIаьргаш дIабиллира цо. Шена уллехь горахиъна Iаш хан яьлла йолу зуда гира цунна.

– Ой, меттавогIуш ма ларьтта хIара-м! – хазахетаран мохь белира зудчуьнга.

Цунна вела а къежна, лаьттах ши куьг а гIортош, даш санна базбелла шен корта а, гIора дайна дегI а халла хьала а айъина охьахуъушехь, кIентан голаш тIе охьаюьйжира зудчо кхуьнан коьрта тIе йиллина хилла тIеда бехчалг.

– ТIаккха, муха хета хьуна? ХIумма а лозий хьан? ХьалагIатталур вуй хьо? – хеттарш дира зудчо, кIентан бIаьргаш тIе яьхкина хиной, хьацарой яшийна месаш шен куьйга хьала а хьокхуш.

И куьг шен коьртах хьакхалушшехь, легашка цхьа тамашийна шад хIоьттина, бIаьргаш чу ларамза ша-шаха хи хьаьдира кIантана.

– Баркалла хьуна... ахьа кIелхьараваьккхи со... Хьо ца хиллехь, велла ваьллера-кх со, – элира цо, зудчун бIаьра а хьожуш.

– Аса-м доккха хIума ца динера, – елакъежира зуда.

– ХIан, хIинца хьалагIаттий вайша? ХIокху сан белшах а тевжаш, хьалагIатта хьажал.

КIант ша хьалагIаьттира. ДегIе жимма ницкъ беанера. ЦIийша дуьзна ши куьг лозура. Амма хIинца когаш кIел ондда латта дара, Iожаллин кхерам дIабаьллера.

Ткъа хIара кIелхьараваьккхина зуда? Iина йисттехь болчу хьуьнан кхоран къоначу диттах ша дIабихкина бухка дIа а баьстина, лаьттахь Iуьллучу шен галин кхаа маьIигах дIабихкира зудчо.

«Ой, ткъа сан чамда мичахь ю? – дагатесира кIантана цIаьххьана. Некъаца дIасахьаьжча, ца гира цунна иза. – Оцу Iин чу

яхна хир ю хьуна, хIета, и», – аьлла, йисте а вахна, чухьаьжира кIант.

Аьрру агIор йолчу цхьана куллах таса а елла, генайоццуш Iуьллура чамда.

Некха тIе бертал охьа а вижна, чукхевдира кIант.

– Ой, ахьа хIун до? Юха а цига чуваха-м ца гIерта хьо? – тIехьаьдира кхунна зуда.

Юхахьаьжна, вела а къежна:

– ХIан-хIа, ца воллу... Чамда ю сан кхузахь, – элира кIанта. ТIаккха, чу а кхевдина, хьалаяьккхира цо боьмаша басахь йолу жима чамда. Иза некъа тIе охьа а йиллина, ченаша юьзна шен коч-хеча куьг тоьхна цIан а дина: – ХIинца со кийча ву-кх, – элира цо.

– Ткъа стенга воьдуш ву хьо? – хаьттира зудчо, шен гали ги а тухуш.

Ша воьдучу юьртан цIе яьккхира кIанта.

– Цигахь гергарнаш, дIаса-м бац хьан? Хьаьнга воьду хьо?

– ХIан-хIа, гергара я вевзаш цхьа а вац суна... Со шу долчу балха вогIуш ву... Лор ву со, – жоп делира кIанта.

– Лор ву-у-у?! – жимма ца теша-а-ш цецъелира зуда. – Ой, иштта къона хуьлу лор?

Доггаха велавелира кIант:

– Къонаниг а хила ца мега лор? Хан яьлчхьана, къанлур ву-кх со а. Вуьшта, хьо тIе ца кхаьчнехьара, къанвала ца кхиа-м дера мегара со, – забар йира цо.

– Кхин тIе ма хIуттийла хьуна иштаниг. Вон некъаш дай хIара тхан некъаш-м. Ларлуш ца хилахь, юьхьIаьржачу-м, дера, хIуттур ву, – элира зудчо. ТIаккха жимма соцунгIа а хилла: – Дана дуй хьан? Мичхьара ву хьо? – хаьттира цо.

И хаттар шега дича, жимма юьхь кхуьйлира кIентан:

– Дац сан да а, я нана а. Со мичхьара ву а, ца хаьа суна...

– Ой, ткъа хьаьнца Iаш ву хьо?.. Хьан кхиийна хьо?

– Сан кхо-диъ шо кхаьчча дуьйна детдомехь кхиъна... Цигара дIа институте деша а вахна.

– Вай, нана яла хьан делаI!.. Ткъа дагадогIий хьуна хьайн да-нана? – хьаьттира зудчо, юьхь тIера бос байна, жимма хийца а луш.

– Хаац, – гIийла велакъежира кIант, – ненан битамаш жимма дагабогIуш санна хета суна... Амма хIетахь дуьйна ткъа шо сов зама дIаяьлла... ХIинца ца йовза а мега суна нана... Вуьшта, сайна евзар йолуш санна-м хета суна и хIинца а...

Зудчун легашка шад хIоьттира. Когаш а цхьа тамашийна малбелира. Дуккха а хIуманаш дагадахкийтира цунна хIокху кIанта... «Ткъа шо сов хан... Коъ-диъ шо кхаьччахьана дуьйна...» боху дешнаш декара цуьнан лерехь. Къаьрззина хьоьжура иза кIанте. «Докка... Сан Докка... – бохура даго. – Иза а хир вара-кх хIинца кхул... ХIан-хIа... Хир вац... ХIара иза хиллал ирс долуш мича яра со...»

– Тхан юьртахь хьайна вевзаш цхьа а вац, боху ахьа? – хьаьттира цо. – Ткъа мичахь, хьаьнгахь саца воллу хьо?

– Хаац суна-м... Шун юьртдас селхана телефонехула ала-м аьлла, суна чохь Iан хIусам лаха аьлла.

– ХIан-хIа... Ца оьшу, цхьанххьа ваха а ца оьшу. Со йолчохь хир ю хьуна хIусам... Сой, сан жима йоIИий бен, цхьа а вац, хьуна, тхан. ЦIийнда лурчах кхелхина сан... Хьо марша... Аса сайн кIант санна лелор ву хьо... Вуьшта, хаац, хьуна тхан хIусам товр ю, яц-м.

Велакъежира кIант:

– Чохь Iен меттиг хилчхьана, башхалла а яцара хIусам-м.

Иштта луьйш-олуш дIадоьдучу цушинна некъо голатуху-чохь цIаьххьана гучуелира йоккха йоцу юрт. Ламанан басенца Iуьллуш йолу иза стоьмийн диттийн заза даьккхина лаьттачу баххьаша хьулйинера.

ЧIогIа хазачу меттехь яра юрт. БIаьргашна хьалха хIоьттинарг Iаламат дукха хаза сурт хиларна, ша волччохь сецира кIант. Меллаша дIасхьа бIаьрг кхарстийра цо. Гобаьккхина лаьтта хьаннаша дукъдина лекха лаьмнаш. ДIанехьа, геннахь, гуш ю хIинца а тIехь ло долчу лаьмнийн рагI. ДIо-о-о бухахь догIу ламанан буьрса хи. Ткъа лакхахь? Лакхахь – сийначу сти-

галахь, бамбин оьланаш санна, шурула-кІайн мархаш. ХІаваъ этІош ловзу олхазарш...

«ХІара ю-кх Швейцари а, Ницца а, дуьненан ялсамани а, – элира цо шега. – ХІун ду-те хьол хаза, сан Кавказ?! Бехк а ца хилла баккхийчийн хьоьга оццул сатийсича а. Ткъа мел атта садеІало кхузахь! ОхІ-хІай, хІара хІаваъ!.. ХІара исбаьхьа Іалам. Тамаш а бац поэташа а, кхиболчара а хьо хестийча а!»

«Сайн Даймехкан мерза илли санна, дукхаеза суна Кавказ!» – дагатесира цунна вевзаш волчу поэтан дешнаш.

– Хьо саца хІунда сецна? Ирча хета хьуна тхан меттигаш? – юхахьаьжира зуда. – Дохко-м ца ваьлла хьо?

– Мичара!.. Ахьа хІун дуьйцу!.. ХІара санна йолу меттиг суна суьрта тІехь а ца гина. И дІогарнаш хІун лаьмнаш ду? – куьг хьажийра цо.

– Башлам олу-кх цунах наха. И хьуна гуш долу ло цкъа а дешаш дац цу тІера.

«Башлам – иза муьлханиг бу-те? Казбек я Эльбрус? Цу шиннах цхьаъ хир бу-кх иза», – ойла йира кІанта.

– Кхузахь йилла езара курорт а, санатори а, – аьлла, юха а дІаволавелира иза.

* * *

– И дІо-о баьццара басар хьаькхна кораш дерш ду-кх вайн цІенош, – куьг хьажийра зудчо, шаьшшиъ юьртан урамехула дІадоьдуш...

– ХІан, дІачувала, – ков дІатеттира цо, уллекхаьчча.

Керта чуволлушехь кІантана гира девзиг хьаькхна цІанйина уьйтІе а, дІанехьо долчу рагІу кІел, «тик-тик-тик» бохуш, котамашка тІекхойкхуш, царна хІоъ туьйсуш йоллу итт-цхьайтта шо кхаьчна хир йолу жима йоІ а, цуьнан когех хьекхалуш лаьтта кІайн-къорза доккха цициг а.

Шена вевзаш воцу стаг кех чуваьлча, юьхьанца цец а яьлла, дІахьаьжира йоІ, амма цунна тІаьхьа чуяьлла зуда гича, шен карара кад охьа а тосуш:

– Мама а йогIу! Мама а йогIу! – аьлла, мохь а тухуш, дуьхьалхьаьдда, нанна мараиккхира йоI.

– ХIара бахам а, хIара доьзал а бу-кх тхан, – шена мараиккхинчу йоьIан коьрта тIе куьг а дуьллуш, кIантехьа а йирзина, елакъежира зуда: – ХIан, вало, чоьхьавала, – хьалха а яьлла, цIа чу йолаелира зуда.

Шен карара чамда учин ламин терхи тIе а йиллина:

– Цкъа чувалале, юьхь-куьг дуьлур дара-кх аса, – элира кIанта.

– Ой, схьавало чу, чохь дуьлур ду ахьа юьхь-куьг.

– ХIан-хIа, со верриг а ченаша вуьзна ву, цкъа жимма цIан ца лахь, – аьлла, шена тIера пиджак дIаяьккхира цо.

Цо иза дIайоккхушехь, цуьнан аьтту пхьаьрса тIе хьаьжжинчохь бисира зудчун ши бIаьрг. Пхьаьрсан голел лакхахь дехо цхьаъий, цунна лахо горга жима шиъий – кхо минга гира цунна.

– Ва-а-а, сан Дела! ГIенах ду-те хIара?! – мохь а болуш, пен санна кIай а елла, гал-галъяьллачу зудчун коьртара йовлакх охьадахара. Ша охьа ца йожархьама, пенах букъ туьйхира цо.

– Нана!.. Ахьа хIун до? Хьуна хIун хилла? – тIехьаьдира йоI.

– Зулпаъ... Зулпаъ... хьан ваша Ахьъяд... Сан кIант, сан Докка ву, хьуна, иза!.. Вай, сан Дела, гIан ма хилийта ахьа хIара, – мохь белира зудчуьнга.

КIантехьа дIакховдийна дара цуьнан дегош долу куьйгаш.

Йовлакхан тIомо дIахьулйина хиллачу зудчун бесни тIехь аьрру лерга уллехь тIеда гира кIантана. Цунна, цIаьххьана дагабеана, бевзира, ша жима волуш куьг хьоьхуш дIабаккха гIиртина пIелг биллал болу и Iаьржа тIадам... Цуьнан балдаш цхьа тамашийна дегийра.

– Нана-а-а! – аьлла, мохь а болуш, бIаьргех хи хьаьдира цуьнан.

ТIеххетта, схьалаьцна, марайоьллира цо, дог а гIелделла, охьаюжуш йоллу шен нана. Вовшахъийра кхаа адаман бIаьргех охьаоьху дуьра, амма ирсе бIаьрхиш...

### Текстана комментари

Кулакаш а бина, доьзалш Сибреха кхалхочу хенахь а, цул тIаьхьа вайн халкъ махкахдаьккхинчу хенахь а, вала да воцуш, дукха бераш берийн цIийнашка дIаделла. Цигахь церан цхьаболчеран цIерш а, фамилеш а хуьйцуш хилла. Спецпереселенцаш хиларе терра, комендантан бакъо йоцуш, нохчийн цхьана юьртара вукху юьрта баха а бакъо ца хилла. Цундела, тIаьхьо гергарчу наха лехча а, ца карош, дукххадолу бераш тIепаза дайна. Царах цхьадерш бен, шайн доьзалшка юха ца дирзина. Ткъа вуьш, хьенан муьлш бу а ца хууш, дисна.

### Ешначух ойла е вай

1. ХIун ойланаш, синхаамаш кхоллабалийти шун дегнашкахь хIокху дийцаро?

2. Дийцаран коьрта маьIна хIун ду?

3. ХIун ойланаш йора Ахьъяда, Iинах чу ца ваха, ша куллах а тасавелла воллучу хенахь?

4. Мохь тоха, орца даккха хIунда ца хIуттура кIант?

5. Ахъядан амалехь шуна уггар дикахеттарг хIун ду?

6. Зулпаъ дика йоI, гIуллакх дарна тIера хилар стен гойту? ХIун масалш далор дара аша дийцар тIера?

7. Пейзажо хIун меттиг дIалоцу дийцарехь?

8. Муьлхачу билгалонашца девзира наний, кIанттий?

9. Дийцаран цIе цуьнан чулацамца йогIуш юй? Ткъа аша хIун цIе туьллур яра хIокху дийцарна?

### ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай

1. Дийцаран коьрта турпалхо Ахъяд, шен кхо-диъ шо долуш дех-ненах къаьстина, ша хьалакхиъна. Шуна хетарехь, оцу халачу хенахь ца вовш хьалакхиа гIо динарг мила ву цунна?

2. Халачу хьоле нисвелла кIант, басеца къийсина ца Iаш, шен амалца а къийсам дIахьош ву. Дийца цунах лаций.

3. Ша кIелхьараваьккхинчу кIантаца нохчийн къоман амалца догIу муьлха гIиллакх лоцу зудчо?

### Дийцаран исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Дийцаран долор, чекхдалар цхьана хилам тIехь нисло (басах тасавелла воллу кIант – долор, дог гIелделла охьаюжуш йолу шен нана кIанта, тIекхетта, схьалацар – чекхдалар, дерзор). ХIун маьIна ду цуьнан?

2. Турпалхочун ойланехь дIабоьду къовсам кIаргбарехь хIун меттиг дIалоцу пейзажо? Дуьхь-дуьхьал маьIнехь (контрастехь) гайтина уьш яздар-хочо. Мича Iалашонца?

3. Ламанца Iуьллучу юьртан исбаьхьа сурт хIоттийна яздархочо. Цу кепара хаза сурт хIоттор хIун маьIна долуш ду?

4. Монологех а пайда эцна авторо шен произведенехь. Уьш хIунда юкъаялийна яздархочо? Стенна оьшу цунна уьш?

### Вайн мотт кхиабо

1. Доцца, цхьана дашца-предложеница дийцаран коьрта чулацам бил-галбе: «ХIара дийцар …»

2. *Легашка шад хIоьттира* фразеологизман маьIна даста.

3. Дийцаран коьрта хиламаш дага а лаций, план хIоттаяй, цунах пайда а оьцуш, боцца схьабийца произведенин чулацам.

### Культурийн диалог

«Сайн Даймехкан мерза илли санна, дукхаеза суна Кавказ». ГIараваьллачу оьрсийн поэтан Лермонтов Михаил Юрьевичан «Кавказ» стихотворени тIера далийна ду Саракаев Хьамзата и могIанаш шен дийцар тIехь.

Дийцар тIехь Iаламан хIоттийна сурт Лермонтовн, Пушкинан могIанаш-ца дуста.

### Билгалйинчу теманашна проект кхоллар

1. Шайна хетачу кепара дийцаран юьхь а, чаккхе а язъе.

2. Дийцарца йогIу иллюстрацеш харжа.

**АРСАНУКАЕВ**
**Шайхи Абдулмуслимович**

***(1930 – 2012)***



*Синтем боцу дог сан кийрахь*
*детталуш мел ду,*
*Даймаххкана гӀуллакх дан а даим кийча ву.*

Халкъан поэт Арсанукаев Шайхи дика вевзаш ву вайн махкахь. 1960-чу шерашкахь хаза доладелира нохчийн поэзехь къоначу поэтан аз. ХӀетахь дуьйна, шен чулацамца шорлуш, поэтически говзаллица хазлуш, вайн деношка схьадеара и аз.

Шайхи вина Дишни-Веданахь 1930-чу шарахь 15-чу августехь хьуьнан белхалочун доьзалехь. Циггахь вахна школе, амма чеккхъяккха ца кхиъна.

1944-чу шеран 23-чу февралехь дерриг къомаца цхьаьна махках-ваккхар бахьана долуш, къастийра винчу махках.

1949–1952-чу шерашкахь цо доьшу Семипалатинск-гӀаларчу финансови техникумехь, ткъа Даймахка цӀавирзинчул тӀаьхьа, 1968-чу шарахь, чеккхъяккхира Нохч-ГӀалгӀайн хьехархойн институт.

Белхаш бина финансови органашкахь, районерчу газетан редакцехь, Нохч-ГӀалгӀайн книжни издательствехь, «Орга» журналехь.

Шайхин поэзе болу безам гучубала болабелира иза школехь доьшуш волуш. Дуьххьарлера стихотворенина зорба тоьхна 1959-чу шарахь. ХӀетахь дуьйна газетийн, «Орга» альманахан агӀонаш тӀехь а, гуларш тӀехь а зорба етта цуьнан стихашна.

Арсанукаев Шайхи нохчийн поэзе шен корматалла, говза дош долуш веара. Цуьнан корматалла кхиъна нохчийн классикийн Бадуев СаьӀидан, Мамакаев Мохьмадан, Мамакаев Іаьрбин поэзи тӀехь.

Цуьнан духхьарлерачу поэтически гулар тӀехь билгалъевлира цуьнан поэзин коьрта теманаш а, гучуделира кхолларалин коьрта

турпалхо а: адам, безам, истори. БІаьрла гуш дара кхолламаллин хатІ, шера ритмика, кхелина дош.

Арсанукаев Шайхин кхолларалин некъ бекъало кхаа муьре.

Хьалхара (герггара а иттех шо) – 1970-чу шерийн юьхь а, чаккхе а.

ШолгІа – 1971-чу шарера 1981-чу шаре кхаччалц.

1982–2000 шераш – поэтан кхолларалин кхоалгІа мур. ХІокху муьрехь кхиъна йогІу цуьнан поэзи, хІокху муьрехь кхуллу цо шен яккхийра эпически произведенеш: исторически поэмаш, повесташ, стихашкахь роман. Уьш ю: «Хан-гІала», «Захар», «Тимуран тур», «Кхолламан сизаш», кхиерш. Шен эпически произведенешкахь цо шуьйра пайда оьцу нохчийн халкъан барта хьекъалх, цуьнан кепех, вастех, наггахь – турпалаллин иллин дІахІоттамах.

Нохч-ГІалгІайн книжни издательствехь арахецна Шайхин стихийн, поэмийн книгаш: «Лаьмнашкахь Іуьйре» (1965), «Безаман шовда» (1967), «ЦІеран суй» (1969), «Новкъахь» (1970), «Керла де» (1980), «Кхолламан сизаш» (1987), «Лаьмнийн иллеш» (1991), «Сийна гене», «Уьш хийца тарлуш дац» (2009).

«Тимуран тур» стихашкахь повестан а, ткъа иштта нохчийн литературехь дуьххьара стихашкахь язйинчу «Кхолламан сизаш» романан а автор ву Арсанукаев Шайхи.

Кхечу меттанашкахь, дозанал арахьа цхьаьна, зорбане йийлина цуьнан стихаш.

Арсанукаев Шайхи дахарехь а, поэзехь а цхьаъ вара: дукха бІаьрлаваьлла, мохь а ца бетташ, цхьанаэшшара долчу боларца, шел сихачарна некъ а луш, юха царал хьалха а вуьйлуш.

Даймехкан сийдар, цуьнан дуьхьа шен вахар, са дІадала кийча хилар – иза ду цуьнан поэзехь къеггина гуш дерг. Цуьнан кхолларалехь уггар хьалха хаалург цуьнан къинхетамах, адамашка, Іаламе болчу безамах дуьзна долу дог ду.

Шайхи поэт-интернационалист, гуманист ву. ТІамна а, къизаллина а дуьхьал гІотту поэт шен стихашкахь.

Цуьнан кхолларалин белхан лаккхара мах хадийна. Иза Нохч-ГІалгІайн АССР-н культурин хьакъволу белхахо а, халкъан поэт а, Нохчийн Республикин сийлахь гражданин а ву.

Догдикалла, комаьршалла, къинхетам – уьш яра цуьнан коьрта адамаллин амалш.

Кхин хIумма а ца язйича а, цуьнан «Ненан мотт» цIе йолу цхьа стихотворени тоьур яра поэтан цIе нохчийн литературехь тоьллачу яздархошна юккъехь яккхийта. «Ненан мотт» нохчийн маттана шатайпа шатлакхан илли ду вайн литературехь. Оцу стихотворенина буха куьг яздийр дара аьлла хета ша бакъ нохчи лоручу муьлххачу а стага.

## МОХКБЕГОР

ЦIаьххьана кхерийна,
Лаьттан дегI дегий.
ЭхI, Латта, дийцахьа хиллариг хьайна.
Алахьа,
ХIун цатам хилла хьо дегий?
Я дог хьан лазий-те,
Харцо ца лайна?
Я атом иккхина мархаш гин гIенах?
Я жима бер гин-те, къаьстина ненах,
Дестечун маьхьаро дина ша хьере,
ЦIеначу бIаьргаш чу гIоьртина кхерам?

Алахьа, хIай Латта,
ХIун гира хьуна:
ДоттагIчо тешнабехк
Бин доттагIчунна?
Я меттахь дIатесна
Шайн нана къена,
СапаргIат баха-те кIентий дIа гена?
Я къона безам гин осалчо Iехош?
Я поэт воллура харц дешнаш лехьош?
Бендоцуш лелачийн гин аьрта яххьаш?
Я гин-те тIехьашха тоха урс айдеш?

ЭхI, маржа-яI, Латта,
ХIун хили-техьа?
Со орцах вер ву-кх, хьо
Дега ма дехьа...

**Ешначух ойла е вай**

1. Муьлхачу синхаамех юьзна ю хIара стихотворени?

2. Поэтан хIун сингаттамаш бу Iаламан хиламна тIехьа гуш?

3. Муьлха халонаш, харцонаш нисло адаман дахарехь?

4. Стихотворенехь цхьа мохкбегор бийцина ца Iа поэт, цо гойту дуьнен тIехь хуьлуш болчу бохамех лаьцна. Реза дуй шу хIокху аларца? Шайн жоп тIечIагIде.

5. Лаьтта тIехь бохамаш ца хилийта, хIун дан деза?

6. Адамийн амалехь долу муьлха сакхте хIуманаш ду поэто Iорадохурш?

7. ХIун тайпа ойланаш кхоллайолуьйту стихотворенин чулацамо?

8. Халкъалахь муха дуьйцу, маца бегош хуьлу мохк?

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Шен стихотворенехь рефренах пайда эцна авторо: *эхI, Латта, алахьа* боху дешнаш юх-юха а далийна, жимма хийцарца. Дийца, хIун маьIна долуш юкъаялийна и кеп авторо.

2. Муьлхачу дешнех алсам пайда эцна авторо шен кийрахь IаьIна сингаттам бовзийтархьама?

3. ХIун эр дара аша стихотворенин форманех лаьцна? ХIун ду иза кхечу ламасталлин стихотворенех къастош дерг?

**ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай**

1. Муьлха синъоьздангаллин мехаллаш хьахийна шен стихотворенехь авторо? Да-нана дIатасар, харцо яр, ненах бер даккхар, тешнабехк бар аша муха тIелоцу? Цу хьокъехь шайна хетарг ала.

**Вайн мотт кхиабо**

1. *Аьрта яххьаш* дешнийн маьIнех муха кхета шу? Синонимаш даладе оцу дешнашна.

2. ТIедерзарш алсам далийна поэто шен стихотворенехь. ХIун гIуллакх кхочушдо цара поэтан ойла йовзийтарехь?

**Культурийн диалог**

Стихотворенин лирически турпалхо Лаьтта тIехь бохам ца хилийта орцахвала кийча ву. Кхечу къаьмнийн культурехь дуй и ламаст? Дийца цунах лаций.

**Билгалйинчу теманашна проект кхоллар**

Арсанукаев Шайхин кхолларалла йовзийтаран суьйре вовшахтоха.



## ОКУЕВ
## Шима Хамидович

***(1937 – 1986)***

*Исбаьхьа сан Даймохк!*
*Хьан халкъан суй хилла,*
*Хьан дуьхьа вага*
*Кийча ву со валлалц,*
*Хьанала вецаш.*

Окуев Шима 1960-чу шерашкахь веара нохчийн литературе. Вайн халкъан дахарехь шатайпа меттиг дІалоцу шераш дара уьш, Сибрехахь баланаш, гІайгІанаш лайна адамаш Нохчийчу цІа дерза бакъо хилла даккхийдина а ца довлуш.

Шатайпа синхаам бара литературехь а. Окуев Шимина дика евзара мехкан истори, дукхабезара шен мотт. Цуьнан ден дай бара оцу историн дакъалацархой.

Окуев Шима вина 1937-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь гІуллакххочун доьзалехь. ВорхІ шо кхаьчча махкахваьккхина шен халкъаца шийлачу Казахстанан аренашка. Цигахь чекхъяьккхина Шимас ворхІ класс. КхидІа деша аьтто цахиларна, шахте болх бан вахна.

Даймахка цІавирзинчул тІаьхьа тайп-тайпана белхаш бина райкомехь, редакцехь, школехь, 1973-чу шарахь ша халачу цамгаро лаццалц. Бакъду, кхолларалин болх дІа ца тесна цо.

Окуев Шима литературе валийнарг хьомечу махке, шен халкъе болу безам бара.

Шима яздан волавелла школехь доьшуш волуш, амма цуьнан произведенеш зорбане 1957-чу шарахь бен ца евлла.

«Сан Шуьйта» – иштта цІе яра Окуев Шимин 1962-чу шарахь араяьллачу дуьххьарлерачу поэтически книгин.

Цу тIерачу шен стихашкахь къоначу яздархочо дуьйцура Даймахках лаьцна. Даймехкан Iалам гайтинчул тIаьхьа Шимас шорбира шен тидамехь болчийн го. Иза оцу Iаламехь дехачу адамийн амалш, леламаш гайта гIоьртира.

Ткъе итт шарахь сов болчу шен кхоллараллин новкъахь дахар ма-дарра гайтаран кеп ца хуьйцуш, мелла а и кIаргъеш, шаръеш, тоеш схьавеара иза. Шимас язйина «ЧIиро бехдина сий», «Чора» прозаически книгаш. ДIай юьртарчу забарчин, илланчин Чорин леламаш боьшуш йоьлура ерриг Нохчийчоь.

Окуев Шимин кхоллараллин керла тIегIа хилла дIахIоьттира «Лай тIехь цIен зезагаш» цIе йолу цуьнан дуьххьарлера роман. XX бIешо долалучу хенахь ламанхойн дахар, шайн маршонехьа цара дIабаьхьна къийсам гойтуш ю иза. Цул тIаьхьа Нохч-ГIалгIайн книжни издательствехь араевлира цуьнан йоккхачу роман-трилогин книгаш: «Юьхь» (1985), «ЦIий, латтий» (1987), «ТIаьххьара верас» (1993).

Оцу произведенешкахь Окуев Шимас вайн махкахь хилла революци а, граждански тIом а гайтина. Къаго я хаздан а ца гIерташ, ма-дарра дахар билгалдаккхар яра цуьнан Iалашо.

Окуев Шимин кхоллаpалла – иза ламанхойн дахар, нохчийн халкъан къийсам (цкъа хьалха паччахьна дуьхьал, юха – советан Iедалца), Даймахках, цуьнан хазаллех, цуьнга болчу безамах долу зевне илли ду. Ламанан шовданаш санна, поэтан деган кIоргенашкара хьалагIертара и могIанаш. Шен дерриг дахар цо дIаделла нохчийн къоман литература кхиорна.

## БIАЬСТЕ

Юха а басешца
Зезагаш девли,
Техкарца Iенадеш
БIаьргара тхи.
Стигалахь айбелла
Малх серлабели,
ЗIенаршца лалийна,
Лаьхкина хиш.

Барт бахарх бІаьрг бузац
БІаьстенан духарх,
Дерриг а хазделла,
Къарзделла ду.
Шовданийн эшаршка
Мел аса ладегІарх,
ГІел ца луш, дахарах
Воккхавеш ву.

Юха а Органна
Йисте а ваьлла,
Сайн Даймохк
Иллешца хестош со ву.
Нохчийчоь, со – хьан кІант,
Хьох дагаваьлча,
Массарал ирс долуш
Со хеташ ву.

Сан дог а, массанхьа
Декъа а делла,
Хьан дагца, лаьмнашца,
Аренца ду.
Кхеттачу малхаца
Лакха а даьлла,
Хьо хьоьстуш, зІенаршца
Чухьоьхур ду!

Юха а къоналле
Сан дахар дирзи,
ГІел ца луш бекачу
Мукъамца шен.
Юха а безаме,
Кхойкхучу ирсе,
Сан даго берзий шен
БІаьстенан бен.

Вай, марша я хьо,
Сан хьомсара бIаьсте!
Вай, хьо я малхаца!
Машарца я!
Хьайга сатийсина
Сан дог ахь хьаьсти.
Иллешца кхевси цIе,
Йиш йоцу ян.

**Ешначух ойла е вай**

1. Муьлхачу синхаамех юьзна ю стихотворени?
2. БIастенан юьхь муха гайтина стихотворенехь?
3. Ша массарал а ирс долуш маца хета лирически турпалхочунна?
4. Муха хестабо поэто шен Даймохк?
5. БIаьстено хIун тIеIаткъам бо лирически турпалхочунна?
6. Стихотворенехь йолучу бIаьстенан суьрташ цхьаьнадогIий Iаламехь хуьлучаьрца?
7. ХIун керланиг дохьу адаман дахаре бIаьстено?

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Схьалаха текстехь эпитеташ, олицетоворенеш, метафорш. Ойла е, цара мел таро елла поэтана йолучу бIаьстенан къеггина сурт хIотто.

2. Поэтан хIокху могIанех муха кхета шу?

Сан дог а, массанхьа
Декъа а делла ...
Кхеттачу малхаца
Лакха а даьлла,
Хьо хьоьстуш, зIенаршца
Чухьоьхур ду!

3. ТIаьххьарчу строфахь айдарца билгалдина дешнаш дIадеша. И дешнаш хIунда къастийна авторо цу кепара? Тидам бе авторан оцу могIанашкахь йолчу интонацин, синхаамийн.

4. Стихотворени шина декъе екъалуш ю: суртхIоттор а, ойлаярца вокхавер а. Схьалаха уьш текстехь. Ойла е, стихотворенин ишттачу дIахIоттамо мел гIо до цуьнан коьрта ойла йовзийтарехь.

**Вайн мотт кхиабо**

Стихотворенех пайда а оьцуш, шаьш долчохь бІаьсте муха йолу, схьадийца шайн дешнашца.

**Культурийн диалог**

Тютчев Федоран я Фет Александран Іаламах лаьцна йолу цхьа стихотворени юста Окуев Шимин «БІаьсте» стихотворенница.

**Билгалйинчу теманашна проект кхоллар**

Шайн поэтически жима гулар кхолла (иттех сов стихотворени), цу юкъа яхийта Іаламах лаьцна йолу нохчийн поэтийн стихаш. Дешхьалхе а язъе цунна, иллюстрацеш харжа (я шаьш дахка суьрташ), поэтех лаьцна хаамаш а балабе. Гулар йовзийтар (презентаци) классехь дІахьо.

**ХIун Іемина вайна**

1. Юххера, дагца хаа а луш, хьомечу мехкан аматаш довза а, ган а, тайптайпанчу Іаламан хиламех дийнна сурт хІотто.

2. Йолучу бІаьстенан сурт хІотто, цуьнан дерриг басарш а, исбаьхьалла а гойтуш.

## ОЛИЦЕТВОРЕНЕХ ЛАЬЦНА

Яздархойн йозанехь вайна гонаха йолу хIуманаш денло: *хIорд садеIа болало; тулгIенаш, уьдуш, бердех етталуш, хьестало; хьун, йогIалой, ладегIа хIутту; бецаш махца шабаршка юьйлу; Іаьмнаш генарчу аренашка хьийса дуьйлало.*

Поэтически вастийн оцу туьйранерачу дуьненахь массо хIуман тIехь деладалар, массанхьа дахар ду. Вай теша дуьйлало, *урх ийзош, екаеш гаьллаш, буьйса шен дин сецош хиларх а; стигалара чукхийдаш, лаьмнаш а хьаннашна барт бохуш хиларх а.*

Яздархоша шаьш сурт хIотточу хIуманехь схьалоху адамца тера догIург, олицетворенеш а кхуллуш.

ХIокху тропо таро ло чохь садоцчу хIуманашка адамо бен дан йиш йоцург кхочушдайта. ДІадеша хIара могIанаш. Тидам бе, муха гайтина ю Іаьржачу Іома тIе хIоьттина буьйса: *«Ткъа сарахь, гара хIоттийна куьзга санна, маццаа къеги Іам. Буьйса-м хIинца цунна тIе а хIоьттина лаьтта, цуьнан Іаьржачу хи чу а хьоьжуш».*

ХIун тайпа сурт хIутту шун кхетамехь и могIанаш доьшуш? Далор вай кхин а могIанаш:

Юха а басешца
Зезагаш девли,
Техкарца Iенадеш
БIаьргара тхи.
Стигалахь айбелла
Малх серлабели,
ЗIенаршца лалийна,
Лаьхкина хиш.

Вайна ма-гарра, лакхахь далийначу могIанашкахь чохь садоцу хIуманаш, Iаламан хиламаш, адамех тарйина, цуьнан амате ерзийна гойтуш ю. Цара гIо до буьйсанан исбаьхьалла гайтарехь.

Буьйса лаьтта Iома тIе а йогIаелла, адам я кхин чохь садолу цхьа хIума санна.

Ткъа зезагаш гайтина доьлхуш лаьттачу адамех тардина. Суьйренца жаIуьно лоьхкуш схьагулдо жа санна, шен зIенаршца лалош, хиш лоьхкуш бу стигалахь болу малх. Иштта башха сурт хIоттийна «БIаьсте» стихотворенехь Окуев Шимас.

*Оцу тайпана, адамна санна, садоцчу хIуманна тIедерзош дош аларан исбаьхьаллин кепах* ***олицетворени*** *олу.*

Исбаьхьаллин суртхIотторехь доккха маьIна леладо цо.

**ТIедиллар**

Лахахь ялийначу байташкахь олицетворенеш билгалъяха:

Ломан белш тIе йоьза алу Iенош,
Белакъежа сарахь къона бутт.
Наб озийна тийна Iаьмнаш лепош,
КIеда хьоьсту батто бецан хутт.

*(Сайдуллаев Хь.)*

Мекха егош, жIаьвнаш етта,
Лаьттах ешна, гIура къаьста.
Ког ма-боллу, маса едда,
Винчу юьрта йогIу бIаьсте.

*(Дикаев М.)*



## КИБИЕВ
## Мусбек Магомедович

*(1937 – 1998)*

Литературе вогӀучу муьлххачу а яздархочо, шен корматалле хьожжий, къастабо шиннах цхьа некъ: я шел хьалха баьхначу яздархошна карийначу бустамех пайда а оьцуш, юьйцу шен ойланаш, я керла кепаш, гӀирсаш юкъабалабо. ШолгӀа некъ хала, хьийзаме бу.

Поэт Кибиев Мусбек и шолгӀа некъ хаьржинчех ву.

Иза вина 1937-чу шеран 7 августехь Веданахь. Дешна Горький А.М. цӀарахчу Литературин институтехь, белхаш бина Веданан кӀоштан газетан редакцехь, «Орга» журналехь.

Атта ца хилла Кибиев Мусбекан поэзе боьду некъ. Халкъан барта кхолларалла дукхаезаш хиларе терра, ярташкахула лелла хинволу поэт туьйранаш, иллеш, шира хабарш, эшарш дӀаязъеш. Стихаш язъян Ӏемина и, цо ма-баххара, «оьрсийн къоман а, кхечу къаьмнийн а поэташкара». Уггар дукхавеза поэт а, къонах а Мамакаев Ӏаьрби лорура цо.

Чолхе мур дӀабаьллачул тӀаьхьа вайн махкахь шуьйра йовза йолаелира Кибиевн поэзи. Цо таро елира цунна тӀаьххьара а Нохч-ГӀалгӀайн Пачхьалкхан совгӀатан лауреат хила.

Нохч-ГӀалгӀайн книжни издательствехь араевлла цуьнан стихийн, поэмийн цхьамогӀа книгаш: «Наьрташ» (1962), «Ши зама» (1964), «Лаьттан куьзга» (1984), «Хьекъалан бохь» (1992), «Хаьржинарш» (2012).

Кхечу поэтийн стихех тера йоцуш, шатайпа хатӀ а, философски маьӀна а долуш ю Мусбекан поэзи. Ӏаламан суьрташца лирически турпалхочун синхӀоттам гайта а, дахаран билггал болчу хиламех билггал долу цхьа философски маьӀна даккха а гӀерта поэт шен стихашца.

Шен стихашкахь иза цхьа халкъ я цхьа мохк, ур-атталла, дерриг а вайн латта а юкъаоьзна ца Іа. Поэтан ойла кхийда стигала, седарчашка, кхидІа а. Цуьнан поэзи – иза дахарх, Іаламах, хьомечу махках лаьцна ойланаш ю. Поэзи цуьнан дахар дара. Маяковский Владимиран дешнашца шех ала йиш йолуш вара Мусбек а: «Со поэт ву. Цундела ву самукъане».

Поэт хиларал сов, публицист а вара иза. Шен кхиарехь лаккхарчу тІегІан тІе яьлла схьайогІура цуьнан кхолларалла. Кхочушдан дагалаьцна кхин а дуккха а дара. Амма ца кхиира, къизачу Іожалло хадийра поэтан дахар.

Ешархойн хІора тІе мел кхуьучу чкъураца юха а, юха а схьавогІур ву иза шен исбаьхьчу кхоллараллица. Адамийн дегнашкахь ваха сатесна вара иза. Иза иштта хир ду аьлла тешна ду вай.

## МЕТТАН СИЙ

Цинцашка декъалой, бердах
Хецало чухчари санна,
Даточу цинцех бу тера
Нохчийн мотт муьлххачух вайна.

Аганахь хийла тхо техкий,
Хьо буьйцуш наноша, дайша.
Заманах чехка чекхбевлла,
Уьш дІатий, дитина вайша!

Ткъесан шад хьоьх ян ца дезна,
Шаьлтанах баттара баха,
Къонахийн гІиллакхе боьрзу
Нохчийн мотт – буьйцург вайнаха.

Туьран чов йирзина, олу,
Меттан чов йоьрзуш яц цкъа а!
ГІиллакхан новкъа бер долу,
Нохчийн мотт бийца ша даккхахь.

Дахаран гIиллакхийн кхерчахь,
Оьзда дош олучу меттехь,
ГIиллакхан собарца керча
Нохчийн мотт, кхеттарг хьоьх кхеттехь.

Нохчийн мотт, хьан дош а олуш,
Хийла тур баттара даьккхи,
Мурдаша – дашца дош кхолуш! –
Маршонан паргIато яьккхи.

И куьзга ду, хьуна, эшахь,
Нохчийн мотт – буьйцург вайнаха:
Лом гIотту хьо буьйцуш, теша,
Куьзганахь, кийрахь, вай даха!

Буьрса тIом кхеххкабо дашо,
Ткъесан хIоз туьрах бо тIаккха,
Дато а, дашо варкъ дашо,
Нохчийн мотт бийца ахь баккхахь.

Саьхьарчу иллешкахь бекна
Нохчийн мотт – маршонах ала!
Дахарца Iожалла екъна
Нохчийн мотт сий дарца кхала!

Назманчас назманаш олуш –
Пайхамар, асхьабаш базбеш,
Нохчийн мотт, синхаам болу
ТIемашка, хьо матто хазбой.

Мотт цIармат буьйцучех къехкаш,
Лийр бар-кха къонахий тахна,
ШозлагIа лийр бар-кха, кхехкаш,
Дог лоцуш, берд эккхаш санна.

Мотт хууш доцу вай вешан
Лелачу гӀиллакхах доьхна,
Лийр вар-кха къонах, ца вешаш,
Дог эккхаш, дагах катоьхна.

Хийла цӀий Іенийна дайша,
Цамзан тӀехь накха а сецош,
Хьан, сан сий, нохчи, ца дайа,
Бахна уьш Іожалла эцна.

Меттан сий, вайн сий ца дайа,
ТӀеман лар юьлуьйтуш хица,
Дитна сий дайша, ден дайша,
ХӀай нохчи, доькъуш дерг хӀинца.

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. ХӀун тайпа дешнаш даладо поэто нохчийн маттах лаьцна, стенца бусту цо иза?

2. «Туьран чов йоьрзуш хуьлу, меттан чов цкъа а ца йоьрзу» дешнех муха кхета шу? МаьӀна де церан.

3. Нохчийн мотт хууш волчу стеган карахь дерг хӀун тайпа герз ду, боху поэто?

4. Нохчийн мотт къоман куьзга а, дог иракарахӀоттош болу гӀирс а хилар стен гойту? Аьлларг тӀечӀагӀде масалшца.

5. Пайхамар а (І. с. с.), цуьнан асхьабаш а базбеш нохчийн маттахь олуш йолчу назманаша хӀун синхаам бо дагна?

6. Нохчийн меттан сий дойуш, и цӀармат буьйцурш муха емалбо поэто?

7. Мотт а, гӀиллакх а. ХӀун тайпа уьйр ю цушинна юккъехь?

8. Вайн дайша, ден дайша муха лардина меттан сий? Вайна хьалха лаьттарг хӀун декхар ду?

**Вайн мотт кхиабо**

1. Дийца, хӀун дийр ду ахьа меттан сий лах ца далийта.

2. «ХӀунда деза меттан сий дан?» темина сочинени язъе.

## Культурийн диалог

Нохчийн мотт хесторца цхьаьна, авторо шен махке а, халкъе а болу безам гойту. Халкъан, мехкан, историн билгало хуьлий дӀахӀутту иза. Юста Кибиев Мусбекан стихотворени оьрсийн яздархочо Тургенев Иван Сергеевичан прозехь язйинчу «Оьрсийн мотт» стихотвореница. Хьажа, цхьатера буй цушиннан матте болу хьежам.

## Билгалйинчу теманашна проект кхоллар

1. Нохчийн поэтийн маттах лаьцна йолу стихотворенеш схьа а лахий, альбом кечъе.

2. Уггар дика стихаш йоьшуш верг къастош къийсадаларш дӀахьо классехь.



# ДИКАЕВ
## Мохьмад Джунаидович

*(1941 – 1979)*

*Нохчо ву со...*
*Нохчийн маттах, нохчийн махках*
*Берахь дуьйна дозал дина.*

Дикаев Мохьмад нохчийн литературе веара ламанан чехка хи санна. ВоггIушехь, массарна а везавелира, хIунда аьлча цуьнан поэзино ешархочуьнца зевнечу, шовда санна цIеначу озаца дуьйцу дела. Малхах юьзна йолчу цуьнан стихашкахь гучуйолура цуьнан синтеме йоцу сиха амал.

Дикаев Мохьмад вина 1941-чу шарахь 1 сентябрехь Соьлжа-ГIалахь. Нохчийн халкъ махкахдоккхучу хенахь кхо шо а кхачаза волу Мохьмад винчу лаьттах къастийна. Генарчу Казахстанан аренашкахь дIаяхна цуьнан бералла.

Вайнах Даймахка цIабирзинчул тIаьхьа цо доьшу цкъа хьалха школехь, тIаккха Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан хьехархойн институтехь. Иза кхиамца чекх а йоккхий, аспирантуре деша а воьдий, ша дешначу институтехь хьехархочун болх бо Дикаев Мохьмада.

1960-чу шерашкахь билгалволу иза поэт санна. Дикаев Мохьмад нохчийн халкъ цIадерзочу, деллачуьра денлучу, меттахIуттучу муьрехь цIеяьккхина поэт вара. Зорбанехь арайолу цуьнан поэзин кхоъ книга: «Нохчичун хIусам» (1965), «Догу сан дог» (1967), «Деган мерзаш» (1971).

Дикаев Мохьмада поэзехь яьхна гIулчаш гинарг а, уьш декъалйийнарг а вара нохчийн сийлахь яздархо Мамакаев Мохьмад. Шен аз, шен

хатI хиларца билгала вара Дикаев Мохьмад. Цуьнан поэзи гергара яра нохчийн халкъан эшаршна. Иза ларамза а дацара, хIунда аьлча хаддаза къоман эшарш дIаязъеш а, уьш толлуш а вара Мохьмад. Нохчийн эшарех лаьцна язбина Iилманан болх а бу цуьнан.

Дикаев Мохьмадан поэзин коьрта теманаш Даймохк, халкъан маршо, цIена безам, Iалам яра. Мохьмадан да Жунид Нохчийчохь дика вевзаш пондарча хилла, цуьнан мукъамашший, ненан узамашший бу поэтан дагчу Даймехкан васт диллинарг. Ша оццул сатийсинчу хьомечу Даймахках, шена дезачу нохчийн халкъах, нене болчу безамах, дайн гIиллакхех, ламастех лаьцна дуьйцура цо шен стихашкахь.

Дикаев Мохьмадан стихех, хIораннах а аьлча санна, халкъо олуш долу иллеш хуьлу. Ша лирикин поэт велахь а, цуьнан дукха а стихаш ю хIетахьлерачу Iедална, юкъараллин хетачунна дуьхьал гIаттам беш.

Цуьнан поэзехь къеггина гуш нохчалла яра. Цо дукха дуьйцу шен произведенешкахь «нохчий» боху дош, дукха хаало цуьнан поэзехь къомах дозаллаш дар. Синойн паргIато йихкина зама уггар чIогIа чIагIъелча цо язйо «Нохчо ву со» боху стихотворени.

Мацах цкъа нохчийн къонахий кIоргачу берда тIе шайн дой хоьхкуш, уггар бердан йистехь сецнарг тоьлла а лоруш дIахьош хиллачу къовсамах тера хIума дара Мохьмада хIетахь шена тIелаьцна дIакххехьнарг. «Акха ю» бохуш, Нохчийчоьнах кхаьрдачарна лерина ю цуьнан «Къинхетаме Нохчийчоь» цIе йолу стихотворени. И стихотворени хIетахьлерачу Iедална дуьхьалтоьхна бакъдолчух, махке, халкъе болчу безамах дуьзна къонахчун ондда дош ду.

Дикаев Мохьмад къегина вара шен сирлачу поэзица, амалца. Цо нохчийн поэзи шен кхолларааллица кхин а лакхарчу тIегIане яьккхина.

## КЪИНХЕТАМЕ НОХЧИЙЧОЬ

Балано бIарзйина
ГIазотан Нохчийчоь!
Хьох, акха ю бохуш,
Къиххкина хийла нах.
Ма бIаьрзе хилла уьш,
Ахь хьосту бер ца гуш,

Хьан дагца хьаьрчина
Къинхетам ца хаълуш,
Ца хууш, йоьхначу
Буьйсанна ахь дохурш
Къонахчун синош дуй,
Ахь къуьйсу паргIато
Вайнехан безам буй.
Балано бIарзйина
Обаргийн Нохчийчоь!
ГIазото хьан деган
Къинхетам къийлина,
Кавказан тIамо хьан
Стогарш чуийзина,
Амма хьо доьналлех
Яккха ницкъ ца хилла!
Хьан бартан, безаман
Йогу цIе суна го –
Хьох, маьрша Нохчийчоь,
Сан даго дозал до!

**Ешначух ойла е вай**

1. Дийца, хIун тайпа ойланаш кхоллайолуьйту стихотворенин чулацамо.

2. Стенах дозалла до стихотворенин лирически турпалхочо?

3. «Къинхетаме Нохчийчоь» цIе хIунда тиллина авторо шен стихотворенина?

4. Нохчийчоь акха мохк бу баьхначарна муха жоп ло поэто?

5. «ГIазотан Нохчийчоь! Обаргийн Нохчийчоь!» могIанех муха кхета шу?

6. МаьIна де могIанийн:

Кавказан тIамо хьан
Стогарш чуийзина.

7. Поэто Нохчийчоьнах дозалла ден могIанаш, схьа а лахий, дIадеша.

8. Шена хьоме болу мохк хьастар тIехь муьлха дешнаш карадо поэтана? Масална даладе и дешнаш.

9. Дагахь Iамае стихотворени.

### Текстана комментари

Нохчийн халкъана шайн махка цIадерза бакъо еллехь а, хIетахьлера Iедал вайн къам, боцу бехк тIера а баьккхина, маьрша дахийта дагахь дацара. Кест-кеста хезара тайп-тайпанчу хьаькамашкара: «Шу бехке доллушехь, къинхетам бина шух». Iедална ца оьшура нохчийн бакъйолу литература, истори, культура. Оцу заманахь вуно оьшуш дара вайн къам Советски Союзан къаьмнийн магIарехь ду бохург юкъараллехь чIагIдар, хIунда аьлча хIетахь вайн къомах волу стаг шена луучу деша а, балха а ваха йиш йолуш вацара. Дикаев Мохьмада оцу къизачу Iедална дуьхьал аьлла дош ду «Къинхетаме Нохчийчоь», «Нохчо ву со», «Дог, аьлча а, аьрха дин» стихотворенеш.

### ГIиллакх-оьзданаллин хаттарш дийцаре де вай

1. ХIун маьIна дуьллу аша хIокху кхетамашка: маршо, доьналла, къинхетам? И кхетамаш муха къастийна стихотворенехь?

2. Шуна хетарехь, цу хенахь кху кепара стихотворени язйина поэт доьналла долуш вуй?

### Вайн къамел кхиадо

1. Боцца стихотворенин чулацам схьабийца: «ХIара стихотворени ...»

2. Муьлхачу дешнашкахь хаалуш бу лирически турпалхочун Даймахке болу безам? *Нохчийчоь* дашна синоним ялае.

3. Сочинени язъе шаьш хаьржинчу цхьана темина:

«Нохчийчоь – сан деган илли», «Сан дай баьхна латта», «ХIунда беза суна Даймохк».

### Шуна, хIума довза луурш

Дикаев Мохьмадан дукхахйолчу стихашна мукъамаш баьхна нохчийн композиторша: Паскаев Рамзана, Чергизбиев Зайндис, Шахбулатов Iаднана, Эдилсултанов ШитIас и. д. кхечара а. Царна юккъехь ду: «Ас лоьхург мила ю», «Хьан дагара хиъча», «Ленинградехь кхиъна йоI», «Нохчо ву со», «Хьол хаза йоI суна ца гина», «Сан Даймохк», «Со вогIу, Даймехкан аз хезна», «Кавказан Iуьйре», «Ламанан суьйре», «Ма хала стаг ю хьо», «Юьртарчу йоIе», «Хьан бIаьргийн нур», «Суьйре ю тIейогIуш вайна», «Хьан дагара хиъча», «Вежарийн илли». Уьш халкъана дукхадезаш ду, цундела тахана а дека уьш эфирехь.



# РАШИДОВ
## Шаид Рашидович

*(1940)*

*Тийсалуш, пелвуьйлуш, вогІу со хьалха,*
*Хала ду, хала бу дахаран некъ.*
*Ерриге Іалашо – кІант хилар халкъан,*
*Вер ву со муьлххачу дуьхьлонах чекх.*

1960-чу шерашкахь вайн махкахь шуьйра йовза йоласлира Рашидов Шаидан цІе.

Иза вина 15 ноябрехь 1940-чу шарахь Энгель-Юьртахь.

Сталинан къиза кхел бахьанехь бераллин мерза мур хийрачу ГІиргІизойн махкахь чекхбаккха дийзира хинволчу поэтан. Нохчийн халкъ шен махка цІадирзинчул тІаьхьа дуьйна вехаш а, Іаш а ву иза ша винчу юьртахь. Школехь дешначул тІаьхьа чекхъяьккхина цо Нохч-ГІалгІайн пачхьалкхан хьехархойн институт. ХІетахь дуьйна болх бина къона тІаьхье кхетош-кхиош хьехархочун, школан директоран даржашкахь.

1960-чу шерийн юьххьехь дуьйна поэзи езархоша тидам тІебохуьйту газетийн, «Орга» альманахан агІонаш тІехь гучуюьйлучу цуьнан стихашна.

Цхьаъ вукхунна тІаьххье арайийла йолало Рашидов Шаидан стихийн, поэмийн гуларш: «Гуьйренан тхи» (1968), «Седарчийн буьйса» (1971), «Сатийсар» (1976), «Дайн латта» (1979), «Ломара цІе» (1986), «Дахаран аре» (1990), «Ненан бІаьрхиш» (1995), кхиерш. Цуьнан поэзин коьрта теманаш Даймохк, Нана, Безам ю. ЦІеначу безамо дог тІома дохуш, «Даймахке болчу безамо дахарна ницкъ луш, шен нене болчу безамо гІалатех ларвеш, чолхечу дахаран аренах» корта айъина чекхвала гІерта цуьнан поэзин турпалхо.

Цуьнан поэзи къона ю. Шаидан муьлхха а произведени схьаэцча, кIорда ца деш дахарх цецвийлар, шена гонаха долчух воккхавер, дуьненах сакъерадалар тосало. Меттан чолхалла йоцуш, мукъамна аьхна йолчу поэтан байташ тIехь дукха иллеш, эшарш кхоьллина нохчийн иллиаларххоша.

Дахарехь шалхалла ца езаш, даим доттагIий лоьхуш, адамашца кIеда-мерза юкъаметтигаш йолуш, адамалла, оьздангалла, гIиллакх, эхь, ийман шеца долуш стаг ву Рашидов Шаид.

Нохчийн поэтех Гадаев Мохьмад-Салахьах, Мамакаев Мохьмадах, Мамакаев Iаьрбих Iемаш схьаварна кхаьчна иза корматаллин лакхене. Поэт-лирик волчу Шаидан стихаш эхь-бехкан, гIиллакхан, оьздангаллин бехкамаш ларбеш, нохчийн къоман цIеначу синхаамех юьзна а, даггара язйина а ю.

Нохчийн Республикин халкъан поэтан Рашидов Шаидан кхоллаpалло хьакъйоллу меттиг дIалоцу вайзаманан нохчийн литературехь.

## ЛОМАРА ЦIЕ

БIешераш хьалха цу ломахь
Хилла ду дуьйцуш дерг вай.
ГIелонехь даьхначу къоман
Дахар а хилла дац дайн.

Мацалло, тIемаша хьийзош,
Къизаллехь даьхна вайн къам.
Къен хилла ялта ден ирзош,
Хиъна бац ирсан а чам.

Делахь а хьаша тIеэцар
Даима сийлахьа дара.
Вовшашка доттагIийн безам
Малхал а бовха ма бара.

Iадаташ цу хенахь ирча
Даьржина лаьмнашкахь вайн.

Делахь а хиндолчу ирсе
Сатуьйсуш баьхнера дай.

Цхьа Iадат дара, стаг вийнарг
ДIавоьхкуш ломан лакххахь.
Виснарг малх кхетталц дийна,
ДIахоьций, Iадвуьтуш цIахь.

Ткъа ломахь даим ю шийла,
Атта дац цхьанне и лан.
Вихкинарг висна вац дийна,
Леш хилла кхачале хан.

Цу муьрахь регIана дехьа,
Сехьарчу цхьа шина юьртахь,
Хилла, бах, ши доттагI вехаш,
Лур йоцуш вовшашна ехь.

Дийнахь цкъа вовшийн ца вайча,
Дахар а хеташ цхьа къахь,
ТIевоьдуш ваьхна шиъ вовшийн,
Ца йоьхуш вовшашка рагI.

ДоттагIех цхьаъ къиза хьовзош
ТIебеъна боцу цхьа бехк.
Кхел йина, цунна тIе доьгIна
ДIавехка ломан басах.

Ткъа доттагI веъна и волчу –
Хала ду иштташиг лан.
«Хьан дуьхьа оьккхур ву ор чу,
Лур ду ас, дезахь, сайн са.

Ткъа ницкъ бац шун Iадат хийца,
БIешерийн Iадат и го.

Хьан метта вала йиш хилча,
Лийр вара тахханехь со.

Доьху ас: хьо гІоро воьлча,
БІаьрг тоха ломан баса.
Варийлахь, шело хьайл тоьлча,
Ма лолахь сихонца са».

Суьйре ю Іаткъаме чиллин,
Ткъаршшанехь латта а лелхаш.
Висира шиннех цхьаъ гІийла,
Вихкина ломан басахь.

Йиш а яц дайн Іадат дохо,
ДІахеца вихкина верг.
Эхье ду ломахь стаг вохар,
ТІеделхарх стиглахь мел дерг.

Іожалла лаьттара йогІуш,
ТеІара шело а тІе.
ЦІаьххьана дІахьаьжча, йогуш
Схьагира ломахь цхьа цІе.

Кийра чу хьаьдира йовхо,
ЦІий литта дуьйлира дог.
Кхачарна доттагІчун йовхо,
Ешира баланийн бог.

Сахиллалц егира ломахь
ДоттагІчо латийна цІе.
Шелделла дегІ оцо дохдеш,
Кхечира Іуьйре а тІе.

ДІавига, бІаьрхишца гІийла,
Баьхкина юьртара нах.

Вихкинарг дийна карийна
Велира массо цец-акъ.

Ткъа тIаьхьо хиира царна,
Муха и висна ца леш.
ДоттагIчун кийрарчу цIаро
Хиллийла иза вохвеш.

**Текстана комментари**

ХIара стихотворени цхьана легендин буха тIехь кхоьллина ю. Ширачу заманахь лаьмнашца дехачу адамийн цхьа Iадат хилла: стаг вийнарг ломан лакхахь дIавоьхкуш.

Ломан лакхахь даим шийла хуьлу, оцу шелоно хьалхаволуьйтуш ца хилла цхьа а. Сахилале стаг гIорош хилла. Къиза хилла и Iадат. Амма, ала деза, цу хенахь дахар а вуно хала хилла. Дуучуьнца, молучуьнца, тIедухучуьнца хало хьоьгура адамо. Оцу декъазчу хьелашкахь хала хьалакхиъна стаг цхьаммо вийча, и бохам лан хала хуьлура. Цундела стагана тIе куьг кховдийначунна иштта къиза кхел кхайкхош ламанца Iадат лаьттина цхьана хенахь.

**Ешначух ойла е вай**

1. Муьлха хилам бу стихотворенин бухехь?

2. Стихотворенин коьрта турпалхой муьлш бу? Доцца дийца царах лаций.

3. «Ломара цIе» аьлла цIе хIунда тиллина авторо шен произведенина? Поэтан хIун ойла ю цуьнан бухехь?

4. Муха хилла ширачу заманахь ламанца дехачу адамийн дахар?

5. ХIун дара деза лоруш халкъо цу хенахь?

6. ХIун Iадат хилла лелаш цу хенахь лаьмнашца бехачу нахана юккъехь?

7. ДоттагIчунна боцу бехк тIебеача, хIун аьлла тIевеана цунна важа доттагI?

8. ХIун ду ломахь эхье лорург?

9. Вихкина хилларг дIавига баьхкинарш цецбаьхнарг хIун дара?

10. ХIун дара вихкина волчунна ца леш кIелхьаравала ницкъ белларг?

11. ХIун маьIна ду хIокху стихотворенин?

**ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай**

1. Стаг вийнарг ломан лакхахь дIавоьхкуш Iадат хилла лелаш вайн нахана юккъехь ширачу заманахь. ДIавихкинарг, шолгIачу дийне ца волуш, леш хилла. Вайн гIиллакхашца догIуш дуй и Iадат?

2. Ломан лакхахь дIавихкинарг схьа а ваьстина дIаваха ца мегара ши кIант? ХIун хир дара, цо и схьаваьстинехь?

3. И Iадат, лардеш, схьадеана вайн халкъо цхьана хенахь. Вайна юкъара и дIа маца даьлла хир ду? ХIун бахьана долуш?

4. ХIун маьIна дуьллу аша *доттагI* кхетаме? КIанта шен доттагIчунна динарг хьуьнар лара мегар дуй?

### Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. *Кийрарчу цIаро хилла и вохвеш* дешнийн цхьаьнакхетарех муха кхета шу? Муха хиъна поэтана оцу эпитеташца доттагIийн вовшашка болу безам гайта?

2. Схьалаха стихотворенера и тайпа эпитеташ. ХIун гIуллакх до цара деэшначу доттагIчунна гIолацарехь?

3. Муьлхачу формехь язйина ю хIара стихотворени (дийцар, диалог, монолог, ойлаяр)?

### ХIун Iемина вайна

Шена хетарг билгалдаккха а, и бакъдан а.

Мила лара мегар ду бакъволу доттагI? Шайна хетарг бакъде.



## МАМАКАЕВ
## Эдуард Арбиевич

*(1939)*

Мамакаев Эдуард вина апрель беттан 28 дийнахь 1939-чу шарахь Соьлжа-ГӀалахь. Цу хенахь цуьнан да, гӀараваьлла поэт Мамакаев Ӏаьрби, Нохч-ГӀалгӀайн радиокомитетехь диктор хилла.

Шен ден кхоллам бекъна, ала мегар ду, Мамакаев Эдуарда а.

1943-чу шарахь, Мамакаев Ӏаьрби халкъан мостагӀ вина лаьцначул тӀаьхьа, Мамакаев Эдуард НогӀийн аренашкахь ехаш йолчу ден йишас ша йолчу дӀавигна. Махкахваккхар а нехан нахаца нисло Эдуардан. Шен доттагӀ волчуьра схьавогӀуш, салтичо машена тӀе кхуссу иза, махкахбохучу баккхийчара и шайн вац боххушехь.

Джезказгански областехь чеккхйоккху цо школа. 1958-чу шарахь Даймахка цӀавирзича, 14 шо ссылкехь даьккхинчу деца-ненаца цхьаьнакхстар хуьлу цуьнан. Цхьана баттахь эха баттахь бен шен деца хан яккхар ца нисло кӀентан, 1958-чу шарахь Ӏаьрби цӀаьххьана кхалхар бахьана долуш.

Нохч-ГӀалгӀайн пачхьалкхан хьехархойн институт чеккхъяьккхинчул тӀаьхьа Мамакаев Эдуарда белхаш бо тайп-тайпанчу меттигашкахь: школехь, газетехь, партийн, культурин декъехь.

Шен дуьххьарлера стихотворени цо язйина 5-чу классехь доьшуш волчу хенахь, амма кӀорггера поэзина тӀеверзар цуьнан хилира иза институтехь доьшуш волуш.

«Поэзе боьду сан некъ хала бара, хӀунда аьлча стихаш язъяр тӀехь суна а, ешархошна а масал хилла лаьтташ да Ӏаьрби вара, цул лахвала

а йиш яцара. ТІаккха язъян оьшуш а дацара: уьш ледара хилча, дена тІе эхь догІура, дика хилча, дел лакхавала гІерта, бохур дара. Цундела сан цунна гергагІорта а, наггахь со юхаоза везаш а меттигаш нислора», – иштта дуьйцура Мамакаев Эдуарда шен кхолламаллех лаьцна.

Дуьххьарлера цуьнан «ЧІама» гулар зорбанехь араелира 1971-чу шарахь. Цул тІаьхьа зорбанехь арааьлла цуьнан масех книга: «Гуьйренан догІа» (1987), «Дашо нана» (2009), «Бераш-кераш, довда схьа», «Даймохк-Нана» (2012), кхиерш.

Стихаш язъярал сов, цо яздина дийцарш, очеркаш. Цуьнан ерриг стихаш цІеначу, кхета атта болчу маттахь язйина ю.

Мамакаев Эдуардан поэзи дукхатеманийн, тайп-тайпанчу жанрийн, вастех, малхах, серлонах юьзна ю. Цхьатерра атта язло цуьнга лирически стихаш, баснеш, кегийра поэмаш, берийн стихаш.

– Поэтан кІант хила хала-м дац? Схьахетарехь, хала хир ду-кх хьуна литературехь хьайн цІе яккхийта массара а лоруш волчу классикал тІаьхьа? – аьлла, шега хаттар дича, Эдуарда, ойла йина, элира:

– Хала а ду, атта а ду. Хала ду, дех тарвала ца гІерташ, массо хІуманах тоххарехь язйина йолчу поэзехь шен некъ а, ешархо цецваккха, тІеверзо цхьа керланиг (дош, васт, ойла) каро. Цундела кхолламаллин миноташкахь ерриг поэзи (дениг а цхьаьна) йиццъялийта хьожу со, цуьнга сайна тІеІаткъам ца байта. Атта ду, хІунда аьлча хьаьнгара Іама а, хьанах тарвала веза а, хуу дела. Дех тера цахилархьама, аса дукха а, хазахетарца а берашна лерина язйо. Да хестош хиларх, бакъдерг дийцича, со оза а ца ло, цо со юха а ца воккху: литературехь цуьнан шен некъ бу, ткъа сан – сайн. Поэзехь тхан юкъара дерг цхьаъ бен дац – Даймахке, халкъе, Іаламе бовр боцу безам. Царах лаьцна яздийриг дагчуьра схьадогІуш ду…

Бакъйолу лирика хьан сина язйина стихаш ю. Иштта ян а ю Мамакаев Эдуардан поэзи. Иза хІоразза вайга схьакхочу керлачу зезагца, гІаргІулийн узамца, беран маьхьарца.

И ю-кх вай шех тешош йолу бакъйолу поэзи.

## ХIОРД

Механ хIо
Ца хаало,
ГIийла дега можа гIа.
Амма буьрса
Ломах терса
Iаьржа хIордан сийна га.

– ТулгIе техко мох ца хилча,
Я хьо чехо ницкъ ца хилча,
Ахь, дарбелла,
Дуьне ма-дду
ТулгIеш чехо
ХIун бахьна ду?

Жоп ло хIордо:
– Тийна Iийча,
Дуьра ишал ю со кийчча.
Болат кемийн метта тIаккха
Дезар дара…
Пхьидийн техка.

Вахар –
Балхахь кхеххар ду,
Вахар –
Толам баккхар ду!
Тийна дахар –
Шийла хIусам,
Iеха лаьцна ишал ю.

**Ешначух ойла е вай**

1. Муха хийти шуна хIара стихотворени? ХIун ойла кхоллаялийти цо шун дегнашкахь?

2. ХIордан дахар муьлхачу хьелашкахь кхочушхуьлу?

3. Кхераме дерг хIун ду хIордана?

4. Адам, цуьнан дахар Мамакаев Эдуардана дукхаезачу теманех ю. «ХIорд» стихотворенехь билгалъяьллий и тема?

5. ХIордана тийна Iер ишале берзаран кхерам бу, ткъа стеган дахарехь хIун дохьу шеца оцу хьоло?

6. Муьлхачу башхачу исбаьхьаллин кепах пайда оьцу авторо хIордан дахар гайтаран Iалашонца? Текста тIера масалш даладе.

Мамакаев Эдуардан кхоллараллехь философски лирикин масал ду «ХIорд» цIе йолу стихотворени. Цуьнан дIахIоттам тийна Iар а, дахарехь кхехкаш хилар а вовшашца дустуш гайтаран кепехь бу. Цара билгалдо кхехка дахар а, Iеха лаьцна ишал а. Яржийначу метафорица поэто боху: вахар – иза, шен къинхьегамца балхахь кхиамаш бохуш, толамашка кхачар ду.

### Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Муьлхачу формехь язйина ю стихотворени (дийцар, диалог, монолог, ойлаяр)?

2. Муьлхачу исбаьхьаллин кепах пайда эцна авторо коьрта ойла тIечIагIъеш?

3. Тидам бе, текстехь долу хандешнаш тайп-тайпанчу хенашкахь ду. Къастаде, хьаьнга дIакхачо гIерта шен ойла автор.

### Вайн мотт кхиабо

1. Муха кхета шу хIокху дешнийн цхьаьнакхетарех: *Iаьржа хIордан сийна га*? Кхечу дешнашца муха эр дара аша иза?

2. *Балхахь кхехкар* дешнийн маьIнех муха кхета шу? И бохург хIун ду?

3. *Шийла хIусам* аьлла, далийна дешнаш ду текстехь. ХIун маьIна ду церан? Муха кхета шу царах? Синонимаш лаха оцу дешнийн цхьаьнакхетарна.

### Культурийн диалог

Юста хIара Пушкин Александр Сергеевичан кхунах тера йогIучу цхьана стихотвореница. Къастаде, хIун ду церан цхьаьнадогIург а, къаьстарг а.



**МАХМАЕВ**
**Жамалдин Махмудович**

***(1939 – 2014)***

Шайн ненан маттаца йолчу юкъаметтигашка хьаьжжина вайн мехкан адамаш тайп-тайпанчу тобанашка доькъуш хилча, похIме хьехархо, публицист, берийн яздархо Махмаев Жамалдин сий-ларамечу тобанан хьалхарчу магIаре вилла вогIура.

Махмаев Жамалдин Махмудович вина 1939-чу шеран март беттан 14 дийнахь Грозненски кIошта юкъа йогIучу нохчийн ширачу юьртахь БердкIелахь.

Цуьнан да Махьмуд юьхьанца оцу юьртахь хьуьжарехь берашна Iарбийн Iилма хьоьхуш хилла. Советийн Iедало иза дихкича, школехь хьехархочун болх бан волавелла.

Дуьненан къизалла, харцо хьалхе евзина Жамалдинна. 1944-чу шарахь нохчийн къам махкахдоккхуш цуьнан пхи шо кхачаза дара. Оццу шарахь Казахстанехь дIакхелхира дукха хенахь дуьйна цамгар токхуш схьавеана Жамалдинан да. Боккха доьзал ненан Iайшатан тергамехь бисира. Харцоне, къизалле дегнаш арт ца дойтуш, ардаоьгIазаллин йийсаре ца бохуьйтуш, адамашка, халкъе, хьомечу махке безам хиларан ойланехь кхиийра Iайшата доьзал.

«Сан дахарехь хилла я соьгара даьлла жимма а мехалниг, диканиг, оьзданиг – дерриг а сан ненера ду», – яздо шен дагалецамашкахь Жамалдина.

Цуьнан литературе болу безам гучубала болабелира иза школехь доьшуш волчу хенахь. Шен стихаш юьхьанца казахийн маттахь язйора

Жамалдина. Дуьххьарлера стихотворени зорбане елира «Казахстанан пионер» газета тӀехь иза 6-чу классехь дешуш волчу хенахь. Цул тӀаьхьа Жамалдинан стихашна зорба тоха йолийра кӀоштан, областан, республикин газеташа а, берийн журнало а.

Вайн къам шен махка цӀадирзича, нохчийн литература а, мотт а кӀорггера Ӏамо волавелира иза. Цо чекхъяьккхира хьехархойн училище а, хьехархойн институт а.

1960–1970-чуй шерашкахь зорбане йовла юьйлаелира цуьнан произведенеш: стихаш, дийцарш. Уьш, ерриш а бохург санна, берашна лерина яра.

1969-чу шарахь араелира Махмаев Жамалдина язйина «Маликат» цӀе йолу книга. Цул тӀаьхьа арайийлина цуьнан книгаш: «Маликат школехь» (1970), «Со Соскин Солса ву» (1975), «Мамин сурт» (1981), «Самукъане абат» (1980, 1992), «Сан кегий доттагӀий» (1986), «Аьттан бер», «Нохчийн берийн ловзарш», «Некъан абат» (2008).

2007-чу шарахь арадевллачу «Нохчийн туьйранаш» юккъехь ду Махмаев Жамалдина яздинарш а. Цуьнан книгаш арайийлина оьрсийн, гӀалгӀайн меттанашкахь а.

Самукъанечу, чулацамечу хьехамех, маьӀнех буьзначу маттахь Махмаев Жамалдина берашна язйина произведенеш вайн берийн дахаран шатайпа куьзга хилла дӀахӀиттина.

## ӀАЬРЖАЧУ БАЬПКАН ЮЬХК

Цецдевллера тахана тхо –
ХӀун ду-теша хӀара?
Самукъане тхан хьехархо
Сингаттаме вара.

Резавоцуш, гобаьккхина,
БӀаьргаш цо кхарстийра.
ТӀаккха, доккха садаьккхина,
Къамел дӀадолийра.

– Баьпках лаьцна дуьйцур ду вай… –
Меллаша цо элира,

(ХIун ду, хаац, сан лулахо
КъахIим цIийвелира). –

Дагахь лаьтта, йицлур йоцуш,
И хан берахьлера.
(Моза боьдуш хезар долуш,
Бераш дIатийнера).

И тIом болуш зама яра,
Вуно хала зама.
Махкахдаьхна, тхо дигнера
Генна – Казахстане.

Iа хуьлура цигахь шийла,
Буьрса дарц а хьийзош.
Цу шелоно адам хийла
Лаьтта буха озий.

Амма кхин а къиза хало
Мацалло еш яра.
ХIаллакдора тхо мацалло,
Адамаш леш дара.

Уьш хуьлура Iохкуш арахь,
Урамехь я уьйтIахь,
Баьпкан хьожанах,
Баьпкан чомах,
Тхо хьоьгура хIетахь.

Со а вара лайлахь Iуьллуш,
Воьжна, кхин ца гIатта.
Цхьаммо, тIе а еана, олуш:
– Сан кIант, хьалагIатта.

Схьагулди ас дерриг гIора,
Iожаллел ца эша,

Хаза хьожа етталора.
Ванах, гІан ду-теша?!

Уллехь йоккха зуда Іара,
Соьга бепиг кхийдош.
Цуьнан куьйгаш дегош дара –
Оза, сийна куьйгаш.

– Іаш яра со кІанте хьежош,
ХІинца ахьа даа.
Цунна бепиг кхин ца оьшу...
Оьшур а дац цкъа а!

Схьаийцира бепиг аса,
Деза жовхІар хеташ.
Вистхила ницкъ бацара сан,
Хиллачух ца тешаш.

Со воьлхура, со воьлура,
Бепиг даге къуьйлуш.
Іаьржа бепиг ас дуура,
ТІе бІаьрхиш а муьйлуш.

Мила яра, хаац суна,
И сан шолгІа нана.
Декхарийлахь лору цунна,
Ваха со висарна.

Аса шуна хІунда дуьйцу,
И дІадаьлла хилча?
Оцу арахь суна хІинцца
Цхьа сурт гира ирча.

Дарс Іамо ша кху чу вогІуш
Цхьана жимчу кІанта

Бепиган юьхк, кхоам боцуш,
ДӀакхоьссира льтта.

Шуна вийца и ца лаьа –
Иза ма дац коьрта!
И кхетар ву – суна хаьа.
Со кхин ала гӀерта.

Бепиг лору адамаша
Вина нана санна.
Цо ло вайна дахар, маршо,
Хьуьнар, доттагӀалла.

Вина нана ца лоручо
Юьртан сий а ца до.
ТӀе ца оьцу иза халкъо,
Махко а дӀахерво.

Хьехархочо, йовхарш тоьхна,
Шен къамел сацийра.
Бераш, тийна, кӀеззиг доьхна,
КъахӀиме дӀахьаьвсира.

ХӀинца-м массарна а гора:
Иза гӀелвеллера.
Цуьнан белшаш егайора,
БӀаьргаш тӀадийнера.

Тхуна чӀогӀа хазахийтира –
Дохковаьлла КъахӀим.
Оха цхьаьний дош делира
Баьпкан сий дан даим.

**Ешначух ойла е вай**

1. Муха хийти шуна хIара стихотворени? Къаьсттана муьлха могIанаш дагах хьакхадели шуна?

2. ХIун зама ю кху тIехь юьйцург? Произведенин турпалхой муьлш бу?

3. Произведени тIера хиламаш бовзийтар хьехархочух хIунда тешийна авторо? Шуна хетарехь, муха стаг ву иза?

4. Хьанах лаьцна ду цуьнан дийцар? ХIун довзуьйту цо?

5. Хийрачу махкахь адамийн уггар луьра мостагI хIун хилла?

6. Произведенехь бепиг а, нана а вовшашца дустуш далоран хIун маьIна ду?

7. Шаьш лайначу мацаллех лаьцна берашна дийца дагадаийтинарг муьлха хилам бу?

8. Бераша даим баьпкан сий дан дош ло. Шуна муха хета, кхочушдийр дуй цара шаьш делла дош?

**ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай**

1. Хьехархо дагалеца атта боцчу дагалецамашка вахийтинарг хIун ду?

2. Шегара яьлла ледарло тIе муха оьцу КъахIима?

3. ТIаьххьара баьпкан юьхк воьжна Iуьллучу кIантана зудчо дIаяларан хIун бахьана ду? Къинхетам бохучу синмехаллех муха кхета шу? Зудчо динарг а, и синмехалла а вовшахъэр нислой?

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Стихотворенин дIахIоттаман башхалла стенах йоллу? ХIун ду хIара стихотворени кхечарах къастош дерг?

2. Стихотворенехь меттан исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсаш кхоийна балийна авторо. Цхьа дустар ду стихотворенехь далийна. Къастаде, хIун маьIна ду цуьнан.

**Вайн къамел кхиадо**

1. Дийца, муха кхета шу кху дешнех: *цу шелоно адам хийла лаьтта буха озий*. Муьлхачу маьIнехь далийна ду и дешнаш?

2. *БIаьргаш кхарстийра* дешнийн цхьаьнакхетарехь долу хандош хIун маьIна долуш далийна авторо? Муьлхачу хандашца хийца мегар дара иза?

3. *Сийна куьйгаш* эпитет ялийна поэто. Кхечу дешнашца муха ала мегар дара царах лаьцна?

4. *«Iаьржа бепиг аса дуура, тIе бIаьрхиш а муьйлуш»* дешнийн цхьаьнакхетарехь тIаьххьарчу дашо хиламан тIеIаткъам дегаIийжаме берзабо

Хуьлуш дерг ма-дарра гайтархьама, исбаьхьаллин суртхIотторан муьлхачу кепах пайда эцна кхузахь авторо?

**Культурийн диалог**

Фашистски Германица тIом дIабоьдучу хенахь Москвахь ЦIечу майданхула дIабуьгуш бара йийсар бина немцойн салтий а, эпсарш а. Эпсарш тIехбовлучу хенахь цаьрга хьуьйсуш болчийн дегнашкахь цабезам бара кхехкаш. Цул тIаьхьа гучубевлира эгIаза, тIехь беркъа болу салтий. Цаьрга хьовса даьхкинчу адамийн яххьаш тIехь оьгIазло яцара хаалуш, мелхо а, къинхетам бара гуш. Царна уьш мостагIий ца хетара хIинца.ТIеeддачу цхьана зудчо шегара баьпкан юьхк елира цхьана гIийлачу немцойн салтичунна. Цунах масал эцначу наха шайгахь долу сурсаташ кхийдадора йийсаршка.

Казахстанан аренца, мацаллина, шелонна воьжна кIант иштта гIийла, эгIаза ву. Цунна баьпкан юьхк а кховдайой, и Iожаллех кIелхьаравоккху цаевзачу зудчо.

Даладе хIара тайпа масалш оьрсийн, нохчийн литературера.

**Шуна, хIума довза луурш**

ЧIогIа луьра, къиза зама лайна вайн халкъо ша махкахдаьккхинчу шерашкахь ГIум-Азин аренашкахь. Цхьана агIора, дIабоьдуш тIом хилла, вукху агIора, цхьа а бакъо йоцуш, махкахдаьккхина, мацалла, шело, гIело, къизалла ловш вайн къам а хилла. Колхозан, совхозан кхаш тIера кхо-биъ ялтин кан лахьийначунна а итт шо хан тухура. Мацалла бераша буц йоу хан ю иза, иза хьалаяларе сатесна хуьлура, боху, уьш. Ткъа хийла цуьнга сатесна долу жима бер, и хьалаялале, Iожалло дIаэцна. Дан амал доцуш, бакъабеллачу кийрано сагатдеш, пхьаьжаш юккъера, кхош юккъера буьртигаш лехьийнарш а бу. Иштта хала зама текхна нохчаша Казахстанехь, Киргизехь.

**Билгалйинчу теманашна проект кхоллар**

1. Тайп-тайпанчу хьостанах пайда а оьцуш, вайн халкъо хийрачу махкахь лайначу халонех лаций хаам кечбе.

2. Вайн халкъ цIера доккхуш, я Казахстанехь, я Киргизехь долчу хенахь хиллачу цхьана хиламах лаций инсценировка кечъе.



# НУНУЕВ
## Сайд-Хьамзат Махмудович

*(1952)*

Яздархо, публицист, историк – иштта евза Нунуев Сайд-Хьамзатан цIе вайн махкахь.

Иза вина 1952-чу шарахь генарчу Казахстанехь Голубиновка олучу жимчу юьртахь.

Шен дай баьхначу махка цIавирзинчул тIаьхьа дешна цо Махка-тIерчу юккъерачу школехь. Школехь доьшуш волуш дуьйна а билгалваьллера хинволу яздархо исбаьхьаллин литературе шовкъ йолуш хиларца.

Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетехь доьшуш волуш кхин а алсамбелира Сайд-Хьамзатан цуьнга болу безам. Цо таро елира цунна исбаьхьаллин литературехь шен ницкъаш зен.

Цуьнан дуьххьарлера книга «Малха тIехь хьоькхнаш» араяьлла 1983-чу шарахь, яздархочун 31 шо долуш. Сайд-Хьамзата, шен корматалла гIара ца йоккхуш, ша-шен зуьйш, дуккха а шерашкахь болх бина. Цо гойту яздархо, дIаволалуш дуьйна, шен кхолларалле чIогIа лехаме а, жьопалле а хилар. Шен хьалхара книга араяьлча, яздархо-сатирик санна вовза волавелира иза.

Нунуевн шен кхоллараллин хатI ду, цунна шатайпа го йоккхуш берш, тарбала хуурш, шен гIуллакхаллин меттигах хьарам пайда оьцуш берш, дахаран дерриг маьIна ахча лорурш а.

Яздархочун говзалла тIеттIа лакхайолуш, шарлуш хиларна тоьшалла до цул тIаьхьа цо арахецначу книгаша: «Даймехкан мукъамаш», «Гезгамаша», «Йилбазан оьмар», «Нахистан», «Нохчалла», кхиерш.

Кегийрачу дийцарш тlера романе кхаччалц – иштта шуьйра бу яздархочун кхолларалин го. Дийцаршкахь адамийн амалш, повесташкахь, романсхь вайн халкъан кхоллам гайтина яздархочо. Нохчийн къоман амал, иза кхоллаяларан, хийцаяларан хаттарш ду цуьнан тидамехь.

Изза гойту Нунуев Сайд-Хьамзата шен драматургехь а. Цуьнан пьесех шиъ – «Лулахой», «Дела воцург накъост воцуш» – хlиттийна нохчийн къоман театрехь, гайтина телевиденехь.

Дуккха а язйина Нунуев Сайд-Хьамзата оьрсийн маттахь а. Цуьнан «Нахи, пророки, судьба», «Грешники», «Дух и золото» книгаш тlехь нохчийн къоман дlадахна, хlинцалера дахар гайтина ца lаш, цу къоман хиндолчух йина ойланаш а ю.

Шен къоман мотт а, къаьстгана цуьнан истори а дика хууш, цуьнан дика гlиллакхаш, амалш езаш ву Сайд-Хьамзат. Цунна тоьшалла до цу декъехь цо язбинчу талламан белхаша.

«Муьлш ду вай? Мичара схьадевлла? Дуьненан къаьмнашна юккъехь хlун меттиг дlалоцу нохчаша?» – и коьрта хаттарш ду яздархочун сагатдийриш. Жигара дакъалоцу цо юкъараллин дахарехь а.

Нунуев Сайд-Хьамзата кхоьллинчу произведенеша шайн исбаьхьаллин, идейни нийцкъаца хlиттoчу дахаран проблемашца хьакъйоллу меттиг дlалоцу нохчийн литературехь.

## ХЬАЙБАХА

### *(«Йилбазан оьмар» романан дакъа)*

23-чу февралан lуьйре яра иза. Дуьнен чу серло дика яьржина ялаза яра.

– Чохь вуй lабдурахьман? – веанчо хаттар деш хезира.

– Хlун дора ахьа цунах? – йоьхна хоьттура нанас.

Веанарг вара наха юьртахь мотт бетташ стаг ву аьлла цlеяхна Яlлам бохург. Хийла кху юьртара бехк боцуш стаг хlаллаквайтинера цо а, цуьнга террачу кхечара а, цхьаъ герз лелош вуй, важа обаргана хьошалла дина вуй, вукхо зуькаре чу нах гулбиний, цхьана кхечо мовлидехь Сталинна цхьа резавоцуш хlума аьлла ний, бохуш.

– Хьан хIун бала бу, аса цунах хIуъа дахь а? ЦIахь вуй иза, хоьттий аса-м? – Заидат дIатеттгина а, чоьхьавала дагахь, цунна тIехула хьежа волавелира ЯIлам.

– Со ву хIоккхузахь! ХIун хилла боху ахьа? – меттара хьалаиккхина, шена тIе китель ийзо велира Iабдурахьман.

– Маьждиге дIагулвеш ву пхийттара мел вацлла боьрша стаг, цомгуш а, къаналла а кIелвисна воцург.

– Стенна гулбеш бу-техьа? – сахьаьвзина хьаьттира Заидата.

– Некъаш тодан бига вовшахтухуш бу нах.

Малх дикка хьалаайабала а ца ларийнера гIурано Iадийна лаьттинчу лаьмнашна тIехула эвлара нах берриш а маьждиге дIагуллуш. НеI дIакъевлира. Салташа шалха го лецира маьждигна. Хуьлуш лаьттачух ца кхеташ, боьхна хьийзара нах.

Йоккха хан ялале, ши эпсаррий, юьртдай, улле кхо-виъ салти а хIоттийна, маьждиган неIарх чоьхьабевлира.

– Немцойн оккупанташна гIо деш, дог-ойла цаьргахьа латтарна, Даймахкана муьтIахь цахиларна, шун къам дерриг а махках арадаккха делла омра ду! Кху чуьра ара а даьхна, шу шайн доьзалех дIатухур ду. Шун доьзалш берриш а машенаш тIе ховшор бу. Аьлларг ца динчунна, некъаца дIавоьдуш нацкъар таьIначунна дIахьедар доцуш автомат тухур ю! – Оьрсийн мотт цахуучарна юьртдас гочдора.

Боьхна, Iадийча санна бисира нах. ХIусамашкара нах арабаха болийра. Цхьанхьара-м яьхкина урамашна юккъе дIахIиттира «студебеккерш» олу яккхий машенаш.

Некъана кара хIума эцча, машенашна тIе нах дукха ца тарлора. Цундела кхуьйсуш юхаоьхуьйтура, нахера схьа а дохуш, галеш, юргIанаш, гIайбеш. Ерриг эвла бохург санна, дIаюьзнера гIайбеш чуьра охьаIенначу месаша; Iаьнан шийлачу, тIуьначу хIаваэхь маьхьарий, белхарш, жIаьлийн угIар, бежанийн Iехар – дерриг а вовшахъийнера.

Цхьа а тайпа аьтто, дан амал доцуш хIума дара кху дийнахь ламарошна тIеIоттаделларг. Цхьана хенахь маьждиган неI дIа а

йиллина, цхьацца воккхуш, арабаха болийра нах. Кестта, тIехь боьттина нах а болуш, машенаш арайийла евлира юьртара.

ТIаьххьара машенаш юьртара араевлла йовлаза яра, салташа маьждиган момсар оьккхуьйтуш.

ПхоьалгIа де дара кира лелочу вагонаш чу боьттина нах цхьанхьа-м дIабуьгу. Мича? ХIунда? – Цхьанна а ца хаара...

Арахь цхьа татанаш хезира. НеI хьайира.

– Иза мила хир ву буьйсанна юккъехь веанарг? – сагатделла хьаьвзира Баба.

– Мила ву хьо? – дегадора йоккхачу стеган аз.

– Со ву. Хьамзат ву.

– Вуй, ахьа хIун лeладо, Хьамзат, кху хан йоцчу хенахь?

– Нохчий а, гIалгIай а берриш а махкахбаьхна, дIабуьгуш бу Сибреха. Тхан юьртахь ши-кхо доьзал бен ца бисна. Дада меттахь Iуьллуш хилла, тхо дитина. Кхана говр-салазаш ю йогIур йолуш. Со, хьо дIаялае аьлла, ваийтина.

– ДIаялае? Мича дIаялае? Ахьа хIун дуьйцу? Со муха йоьду дIа, воккха стаг а, кIотар а, етт а битина? – йоьхна дуьйцура Бабас.

Цо вуьйцу воккха стаг генавоццуш дIавоьллинчу шен цIийнден каш дара.

– Баба, цхьа а ма вац вуьсуш. Берриш ма бу дIабуьгуш. Жима а, воккха а, цомгушниш а, гIийланиш а кхана дIабуьгур болуш бу.

– Соьлжа-ГIалара уьш дIабуьгуш гиний цхьанна а?

– Гина. ЦIерпоштан вагонаш чу а бухкуш, дIабуьгу, боху-кха.

Хьамзат тIегIоьртинчу набаро гIелвина а хаавелла, мотт биллина иза дIавижийтира шина зудчо. Шаьшшинна-м наб ца кхеташ сахила доладелира.

МостагIчуьнга санна хьоьжура ши зуда корах чукъеддачу серлонан билгалоне. Шера хаьара цушинна, и серло цкъа а ца хиллачу кепара сингаттам бохьуш еаний. Ткъа мел боккха? Мел къиза?

Баба а, Чилла а ламазаш деш яра, Хьамзат самаволуш. Ши зуда ламаз дина ялале, иза говр дӀайоьжна велира.

Іина йистера схьа говрашкахь цхьа нах бевлира. Уьш салтий бара. Ши салти говраш тӀера охьаиккхира. Вуьш, иттех стаг, юьстах лаьттара, автоматийн юьхьигаш Хьамзатана тӀе а ерзийна.

– Мила ву кӀотарахь? – тӀечевхина, хаьттира цхьана къонахчо оьрсийн маттахь.

– Баба ю. Чилла а ю. Со хӀинцца уьш дӀабало дагахь ма вара.

КӀанте кхин хеттарш ца деш, цӀа чу иккхира ши салти. Араяьккхира цу чуьра ши зуда. Пхьаьрсаш а лаьцна йигна, Хьамзата дӀайоьжна лаьттачу салаз тӀе хаийра салташа и шиъ. Баба хӀетта ламаз дина ма-яллара, ур-атталла кога пазаташ а юханза яра, Іорачу шина кога тӀе калош а туьйдина.

– Ва устазаш, пайхамар, орцахдовлалаш! Къинхетам белахь тхох, хӀай Веза Дела! ХӀай Веза Дела! – Деле кхойкхура Баба. – Вуй! Етт ма бу сан Іалашбан безаш. Элан цӀов мукъа таса аса цунна хьалха? – сихъелла, салаза тӀера хьала а айаелла, божала яха юьйлира Баба.

– Хьо стенга яха гӀерта, къанъелла хьаргӀа?! – белша тӀера коч а лаьцна, ластийна, салаз тӀе охьатуьйхира салтичо Баба.

Говр-салазахь Хьамзаттий, ши зудий хьалха а даьккхина, царна тӀаьхьахӀоттийра говрашкахь ши салти. Кхиберш кхечу кӀотаршкара нах арабаха дӀабахара.

Шийлачу махо сихдеш, цхьа кегийра, лайца ийна догӀа детта долийра. Бедаршна чекхдолура иза.

Мацца а уьш дӀакхечира Хьайбаха олучу ширачу юьрта. Схьагарехь, кхуза схьагулбина а, тӀеттӀа схьагулбеш а бара арабахаза лаьмнашкахь бисна нах. Зударий, бераш, баккхийнаш.

Дукха адам гулделлера Хьайбахарчу майданахь. ПІелг санна гонаха лаьтта салтий ца багарбича а, кхузахь вара лаххара а ялх-ворхӀ бІе стаг.

Салташна юккъехь масех стаг нохчийн мотт хууш вара.

Бериян цIарх колхоз яра Хьайбахахь. И колхоз кхуллуш нахера схьаяьхна говраш чуюхкуш дина цхьа доккха божал дара.

– Чулахка и нах берриш а цу божала. Ма шелбалийта уьш! – омра дира энкеведен[1] эскаршна коьртехь волчу хьакамо Гвешианис.

Салташа, божалан шуьйра ков схьа а диллина, цу чу лехка болийра нах. ТIеоьхучу догIанний, лайний кIелхьарбовла а, нах сихха шаьш чуоьхура.

Шина зудчо куьйгаш а лаьцна ялайора юьхь тIера бос дIабаьлла, бIаьргаш чуэгна цхьа оза зуда. Каралаьцна ши бер дара кхечу зудчуьнгахь. И шиъ Хесас селхана буса вина ши кIант вара – Хьасанний, Хьусайнний.

Довха кечдина, дас, нанас арадаьхна дукха бераш дара. Цхьадерш, самукъадаьлла, доьлуш, уьдуш лелара. Зударша-м кест-кеста белхар доладора.

Цхьа зуда яра чIогIа холчухIоьттина, метта ца йогIуш, яда гIерташ хьийзаш. Шена хилларг ца дийцалора цуьнга. Цунна а гуш, автомат тоьхна вийнера салтичо цуьнан майра, ламаз дечуьра юкъах стенна ца волу аьлла.

«Къемат-де ду-кха, къемат-де!» – хезара баккхийчаьргара.

Дуккханна а гинера царна некъаца, ламанца байъина Iохку нах. Маьлхастахь юьртахь мел верг вийна охьавиллина бохуш, хезаш хабарш а дара. Жимма а ойла ян кхетамехь верг сатесна вара, мичча вахна а, кху къизачу салташна хьалхара дIавала.

ТIеоьхура керла салазаш. Зударий, бераш, баккхий нах, цомгушниш, халла бен ког а ца баккхалуш болу.

Цхьана жимчу кIентан карахь шурула-кIайн Iахар бара, хьийзина тIаргIа а болуш. Шегара и Iахар дIаозийча, велха хIуттура кIант. Божал чу бохьуш, карара схьа а баьккхина, ластийна лайла юьстаххкхоьссира и Iахар салтичо. Воьлхуш хьаьвзина кIант, нанас, куьг а лаьцна, сихха чувигира.

[1] НКВД – Народный комиссариат внутренних дел СССР.

ГIовгIанаш, белхар, хьожа, бода – дерриг а вовшахъийнера божал чохь. Цхьана сонехь доьлхучура ца соцуш бер хьийза дукха хан яра. Нах божал чу лехка а болабалале, хьалхxe кху чу еана, гIелъелла, пенах букъ а тоьхна, агIоръяьлла хиллера цхьа зуда. ХIинца боьхна хьийзачу наха тергал ца йора я иза а, я доьлхуш хьийза бер а. Цхьана хенахь улле а таьIна, зудче йистхилира Чилла:

– ХIей, хезий хьуна, и бер ма чIогIа доьлху хьан?

Зуда йист ца хуьлура.

– ХIей, хIе-е-ей! – юха а муьшка йина, дIатеттира Чиллас зуда.

Важа, пенаца дIашершина, цIенкъа охьаюьйжира. ТIеддачу Чиллас цуьнан корта схьалецира. Зуда ша ма-шеллу шелъелла яра. Сихха иза къилбехьа а ерзийна, деша стаг лехира Чиллас. Доьшуш лаьтташехь, неIаре едда, салтичуьнга элира, елла зуда ю дIайолла езаш аьлла. Салти, шайн хьаькамна тIе а вахна, юхавеара:

– Цкъачунна Iадйита, боху. Жимма Iийна дIаюллуьйтур ю, боху.

Салазашкахь, ворданашкахь тIебалош болу нах лахбелира.

– Гонахара такхораш тIера схьа а оьцуш, йол йилла божална гонаха, го баккхий, алссам! – омра дира Гвешианис.

– Иза хIунда юьллуьйту ахьа? – хьаьттира уллехь лаьттачу нохчийн мотт хуучу эпсаро.

– Нагахь тахана дIабигар ца нислахь, шеллур бу уьш оцу чохь, – халла бен, мокха, дуткъа балдаш меттах а ца хьовш, жоп делира Гвешианис.

Гобаьккхина алссам йол йиллина бевлча, божалан ков дIа а чIагIий, гIорторaш хIиттае аьлла, омра дира НКВД-н эпсаро. Цхьанхьара-м стомма ши-кхо дечиг еана, ков дIакъевлира.

ДIасахьаьжира Гвешиани. Дассаделла хийтира лаьмнаш. Цхьа а ламаро висна вацара кху агIор гуш а, ву аьлла хезаш а. Къена а, зуда а, бер а, цомгушниг а, къаналло лаьцнарг а – бер-

риш а цу божал чохь бара. БІе говр лоллура цу божал чу, хІинца ворхІ бІе сов стаг тарвеллера.

Шена гено лаьтта нохчийн мотт хуу цхьа эпсар воцург, кхин цхьа а ламаро цахиларх ша тешна ваьлча, омра дира Гвешианис:

– ЦІе таса!

ТІебевддачу салташа масех меттехь алах цІе тесира. Хуьлуш лаьттачун духе кхиаза волу нохчийн мотт хуу эпсар кхетта валале, цІе, марсаяьлла, божалх хьаьрчира. Тамашийна, дуьне Іадо санна, маьхьарий девлира божал чохь болчеран. Говрара охьа а иккхина, коьртара куй а бужуш, тІеведира эпсар Гвешианина:

– Ма дагаде и адамаш! Совцабе салтий! И хІун ду ахьа цаьрга дойтуш дерг?!

– И нах дІабига аьтто бац. Цара некъ ловр бац. Ишттанаш хІаллакбан безаш бу! – шийла кхоьссира Гвешианис.

– Аса маршал Берияга дІадовзуьйтур ду хІара гІуллакх! – кхерам таса вуьйлира эпсар.

– Иза Сталинан, Бериян омра ду! Хьо дуьхьал-м вац? – шийла, цабезамца тІебуьйгІира Гвешианис шен ши бІаьрг эпсарна.

ЦІарой, кІуьрой кхерийна, маьхьаршца арагІоьртинчу адамаша божалан ков кагдира. Арататтабелира кхерамо хьере бина лаьтта нах.

– ТІетоха! – омра дира Гвешианис.

Чуьра арагІоьртинчу нахана автоматаш етта йолийра салташа. Бойуш охьабоххучу нехан дийнна цхьа барз гулбелира кевнна хьалха. Эгначу декъийн барзо ара ца бовлуьйтура хІинца марсаяьллачу цІаро багош лаьтта нах.

– Совца! Совца! – шена чуьра ма-боллу мохь хьаькхира Громов фамили йолчу цхьана эпсаро, и къемат-де шена гуш, Іа а ца велла.

Къевллина шен корта схьа а лаьцна, бІаьргаш дІакъевлира цо. Амма цо бохучуьнга цхьаммо а ла ца дуьйгІира. Богуш лаьттачу тхевнан цхьа ах чохь болчу нахана тІекхийтира.

– ДӀавига и шиъ кхузара! – пӀелг хьажийра Гвешианис нохчийн мотт хуучу эпсарний, Громовний тӀе.

Хьан тӀера герз дӀа а даьккхина, и шиъ аренга боьдучу новкъахула дӀавигира салташа.

Божал чохь хьоькху маьхьарий цхьа хан яьлча севцира.

Цхьа а ца висира царах дийна.



### Текстана комментари

1944-чу шарахь ГаланчӀожан кӀошта чу йогӀучу Хьайбаха юьртахь хилларг ду хӀокху дийцаран бухе диллинарг. Сталин Иосифан, Берия Лаврентийн омра кхочуш а деш, нохчий махкахбохучу хенахь ГаланчӀожан кӀоштан кӀотаршкахь бехаш болу нах схьа а гулбина (герггарчу хьесапехь – 700 стаг), уьш говраш чулоххучу божал чохь багийна НКВД-н эпсарша а, салташа а. Билгалйинчу хенахь цӀерпошт-некъа тӀе и нах шайга охьабахалур боцу дела, шайна атталла дина цара иза.

### Хаттарш а, тӀедахкарш а

1. ХӀун тайпа тоьшаллаш кхуллуш хӀаллакбойтуш хилла нах тӀом балале а, цул хьалха а?

2. Массо а боьрша стаг хӀун аьлла дӀагулвира юьртан маьждиге?

3. Нохчийн къам дерриг а махкахдаккхаран сацам хӀун бахьана долуш тӀеэцна бу, элира эпсаро?

4. КӀотаршкара нах махкахбахар муха дӀадоьдура?

5. Хан яьллачу хенахь Хьамзат кӀотара хӀун дагахь веанера? Цо шега аьлларг муха тӀелецира Бабас?

6. КӀотара баьхкинчу салташа ши зудий, Хьамзаттий дӀадигарх лаций дийца. Муха хилира иза?

7. ХӀун хабарш даьржира Хьайбаха схьагулбинчу нахана юккъехь?

8. Сталинан а, Бериян а къиза омра муха кхочушдира Гвешианис?

9. Къиза хӀаллакбечу нахах къинхетам бан воллучу эпсарна хӀун таӀзар дира? ХӀунда?

10. Муха чекхдолу дийцар?

### Ешначух ойла е вай

1. Дийцар тӀехь юьйцург хӀун зама ю? ХӀун хаьа хьуна цунах лаьцна?

2. Заидата шайга веана ЯӀлам, чу а ца воуьйтуш, неӀсагӀи тӀехь латторан хӀун бахьана ду?

3. Махкахйоккхучу Бабина шен Ӏалашбаза болу етт дагахь хиларо хӀун гойту?

4. Гвешиани а, цхьаболу эпсарш а, салтий а къинхетам боцуш, къиза нах хилар муьлхачу гӀуллакхашкахь гучудолу?

5. Муха стаг ву Гвешиани? (Тидам бе цуьнан къамелан, салташца, эпсаршца, нахаца йолчу юкъаметтигийн.) Шена тӀедиллина декхар цу кепара кхочушде аьллерий цуьнга хьаькамаша?

6. Громовна Гвешианин омра кхочушдан хӀунда ца лаьа?

7. Адамалла а, акхаралла а – хIара синмехаллаш авторо дуьхь-дуьхьал ерзийна гайтаран хIун бахьана ду?

**ГIиллакх-оьзданаллин хаттарш дийцаре де вай**

1. Шуна хетарехь, бакъ вуй шега дина омра сел луьра кхочушдина Гвешиани? Муха гойту цуьнан амат авторо?

2. Къинхетам а, къинхетаме хила веза бохург а хIун ду? Дийцаран муьлхачу персонажаца бозабелла бу и кхетам?

3. ХIун ду коьрта: декхар я къинхетам? Муха кхочушхуьлу и хаттар дийцарехь? Шун ойла муха ю цу хьокъехь?

**Дийцаран исбьахьаллин башхаллех лаций дийца вай**

1. Муха бу дийцаран чулацам? Муьлха хилам бу цуьнан бухехь? Дийцаран сюжетан дIахIоттаман коьрта кепаш билгалъяха: хиламан юьхь, хилам кхиар, кульминаци, хиламан берзар.

2. Произведенин дIахIоттамехь хIун дакъа лоцу эпизодаша: нах маьждиге гулбар; тайп-тайпанчу меттигашкара нах Хьайбаха схьабалор; Гвешианис а, цуьнан хьадалчаша а омра кхочушдар?

3. Исторически бакъдерг а, дийцар тIера хиламаш а вовшаяца буьстича, хIун ду церан цхьаьнадогIург а, къаьстарг а? ХIун керланиг юкъадалийна шен дийцарна авторо?

**Культурийн диалог**

Цкъа а туьйр боцу дегаIийжам хилла лаьтташ бу беларуснийн эсехь Хатынехь хилла бохам. ТIом болчу хенахь фашисташа оцу юьртара нах багийна. Цу хиламах лаьцна цхьа а произведени евзий шуна?

**Билгалйинчу теманашна проект кхоллар**

1. Тайп-тайпанчу хаамийн хьостанех пайда а оьцуш, нохчийн къам цIерадахарх лаций дагалецамийн альбом кечъе.

2. Баккхийчаьрга хоттуш, вайн халкъ, махках а даьккхина, Казахстане кхалхийначу хенахь иза даьхна меттигаш билгалъеш долу карта хIоттаде.

**Шуна, хIума довза лууш**

Дийцар тIехь буьйцучу исторически хиламах лаьцна «Хайбах. Следствие продолжается» цIе йолу книга язйина Гаев Саламата, Чагаева Тамарас.

# «ХЬАЙБАХА» ДИЙЦАРХ ЛАЬЦНА

Хьайна гIиллакхаш довза лаахь, Нашха гIо, олуш дара вайн дайн. Нохчийн схьабовлар а Нашхара ду, олу. Вайн халкъ махкахдаккхале Нашха юкъараллина чуйогIуш хилла хIара ярташ: ЧIармаха, ТIийст, Хьайбаха, Iаьжгечу, IаршIалечу, Зерха, МогIуста, Моцкъара, Муьшечу, ХIийла, кхиерш. Цхьана хенахь ирсе дахар кхехкаш хилла, хIинца тийна лаьтта меттигаш ю уьш.

1944-чу шарахь 27 февралехь ГаланчIожан кIошта чу йогIучу хIокху ламанан ярташкара а, кIотаршкара а схьагулбина нах гIаш новкъабехира махкахбаха. Цомгушнаш а, къена а, гIийланаш а, кхана кема хир ду, цу тIехь новкъадохур ду шу аьлла, тIаьхьасовцийра. Цаьрца севцира цхьаболу кегий нах, мехкарий, бераш, зударий. Берриш а 650–700 стаг хир вара уьш. Дерриш и адамаш, цкъа хьалха буха ча а, йол а тесна, Берия Лаврентийн цIарахчу колхозан говрийн божал чу лаьхкира. Ков дIа а къевлина, арахула гIораш дIадоьхкира. Чохь берш шел ца балийта аьлла, гонаха йол а йиллина, юха цунах цIе тесира. Чубоьхкинчеран гIовгIа елира.

ЦIарх бевдда арагIоьртинчу наха охьатуьйхира ков. Оцу операцина куьйгалла деш хиллачу пачхьалкхан кхерамазаллин комитетан 3-чу даржан комиссара Гвешиани Михаил Максимовича оцу хенахь омра дира шен салташка: «ТIетоха!» – аьлла. Божал чуьра цхьа стаг, жима а, воккха а, ара ца волуьйтуш, даш детташ, массо а хIаллаквира, вагийра.

Оцу хенахь ламанца жа дажош хилла Iожаллех а, цIерабахарх а кIелхьарабевлла бисначу Гасв Жандара а, Хамзатов Элберда а, Хабилаев Iалавдис а, кхечара а, са ца доIуш, шина дийнахь-бусий оцу беллачарах 147 стаг дIавоьллира, цIерш билгал а йохуш. Вукхеран дIаберзор 1989-чу шарахь бен ца хилира. Лакхахь далийна исторически бакъдерг ду яздархочо хIокху дийцаран бухе диллинарг.

Дийцар дIадолало Заидатан, ЯIаман диалогца. Некъаш тодан бига вовшахтухуш бу аьлла, массо а пхийттара мел ваьлла боьрша стаг ву клубе дIагулвеш. И хаам бохьуш Iабдурахьманан керта веана цуьнан зудчуьнца Заидатца къамеле волу мотт бетташ лелаш ву аьлла цIе яхна ЯIлам. Дийцар дIадолалушшехь хаало вайна цхьа сингаттам бер буйла, и веана стаг цхьана вонна араваьллийла. Иза шера гуш ду Заидат йоьхна хиларехь а, ЯIаман кIоршаме вистхиларехь а, чорда

леларехь. КхидӀа болчу хиламашкахь халкъана тӀебеана бала шерра гучу а болу. Шина-кхаа предложеница халкъана тӀехӀоьттина Ӏазап мадарра гайта хиъна яздархочунна. «Ерриг эвла бохург санна, дӀаюьзнера гӀайбеш чуьра охьаӀенначу месаша; Ӏаьнан шийлачу, тӀуьначу хӀаваэхь маьхьарий, белхарш, жӀаьлийн угӀар, бежанийн Ӏехар – дерриг а вовшахъийнера». И тайпа ирча сурт, хӀокху лаьмнашца бехачу нахана тӀехӀоьттина ца Ӏаш, берриг махкахь а дара. Ламанан ярташкахь хилларг довзийтарца яздархочо хоуьйту вайна иштта ирча гӀуллакхаш берриг а нохчийн махкахь Сталинан хьадалчаша акхараллин къизаллица дӀакхехьна хилар.

Роман тӀера схьаэцна дакъа хиларе терра, шен турпалхой а болуш, шакъаьстина дийцар санна билгалдаьлла дац хӀара дакъа. Кху тӀера хиламаш масех персонажца бозабелла бу. Ткъа уьш а, цхьа Хьамзат, Чилла доцург, шайн цӀерш ца бовзийтина а бац. Баба, зударий, бераш, баккхий нах алар бен, кхин вайна царах лаьцна хаамаш белла бац яздархочо. Иштачу дийцарехь оьшуш а дац, хӀунда аьлча кхузахь коьртаниг халкъ махкахдаккхар а, иза кхочушдечу хенахь Сталинан, Бериян цӀуьхӀарша а, чоьхьарчу гӀуллакхийн салташа а шайгара гайтина къизалла йовзийтар йолу дела. Декъан персонажаш шина декъе бекъа мегар ду. Цхьана агӀор – нохчийн халкъан векалш: Баба, Чилла, Хьамзат, зударий, бераш; вукху агӀор – Гвешиани а, цуьнан омра кхочушдеш болу салтий а. Адаман сибатах боьхна, акхаройн амале бирзина гайтина кху тӀера шолгӀачу магӀарера персонажаш.

Тешна ала мегар ду, хӀокху произведени тӀехь шен юьхь-сибат а, куц-кеп а, аматаш а долуш персонаж яц аьлла. Авторо ша схьабийцарца гучуболу хӀокху произведенин чулацам. Чекхдаьлла долу (дӀадоладалар а, кхиар а, дерзар а долуш) гӀуллакх гойту кху тӀехь, ардаме сюжетехь кхуьу кхуьнан чулацам а. Декъа тӀехь гайтина цӀерадоккхучу хенахь халкъо лайна бала. И нах дукха декъаза бу, яздархочун дог лозу царах. Шайна тӀехӀоттийначу Ӏазапна дуьхьало ян ницкъ а бац церан, дукха гӀийла, гӀорасиз бу уьш, хӀунда аьлча кхуза схьа мел гулбинарш зударий, бераш, баккхий а, цомгуш болу а нах бу. НКВД-н салташа дӀахьош йолчу операцин шуьйра хаамаш бац декъа тӀехь, амма боццачу, къеггина гойтучу хиламашкахь бӀаьрла гучуйолу церан къизалла а, акхаралла а. Ламаз деш юкъара ца ваьлла аьлла, вийна стаг а, жимчу кӀентан карара схьабаьккхина лайла кхоьссина

жима Iахар а, кога пазаташ юха а ца юьтуш, шен чуьра аракхоьссина йоккха стаг а – кхин масане дара и санна цара деш долу къиза, ирча гIуллакхаш.

Амма стаг Iадор волуш, инзарвоккхур волуш ду цул тIаьхьа гой-ту суьрташ. «Бойуш охьабоххучу нехан дийнна цхьа барз гулбелира кевна хьалха. Эгначу декъийн барзо ара ца бовлуьйтура хIинца мар-саяьллачу цIаро багош лаьтта нах».

Шаьш дечух ца Iебаш, цIаро багош болчу нахана цIеран даш детташ лаьтта салтий. Адамо дина адамаш дан а дуй-те уьш олий, ойла кхоллало.

И къемат-де лан а ца лой, царна юкъара а волу шеца адамаллин хьаса бисина цхьа эпсар. Яздархочо шен мохь-цIогIа цуьнгахула схьаолу вайга: «Совца! Совца!» Амма цуьнга ладогIа стаг вац кхузахь, акхаройн амале дирзина адамийн сибатехь йолу бIарлагIаш йоцург.

Оцу салташна омра деш волу эпсар Гвешиани, ша дечух воккхавеш, ша Бонапарт ву мотталой, гонаха дIасахьожу. Амма лаьмнаш дасса-делла, цхьа а ламаро вац я гуш а, я хезаш а. И дацара тIаккха цунна тIедиллинарг? Цо иза кхочушдина. Мел къиза хила веза бераш а, зударий а, цомгуш берш а, къаналло лаьцнарш а хIаллакбеш волу стаг, цара некъ ловр бац аьлла, бахьана а хIоттийна. Оцу доццачу аларшкахь яздархочо схьаухьу вайна оцу чалтачан адамах тера доцу сибат.

Фашисташа шайгара ца гайтина къизалла гучуйолу вайна Хьайба-хахь вайн нахе Iазап хIоттийначу НКВД-н эпсаршкахь а, салташкахь. Къиза дагийначу адамех хьалабуьйлу хьена кIур царна дуьххьара гуш болчух тера дац. Шаьш динчунна беххкала муххале а ца боьлху уьш, мелхо а, дегнаш ийало церан, баккхийбеш, хьаам хуьлуш. Иштта къиза гIуллакхаш дар царна ницкъ луш хIума ду.

Доккха маьIна долуш дакъа ду хIара. ДегаIийжаме делахь а, амма кху кепара дийцарша латтор ду вайн эсехь цкъа а къомо дицдан йиш йоцурш. Белоруссехь Хатынь цIе йолу юрт ягийна хилар дуьненна а хууш ду, амма Хьайбахахь дийна боллушехь багийна вайн махкахой цхьаммо а хьахош бац. Доллучу дуьненна, Холокост, Хатынь санна, йовза еза Хьайбаха а. ХIора тIекхуьучу тIаьхьенна довза деза ирча бакъдерш шена тIехь дийцарна ю хIара произведени мехала.

## ЯХЪЯЕВ
## Леча Магомедович
## *(1952)*



1980-чу шерашкахь вайн литературе къоначу яздархойн керла чкъор деара. Царах ву Яхъяев Леча.

Еххачу хенахь, 70 сов шарахь, «ширделлачу Ӏадаташца» луьра къийсам латтаро халкъан гӀиллакхашна, синъоьздангаллина доккха зен дира, иза шен орамах хадо гӀерташ. И проблемаш къоначу яздархоийна гора, церан дегнашна Ӏаьткъинера, шаьш яхьйолуш кхуьучу нохчийн тӀаьхьенех хиларна. И халонаш исбаьхьаллин а, наггахь – публицистически дашца а, схьаяста гӀерташ, къахьийгира цара.

Яхъяев Леча вина октябрь беттан 1 дийнахь 1952-чу шарахь Семипалатинск-гӀалахь Казахстанехь махкахбаьккхинчу нохчийн доьзалехь. Даймахка цӀавирзинчул тӀаьхьа деша вахна ГихтӀарчу юккъерачу школе. Школехь дешначул тӀаьхьа цо чекхъяьккхина Нохч-ГӀалгӀайн пачхьалкхан университет. Цул тӀаьхьа белхаш бина тайп-тайпанчу меттигашкахь: «Ленинан некъ» газетехь, «Новая газета», «Свобода» газетийн коьрта редактор, республикин администрацин куьйгалхочун пресс-секретарь, Нохчийн Республикин Президентан гӀоьнча, кхин а.

Яхъяев Лечин кхоллараллин некъ болабелла и школехь доьшуш волуш, амма кхиаре бирзина университетехь доьшучу хенахь. Яздан корматалла йолу кегийрхой юкъабалорехь Ӏаламат мехала хилира 1975-чу шарахь къоначу яздархоша вовшахтоьхна литературин цхьаьнакхетаралла «Пхьармат». Оцу «Пхьарматехула» чекхваьлла Яхъяев Леча а. Пхьарматхоша шайн произведенешца нохчийн литературе керла ойланаш, васташ, исбаьхьаллин басарш деара.

Яхъяев Лечин стихаш зорбане евлла республикин газетийн, «Орга» алманахан агӀонаш тӀехь, ткъа иштта яздархойн гуларш тӀехь.

Яздархочо шен лар йитина поэзехь, прозехь, драматургехь, публицистикехь. Цо язйина: «Тхо даьхна», «Зелимханах илли», «Кавказан лом» поэмаш, «Гиххойн Таймасха» роман, пьесаш «Iаьржа чIаба», «Нигат». И пьесаш хIиттийна Нохчийн пачхьалкхан драмтеатран сцени тIехь.

Нохчийн литературехь цо баьхна кхиамаш билгалбаьхна пачхьалкхан совгIаташца: хьакъволу культурин белхахо, хьакъволу искусствон гIуллакххо, Нохчийн Республикин Сийдолу гражданин, лаккхарчу совгIатийн кавалер.

Яхъяев Лечин произведенешкахь коьрта меттиг дIалоцу нохчийн халкъан дахаро а, кхолламо а, иштта къоман амалша а. Бакъду, цо нохчий, кхечу къаьмнел лакха а ца бохуш, мелхо а, дерриг къаьмнашца ийна, шен дика а, ледара а агIонашца цхьаьна гойту. Иза Яхъяев Лечин кхоллараллин билгалйолу агIо ю.

Публицистикехь а йоккха лар йитина яздархочо. Цуьнан статьяш, интервьюш, иштта кхийолу материалаш кест-кеста еша таро хуьлу газетийн, журналийн агIонаш тIехь. Вайн дахарехь уггар хала киртиг тIехIоьттича а, Леча тешна вара кханалера де дика догIург хиларх.

Коьртачу декъана, дикано зулам тIехь толам боккхург хилар чIагIдо яздархочо шен кхоллараллехь.

## ДАРКЕШ

***(«Гиххойн Таймасха» роман тIера дакъа)***

ВорхI кIант ву Даркешан: Аьрзу, Леча, ХьаргIа, Куьйра, Олхазар, Маккхал, Хьоза. Цуьнан гIортораш. ВорхIе а – пепнаш санна, догIмаш долуш, болатах воьттича санна, онда. ХIуманнах а бIаьрг-негIар тухур доцуш. Вухавер воцуш. Iуьргара моьлкъа а боккхур болуш, чIарх-аьллий, шайтIанан багара маха а боккхур болуш, майрий. ГIиллакхах вухур воцушший, яхь дIалур йоцушший.

Иштта кхиийна уьш дас. Цо хIинца а олу шен кIенташка:

– Хьалха а ма хила, тIаьхьа а ма хила. Шун меттиг юккъехь ю.

Цкъа воккахволчу Аьрзус, Іан а ца велла, хаьттира дега:

– И юккъера меттиг хІунда хоьржу ахьа тхуна, ва дада?

Даркеш оьгІаз ца вахара оцу хаттарна. Тера дара, цо и лардинчух.

– Хьалхавийла Іеминарг массо а хІуманна тІехь хьалхара хила лууш хуьлу, тІаьхьасеца Іеминарг массо а хІуманна тІехь тІаьхьара хила лууш хуьлу. Хьалхавалий, тІаьхьависий стаг гуттар а караво. Муьлххачу а гІуллакхан коьрта йозалла шена тІеоьцуш ерг юкъ ю. И онда елахь, халкъан доь довр дац, – жоп делира Даркеша.

Ден хьехар лардира кІенташа. ЦІагарица пачхаьан салташна кІело ян баханчохь а. Коьрталла ца къевсира цхьаьнцца а. Кхечаьрца цхьанийсса лийтира вежарий ХьаргІий, Олхазаррий, Маккхаллий. ТІаьхьарчунна пхьаьрсах чов а йинера.

Салтийн тоьпаш а йохьуш, ЦІагарин тоба цІайирзича, гиххоша доккха садаьккхира… Цхьана Аружин юьхь тІехь ца хаалора я хазахетар а, я халахетар а. Иза йоьллера шен кхузткъе итт шара чохь, кІентий кхерамечу новкъа а бохуш, уьш могуш-маьрша юхаберзаре хьежарх. ВорхІ кІант ву цуьнан, ворхІ кІант – ненан ворхІ са. Цхьана деган эшарехь деттало и ворхІ са, цхьанна цатам хилча, берриг а кийра Іовжош, хазахетар хилча, кийрахь меттиг ца тоьуш…

Кхо кІант дена дуьхьалхІоьттира. Хьалха вистхилира кхааннах воккахволу ХьаргІа.

– Дада, тхо юхадирзи, зен-зулам ца хуьлуш.

– Бакъхьа хир ду, – кІентийн бІаьра ца хьожуш, бендоцчуха жоп ло Даркеша. – ПаргІат хила.

Нана йолчу боьлху кІентий.

– Нана, тхо юхадирзи, могуш-маьрша долуш.

– Некъан хьовзамах, юьхьІаьржонах лардойла шу вайн Дала, – меллаша дека тийналлехь Аружин аз. – ДІадуьло, паргІатдовла.

Воккхахволчу вешина Аьрзуна тІебоьлху вежарий.

– Тхо юхадирзи, дагалаьцнарг кхочуш а дина.

– Нахана хьалха корта охьабахийта меттиг-м ца йити аша вайна? – хоьтту Аьрзус.

– Ца йитина, – жоп ло ХьаргӀас.

– Дика хир ду, – там хиларца боху воккхахволчу вашас. – Хьовса шайн гӀуллакхе…

Цхьана кертахь Ӏаш ву ворхӀ ваша, дечиг доккху гуьйриг а цхьаъ йолуш. Ялх зударий балийна ву, ворхӀалгӀаниг – Хьоза – кӀантстаг. Цундела деца-ненаца цхьана тхов кӀел Ӏа иза, вуьш шайн доьзалшца – уьйтӀарчу цӀенош чохь. Массеран а бераш ду. Цкъа Хьозас дагардича, берхӀитта хилира уьш, царах шийтта – божабер.

– КӀант, – жимахволчуьнга кхойкху да. – Кхана талла ваха дагахь ву со. Кечам белахь…

– Мегар ду, дада, – кхин а цхьа хӀума ала лууш, амма ца хӀуттуш, неӀсагӀехь соцу Хьоза.

– Хьо хӀун ала гӀертара? – кӀентан дагахь дерг хиъча санна, хоьтту Даркеша.

– Со а ваийтахь хьайца…

– Садаржале когаш тӀехь хила веза хьуна вайша…

– Аса сема йо наб…

«Ирс-яӀ хьан, суна-м кхета а ца кхета хьуна и хӀокху тӀаьхьарчу хенахь. Ӏуьйккъалц товхи хьалха хуий Ӏа, тӀаккха метта волу. ДӀасакерча, маситтазза хуьйцу ха, буьйса сахуьланга лестачу хенахь халла наб озайо. Дера, тускар чу хаочу даьлла моьттуш ма ву со сайн гӀуллакхаш а», – самукъане йоцу ойланаш хьийзара коьрте.

Даркеш жима стаг волуш дара и. ХӀетахь Нашхахь бехаш бара хӀорш. Нашха! Ламанан мехкан деган юкъ… Даркешан бераллин ага.

Гобаьккхина лаьттачу ламанан баххьаша мархаш яржочу эвлахь хьалакхиира иза. МостагӀчо шен лар еана яц цига. Дерриг а дара дика… латта кӀезиг дацахьара. Куй биллал йолу меттиг а тӀулгашца къевсина яккха езаш яра. Даха охьенга довла деза аьлла, хабарш даьржира эвлахь. Дукхахболчара къобалдеш гӀуллакх а дара иза.

Ткъа кхуьнан да Гелаг дуьхьал вара: «Сан ворххIе а да ваьхна кхузахь, кхузахь Iохку церан даьIахкаш, царна гена а ваьлла, сайн кхин рицкъ леха ца лаьа».

Охье. Ян мукъана а хIун ю иза?

Даркешна хезнера цунах лаьцна гиначара дуьйцуш: «ТIулган экъа санна, бIаьрго ма-лоццу шера аре. Цу тIе яьлла голашка кхаччалц йолу сийна буц. Хиш, лаьмнашкахь санна, аьрха а, дера а дац. Шайн болар лахдой, амал хуьйций, шуьйра даьржа уьш аренца. Акхарой мел дукха ю! Стоьмаш латийна, Iана а дахна лаьтташ долу дитташ! Дийнахь сарралц некъ бича а ца кхачало латта… Беркат ду-кх, беркат…»

ЛадоьгIучеран бIаьргаш серладовлура, цецбовлий, кортош лестабора. Цхьаберш теша а ца тешара: туьйра дара иза-м, оццул латта мичара хир ду…

Хьалха лахенга охьабаха сацам хилларш нашхой бара. Уггар нуьцкъала а, нахана юккъехь дош лелаш а тайпа дара цераниг. Цунна хир дара кхидолу кегий тайпанаш а царна тIетар. Даркешан нана а яра нашхо. Дех ца вахьахь а, оццу ойланехь хилла волу Даркеш ненахошкахьа узуш вара.

Цхьана дийнахь, хIара цIа веача, Гелаг тускар чу а хиъна Iаш карийра кхунна. Кхунна хаьара, и тускар стенна лелош ду а, цу чу стаг хааран маьIна хIун ду а. Цундела воьхна висира Даркеш, иштта сурт шен бIаьргаш хьалха хIоьттича.

– ХIун деш лаьтта хьо?! – тIечевхира Гелаг. – Схьаэца тускар.

– Дада, хьо… хьалхе… тохавелла, – толкха а лелхаш, ма хуьллу гIиллакхе хила гIертара кIант.

– Мичахь гина хьуна кIезано къена борз Iамош?! Хьайга бохург де.

КхидIа дуьхьало ян ца ваьхьира Даркеш. Лерина схьа а эцна, тускар ги доьллира.

– Яхийта хIинца хьайн алаша! – дийкира букъа тIехьара.

Даркешна базбеллера и мохь. ХIан-хIа, кхунна дегIана ницкъ ца хуьлура. Лаьхьа санна, дагах хьаьрчинера ойла: «Дех вала воллу-кх со».

– Дада, юхавахийтахь вайша…

– Соьга хIун дика хьегийта воллура хьо?
– Нахана дерг хир ду-кх вайна а.
– Совваьллачу стеган хIусам – кешнаш…
– Хьан боху хьо совваьлла?
– Сан даго.
Малхбузехь дIагIерта кIанттий, дай. Когаш кIелахь – тIулгаш, цхьа гIулч яьккхича, охьахьаьжча, – корта а хьаьвзаш, кIорга Iин. Бухахь, гIергIаш, мокхазан бердех кур бетташ, угIура ламанан хи.
ХIора тайпанан а шен кешнаш дара. Малхана дуьхьал а дерзадой, лам огуш адамаша дора уьш, я стагана хьалхара Iаламо къахьоьгий даьхна хуьлура. Вала гергавахнарг, я толуш воцуш ун кхеттарг, тускар чохь вала а вой, магтIара Iачу цхьана цIийнах схьабевллачу нахана улле кIегархаавора. Даркешна тIе дуьххьара хIоьттина иштта гIуллакх.
КIантана хьацар тоьхнера. Хорша еача санна, вара иза. Кхуьнгара хьал хиъча санна, букъа тIехьара схьа вистхилира Гелаг.
– ХIоккхуза сацал!
Даркеша кхочушдира шега аьлларг.
– Схьадерзадел тускар.
ХIинца чубузучу маьлхан зIенарш нийсса ден юьхь тIе йийшира.
– Хьайн серлонца хIара дуьне кхолуш волу, ХIай Дела, – малх болчухьа куьйгаш лецира Гелага. – Тахана тIаьххьара хьосту хьан эсалчу зIенарша. Боданечу дуьненахь ваха дIавоьду со. Вай къастале, хьоьга дош ала лаьа. Баркалла хьуна ахьа суна мел динчу диканна. Iуьйранна гIаттавора ахьа со. ДIайийначу хIуманна хьайн йовхо луш, хьоькъуьйтура ялта. Сарахь, чубузий, садаIийта дезийла хоуьйтура. Дехачу Iаьно чехийначу дегIе бIаьста ницкъ боуьйтура. Ехачу буьйсанан бода эккхабой, дуьнен чу серло яржайора, – дийначу адаме луьйш санна, декара Гелаган аз. – Сан гIуллакх дина бели хьо. Делахь а, цхьа дехар хир ду сан хьоьга, ахьа и кхочуш а де. Соьца санна, дика хилалахь сан тIаьхьенца. Ларбелахь уьш даг тIе бода боссарх. Лепалахь царна, де доьхначохь ницкъ луш, тилбеллачохь некъ гойтуш. Цу тIехь

со чекхволу. Нагахь санна сан къамел хьайна дIахезнехь, и ахьа тIеэцахь, цхьа билгало яхьара ахьа…

Йоццачу юкъана мархашна тIехьа дIа а баьлла, къеггина юха схьакхийтира малх.

Даркеш, цецваьллачохь, бага а гIаттийна, висира.

– Баркалла хьуна. ХIинца со сапаргIат ву, – оцу дешнашца бIаьргаш дIахьаббира къеначу Гелага. ТIаккха, набарха волуш санна, кIанте вистхилира: – Жимма сатоха, аса дукха хьийзор вац хьо.

Шена хьалхахьа некъ ца гуш воьдура Даркеш. Оцу дийнахь шен дахарехь дуьххьарий, тIаьххьарий вилхира иза. Дуьрачу бIаьрхиша беснеш Iийжайора, легаш тIехула чета оьхура. Мохь ца хьакха, цергашца балда а лаьцна, хьалаоьхура.

ДуьхьалхIоттийначу боккхачу чхарана хьалха сецира Даркеш. Тускар чохь да меттахъхьовш санна хийтира, резавацарна хир дара иза.

Куьйгашца тIулг дIахило гIоьртира. Гуллакх ца хилира. Тускар гира охьа а ца дуьллуш, белш гIортийра тIулгах. Жимма меттахбелира. ГIора ма-дду кхин цкъа а дIатеттира. Стаг чоьхьаваллал херо елира. Даркеша гIулч яьккхира…

БIаьргашна хьалха, Iаьржа кирхьа санна, бода лаьттара. Юха а вирзина, араваддал бIарзвелира. Да шех воьлуш санна хетаделира. «ХIун до ахьа, нанин ноькка, кхеравели?» Цхьаммо а ца элира и дешнаш. Амма Даркешан лерехь дийкира. ХIетахь, хIара жима волуш, Iин чохь дехачу алмазах кхеравелла чуведча санна.

ТIаьххьара а бIаьргаш буьйлира боданах. Болаза биснехьара гIоли а долуш хиллера. Нийсса хIокхунна тIе а дирзина Iаш адамаш дара. Сарахь пхьоьхана хевшича санна. Кхунна хезнера, маьлхан кешнашкахь адамийн дегIан чкъор кхелхинчул тIаьхьа а, талха а ца телхаш, ша ма-дарра дуьсу бохуш. Цундела дийначу адамех тера дара декъий.

Юха а тускар чохь да тохалуш санна хийтира. Лаьтта охьабиллира цо мохь. ХIинца уггар халаниг дара дан дезаш: бухарчарна улле да дIатарвар.

– Дада, аса муха вуьтур ву хьо кхузахь?

Дуьхьал жоп ца хезира.

– Вистхилахь, дада, – дехар дарца дена хьалха гора хӀоьттира Даркеш.

Ден бӀаьргаш схьадиллина дара. Амма дахаран Ӏаьцаг ца хаалора царна чохь. Бос байна ангалин туьтеш дагадаьхкира Даркешна ден бӀаьра хьаьжча…

Тховса дага хӀунда деа кхунна и дерриг а? ТӀекхача йоллутехьа кху лаьтта тӀехь яккха цунна тоьхна хан? Дера, дукха некъаш ма идийна кхо…

Хенахь а дац хӀинца-м. Базбелла шерийн мохь. Цо белшаш тӀера охьатеӀаво. Нийсархой а дӀабевлла. Цхьа Уки ву-кх кхуьнца кетӀа ваьлла, охьахаа, къамеле вала. Иза а кхул иттех шо жима ву.

Ӏуьйкъенан нӀаьна кхайкхира. Дог ца догӀуш хьала а гӀаьттина, метта велира Даркеш. Гуттар а ма-валлара. Кхана тахана дан цакхиънарг чекхдаккха.

**Текстана комментари**

Произведени тӀехь паччахьан салташца дӀахьош болу къовсам – иза нохчаша шайн паргӀатонехьа, бозуш цахиларехьа паччахьан Россина дуьхьал беш хилла гӀаттамаш бу.

**Ешначух ойла е вай**

1. Муьлха халкъан ламаст ду романан декъа буха диллинарг?

2. ХӀун хьехар дина Даркеша шен кӀенташна?

3. Муха лардора дайн гӀиллакхаш Даркешан кӀенташа? Текст тӀера масалш даладе.

4. Дийца, муха кхета шу «цхьана кертахь Ӏаш ву ворхӀ ваша, дечиг доккху гуьйриг цхьаъ а йолуш» бохучух?

5. ХӀун меттиг ю Нашха? ХӀун бахьана ду Гелагна Нашхара ваха лахенга охьаваха цалааран?

6. Ширачу заманахь стаг тускар чу хааран хӀун маьӀна хилла?

7. Ширачу заманахь маьлхан кешнашка стаг схьавалоран хӀун маьӀна хилла?

8. Гелага малхе дехарш до, куьйгаш хьала а дохуьйтий. ХӀун ду цо малхе доьхург? Цуьнга хӀунда до цо и дехарш?

9. Декхар а, ламаст а боху проблемаш цхьаьна хӀиттайой авторо? Муха кхочушхуьлу уьш произведенехь?

10. Дийцаран муьлха эпизод ю уггар дегаIийжаме а, лазаме а? ХIунда?

**ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай**

1. Ден лаамера вала а ца лаьа Даркешна, амма, цо бохург а дина, иза маьлхан кешнашка вига а ца'лаьа цунна. ХIетте а кхочуш до цо иза. ХIун ду цуьнга иза дайтинарг? Вайн заманахь дас аьлларг муха кхочушдо кIенташа?

2. ХIун гIиллакх лоцу Даркешан кхаа кIанта шайн деца, ненаца, воккхачу вешица, шаьш паччахьан салташна кIело ян а бахна юхабирзича? Цхьана дашца муха эр дара цунах лаьцна? Аша муха лардо и гIиллакх?

**Дийцаран исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Шуна хетарехь, хIун ду хIара произведени халкъан барта кхолларал-лина герга ялош дерг?

2. Гелага малхе доIа до, хIинццалц шена дика хиллачу, шен тIаьхьенна а иштта хилар а доьхуш. Малхе хIунда до цо дехарш? ХIара тайпа исбаьхьаллин кеп кхечу произведенешкахь хааеллий шуна?

3. Дийца, муха ю Даркешан шен деца йолу юкъаметтиг. Тидам бе, муьл-хачу билгалонашца гойту авторо Даркешан шен дега болу ларам. Мичахь гучуболу иза?

**Вайн къамел кхиадо**

1. Авторо шен произведенехь шуьйра пайда эцна чIагIделлачу цхьаьна-кхетарех. Масала, *дукха некъаш идийна* (дукха гина, девзина бохучу маьIнехь), *шайтIанан багара маха а бохьур болуш, Iуьргара моьлкъа а боккхур болуш, нахана юккъехь дош лелаш.*

И чIагIделла дешнийн цхьаьнакхетарш дало мегар долу хьал кхолла я дагалаца.

2. Дийца, муха кхета шу хIокху аларех: *нахана хьалха корта охьабахийта меттиг-м ца йитина аша вайна?; садаржале когаш тIехь хила веза; тускар чу хаочу даьлла моьттуш ву со сайн гIуллакхаш.*

3. *Куй биллал меттиг* чIагIделлачу цхьаьнакхетаран маьIна даста. Схьа-лаха произведени тIера и тайпа чIагIделла цхьаьнакхетарш.

4. Произведени тIехь алссам пайда эцна авторо дустарех. ХIун маьIна долуш далийна уьш? ХIун гIуллакх кхочушдо цара произведенехь?

**Культурийн диалог**

Вала гергавахнарг я толур воцуш ун кхеттарг, тускар чохь схьа а вохьий, маьлхан кешнашка охьавуьллуш ламаст хилла вайн къоман ширачу заманахь. И тайпа ламаст хиллий, шуна хууш, кхечу къаьмнийн?



**БЕКСУЛТАНОВ**
**Муса Эльмурзаевич**

***(1954)***

1980-гІа шераш нохчийн литературин чулацам, теманаш, исбаьхьаллин лехамаш хийцало хан яра. И тайпа болам кхоллабелира оцу литературе яздархойн керла къона чкъор дар бахьана долуш. Дахарехь цу хенахь хуьлуш болу хийцамаш дика гора царна, уьш халкъан дахаран коьрта ламасташ, гІиллакх-оьздангалла ларъеш бара.

1980-чу шерашкахь нохчийн литературе веанчу къоначу яздархочун Бексултанов Мусан коьрта проблема хилла дІахІоьттира иза.

Муса вина 1954-чу шарахь ахархочун доьзалехь, Олхазар-КІотарахь.

Школехь дешначул тІаьхьа Нохч-ГІалгІайн пачхьалкхан университете филологин факультете деша воьду иза. Школехь доьшуш волуш дуьйна хуьлу Мусан исбаьхьаллин литературица юххера гергарло. Къоначу яздархойн «Пхьармат» литературин цхьаьнакхетараллин декъашхо вира цунах исбаьхьаллин даше бахначу безамо. Къоман культура кхиарехь доккха маьІна долуш гІуллакх дара къоначу яздархоша кхочушдийриг.

1980-чу шарахь «Орга» альманах тІехь дуьххьара зорба тоьхна Бексултанов Мусан дийцар, ткъа 1985-чу шарахь араяьлла цуьнан «Мархийн кІайн гІаргІулеш» цІе йолу дийцарийн книга. ХІетахь дуьйна исбаьхьаллин литературехь шен ницкъаш зуьйш схьавогІу яздархо. Дахарца кІорггера зІе хиларца билгалйовлу цуьнан произведенеш. Дахарехь адамашна, къаьсттана берашна, уггар хьалха оьшу

догдикалла, сирлачух, оьздачух йолу шайн цIена ойланаш, хIаллак ца хуьлуш, гуттаренна а йисар чIагIдо шен дийцарш тIехь Нохчийн Республикин халкъан яздархочо Бексултанов Мусас.

Муса, шен хатI а долуш, башха яздархо а, исбаьхьаллин дош кхоччуш карадерзийна, адамийн синхаамаш схьабоьллу говзанча ву. Цуьнан произведенеш еша дог догIуш а, ойла йойтуш а ю, цаьрца ду дахаран маьIна а.

«Дийцаран говзанча» аьлла цIе яхна Бексултанов Мусан исбаьхьаллин литературехь, шен кхоллараллица хIинццалц хилла доцург, керланиг цо юкъадеана дела. Дийцаран синъоьздангаллин а, эстетически а го шорбина цо. Цуьнан ницкъкхочу ша дийцарна юкъавалочу муьлххачу турпалхочун синхIоттаме ваха, цуьнан бIаьргашкахула дуьнене хьажа. Уггар хьалха цуьнан турпалхо оьздангаллех, нийсонах вуьззина стаг ву. Оцу къонахех ву ворхIе дайшкара схьадогIу оьзда гIиллакхаш ширдала, доха, хийцадала тарлуш цахиларх тешна волу Дерказ, «Некълацар» дийцар тIера турпалхо.

## НЕКЪЛАЦАР

Тхан луларчу кIентан, Лечин, зуда цхьана геннарчу юьрта йоссийнера. КIира гергга зама яра сой, сан ден да Дерказзий и зуда цIаялочу дийнахь некъ лаца кечлуш волу.

ХIора дийнахь дуьйцура охашиммо, иза муха хир ду, аьлча а, аса хоьттура Деркига, дIа хьалха а оьккхий: «ХIей, хIей», – олий, цуьнан бархатан хеча доьхка доьхкучура дIаса а тухий – со кхин хьала ца кхочура.

– Ва, дукха ваха хьо, сан кIант! – шен шамар ихна доккха аьрру куьг сан коьрта тIе а дуьллий, вела а лой, аьтту куьйга сан мара а цIанбеш, хьостура со сан воккхачу стага. – Иштта лоцур бу-кх некъ, трос а ца тосуш, я муш а ца боьхкуш. Со охьа а хиъна Iаш хир ву, тIаккха цара машен сацийча, ахьа, тIе а вахна, ахча схьаоьцур ду. Цу ахчанах вайшиммо хьуна кампеташ, лоппагаш, шок, кIайн сегIаз – дуккха а хIуманаш оьцур ю.

– Ткъа хьуна? – со цеце хьалахьожура.

– Суна... аса а юур ю-кх кампеташ, хьан лоппагаш дусур ду, – кIирлой, велавала кийчча хьожура соьга Дерки.

Со, хазахетий, велалора.

ТIаккха сан воккхачу стага: «Хьий, сан борз, сан борз», – олий, мара а вуллий, генна ирхъайавора со, хIаваэхь дIаса а лестош.

Сан воккха стаг уггар дика воккха стаг вара, дуьнен чохь мел волчул, иза массарел дукха а везара суна, йоккхачу бабел а дукхавезара, гуттар сайна тIаьхьа а йолий: «Чувола, хIума яа хьайна, хьуна ма лойла Дала жоьжахати, ва харцмирциг», – бохуш, малхана дуьхьал, лаба санна, хьаж тIе куьг а лоьцуш, со ваьл-ваьллачу тIаьхьауьдучу.

– Схьавада, схьавада, мараэккха, мараэккха хьайн Деркина, йогIуш ю, йогIуш ю, хьуна! – ши куьг хьалха схьа а доуьйтий, сихха, сихха, бохуш, ший бIаьрг а боьлуш, льтташ хуьлура Дерки.

Со: «ХIаъ-хIиъ», – олий, вела а лой, Деркина мара кхетара.

Цо со: «ХIоп-пIа! – олий, тIекхуьуш йоллучу бабех кIелхьарвоккхуш, ирхъайавора. ТIаккха жимма ловза а вой: – ДIаяла, ма хьийзаве кIант, ша мацвелча, юур ю, ваха везаш ву тхойша цхьанхьа. Вуй, борз?» – хоттура соьга, сан бIаьргаш чу а хьоьжуш.

– Тхойша ваха везаш ву, – олура аса, Деркига бIаьрг а таIош.

«Хьий, борз, яI! Стаг ву иза, стаг», – чIоггIа маракъовлура со сан воккхачу стага.

Цо, сан куьг а лоций, меллаша волалора тхойша. Къонахийн къамелаш а деш, керт йоьхначу га дуьллуш а, новкъара тIулг дIабоккхуш а, кхин деш а.

– Дерки!

– ХIан?

– Ткъа и машен муха соцур ю? Трос ца тесча, сацор юй цара? ДIагIур ма ю иза, – ца тешара со, дехьий-сехьий боьгIначу шина бIогIамах чIоггIа трос бихкина ца хилча, машен сацор ю бохучух. – Кхана тхо берашца Аьнгал чу ловза дахна долуш, цигахь ма бихкинера, Дерки, трос, – элира аса, кертан охьабаьлла гIуркх аьчкан сераца чIагIбеш воллучу сайн воккхачу стаге.

– Кхана шаьш ловзуш, бохий ахьа? – велавелира иза.

Изза къамел хуьлура тхойшиннан хIора дийнахь, аса юх-юха а хоттура, некъ муха лоцур бу а, ахчанах хIун оьцур ю а, трос бихкина ца хилча, машен муха сацор ю а.

Буса, Iаьржачу чохь. Деркина тIехьа хьаьрччина вижина Iуьллучу суна цу некълацарх хатта хIума карадора. Сихха хьала а хуий, хьожура со, Деркина наб озийнийла. Иза-м наб еш хуьлура. ТIаккха резавоцуш охьавуьжий, цу бодашкахь сих-сиха бIаьргаш а детташ, ойланаш йора аса, хиндолчун суьрташ кхуллуш: «Дуккха а схьайогIуш цIен, кIайн, сийна, Iаьржа, баьццара машенаш хир ю... «пIа-а-а-апI» деш. Бераш а хир ду царна тIаьхьауьдуш, зударий хир бу, шайн кевнел ара а бевлла, нускал чохь долчу машене хьуьйсуш. ТIаккха сан воккхачу стага, ша хиъна Iашшехь, уггар хьалха йогIу машен сацор ю, муш а ца боьхкуш, юха массо машен а соцур ю. Цул тIаьхьа со тIегIур ву меллаша, тIаккха охашим-мо кампеташ, шок, кIайн сегIаз, лоппагаш – дуккха а хIуманаш оьцур ю ахчанах, тхайн говрана Орликна, тIера хатташ дIабаха (иза керчича, лета цунах хатташ), херх-чотка а оьцур ю».

Зуда цIаяло хан тIекхочуш лаьттара, аьлча а, кхана дара и синкъераме доккха де. Тхан урамера мел долчу бере, куралла а еш, дийцинера аса, сан воккхачу стага некъ муха лоцур бу.

– ДIакхийса и вайн тросаш, машшаш... дерриш а схьадуьй-лалаш кхана тхан керт йолчу, массо а хьовсур ду вай, – суна боккха го бинера бераша, хIинццалц хилларг вацара со царна тахана, багош а гIовттийна хьуьйсура соьга массо а, цецбевлла.

– Ткъа иза муха сацор ю, машен? – хоьттура цара.

– Деркина хаьа, – олура аса, – цо кхана деш гур ду вайна... иза меттах а вер вац, муш а, трос а боьхкур бац.

Наб кхеташ яцара суна цу буса, со мича оьккхур ву ца хууш, синтем байнера: массарна а, воьлуш, бIаьра хьоьжура, керчара, сакъералуш. Лампанаш дIа а яйъина, Дерки а, йоккха баба а, тхан цициг а – уьш массо а «хар» деш дIатийча а, кийра гилгаш дохуш санна, къайлаха воьлуш вара со, кест-кеста сахила герга дуйла корах ара а хьожуш. Беттаса генна лакххахь, шагар санна, лацаделлера, седарчий эгорца кхозура стигалахь. Буьйса хаза а, тийна а яра.

Со дIа маца вижира, ца хаьа суна. Iуьйранна йоккхачу бабас хьалагIаттийча, уггар хьалхара дешнаш: «Маса сахьт даьлла?» – дара сан.

Со хIума йиъна ваьлча, ирдинчу дагарх пIелг а туьйсуш чоьхьаваьллачу сан воккхачу стага, тхойша хьуьнах ваха веза, элира, котамийн кIорнешна юург таса го бан серий даха. Вуьшта яккхийчу котамаша ца йоуьйтура кIорнешка хIума. Серий цкъа хьалха, стомма юьхьигаш лаьттах чу а оьхуьйтуш, вовшашна улулле охьадугIура, горга чIуг еш, цул тIаьхьа массеран а баххьаш тIеттIа а узий, сераца дIадоьхкура. И тайпа хIума шиъ йинера охашиммо, гурахь хьаьаш чутаса до а бинера.

Со карзахвелира, цо и аьлча, тхойша цига вахна леллашехь, нускал схьадалорна кхоьруш.

Iуьйрре хIоттийра аса ши кIант юьрта йисте дIа, машенех бIаьрг ма-кхийтти, схьавадийта, ткъа со Дерки ларвеш вара, иза гена ца волуьйтуш.

Бераша вовшахтоьхна тросаш, гIуркхаш Iохкура тхан кертахь, аса ца оьшу аьлла, охьакхийсийтина долу.

Дукха некъехьа дIахьежна, бIаьргаш хьалха кхоларш хIуьттура суна, цкъацкъа машен тарлора, ворда гича а; ладегIарна, аьттехьа а йоцчу машенийн гIовгIа а лаьттара сан лерехь. Со берриг а хьежам бара.

Малх гIушлакхе баьллера: машенаш яцара йогIуш. Дерки а цхьанхьа диг детташ воллура. Цу минотехь со цхьалха вара, сайх кхеташ, сан дагара хууш цхьа стаг а воцуш. Иштта со гIелвеллачу сохьтехь аса ха дан хIоттийна ши кIант вогIура шаьш ма-валлу, ша-ша хьалхавала а гIерташ.

Уьш сайна тIе а кхачале хьаьдира со Дерки волчу. Суна ца хаьа ма-дарра сайгахь хIетахь хилла хьал, амма суна гуш хIума дацара, я олуш дош а дацара:

– Дерки, машен... машенаш... сихха... сихха, – бен.

Сан воккха стаг, чу а вахна, шифонера чохь сонехь лаьтташ хилла шен Iаса схьа а эцна, соьца нийсса воккхавеш, кех араведира. Массо а бер лаьттара тхан кевнан бертехь, массо а соьга

хьуьйсура къорачу хаттаршца, массеран а яххьаш тӀехь хаа лаар, хьежам, ирс, даккхийдер гора.

Со, сайн воккхачу стагана букъара мара а кхетта, латтара, цуьнан даккхий, тӀехь сира чоьш къега куьйгаш белшаш тӀехула охьа а даьхкина. Сих-сиха ирхъхьожура со Деркига, цо:

– Собар, собар! Уллекхачийта машен, – олий, дӀасаластавора эсалаллица.

Массо а бер тхойшинна уллехь дара, трос а ца тосуш, машен муха сацор ю хьажа, гулделла.

Машенаш тӀеккхочуш латтара. Со тохалора, амма сан воккхачу стага со кхин а чӀогӀа тӀетаӀавора шена.

Машен дикка герганисъелча:

– Хьада, охьайилла вайшиннан Ӏаса нийсса пурх некъа тӀе юха хьо, сехьа а валий саца, цара машен лагӀйича, тӀе а гӀой цара хьайна лун ахча схьаэца. Дала декъалйойла шун зуда аьллахь, виц ма лолахь... Хьада хӀинца, – со эххар а Деркин карара иккхира.

Ӏаса, цо ма-аллара, охьа а йиллина, лергаш тӀе кхаччалц гӀаьттина бага а йолуш (ший бӀаьрг къайла а баьккхина), хьоьжуш латтара со, тайп-тайпанчу кӀадин асанашчий, лоппа гашший дихкина, хьалха йоьгӀна тайниг йолу стигалан басахь «Жигули», сигнал а етташ, тӀехъиккхича. Сигналаш массара а еттара; цхьайолчу машенаш чуьра кӀентий, корах кортош ара а даьхна, неӀарш тӀе вота етташ бара; сих-сиха тоӀ а йолура, тӀаьхьа цӀогӀанаш а хьокхуш.

Со цкъа тӀаьхьахьаьжира нускал эцна дӀаяхначу стигалан басахьчу «Жигулина», юха а, ца кхеташ, аьлча а, цхьа воьхна, тӀех йол-йолучу машене а хьожуш, сецира, нускал эцна яхнарг тӀехъяьлча, кхара сацо еза-кх бохуш, сайн дагахь. Машенаш-м цхьаъ вукхунна тӀаьхьа дӀаоьхура, саца а ца еш. Сан юьхь тӀера делар, тӀаьхь-тӀаьхьа жим а луш, бага цеце гӀаьтташ яра, бӀаьргаш шорделлера.

Массо а машен дӀаяхара, саца а ца еш.

Бета уллехула тӀеда туй деара суна охьа, суна, хӀара хӀун ду ца хаьара, суна бакъ ца хетара, со ца тешара... ХӀетта гира суна,

шинхьара кагъелла, дехьарий-сехьарий ши маьIиг ирх а яхна, ченех а юьзна Iуьллу Деркин шифонера чохь лаьттина веллачу вешех йисна хилла езаш лелийна Iаса.

Со сихха Деркига хьаьжира, велха кийчча. Иза, айавала кечвелча санна, оза а велла, куьйгаш жимма хенаш тIера дIасхьа а девдда, бIаьрг-негIарш тIе а даьхкина, цхьа оьгIазвахча шен ма-хиллара, бетан йист а йолуш етталуш, гена, вукху машенашна тIехула, айавелла хьалха хьоьжуш лаьттара, меттах а ца хьовш, тоххарехь къайлаяьлла нускал чохь долу стигал басахь «Жигули» шена гуш санна.

Бераш а, цкъа Деркига хьовсуш, юха бIаьргаш со волчухьа бовдош, тIаккха вовшашка къорачу хаттаршца хьуьйсуш, ца кхеташ, доьхнера.

Амма Дерки-м ца хьовра меттах а.

– Iий, ахьа трос... ахьа трос тасийтинехь... муш бехкийтинехь... гIуркх лацийтина хиллехь, хьалха... ахьа трос, ахьа трос... – бохуш, воьлхуш, къурдаш деш, тIекхийтира со Деркина, ницкъ дIабаьллачу куьйгийн буйнаш дегабаамца гIийлла цуьнан хенаш тIе а бетташ.

Со вехха лаьттира иштта, цунна мара а кхетта, буйнаш лестош, тIаьххьара а, дукха халахетарна, дан хIума цахиларна, куьйгаш юьхь тIе дехкина, «ахIи-ахIи» деш, чIоггIа велха волавелира со.

Суна и некълацар, со цунна кечвалар, хьежаме тийсина са, айса гулдина бераш, царна йина кураллаш, машенийн сигналаш – и дерриг суьрташ дагахь доххура. сан уггар хазахета хIума, аса чIогIа сатийсинарг ца хилира, доьхнера, со Iеха а вина, со хIинццалц хьежа а вина шега.

– Ахьа трос... ахьа трос, ахIи... ахIи... ав-в-в-вай... ва ба-а-а ба... баба, – цуьнан варо чIоггIа мара а къовлуш, сайн тIеда юьхь хьулйира аса Деркин хечи тIехь, корта, белча санна, дIасхьа а лестош.

Цу хенахь Деркин куьг меллаша, эсалаллица дайн сан коьрта тIе дижира.

– Дерки, трос... ахьа трос... – со цуьнга хьалахьаьжира...

Суна цкъа а ца гинчу тайпана вара сан воккха стаг, бос цхьа чIогIа хазбеллера цуьнан, цIен, кIайн, можа вовшах а ийна; бIаьргаш, эсала а доьрзуш, хьацар даьлла куьзга санна, кхоьлинера, цхьа хаза цIийделла балдаш, набарх санна, къора меттахъхьоьра:

– ХIаъ, хIаъ, сан кIант, вайшиммо турос бехка безаш хиллера... Суна ца хаьара, дагахь дацара суна... суна ца моьттура иштта... иштта цара... – сан воккхачу стеган куьйган пIелгаш, аса со кIамло аьлча санна, гIийлла сан коьртара месаш хьееш дара. – Хьада... вада, схьая... схьая вайшинна... вайшинна I... Iаса, – элира цо узаршца, шен кхоьлина, ах тIекъовлабелла къена бIаьргаш къахетарца вешех йиснachу, ткъа хIинца-м кхо дакъа а хилла ченашлахь Iуьллучу Iасане а хьовсош.

**Текстана комментари**

Этнографа, Iилманчас Хасиев Сайд-Мохьмада чIагIдо : «Нус араяьккхинчул тIаьхьа некъ лаца йиш ю зударийн а, берийн а гIопехь. Цул тIаьхьа некъ лаца йиш яц цхьаннан а».

**Ешначух ойла е вай**

1. Маца, мичахь хуьлуш бу дийцар тIера хиламаш?

2. Муха йовзуьйту авторо кIентан амал?

3. Дерказан а, Бабин а шайн кIентан кIантаца йолу юкъаметтиг муха ю? Вовшашца бустарца гайта церан жимчу кIанте болу безам. ХIун башхалла ю цунна юккъехь?

4. Дийцаран турпалхо синтем байна хьийзаш хиларан масалш даладе. ХIун ду цуьнан сагатдийриг?

5. ХIун хьехар дина вахийтира воккхачу стага жима кIант некъа тIе Iаса охьайилла?

6. Некъа тIе пурх воккхачу стеган Iаса охьайиллича, машенаш хIунда совцо езаш хилла нускал далош богIучара?

7. Дагалаьцнарг шайна ма-хетта чекхцадалар муха тIеоьцу Дерказа а, кIанта а?

8. «Вайшиммо турос бехка безаш хиллера...» Дерказе алийтинарг хIун ду?

9. Дерказ халахетта а, воьхна а хилар стен гойту?

10. Нохчий стенах ларбан гIерта хIокху шен дийцарца автор? ХIун пайдениг схьаийци аша шайна хIокху дийцар тIера?



## ГІиллакх-оьздангаллех лаций дийца вай

1. Жимчу кІентан а, воккхачу стеган а сатийсамаш машенашца хьаьшначара динарг муха тІелоцу аша? Къоман муьлхачу ламастах дІахербелла уьш, хІун вониг деана цара шайн акхараллица воккхачу стеган а, кегийчу берийн а дахаре?

2. ХІун маьІна ду, нускалан некъ боьхкуш, цунна пурх Іаса йилларан? Замой оцу Іасанна хьалха хІунда совца безаш хилла?

3. Къовсамехь тоьлларг мила ву: трос таса беза бохуш волу жима кІант я некъана пурх Іаса йиллийтина Дерки?

## Дийцаран исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Произведенин сюжетах лаьцна кхетам шун мелла а болуш бу. Дагаяхкийта сюжетан кепаш. *Дешхьалхе* (экспозици) – хиламна хьалха кхолладелла хьал; *долор* (завязка) – къовсам къастош болу хилам болабалар; *хиламан кхиар* (кульминаци) – къовсаман, хиламан лаккхара тІегІа, *дерзор;* – произведени тІера хиламаш, къовсам берзар, къастар.

«Некълацар» дийцарехь сюжетан кепаш (элементаш) схьалаха.

2. Хьенан цІарх дІахьош ду дийцар? ХІун керланиг дохьу цо шеца дийцаре?

3. Тидам бе текстехь диалогаш дукха хиларан. Ойла е, хІун маьІна ло цара дийцарна.

**Вайн къамел кхиадо**

1. – Ахьа трос… ахьа трос, ахIи… ахIи… ав-в-в-вай… ва ба-а-а-а ба… баба, – ишттa хедийначу дешнашца шена хилларг довзийта гIерта жима кIант.

КIентан муьлха синхаам билгалбоккху цара? И кIаргбарехь хIун меттиг дIалоцу оцу дешнаша дийцарехь? Кхин юй дийцар тIехь и тайпа меттигаш?

2. Дукха диалогаш ю дийцар тIехь. Воккхачу стеган а, Бабин а, жимчу кIентан а амалш билгальяхарехь хIун меттиг дIалоцу цара? Дийца, церан муьлха амалш билгалйоху цара.

3. Дийца, хIун хии шуна дийцаран турпалхойх, дакъалацархойх лаьцна. (Жоп лучу хенахь пайда эца портретах, амалх, вовшашца йолчу юкъаметтигех, къамелан башхаллех.)

4. Йозанца жоп ло хIокху хаттарна: «ХIун ойла кхоллаялийти сан Бексултанов Мусан «Некълацар» дийцаро?»

**Культурийн диалог**

Нускал чуьра арадоккхуш мах боккхуш ламаст ду вайн халкъан. Кхечу къаьмнийн дуй и тайпа ламаст?

**Шуна, хIума довза луурш**

Нускал далош богIучу замошна хьалха воккхачу стага Iаса юьллуш я йоккхачу стага йовлакх тосуш меттиг нислуш хилла. Иза цара совгIате сатуьйсуш деш ца хилла. Цуьнан кхин маьIна ду: шен къинхьегамах ваха гIора доцуш, гIо дан, гIо лаца тIаьхье йоцуш висначу стага, зудчо керла кхоллалуш болчу доьзале ша тIелаца бохург ду. Иза тIелоцуш а хилла, валлалц, дел-ненал хьоме хеташ, лелош а, велча дIаверзош а хилла.

**ХIун Iемина вайна**

Дахарехь гинарг, девзинарг ламаст хилла дIахIоьттинчуьнца дуста, хуьлуш дерг хила дезачуьнца вовшашна дуьхь-дуьхьал даккха.

**Билгалйинчу теманашна проект кхоллар**

1. Къоман гIиллакхашна леринчу къовсадаларна кечам бе. «Къоман гIиллакхаш уггар дика хууш верг» къовсадалар дIахьо классехь.

## «НЕКЪЛАЦАР» ДИЙЦАРХ ЛАЬЦНА

Керлачу авторан исбаьхьаллин произведени йоьшуш я диллинчу суьрте бІаьрг тухуш, коьртачу декъана, вайн дегнашкахь кхоллалуш долу хаттар дукхахьолахь кху кепара хуьлу: «Муха стаг ву и? Суна бевзаш болчарах и къастош дерг хІун ду? ХІун керланиг деана цо дахаре болчу сан хьежаме?» – Толстой Л.Н. и дешнаш дагадогІу, Бексултанов Мусан произведенеш еша волавелча.

Бексултанов Мусас шен произведенешкахь уьйуш дерш тахан-лерачу дийнан хаттарш ду. Цуьнан дийцарийн турпалхой магІарера нах бу, вайн дахарера схьаэцна. Царна тІера хиламаш кхеххачу дахарера, тайп-тайпанчу меттигашкахь хуьлуш бу: классехь, гІалахь, юьртахь.

Яздархочун ницкъкхочу стеган цхьа а тайпа чолхе доцчу дахарехь нислуш йолу халонаш ган, цуьнан синкхетамехь хуьлуш болу хийцамаш вайна схьагайта. Цундела ду цуьнан доцца дийцарш къаьсташ а, психологизмах, драматизмах хьаладуьзна а.

ХІара бу аьлла, чолхе хиламаш бац цуьнан «Некълацар» дийцарехь хуьлуш берш: жима кІант а, воккха стаг а доссийначу меттера цІа далочу нускалан некъ лаца кечлуш ву. Вайн халкъан ламастехь и тайпа некъ бехкар ловзар дІадахьаран цхьа кеп ю – забаре кеп. Нускал декъалдеш, барт цхьаъ болуш дахар хуьлийла, тІаьхье беркате йойла бохучу дикачу дешнашца дІабохуьйту некъ лаьцначара уьш, шайна кера сом-ком кховдийча. И шайнаш а берашна кампет-хІума эцийта кховдош хуьлу. Дийцар, дерриг а бохург санна, кІентан, воккхачу стеган къамелах лаьтташ ду. И къамел а, некъ муха лоцур бу, хаттар къастош ду. КІанта, трос таса беза, боху. Воккхачу стага массо хенахь сецаво иза, шен Іасанца совцор бу ша уьш, бохуш. КІант ца кхета, цуьнга и машенаш, бихкина трос ца хилча, совцалур ю бохучух. Амма воккхачу стагана хаьа, некъана пурх Іаса йиллахь, оцу дуьхьалонна хьалха милла а саца везий. БІешерашкахь дуьйна схьадеана гІиллакх ду иза.

Оцу диалогашкахь дІадоьду дийцар. Дийцаран чаккхе шатайпа ю, цІаьххьана бетах тІара тохар санна: цхьаъ вукхунна тІаьхьа хаххалой дІайоьлху машенаш, воккхачу стеган кагийна Іаса ченалахь Іилла а юьтуш.

Сатийсина хазахетар кӀантана дегабаамечу халахетаре доьрзу, ткъа воккхачу стагана – цакхетаре.

Хилларг, тӀехулара хьаьжча, башха, хӀара ду аьлла, хӀума а дац. Амма вайна цхьа чхьам-олий.хетало, вайгара а, оцу воккхачу стагера а, кӀантера а цхьа хӀума, цхьа диканиг дӀадаьккхича санна. Дахарера самукъане дика ламаст дӀадаьлла ца Ӏа. Воккханиг лара везаран гӀиллакх, кегийчеран баккхийчаьрца йолу юкъаметтигаш талхийна, хераевлла хилар ду иза. Воккхачу стеган Ӏаса хилла ца Ӏа ченала кхоьссинарг, цул а даккхий дайн оьзда ламасташ, гӀиллакхаш ду ченала кхийсинарш.

Мусас шен произведеница дешархочуьнга дӀакхачадо иза шен гӀайгӀанца, сингаттамца. Цуьнан турпалхой, дахарера схьаэцна белахь а, оцу дахарехь ца баххал цӀена бу ойланашца, хьежамашца. Цундела го вайна Дерки иштта воьхна а, хиллачух ца кхеташ а.

Дийцаран кульминаци чӀогӀа говза, исбаьхьаллица хӀоттийна яздархочо. Сигналаш а етташ, саца а ца еш, нускал дуьгуш дӀайоьлху машенаш, айавелла, оьгӀазе бстан йист етталуш, царна тӀаьхьахьажавеллачохь лаьтта Дерки; цкъа Деркига, юха шаьш цига хьовса далийначу кӀанте къорачу хаттаршца хьуьйсу бераш, воьлхуш, къурдаш деш, ден дена тӀеветтало кӀант. Цхьана йоццачу ханна хьалхахӀутту сурт ду иза. КӀентан дохковалар а ду дагах хьакхалуш гайтина. Вуьжуш а, гӀоттуш а цо сатийсинарг – некъ лаца кечвалар, берашна хьалха йина куралллаш, цунна уггар хазахета хӀума – цӀаьххьана дӀадоьрзу кхунна ца моьттучу кепара, духу, хӀара Ӏеха а веш, хӀинццалц хӀара шега хьежа а вина.

Маситта бӀешерашкахь диканех, вонех чекх а буьйлуш, оьздангаллин бехкамаш ларбеш схьабаьхкина болу баккхий нах ца кхета тӀекхуьучу чкъуро гӀиллакх цалардарх, уьш тесна дитарх.

Цхьа тамашийна бу-кх и цхьаболу хӀинцалера кегий нах, шаьш лело дезарг ца хууш, шаьш мичара схьабевлла а, мича боьлху а, шайн дай муьлш хилла а ца хууш, ворхӀе а да вицвина. Шайна атта баха лаьа царна.

Цундела ву воьхна Дерки. Цунна дагахь а дацара иштта маьттаза кегийчу наха дайн гӀиллакх хьошур ду бохург. «ХӀаъ, хӀаъ, сан кӀант, вайшиммо турос таса безаш хиллера...», – бохуш, набарх санна, къора меттахъхьоь цуьнан балдаш, кӀанта дийцинчунна тӀетовш.

ХӀинца кхетта иза, хӀинццалц хилла дахар а, кхул тӀаьхьа хиндерг а цхьаьнадогӀур доцийла. Цуьнан дахар хьаьшна оьзда боцчу наха, цуьнан дуьне доьхна цу дийнахь. Иза кхераме а ду-кх. Цунах вай лардан гӀерта яздархо шен дийцарца. Тахана Ӏаса кагйи цара, кхана цхьа кхин цул а доьхнарг дийр ду. Шина чкъурана юкъара уьйр, зӀе хада йиш яц. ДӀадахнарг девзичий бен, тахана хуьлуш долчунна тӀекхуьур дац вай. Къа дац тӀаккха цу нехан, шайна ала вон дош ца дуьтуш чекхбевллачу, цхьа ледара тӀаьхье а кхиъна, хӀаллакьхилча?

Хьекъалдолчу наха олуш хилла, стаг оьзда чекхвер ву, нагахь шен дегӀ а, са а цӀена латтадахь...

## ЛИТЕРАТУРИН ТУРПАЛХОЧУХ, СЮЖЕТАХ, КОМПОЗИЦЕХ ЛАЬЦНА

Исбаьхьаллин произведенехь буьйцуш болчу хиламашкахь дакъалоцуш дуккха а адамаш хила тарло. Уьш литературин турпалхой бу, хӀунда аьлча уьш буьйцуш йолчу исбаьхьаллин произведенешкахь хуьлуш болу берриг хиламаш цаьрца бозабелла бу.

Туьйранийн, баснийн, дийцарийн коьрта турпалхой, адамаш хилла ца Ӏаш, акхарой, дийнаташ, хьозарчий хила тарло. Масала, «Тамашийна олхазар» туьйранан коьрта турпалхо олхазар ду, «Ломмий, цхьогаллий» баснехь – лом, цхьогал, котамаш. И берриг турпалхой адаман амалш йолуш бу: уьш хила мега къинхетаме а, дика а, вон а, самукъане а, сингаттаме а, оьзда а, кураллаш еш а. Амма дукхахьолахь исбаьхьаллин произведенийн турпалхой адамаш хуьлу. Адамаш, церан Ӏер-дахар, къинхьегам, къийсам – и ду яздархочун тидамехь дерг.

ХӀун хаьа вайна литературин турпалхочух лаьцна, и произведени ешча? Уггар хьалха: мила ву и, хӀун ойланаш ю цуьнан, хӀун до цо, муха ду цуьнан юьхь-сибат, мичахь вехаш-Ӏаш ву, хьаьнца ду гергарло.

Шен къеггина хаалучу амалца, низамца, кхечу дакъалацархошца йолчу юкъаметтигца билгалволуш волу исбаьхьаллин произведенин дакъалацархо ву литературин турпалхо. Иза диканехьа къийсам латтош а, шех масал эца мегар долуш а хуьлу дукхахьолахь.

Иштта ву, масала, Сайдуллаев Хьасанан «Ненан бӀаьрхиш» поэмин коьрта турпалхо. Поэмехь яздархочо шена хьалха хӀоттийна Ӏалашо коьртачу турпалхочун дахар а, цуьнца хуьлуш дерг а, цуь-

нан сатийсамаш а, цо динарг гайтар а ю. Поэма хьадисан буха тӀехь кхоьллина хиларе терра, цуьнан коьрта турпалхо цӀе йоцуш ву. Дукхахьолахь ден, ненан кӀант, турпал кӀант, къонах кӀант аьлла, хьахош ву иза цу тӀехь. Цхьаъ бен воцу дела, дас, нанас шен нийсархошца талла а, кхечу гӀуллакхе а ца вохуьйтуш, ларвеш кхиош ву иза. Амма Даймахкана тӀе кхерам беача, ден, ненан пурба а доцуш, тӀаме а воьдий, мостагӀчух леташ, хӀаллакьхуьлу иза. Хьуьнаре, майра, доьналла долуш мостагӀчух леташ хиллачу ден, ненан кӀантах масал оьций, мостагӀий шайн махкара лохку юьртахоша. Яхьйолуш, тешаме, къонах-кӀант ву и поэмин коьрта турпалхо. Майра, доьналла долуш, оьзда, ваха висинехь, халкъана а, махкана а пайде волуш къонах-стаг цунах хирг хиларан тешам кхоллало вайн дегнашкахь иза ешча. Вай хьахийначу поэмехь кхин а бу турпалхой: кӀентан да-нана, илланча, цуьнан нийсархой, кхиберш. Уьш коьрта турпалхой бац. Поэмехь хуьлуш болчу хиламашкахь цара а дакъалоцу, амма царах лаьцна яздархочо кӀезиг дуьйцу. Делахь а, цара гӀо до вайна хуьлуш дерг кхоччуш довзарна тӀехь, уьш бахьана долуш вай дика кхета коьртачу турпалхойх а, произведенийн идейх а. ТӀаьхьадисначунна тӀегӀерташ, харцонан новкъа хӀоьттинчух литературин турпалхо ала ца догӀу. Цунах литературин произведенин дакъалацархо ала деза. Цул совнаха, исбаьхьаллин произведенин турпалхо дахарехь баккъал а ваьхна я вехаш билггал волу стаг хила а тарло. Вай Ӏамийначу «Эвтархойн Ахьмадан иллин» коьрта турпалхо халкъана дукхавезаш хилла волу Эвтарара Ахьмад ву.

Литературин произведени кхуллуш яздархо гайта гӀерта вайна гонахара дахар, адамийн вовшашца йолу юкъаметтигаш, церан дахарера хиламаш. Коьртачу турпалхочун гӀиллакх-амалш йовзийтарца, вай а царах терра дика хилийта, цаьргара масал эцийта язйо шайн произведенеш яздархоша. Цара кхуллуш йолу произведенеш дахарехь хиллачу я хила тарлучу хиламех лаьтташ хуьлу.

***Сюжет*** (франц. – хӀума) исбаьхьаллин произведенин чулацамера хиламаш вовшах бозабаларан, кхиаран кеп ю. Дийцарехь цхьа сюжет коьрта турпалхочун дахарца йоьзна хила тарло. Масала, «Воккха дада» дийцарехь сюжет жимчу Зараан дахарца йоьзна ю. ***Сюжет** – иза хӀора дийцаран бух бу*. Исбаьхьаллин произведени кхуллучу хенахь яздархо, шен ойланаш, синхаамаш бовзийтина ца Ӏаш, уьш хила безачу кепара дӀанисбан а хьожу. Произведенин хӀора дакъа, хӀора хилам вовшашца

бозабелла хуьлу. Яздархочо шена хьалха хIоттийначу декхаре хьаьжжина хуьлу исбаьхьаллин произведенин дIахIоттам. Чулацам бовзийтар яздархочо дIахьо билггалчу некъаца произведенера хиламаш цхьана кепе дIанисбарца. Произведени дIахIоттор а, хиламаш цхьана хорша берзор а яздархочо кхочушдо сюжетан, композицин гIоьнца.

***Композици** (дIахIоттам)* (латин. – вовшахтасар, уьйр) *исбаьхьаллин произведени шен дакъошца дIанисъяларан кеп ю, цу тIера хиламаш гайтаран раж.* Цо исбаьхьаллин произведенин цхьаалла билгалйоккху. *Произведенехь ша бахьанехь гIуллакх кхиа долалучу хIуманах **долор*** (завязка) *олу.* Бексултанов Мусан «Некълацар» дийцарехь долор ду луларчу кIанта, Лечас, ялийна йоI цхьана геннарчу юьрта йоссийначуьра цIаяло езаш хилар. И бахьана долуш, гIуллакх кхиа долало: жима кIант а, цуьнан ден да а некъ лаца кечам беш ву.

Ткъа дийцаран уггар ира, гIуллакх кхиарехь гIоьртина еана хала киртиг, некъ лоцуш, некъана пурх йиллина воккхачу стеган Iаса йолчохь, нускал далош йогIу машенаш саца а ца еш, Iаса каг а еш, машенаш тIехлелхар ю, ченан кIур а гIаттош. *И произведенин **кульминаци** ю, хIаъ я хIан-хIа аьлла, къасто езаш йолу киртиг.*

*Произведенехь дуьйцучух тIаьххьара а хилла чекхдолучу гIуллакхах **дерзор*** (развязка) *олу.* «Некълацар» дийцарехь дерзор Деркис шен кIентан кIант кагйина, ченалахь Iуьллу шен Iаса схьаян вахийтар ду. Вайна ма-гарра, исбаьхьаллин произведенин сюжет хуьлу, ткъа ишт-та *дIахIоттам* а, шен *юьхь* а (завязка), *уггар гIоьртина хала киртиг* (кульминаци) а, *дерзор* (развязка) а долуш.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Мила лара мегар ду исбаьхьаллин произведенин коьрта турпалхо?
2. Шаьш ешначу исбаьхьаллин произведенин коьртачу турпалхочух лаций дийца. ХIунда ву иза коьрта турпалхо? ХIун ду шуна цуьнан амалехь уггар дукхадезарг?
3. Турпалхочун амал къаьсттана дика мица билгалйолу?
4. Исбаьхьаллин произведенин сюжет хIун ю? Стенах лаьтта и?
5. Вовшашца хIун уьйр йолуш хуьлу произведенин турпалхо а, сюжет а?
6. Произведенин дIахIоттам. ХIун ю иза?
7. Кульминаци билгалъяккха гIо дийриг хIун хуьлу произведенехь?
8. Произведенехь масех сюжет хила тарлой?

## АХМАДОВ
## Муса Магомедович

*(1956)*



Прозаик, поэт, драматург Ахмадов Муса вина 1956-чу шарахь ГӀиргӀизойн махкахь.

Лаха-Варандара школа чекхъяьккхинчул тӀаьхьа дешна Нохч-ГӀалгӀайн пачхьалкхан университетехь. Цул тӀаьхьа болх бина ша дешначу школехь. Школехь доьшуш волуш дуьйна хаьржинера Мусас шен корматаллин некъ – яздархо хила лууш вара и.

Ахмадов Муса дуьххьара зорбане ваьлла 1970-чу шарахь Шуьйтан кӀоштан газетан агӀонашкахь. Шен кхоллараллин некъ цо, кхечу яздархоша санна, дӀаболийра стихаш а, дийцарш а яздарца.

Мусан говзалла кхиира Нохч-ГӀалгӀайн пачхьалкхан университетехь доьшуш волуш «Пхьармат» студентийн литературин цхьаьнакхетараллехь.

Литературехь Ахмадов Мусан дуьххьара хилла хьехамча яздархо Окуев Шима ву, амма цуьнан ерриг а кхоллараллина боккха тӀеӀаткъам бинарг нохчийн литературин юьхь йолийна волу Бадуев СаьӀид ву, ткъа тӀаьхьо – поэт, этнограф Сулейманов Ахьмад.

Прозехь санна, Мусас болх бо поэзехь а, драматургехь а. Цо арахецна цхьамогӀа книгаш: «Десачу цӀа чохь буьйса» (1983), «Сатоссуш, седарчий довш» (1986), «МаьркӀажехь дитташ» (1989), кхиерш. Пхеа томехь арахеца кечъеш ю цуьнан произведенеш, царах кхо том зорбанехь араяьлла 2005, 2007, 2009-чуй шерашкахь.

Ткъех сов пьеса а язйина Ахмадов Мусас, царах цхьаерш хӀиттийна республикин театрашкахь: «Мохк бегийча», «Ша тӀехь йина гӀала»,

«Денисолта», «Марчо эца вахнарг». Шен драматургехь муьлхха а зама гойтуш елахь а, Нохчийчохь советан Iедал дIахIоттор (1920–1930-гIа шераш, «Денисолта»), 1990-чу шерашкахь Нохчийчохь хилла карчам («Марчо эца вахнарг»), хIинцалера заманан васт го церан чулацамехь. Хьовсархочунна шен зама а, ша а карор ву церан чулацамехь.

Тайп-тайпана ю яздархочун произведенийн теманаш а, цо шена хьалха хIиттош долу декхарш а. Амма дай баьхначу латтах, адамаллех, халкъан гIиллакхех лаьцна дукха яздо цо. Цуьнан произведенийн коьрта турпалхой дахарехь шайн некъ лоьхуш болу нах бу. Цаьргара гIалаташ дуьйлу, уьш тила а ло, царна юккъехь дахарх дог диллина, эрна хан йойуш берш а бу. Амма яздархо лаккхара оьздангалла ларйинчаьрца ву. Халкъан дахар, латта тIехь дина вон а, дика а лар йоцуш довш доций гайта гIиртина яздархо шен произведенешкахь. Цуьнан произведенеша Iамаво дахаран хазалла ган а, адамийн дика, вон амалш йовза а, гIо оьшуш волчунна куьг кховдо а, къинхетаме хила а.

Шайн заманахь Бадуев СаьIид, Мамакаев Мохьмад, Ошаев Халид, кхиболу дуккха а яздархой юкъараллин гIуллакхаш кхочушдеш, халкъан декхарш шайна тIе а лаьцна, къоман культура меттахIоттош чекхбевлла.

Цара дIадолийна гIуллакхаш юкъараллехь а, культурехь а тахана дIакхоьхьуш ву Ахмадов Муса.

## ТЕЛЕФОН

Юьрта юккъехь долчу цхьана кIайн кир тоьхначу цIа чохь ю зIенан отделени. Цу цIийнан корехь йиттина эчиган гIожмаш ю, стаг чу ца валийта. КетIахь баьлла бай бу. Аьхкенан довха де делкъе даьллачу хенахь кхузахь аддам а ца хуьлу.

Оццу хенахь хIинца ялх шо долу кIант Зеламха вогIу кхуза, хIора денна аьлча санна. Цуьнан хьаьрса месаш а, сийна ши бIаьрг а бу. Иза, юьстахо бай тIе охьа а хуий, корехь латтачу телефоне бIаьрг бетташ вехха Iа. Тайп-тайпана ойланаш кхоллало кIентан оцу телефоне хьоьжуш. ЧIогIа цуьнан тидам бо цо, и чохь садолуш йолуш санна хета кIантана.

Цунна телефон цхьа шо хьалха евзира, шен пхи шо долуш.

Иштта хIетахь цунна БаIа а евзира. БаIа-м цунна шена нанас дуьйцучу туьйранашкахь а гинера. Амма иштта бакъдолчу дахарехь цкъа а ца гинера цунна БаIа.

БаIа бохучу аьзнийн цхьаьнакхетаро кIентан коьрта чохь кхуллура цхьана ирчачу, вочу, кхерамечу, цхьа а хорма я кеп йоцчу хIуманах ойланаш.

БаIа, тоххара хIара дагар а долуш, цомгуш хилча а еара кхунна, хIокхуьнга шеца хьуьнха дIавола бохуш. ХIетахь дуьйна БаIа кхин гучу а ца яьллера, иза лечкъинера нахах.

Мичахь? Дуккха а хан елира, Зеламхина и ца хууш.

Ткъа цхьана дийнахь цунна хиира, и БаIа, ша гучу ца ялийта, адамийн сибате а йирзина, нахана вонаш а деш, шайн эвлахь ехаш юйла.

Оцу дийнахь Зеламха шайн учахь Iара. И аьхкенан довха де дара. Малх, дIабуза, баьццарчу орца тIе лахбеллера. Масех сахьт хьалха деанчу догIанан тIадамаш къегара бай тIехь, кетIарчу диттийн патарш тIехь.

ГIийла хьаькхначу махехь техкара Iежийн, кхорийн дитташ. ЦIаьххьана, царах цхьанна тIера охьа а боьжна, маьлхан зIенаршлахь масех бос хуьйцуш лепарца керччина дIабахара цхьа агIо цIарула-цIий а елла боккха Iаж. И хийла тергалбина Зеламхас, цо хийла сатийсинера и охьабожаре. Цундела, хазахетарца ведда тIе а вахна, схьаийцира цо и Iаж.

ХIан-хIа, цо и берриг буур бац. Цо, жимма баа а биъна, важа нанина дIабуьллур бу. Иза больницехь ю.

Ши кIира ду Зеламха Дадица дIавуьжу. Хьалха и Наница вуьжура, цо кхунна хаза туьйранаш а дуьйцура. Дадас а дуьйцу кхунна туьйранаш-м, амма нанас дуьйцурш иштта дацара.

Селхана веана кхуьнан да Денисолта больнице шен зудчунна тIаьхьа вахначуьра цIа, цунна дика гIоли яьлча санна а хетта.

Цу тIе, цо ша: «ГIоли яьлла суна-м, кестта араер ю со, хетарехь», – боху дешнаш аьлча, гIеххьа сапаргIат а делира Денисолтин.

– Вайн нана кестта цIа йогIур ю, хьажал, цо хьуна яийтина кампеташ, – элира Денисолтас Зеламхе сийсара ша больницера цIа веача, иза шен кара а лоцуш.

Зеламхина чIогIа лаьара шен нана тховса цIа йогIийла. Ков а диллина, и чоьхьа ер ю. ХIара, ведда тIе а вахна, цунна мара-кхетар ву. ТIаккха хIара нанас, генна хьала а кхоьссина, схьа-лоцур ву. ХIара воьлуш хир ву, нана йоьлуш хир ю, малх а... ТIаккха кхо эр ду:

– Нана, аса хьуна Iаж а битина.

– Битина? Хьий, хьо ваха дукха. Ткъа аса хьуна хIун еана, хаьий хьуна? – эр ду нанас.

ТIаккха цо гучуйохур ю ша еанарш: кампеташ, пирянгаш, коч, батинкаш.

Иштта и сурт дуьхьалхIуьттуш Iара Зеламха. Эццахь ков а диллина, боккхачу белхамца кетIа иккхира лулара Iабадат:

– Ва-а, вайга хIун деа? Нанас цайинарг яла хьан!..

Цуьнан белхам а хезна арахьаьдда вогIу Денисолта, дерри-генах а кхетта, настарш чуьра са дIадаьлча санна, вега а луш, неIарехь сацавелира. Цуьнан юьхь тIехь сецнера кхеравалар.

(ХIан-хIа, оцу цхьана дашо ца гойтура ма-дарра цуьнан юьхь тIера хьал. Кхераваларал сов, цхьана доккхачу воне шен сирла сатийсам, шен уггар дезаниг, сийлахьниг хIаллак ца дайта шен ницкъ цахиларан а, оцу воно ша, цхьана а хьесапе ца лоруш, пайдабоцчу ваккхаран а кхетам, цецвалар, доглазар, къинхетаме болу сатийсам, цуьнца цхьаьна, оцу къинхетамах цатешар – и берриг синхаамаш цхьаьнаийнера цуьнан юьхь тIехь).

Цул тIаьхьа кхеран керт адамех хьала а юьзира. Зеламхина ца хаьара, билггал хилларг хIун ду, амма нехан яххьех, зударийн белхамех, къаьсттана Дадин шега хьежарх цунна тоса-м делира цхьа доккха вон хилла хилар. Иза хIокхуьнан нана гуттаренна а дIаяхар дара.

И бохам баьллачу шолгIачу дийнахь Iабадата:

– Схьавола, вай со яларг, хьайн ненах тIаьххьара бIаьрг то-ха, – аьлла, пхьарс а лаьцна, чувигира иза.

«ТӀаьххьара... ХӀунда тӀаьххьара?.. ХӀунда!..» – цуьнга шийла мохь белира, шен ненан сецна юьхь гича. И, цунна тӀе а кхетта, велха вуьйлира.

Шина зудчо халла араваьккхира Зеламха цу чуьра. ТӀаккха иза, кетӀарчу оти чу а вахна, цу чуьрчу тӀелхигашна тӀе бертал а воьжна, гӀийла велха вуьйлира. Иза дукккха а вилхира. И воьлхуш, кертара гӀовгӀанаш мелла а дӀатийра, оти чохь Ӏарж а елира. Ткъа иза, вухаверза а ца туьгуш, воьлхура.

Эххар а, меллаша неӀ а йиллина, цхьаъ велира чоьхьа. Иза Денисолта вара. Иза, тӀе а веана, кхуьнан коьртах масеххазза куьг а хьаькхна, кхунна юххе охьахиира. Ша хьаьстича, кхин а къила вахна велха вуьйлира кӀант. Денисолта вехха Ӏийра, цунна новкъарло ца еш. ТӀаккха цо, куьг а лаьцна, хьалагӀаттийра Зеламха:

– Вало, чувоьду вайша.

Цо Зеламха, чу а вигна, паднара тӀе охьахаийра. ТӀаккха Денисолтас цунна бепиган цастар а, куршки чохь шура а еара.

– Яа.

Зеламха, шурех масех къурд а бина, сецира.

– Яа, ахьа тахана хӀумма а ца йиъна.

– Ца еза суна, – дӀахилира кӀант.

Дукха хан ялале Денисолтас шаьшшинна мотт охьакарчийра.

ТӀаккха и шиъ, лампа дӀа а яйъина, метта а ваьлла, дӀатийра. Хийла хан елира цушинна наб ца кхеташ. Эххар а Зеламха гӀийла кхайкхира:

– Дада!

– ХӀун боху ахьа?

– Нана кхин цкъа а схьайогӀур яц?

ГӀеххьа хан елира Денисолтас цунна дуьхьал жоп ца луш.

ТӀаккха цо, доккха са а даьккхина, элира:

– Яц.

ХӀан-хӀа, цо ца элира: «ЙогӀур ю, са ма гатде». Цо цуьнга бакъдерг элира. Иштта аттахо ду, хӀора денна иза Ӏехош, цуьнга сагатдойтучул.

– ХӀунда?

– Елла нана.

– ТІаккха иза ден хІунда ца йина, и тамашийна хи а хьаькхна?

– И тайпа хи дан ма дац, туьйранашкахь бен.

Зеламха дІатийра.

Корах чу стелахаьштиган серло кхийтира. ТІаккха ткъес туьйхира. Ангалин пхьегІа санна, йоьхна дІаелира тийналла. Доладелира аьхкенан мела догІа.

– Дада, – тийналла меттахІоьттича, юха а гІийлла кхайкхира Зеламха.

– ХІан-хІ?

– Ша кхин цкъа а юхайогІург ца хилча, соьга хІумма а ца олуш хІунда яхна и?

– Вайша цІахь ма вара, и леш. Телефон-м еттийтина хиллера цо.

– И хІун ю?

– Иза мел генахь хилча а, стагаца къамел дан йиш йолуш хІума ю.

– Ткъа цу тилифоно чІоггІа мохь хІунда ца тоьхна, кхуза схьахеззарг?

– Телефон чохь садолуш хІума ма яц. И хІун юй? Вайн приемник санна, жима а йолуш, хІума ю. Цхьаммо кхечу меттехь и санначу хІуманца хІокхуьнан номер хьовзайо, ткъа кхузахь и ека. ТІаккха цуьнан трубка, цхьаммо схьа а эцна, лере яхьа еза. Цу чухула схьахеза деш долу къамел... Ткъа вайн кхузара телефон цу дийнахь ехха екна, бохура, цхьаммо а хьала а ца оьцуш.

– Дада, ткъа мичахь ю вайн тилифон?

– Эцца, эвла юккъехь, почтехь.

– Ткъа хьала хІунда ца эцна и?

– Цу чохь болх беш йолу Зайнаъ селхана, екаш телефон йолчу хенахь, араяьлла, цхьанхьа яхна хиллера.

ХІетахь дуьйна Зеламхас ойла йора: «Оццул еза, оццул нахана оьшуш йолу хІума оцу БаІех хІунда тешийна, кхин дика стаг ца карийна-теша кху эвлахь? И бахьанехь ма ца хилла соьга нана йист».

Маситта бутт дIабелира хIетахь дуьйна. Амма Зеламхина дагчуьра дIа ца йолура шен ненах, телефонах, БаIех йолу ойланаш. ТIаккха, бIаьсте а яьлла, арахь якъаелча, иза хIора дийнахь зIенан отделени йолчу воьдура... Цу чохь БаIа хилча, иза, юьстах а волий, геннара телефоне бIаьрг а бетташ Iара. Ткъа иза делкъанна хIума яа я кхечу гIуллакхна арaяьлча, кIант, керта а вогIий, бай тIе охьахуура, виллина телефоне хьежарца шен ойланаш а еш.

Наггахь Зайнаъ, хIара кIант а гой, кхуьнга йистхуьлура, хIара хьаста а дагахь. Амма кIант, цунах къаьхкий, юьстахволура. ТIаккха Зайнаъ, дIа а йирзина, дIайолаелча, цо шен дагахь маситтазза: «БаIа, хьо ма-ярра БаIа», – олура.

Тахана, стенна делахь а, гучу ца яьлла БаIа. Цундела хIара Iуьйранна дуьйна Iа телефоне хьоьжуш. ЦIаьххьана ека йолало иза. Сеци. Юха а ека. Цхьа тамашийна деттадала долало кIентан дог. ХIинца цхьа доккха хIума хила дезаш санна ю цуьнан ойла. Иза хьалаиккхи лаьттара. ХIунда ека? И хьалаэца ма еза. Ииттa екна хир ю-кх и хIетахь а, кхуьнан нана цомгуш йолуш. Ткъа хIинца? ХIаа, Шарпуддин нана а ю больницехь. Шарпудди кхарна генавоццуш Iаш ву. ХIара шиъ хIора дийнахь го. ХIинца цIахь ву и. Масех де ду Шарпудди кхуьнца ловза ца вогIу: цIахь дан дезаш дуккха а хIуманаш ду.

Нагахь и Шарпуддин нана хилахь? Иза, кхуьнан нана санна, йистхила лууш хилахь? Нагахь и тахана, хIокхуьнан нана санна, гуттаренна дIайодахь?.. Телефон хьалаайа-м ма еза. Ткъа муха? Кор ма ду. Ткъа иза хIинца леш хилахь?.. Хьалаайа ма еза телефон. ТIаккха Шарпуддин нана йист хир ма ю. Ткъа кор... Эцца доьхначу ангалин гIовгIа елира. Зеламхас, сихонца корах чукхевдина, схьаийци телефон.

Оцу минотехь, гIовгIа а хезна, луларчу цIа чуьра схьахьаьдира Зайнаъ (цу чохь Iаш яра иза), цуьнца цхьаьна кхин масех зуда а. Зайнаан, хIара кIант а гина, зIенан отделенин корехь телефон а карахь лаьтташ, цецъяьлла, ши бIаьрг къаьрзира.

Амма кIант цхьа а хIума тергалдеш а воцуш, телефон чу мохь бетташ вара:



– Хьо Шарпуддин нана ю? Аса хIинцца схьавалаво хьуна...

Ткъа телефон чуьра схьахезнарг-м оьгIазе боьршачу стеган аз дара:

– Мила ву хьо? Ахьа хIун юьйцу? Кто у телефона?

КIант кхийтира, ша галваьлла хиларх.

ТIекхоччушехь, Зайнаа кIант, ши пхьарс а лаьцна, кхоьссина дIавахийтира.

– Хулиган, вон хулиган! Эхь дацара хьан хотIана, иштта ца хилча?

БIаьргаш чу хи а хIоьттина лаьттачу кIанта, чIоггIа ши буй а бина, цунна дуьхьал а вирзина, массеран гIовгIанаш а къаръеш, мохь туьйхира:

– Ткъа хьо БаIа ю! Ахьа тилифон хьала а ца оьцуш, соь йистхила йиш йоцуш, гуттаренна а дIаяхна сан нана... ХIинца Шарпуддин нана а ю больницехь...

Дехха дийцира Зеламхас, велха а воьлхуш, хIокху дехачу шарахь шен дагчохь мел IаьIнарг, юх-юха Зайнаана тIе пIелг хьажорца: «Хьо БаIа ю!» – а олуш.

Ткъа зударий, цецбевлла, Iадийча санна лаьттара цунна гонаха.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Мила ву дийцаран турпалхо? Мел хан ю цуьнан?

2. ХIунда вогIуш хилла Зеламха, хIора денна аьлча санна, зIенан отделени йолчу керта?

3. Маца евзина хилла Зеламхина БаIа? Цуьнан кхетамехь, мила ю и?

4. ХIун кхаъ баьккхина хазахетийтира дас Зеламхина?

5. Нана больницера цIаяре сатуьйсуш, хIун тайпа сурт дуьхьалтуьйсура кIантана?

6. Муха тIеийцира дас а, кIанта а шайга деана вон – кIентан нана кхалхар?

7. Шен ненах, телефонах, БаIех йолу ойланаш дагчуьра дIайовла туьгуш хIунда ца хилла кIантана?

8. Дас, кIантий ненах лаьцна вовшашка ден къамел схьалаха дийцар тIера. ХIун тайпа ойланаш кхоллайолуьйту цо?

9. Зеламхина Зайнаъ цаезаран бахьана дийца.

10. Шен доттагIчунна Шарпуддина хIун накъосталла дан гIерташ хилла Зеламха?

11. ХIунда дохийна хилла Зеламхас зIенан отделенин кор? Аша хIун дийр дара, цуьнан метта хилча?

12. Зударий цецбаьхнарг хIун дара? Зеламхин дагчохь IаьIнарг хIун хиллера?

13. Зайнаа Зеламхина динарг шуна нийса хетий?

**Ешначух ойла е вай**

1. ХIун ойла кхоллаялийти шун дегнашкахь Ахмадов Мусан «Телефон» дийцаро?

2. Муха кIант хета шуна Зеламха? Жимчу турпалхочун дуьне а, дахар а муха гайтина яздархочо?

3. Ден, кIентан диалогехь хIун гучудолу вайна?

4. Лулахочо ирча кхаъ баьккхича, муьлха синхаамаш цхьаьнаийра Денисолтин юьхь тIехь?

5. Муьлхачу исбаьхьаллин гIирсашца гойту авторо кIентан шен нене болу безам?

**ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай**

1. Бералла стеган дахарехь уггар мерза хан ю. Шуна муха хета? Шайн жоп тIечIагIде.

2. Нана вайн дахарехь уггар гергара, юххера адам ду. Шуна хетий иштта? Шун дахарехь нана бохург хIун ду?

3. Воииг дан мегаш дац, мел диканиг дагалаьцна ахьа и деш делахь а. Бусалба дино а боху вайга изза. Зеламхас коран бIаьрг бохабо, ека телефон шен накъостан нанас етта мотталой. КIанта динарг муха хета шуна? Нийса вуй иза?

**Текстана комментари**

60–70-чуй шерашкахь вайн махкахь, хIинца санна, хIорангахь телефон яцара. Цу хенахь телефон ярташкахь пачхьалкхан учрежденешкахь бен ца хуьлура: почтехь, юьртсоветехь, школехь.

**Дийцаран исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Тидам бе, кIентан амал муьлхачу исбаьхьаллин гIирсашца билгалйо авторо.

2. ЗIенан отделени тIера дIа а долало дийцар, циггахь чекх а долу. Ойла е, хIун маьIна ду цуьнан?

**Вайн мотт кхиабо**

1. Муьлххачу а къомах и хиларх, стеган синъоьздангаллин мехаллех цхьаъ ю берийн, ден-ненан вовшашка болу лерам, безам.

ДIадеша тайп-тайпанчу къаьмнийн кицанаш, царах шайна хазахетарг къастаде. Жима сочинени язъе, шаьш хаьржина кица цуьнан цIе а йолуш.

«Деши а, дети а тиш ца ло, ден-ненан мах хадалур бац» (туркменийн); «Ненан дог – берашкахь, берийн дог – ловзаршкахь» (казахийн); «Ялсамани ненан когаш кIел ю» (гIезалойн), «Да-нана лорург цкъа а лийр вац» (оьрсийн); «Ненан даго малхал сов вохво» (оьрсийн); «Нанас собар ло, дас – хьекъал» (нохчийн).

2. Текст дакъошка екъа. ЦIерш тахка царна, коьрта ойла билгалъе.

**Билгалйинчу теманашна проект кхоллар**

1. Школехь выставка кечъе «Ахмадов Муса – яздархо, поэт, драматург».

2. «Телефон» дийцаран буха тIехь инсценировка кечъе.

**ЯРАЛИЕВ**
**Юсуп Сардал-Алиевич**

***(1955)***



Нохчийчоьнан Ведана кIоштарчу Хорача эвларчу Яр-Iелин кIентан Сардал-Iелин кIант Юсуп дуьнен чу ваьлла 1955-чу шеран 1 майхь Казахстанан Кхызыл-орда гIалахь цкъачунна махкахбаькхина хиллачу нохчийн доьзалехь.

1973-чу шарахь чекхъяьккхина Веданара №1 йолу юккъера школа. Оццу шарахь деша а вахна, 1978-чу шарахь чекхъяьккхина Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетан филологин факультет, нохчийн меттан, литературин, оьрсийн меттан, литературин хьехархочун говзалла а йолуш.

Къинхьегаман дахар Яралиев Юсупа дIадолийра 1976-чу шарахь нохчийн меттан, литературин, оьрсийн меттан, литературин хьехархочун даржехь Соьлжа-ГIалин кIоштарчу Алда-Юьртан № 39 йолчу школехь. Цул тIаьхьа изза хьехархочун белхаш бира Хорачарчуй, Элистанжарчуй, Веданарчуй школашкахь. Цул тIаьхьа – кIоштан газетехь, республикин телевиденехь, культурин министерствехь. Республикин газеташкахь, радиохь, телевиденехь статьяшца а, стихашца а гIаравийлина.

Кхоллараллин некъ дIаболийна 1968-чу шарахь. Ша 6-чу классан дешархо волчу хенахь волавелла поэзехь дуьххьарлера гIулчаш яха. ХIетталц, Iаламе вуьйлуш, суьрташ дахкаран исбаьхьаллех сакъералуш хилла. ТIаьхьо шен стихашкахь а дIа ца къастийна цо бес-бесара ловзу, тайп-тайпана ойланаш йойту вайн башха Iалам.

Дуьххьара зорбане ваьлла 1972-чу шарахь.

Къоначу поэтийн республикин конкурсехь, 1978-чу шарахь, шолгIа меттиг а, 1982-чу шарахь хьалхара меттиг а йоккхуш, премин лауреат а хилла.

«Сатийсамийн анайисташ» (1978), «Даймехкан мукъамаш» (1985) цIерш йолуш арайийлинчу поэзин гуларийн авторех цхьаъ ву Юсуп.

1989-чу шарахь Яралиев Юсупа арахийцира «Шовданехь суьйре» цIе йолуш поэзин гулар.

Тоьлла йолу байташ 2004-чу шарахь Москвахь араяьллачу «Нохчийн поэзин антологи» юкъа яхна.

Поэтан цхьайолчу байташ тIехь даьхна ду гIарадевлла иллеш, эшарш: «Оршот буьйса», «СтелаIад», «Дог ду холчахь», «ГIиллакх», «Дала ма лайла вай, кIентий!», «Бакъ ду хьуна...», «Хьоьга хьоьжуш», «Буйннал бен йоцу сан Нохчийчоь».

1989-чу шарахь дуьйна Яралиев СССР-н журналистийн Союзан декъашхо ву.

Стага шен дахарехь цIеначу ойланашца дийриг цкъа а эрна дац. Дина хIума башха доккха дацахь а, диканна дина делахь, халкъо баркаллица тIеоьцу.

Амма ша схьаоьцучун амале, синкхетаме, Iалашонашка хьаьжжина хир бу цу хIуманан кхоллам. Иза дика гайтаделла поэте шен «Кад» стихотворенехь.

## КАД

ХIун ца до адамо дуьненахь лелаш?
Чолхе ду адамийн кхолламийн некъаш.
ХIораммо цхьацца до: верта, нох, цIенош...
Ткъа пхьеро кад бина.
ЦIена кад бина цо нахана лело.

Хууш дац, цу кедахь наха хIун лелор:
Цхьаммо-ма ша ва́хо чохь ялта хьекхор,
Ткъа вукхо-м ша вахо́ чу къаьркъа Iенор.
Пхьеро-м кад бина.
ЦIена кад бина цо нахана лело.

Хаьий ткъа кхиволчо цу чохь хIун лелор?
Цхьа ямарт, дIаьвше хьоькх цо пхьерах елор?
Я дашо седарчий кеда чохь къегор?
Ткъа пхьеро-м кад бина.
ЦIена кад бина цо нахана лело.

Адамех доьзна ду дерриг и Iедал –
Кеда чу дахаран тIадамаш эгар.
Адамо диннарг ду хиндерг цу кедан.
Ткъа пхьеро-м кад бина.
ЦIена кад бина цо нахана лело.

Кад, цIена лелабахь, цIена хир беца.
Бехлур и, боьхачу куьйгаша лецахь,
Боьха дерг, ца луьттуш, кеда чу хецахь.
Вайн пхьеро-м кад бина.
Ткъа вай и цIеначу куьйга схьаэца?!

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Муха ду, боху поэто, адамийн дахар?
2. ХIун аьлла бина пхьеро нахана кад?
3. Пхьеро бинчу кедах муха пайда оьцур бу наха, поэтана хетарехь?
4. Хьанах доьзна ду кедах хиндерг?
5. Муьлха къинхьегам бу поэто къобалбийриг?
6. Вайн дахар хаздийриг а, кхолош верг а мила ву?
7. Муха кхета шу хIокху могIанех? МаьIна де церан.

    Кад, цIена лелабахь, цIена хир беца,
    Бехлур и, боьхачу куьйгаша лецахь,
    Боьха дерг, ца луьттуш, кеда чу хецахь.

8. Дийца, хIун тайпа ойланаш кхоллало шун стихотворени ешча.
9. Стихотворенин тIаьххьарчу могIанах муха кхета шу? ХIун кхайкхам бу поэто бийриг?
10. Шайна вевзачу говзачу пхьерах лаций дийца.

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. ДIабеша стихотворенин хьалхара могIа. Дийца, стихотворенин идейни маьIна достуш хIун меттиг дIалоцу цо.

2. Стихотворенин аллегорически маьIна даста хьовса.

3. Стихотворенехь рефрен хилла бека могIа *ткъа пхьеро кад бина.* Дагадаийта: *рефрен – строфа чекхъяьлча юх-юха далош долу дош я дешнаш, могIа я масех могIа бу.* ХIун маьIна долуш далийна поэто и дешнаш юх-юха а? ХIун гIуллакх кхочушдо цара стихотворенехь?

**ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай**

Хьарам, хьанал, цIена а, боьха а боху кхетамаш бу стихотворенехь хьахийна. Шу муха кхета оцу синмехаллех, шуна хетарехь, хIун ду хьанал, хьарам, цIена, боьха дерг? Шайгахь муьлха синмехаллаш кхио луур дара шуна?

**Вайн мотт кхиабо**

1. Вайн махкахь цIеяххана пхьераш хилла. Дийца, уьш муьлхачу ярташкахь баьхна а, хIун тайпа говзаллашца гIарабевлла а.

2. Дийца, муха кхета шу хIокху могIанех:

Цхьа ямарт, дIаьвше хьоькх цо пхьерах елор?
Я дашо седарчий кеда чохь къегор?

Хьалхарчу могIанехь далийна *хьоькх* дош ду, ткъа шолгIачу могIанехь – *седарчий къегор*. ХIун маьIна ду оцу дешнийн?

## «КАД» СТИХОТВОРЕНЕХ ЛАЬЦНА

«Шовданехь суьйре» цIе йолчу Яралиев Юсупан 1989-чу шарахь араяьллачу книги тIехь зорба тоьхна оцу стихотворенина. Пхиппа могIанах лаьтташ, рифма а, ритм а ларъеш язйина лирически произведени ю иза. ТIехулара маьIна дича, хьанал къинхьегам, адамийн чолхе кхолламийн некъаш а ду цу тIехь дуьйцурш.

Адамо дуьненахь ца деш, ца лелош хIун ду?

Чолхе ду адаман дахар, ткъа цул а чолхе – церан кхолламаш. ХIора стаг, цхьацца деш, адамна пайден дерг дан гIерташ, къахьоьгуш ву. Цхьаммо верта до, вукхо – нох, кхолагIачо – цIенош. Ткъа пхьеро кад бина, нахана лело.

Ала деза, хIара философски маьIна а долуш, кIорггера чулацам болу стихотворени ю. Кху тIехь буьйцург беккъа цхьа кад хилла ца Iа: адаман дахар, цуьнан кхоллам бу. Пхьеро бинчу кедаца бустуш бу и кхоллам а. Пхьеро бина и кад санна, вайх хIора а дуьнен чу волу Делан

лаамца. Оцу ша бинчу кедах хIун хир ду а ма ца хаьа пхьерана: я ялта хьекхор цу чохь, я къаьркъа муьйлур, я дIовш дуттур цу чу. Адамо диннарг хир ду цунах: цIена лелабахь, цIена хир и, боьхачу куьйгаша лелабахь, боьха хир и. Иштта адам а ду дуьнен чу долуш.

Нагахь оьздачу доьзалехь, беркатечу хIусамехь, гIиллакххехь, ийман долуш хьалакхиадахь и бер, цунах доьзална, юьртана, махкана пайден стаг кхуьур ву. Шен халкъан, мехкан дуъхьа ваца а, хьанал къахега а, махкана тIе кхерам беача, эшахь, шен са дIадала а кийча волу кIант хир ву цунах. Амма вочу куьйгаш кIел нислахь, галъяьллачу, оьзда йоцчу тобанах дIакхетахь, цунах я шен доьзална, я юьртана, я махкана цхьана а тайпана пайда бер боцу, вуьшта аьлча, зуламе стаг хила а тарло.

Халкъалахь олуш ду: кхаа тайпана хуьлуш бу нах – къонах, стаг, божа. Къонах махкана оьшу, диканна а, вонна а муьлххачу хенахь орцахвала юкъ йихкина кийчча Iаш волу кIант ву иза. Стаг юьртана оьшу. Юьртан дика-вонехь билгалволуш хуьлуш ву иза, кхин тIехдолу гIуллакхаш кхочушдан кийча а вац. Божа текх-цацана оьшу. Шен гайн да бен вац иза, кхидолчуьнца цуьнан бала а бац.

Доьзало, юкъаралло виннарг хир ву оцу стагах. Кхелли а йиллина, кIедачу, семсачу лаьтта дIадийна хIу могуш делахь, тIаккха цигахь кхиъна ялта а хир ду хьийкъина, беркате. ЦIеначу, хьаналчу, беркатечу куьйгашца схьаэций вай и кад бохуш, дехаре кхайкхам бу вайга поэто бийриг. Оьзда, хьанал, беркате, ийманехь долу адамаш кхиаде вай. Дайн хаза гIиллакхаш кхиаде вай вайн тIекхуьучу тIаьхьенгахь. Вайх хIора а цу гIуллакхна чу садиллина хила веза. ТIаккха бен кхиамашка сатуьйсийла яц вайн, тIаккха бен хир дац вайн дахар тIаьхьало йолуш, ирсе.

# ДЕШАРХОША ШАЬШ ЕША ЕЗА ПРОИЗВЕДЕНЕШ

## Мадин Жаьммирзин, Таймин Бийболатан илли

I

БӀаьстенан аренаш йолучу бацана сенлучу хенахь,
И гӀийла баьрзнаш можачу зезаго тадечу хенахь,
Ижуна лечарчий кхерстачу хенахь,
Кхокхашна куьйранаш тебачу хенахь,
ХӀонсана кӀентий арабовлучу цу хенахь,
Цу хьуьнан гӀа-бода юкълучу хенахь,
Цу кӀайчу куьйранах гӀардовла ца даьхьаш,
Цу хьуьнан варшашкахь акхтаргийн гаьннашца
И гӀийла къоркхокхий декачу цу хенахь,
Вийнариг вуьсучу, докъах мах боьхучу,
Малхо гӀум къегочу цу пана махка
ХӀонсана вахар, тов, и Мадин Жаьммирза
Ва сарахь суьйренца бузучу малхаца.

II

Испирташ ва детташ, къаьркъанаш ва муьйлуш,
Сакъера хевшир-кха цхьа кегий ва эпсарш.
ЛадоьгӀуш Ӏаш вар-кха цхьа къена инарла.
Мотт маргӀал ва лебеш, дош дашо ва дуьйцуш,
Сакъоьруш Ӏаш бар-кха и кегий ва эпсарш.
Царна тӀевахар, тов, и къена инарла:
– Мел паргӀат муьйлу аш яр маса ва малар!
Шишанан корехула бен дуьне ганза йолу,
Тхов кӀелхьарниг бен латта хьашаза йолу,
Цу салойн элаша кхажалла ва етташ,
Кхаж хьалхабуьйлу Мадин хьомсара Аьлбика

Шайна ялийча санна, паргІатдевлла!
– Шаьш хьуна ялийча, хІай къена инарла,
Аьлбикас коьртехь лело га деха кІайн киса
Ахьа лелор делара, ялийна хІоттийча.
Цу Москван паччахьо совгІатна делла
Инарлин чин охьадуьллур делара ахь,
Цу Мадин Жаьммирзас хьоьгара юхаяьккхича, –
Аьлла, уьш шега бист ва хилча,
Йоьза вота тоьхна, эскарш гулдина,
Гома зурма лекхна, уьш новкъа нисдина,
Царна хьалхавелир-кха и къена инарла.
Уьш бевлла бахар-кха нана Чечана тІе.
Іуьйранна суьпа стаг гІоттучу хенахь,
Набарна Іеса стаг таьІачу хенахь,
Цара кхолха го лецира, тов, цу нана Чечанна,
Цара кехат дахьийтира цу нана Чечан чу:
– Шаьш схьалахь, бертахь ло хьомсара Аьлбика,
Аш бертахь и ца лахь, шун нана Чечана
Сийна саьмгалан цІе хилла йогур ю, шуна.
ТІаккха вистхилир-кха цу юьртан ва молла:
– Къематан дийнахь йогІур йолуш цхьа марха ю вайна
Шеца ІиндагІ ва долуш,
Цхьамзанан барамехь малх гергабалийна,
Цу маьлхан йовхонна коьртан хьеш кхехкаш,
Адам готта хьаьвзича,
Цу ІиндагІ кІел хир дац вай,
МостагІашна букъ берзийча,
ДІаяла ца еза вай и Мадин Аьлбика.
Юккъехула веана схьаикккхир-кха
Цхьа маттах ма лераг:
– Сарахь лела вахча, шарахь лелий вогІу,
Іуьйранна лела вахча, баттахь лелий вогІу
Чечанахь цІе йолу и Мадин Жаьммирза,

Сарахь лела вахна ву-кха и,
Шарахь бен вогIур вац и Мадин Жаьммирза.
Зударийн, берийн къила довла дохку вай
Цу Мадин Аьлбикин цхьа дегI бахьана долуш,
Вайга цара доьхург цхьа дегI бен дацар-кха,
ДIаяла езар вай и Мадин Аьлбика,
– Iехийна яьккхина, и цаьрга дIаяла,
Цхьа а кIант вуй-техьа шулахь? – аьлла,
КIенташка бистхилир и юьртан тхьамданаш.
– Ша Iехийна юьртах йоккхур ю Аьлбика, – аьлла,
Вахар-кха цу юьртан цхьа кIант
Жаьммирза вехачу йоккхачу гIопе.
Хьалхара ша аьшкал а хьоьжхуш,
ТIаьхьара кIеда нуй хьоьжхуш,
Уче цIанъеш хиллера и Мадин Аьлбика.
– Iаламат ярабби, хIай Мадин Аьлбика!
И шена хезнариг, наха дуьйцург
Хьуна хезний-техьа?
– Наха хIун дуьйцу, ва хьуна хIун хезна? –
Аьлла, и йистхилча:
– Вийнариг вуьсучу мостагIийн ара
Вахна вогIуш волу хьан хьомсар ваша,
ЦIарна цIе яхна и жима Жаьммирза,
Докъах мах боьхучу цу пана махкахь
Тешам боцчу кIелонна тIе нисвелла,
ГIирмин сийна даш дегIах алсам кхетарна,
Ца виссал чевнаш шен дегIах ва хилла,
ГIирмин мажарца кегийра кегвина,
Болатан тарраша ша вуткъа верина,
Шен кийрахь детта цIий шен багахь сецадеш,
РегIан огар багахь сира сай ва санна,
Детта цIий багахь, цу сенчу бай тIехь,
Воьжна Iуьллуш ву ма боху, хIай жима Аьлбика.

Ва елла яла хьо, хIай хьомсар Аьлбика,
Къахета суна хьох, хьо жима хиларна,
И хьоьга дийца кийрахь витац со,
Дербента оьхуш, пошмакхаш ва кхоьхьуш,
Гуьржеха ва оьхуш, ездареш ва кхоьхьуш,
Ша хьомсар лелийна шен хьомсар Аьлбика,
ДегIах са къастале шена тIекхачае бохуш,
Багара схьадуьйлуш аз ду, боху-кха, –
Аьлла, вистхилча и каде жимха,
Тикманаш йолу ездари шен дегIахара этIош,
Шен коьртара кIажарш ийзош бухйохуш,
Беснешха бухбуьйлу шен Iаьржа ши бIаьриг
Мелачу догIанах белхош,
Шийлачу маьхьарца юьртаха елир-кха
Жаьммирзин йиша – хьомсара Аьлбика.
И йоьдуш яйра-кха къеначу инарлина,
Шедаца човхийна тIелаьхкир цо и кегий эпсарш,
Горга го бир-кха цу жимчу Аьлбикина.
– Цхьа дехар до ша шоь, хIай кегий эпсарш,
Даго тIе ца лоцу куьйгаш шена тIе
Цакхийдадар доьху ша шуьга, –
Аьлла, йистхилча и жима Аьлбика,
Пошта тIе яла бохуш, даккхий хабарш дийца
Велир, тов, и къена инарла.
Ялийна схьахIоттийра телат тоьхна ва пошта.
– Дакъаза ма вала хьо, къена инарла,
Шен хьомсар ваша и жима Жаьммирза,
Кхойкху хезехь велхьара-х дацарий
Ахь шега даккхий хабарш дуьйцур,
Ца яьлча ца йолу-кх ша, – аьлла,
Бухь бойначу хена тIе маса куьйра санна,
Кхерсташ тIеелир-кха хьомсара Аьлбика
Ца догIучу дагца, йоьхначу ойланца.

Эцна йигира цара бос хаза Аьлбика,
Мохь-цIогIа элира цо цу нана-Чечан чу:
– ХIай, делла довла шу, чечанхойн кIентий!
Iуьйранна хитIа яхча, делкъенга йоьдур ша,
Делкъана хитIа яхча, суьйренга йоьдур ша,
Маса кIант вара шух
Ша хитIа йоьдуш, шена хьалхавуьйлуш,
Даккхий хабарш дийцина?
Кхоьссинарг топ йоцуш, бинарг тIом боцуш,
Мел вон буйна йоьлли аша ша
Ца безачу мостагIийн!
Хьалхара хьалхе махал маса йолуш,
ТIаьхьара тIаьхье даккарал юькъа йолуш,
Сеттачу поштана йора дой доьжна,
Царна юккъе хIоьттина, хене ха тоьхна,
цунна юххе хиъна,
ДIавоьдуш вар-кха и къена инарла.
ТIаьхьара тIаьхье кхерам боцчу шайна
яьллийла хиъча,
Кхо сахьт хан лаьцна,
Шерачу майданахь ловзар дан хевшира уьш.

III

Буьйсанна вижча вийнариг вуьсучу мостагIийн арахь,
Докъах мах боьхучу цу пана махкахь,
Сарахь сай бижа богIучу коканан коьллехь,
Цхьа ирча гIан-набарш шена яйна,
Ша самавелир-кха и Мадин Жаьммирза.
Син метта топ кхетта цIен экха ва санна,
Герзашка ка тухуш, ша хьалаиккхина:
– Iаламат ярабби, я Делан болх бу-те?
Я жинийн болх бу-техьа хьо?
Шена гIенах яйна шу яккхий гIан-набарш

Юха самах яйча, ма ирча хир яра!
Делан Къуръанах дуй биъна вацар ша,
Нахана ехна нус ялийна вацар ша,
Маьрша стаг вийна гІуда хьаьрчина дацар шех,
Іаламат ярабби, кхоьллина тхан Дела,
Хьаьрчина хир ду-кх хьоьгара цхьа гІуда,
ТІаккха а реза ву ша-ма. Дуьсу долчу дуьненахь,
Шен деган тІемаш дуьненан безам –
Дог хуу доттагІа ва Таймин Бийболат,
Чевнаш ястаелла, эхарта вирзи-техьа? –
Аьлла, цІехьа хьовзийра цо са цІена шен гила.
Вахна цІа кхечира и Мадин Жаьммирза.
– Чечанхойн аренаш каде идийна, цІа вогІуш вара ша,
Са цІена гила хьацарна бохбелла,
Шен гила шелбан хьо араялахьа,
Шен хьомсар Аьлбика, – аьлла, и вистхилча:
– Ша шелбийр бу, хьуна, са цІена хьан гила, –
Аьлла, араелира Жаьммирзин нана.
– Дербента оьхуш, пошмакхаш ва кхоьхьуш,
Гуьржеха ва лесташ, ездареш ва кхоьхьуш,
Ша хьомсар лелийна шен хьомсар Аьлбика
ХІинццалц, ша цІа веача, шена дуьхьалйогІий,
Шена тІаьхьа чуягІара,
Ахь шелбеш бацарий са цІена шен гила.
– Вайн юьртан тхьамданаш дехаре баьхкина,
Рузбанан маьждиг хьохуш белхи бу аьлла,
Белхийлах яхна-кха вайн хьомсар Аьлбика.
– Вайн юьртан тхьамданаш дехаре баьхкича,
Юьртан ловзарга йоьдуш яцара и.
Ма дика яхна и юьртан белхийлах?
– Ма-дарра дийцича, шуьшиннах йолу ша,
Ма-дарра ца аьлча, Аьлбикех йолу ша,
Ма-дарра дийцина, шуьшиннах яьр-кха ша,

Юьртана тӀера хьалхара кӀайн йийсар дина,
Вайн юьртан тхьамданаша
Къеначу инарлина сагӀина ели-кха
вайн хьомсар Аьлбика.
– Дакъаза ма яла хьо, ша вина нана,
Шена а моттара, сел чӀогӀа хьо йоьхна яйча,
Дог хуу доттагӀа – и Таймин Бийболат,
Чевнаш ястаелла, эхарта вирзина хьо йоьлху.
Йоха ма йоха хьо, ша вина нана.
ХӀумма а дац, юьртан тхьамданийн юьхь кӀайелчахьана,
Къеначу инарлина нускал а хилчахьана.
Вийнариг вуьсучу мостагӀийн арахь,
Докъах мах боьхучу цу пана махкахь,
Сарахь сай бижа богӀучу коканан коьллехь,
ГӀан-набарш яйна, хьуна сагатдина,
ЦӀа веанера алалахь Таймин Бийболате.
Вахаза а ца ваьлла, гӀуллакх хилла вахар ала,
Ма-дарра ма дийцалахь, ша вина нана,
Шен чевнаш къийлина тӀаьхьагӀертар ву шена,
Кхин гур вац тхойшинна ва вовшийн дуьненахь, –
Аьлла, араиккхира и Мадин Жаьммирза.

IV

Шена гучура и валлалц гӀийла бӀаьрг биттина,
Шена гучуьра и ваьлча,
Яхар-кха Жаьммирзин нана Бийболат волчу.
– Чевнаш декъала хуьлда хьан, ва жима Бийболат.
– Диканца ехийла, Жаьммирзин нана.
Ша волчу ца вогӀуш хӀун деш Ӏа-те
Шен хьомсар доттагӀа и жима Жаьммирза?
Сахьийза, сагатло, и шена гучу ца волуш.
И цуьнга дийца кийрахь даго ца юьтуш Ӏаш яра
Жаьммирзин и нана.

Еана чукхечира Бийболатан нана.
– ХӀай, велла вала хьо, шен жима Бийболат,
Ма паргӀат Ӏуьллу хьо вехачу хӀусамехь,
ТӀом беш хеза шена вийнариг вуьсучу мостагӀийн арахь.
Сел боккхачу тӀама юккъехь къесташ юьйлуш хеза шена
Хьан хьомсар доттагӀчун Жаьммирзин мажар.
Хьайн яккхий и чевнаш кисица къийлина,
Чал дера герзаш хьайн юкъах дихкина,
Са цӀена гила нанас уьйтӀа озийна,
Хьайн кӀайчу нускало гилин луьйта лаьцна,
Хьо дина ваьккхича,
Вахалур вацар-те хьо, шен жима Бийболат,
Хьайн хьомсарчу доттагӀчунна
Жаьммирзина орцаха?
Шен яккхий и чевнаш кисица къийлина,
Чал дера герзаш шен гӀодах дихкина,
Са цӀена гила нанас уьйтӀа озийна,
Дуьгу нускал санна, шен гила кечбина,
Яло кӀант санна, дика кечвелла,
Цига ваха кечвелир и Таймин Бийболат.
– ЛадогӀал, цхьанделхьа, шен жима Бийболат,
Ши-кхо дош дара шен хьоьга ала,
Цу шеран исс баттахь хьо кийрахь лелийна,
Шеран шийтта баттахь аганахь техкийна,
Буьйсанна йижчахь, хьо кога техкош,
Ша хьуна ийхьина и хьанал кӀайн кхача,
Хьакхин цӀий ва санна, хьарам бо ша хьуна,
Туьрна агӀо ахьа озахь,
Тоьпашна белш а ахьа озахь,
Чечан чохь болчу нехан шаьшшиннах
Луур даьккхина хьо вагӀахь.
Деттачу дошана бӀаьрг белла йиш йоцуш,
Молханан кӀуьро садоӀийла яйъина,

Цхьа Дела воцуриг, кхин накъост воцуш,
Хьайн хьомсар доттагI и жима Жаьммирза
Инарлин эскаран халчу тIамо хьийзочу дийнахь,
Таханлерниг санна долчу дийнахь лата вина ша хьо,
Леттачу меттехь вала вина ша хьо, –
Аьлла, йистхилча ша вина шен нана:
– Таханчул тIаьхьа гур ца гур хаац вайшинна вовшийн,
Цкъа безамна гила хьовзабе ша хьуна,
Ша вина нана, – аьлла,
Дуьнен тIе баьлчахьана ца тоьхна йолу кхузза шад
Гиланна тоьхна, ша гила хьовзийна:
– ВогIур ву алий, дог тешадай ма Iелахь,
ВогIур вац алий, дог диллий ма Iелахь,
Хьо марша Iайла заманан йохалла, –
Аьлла, тоьхна ткъес санна,
Юьртах иккхира и Таймин Бийболат.
И вахна кхечира цу халчу тIам тIе.
Дуьненна го лаьцна дохк-марха санна,
Уьшална го лаьцна куьйса эрз санна,
Кхолха го бинчу инарлин эскаро,
Апаре хи санна, готте верзийна,
Дацош юккъе хьийза гила борз санна,
Царна юккъе хьийзош вар-кха и Мадин Жаьммирза.
Ва кIайчу гIовталца, Iаьржачу вертанца
Чо чехка чола куй бIаьштиг тIе тоьттуш,
Цу пхьеро дахчоза, цу жIаьвно тодаза
И цIенчу болатан тур шен буйнахь лоьцуш,
Борз санна йора дин ва хала сецабеш,
Кхетачу малхаца вахна тIехIоьттира
и Таймин Бийболат.
– Ассалам Iалайкум, дуьненан безаман
Дог хуу доттагIа, ва жима Жаьммирза!
Воха ма вохалахь, мархашкахь бен бечу



Лечанан кIорнешха уггар бакъйолу кIорни
ТIекхочуш лаьтта хьуна.
– Вухур-м вацар со, стигланаш юхуш,
Кхера-м лур вацар со, латтанаш лелхарах,
Хьо марша вогIийла, сан хьоме Бийболат,
Ма вон веа хьо, хьо вал доккха гIуллакх дацар яра.
– Iаламат ярабби, ва Мадин Жаьммирза,
Хьо вехачу хIусамехь цу хьомсарчу Аьлбикас
Вайна кад а буттуш, вай мала хевшича,
ТIаьхьа тIевеанчо кад алсам молуш Iедал дара вайн,
Ахь собар делахь, ша кIеззиг тIом баллац.
– Инарлин эскар мел алсам ду,
Шуьша шиъ бен вац-кха,
Шен аьтто баьлча, цIа йогIур яр-кха ша.
– Йорш дукха белахь, тхойша шиъ бен вацахь,
Човкарчий дукха ю хотеш кегош,
Гила борз цхьаъ бен яц, меттамотт бохабо, –
Аьлла, тIом болийра цу дикчу шина кIанта.
Деле йилхир-кха и хьомсар Аьлбика:
– Iаламат ярабби, кхоьллина тхан Дела,
Хьан дуьхьа ша эцна яра перза ламазаш
Ша дан хилла-техьа хьакхин цIокан тIехь?
Хьан дуьхьа ша кхаьбна яра беттан марханаш
Ша даста хилла-те хьакхин жижигца?
Iуьйранна болийна тIом суьйренга бахара.
Молханан кIуьрана дохк хIитта елира,
Сьмгалан хьожана дой терса дуьйлира,
Стиглахь марха йоцуш декхначу цу дийнахь
Молханан кIуьрана мархаш хIитта елира,
Кхокхашна юккъера кIайн куьйра санна,
Эскарах къаьсташ ида велира къена инарла.
ТIаьхьа хийцир-кх цу Таймин Бийболата
са цIена шен гила:

– Ша вевзий-те хьуна, хIай късна инарла?
ТIаме дукха хьийзина, молханан кIуьран тача
Духарна тIе йиллина ша Таймин Бийболат?
Хьо ида ма ида, къанвелла инарла,
Идарха вер вац хьо, къанвелла инарла, –
Аьлла, тур тоьхна, божийра цо инарлин корта.
Хьалхара тхьамда-борз йийча,
ТIаьхьара кегийра берзалой санна,
Доха дуьйлир-кха инарлин кIайн эскар.
Гила барзо дохо Iаьржа даций санна,
Инарлин эскар дохийна, даржийна,
Бацала ло санна, и эскар эгийна,
Яьккхина ялийр-кха и хьомсар Аьлбика.
Уьш бевлла бахар-кха цу нана Чечана.
И шиъ воьдуш кхечир-кха чечанхойн пхьоьхана.
– Ассалам Iалайкум, чечанхойн кIентий!
Дин боцуш шух вериг ва динах кхиавеш,
Герз доцуш шух вериг ва герзах кхиавеш,
Ша даха ховшийра шу...
Вийнариг вуьсучу мостагIийн ара ша вахча,
Кхоьссинарг топ йоцуш, бинарг тIом боцуш
Шен йиша дIаяла бен, нах ца хили-кх шу,
Чечанхойн кIентий, ва делла довла шу!
Деттачу дошана бIаьрг белла йиш йоцуш,
Молханан кIуьро садоIийла яйъина,
Цхьа Дела воцург, кхин накъост воцуш,
Инарлин эскаран халчу тIамо ша готта хьовзийча,
Вала кIант ца хили-кх шулахь,
Чечанхойн кIентий, ва делла довла шу!
Эзар кIур болучу кху нана Чечанахь
Цхьаьна тарлур дац вай, чечанхойн кIентий,
Цу Теркан гIамаршкахь шайна
Даха меттиг лаха еза аша! –
Аьлла, юьртах бехира цо чечанхойн кIентий.

## КЪЕНАЧУ АДИН ИЛЛИ

I

Юьртарчу яхьйоцчу кIанта тIехтохам ма бира
Пхьоьхана ваьлла лаьттачу цу Адин Сурхона:
«Сел дика кIант хьо хилча,
Воккхачу Адин кIант, цIе йоккху ва Сурхо,
Вон-дика деача, хьан да, и Ада,
Нахаца цхьаьна юьртахь хила везара,
Цу ломан басешкахь даьхни кхобуш лелачул».
Шена бина тIехтохам даге лан ца белла,
Дуьгу нускал ва санна, шен гила кечбина,
Цхьабосса шен пхьаьрчий ша улледаьхна,
Ша ваьлла ма вахара дог майра ва Сурхо.
– Ассалам Iалейкум, сан къена Ада,
Дебаре хуьлда хьан хIара дуткъа деций!
– Iалайкум ва салам, сан жима ва Сурхо,
Хьо лаа леларий, сан хьоме ва Сурхо?
Хьо тара вуй-техьа со волчу варца?
ТIаккха лен ма велир хIара Адин ва Сурхо:
– Со лаа ма лела, со тара ма веъна,
Вон-дика ва хилча цу юьртахь,
Хьо цIахь бакъхьа ма вара, иза дIадерзадеш,
ЦIаверза веза хьо, хIай къена сан Ада,
Меттамотт ва хуьйцуш, ша дика дажор ду
Ахь лерина кхобу хIара дуткъа деций.
Ма вала дакъаза, сан жима ва Сурхо,
Кхераме хета суна деций дажош хьо вита,
Къинхетам боцуш ву и эла Тимаркъа,
Барт лохьа суна сан хьоме ва Сурхо, –
Бохуш, лен велир, тов, и къена ва Ада.
– Хьуна барт бала уьйрех бехк хета шена, –
Олуш, жоп ма делира цу Адин ва Сурхос.

Ада велха ва вальча, къа цунах хетарца,
ЧогIа барт ма белира къеначу шен дена
Яхьйолчу кху кIанта, цу Адин ва Сурхос.

II

«Ахьа тIера бер оьцучу ламанан кортошкахь
Дуткъа деций дажош ма сеци и Адин ва Сурхо.
ХIинца хьайна ма-луъу баккхалахь
ЦIарна цIе яхначу Сурхон ва корта.
Къена Ада ма виси юьртан тхьамда ва хилла», –
Бохуш, мотт эцна ма вахар цхьа маттах ма лериг.
Мотт бахьаш веанчунна эпсар чин делла,
Ша цIехьа ма хьажийра цу эла Тимаркъас.
Испирташ ва деттащ, къаьркъанаш ва мийлош,
Сурхона тIелаьхкира паччахьан ва эскар.
Кхолха го ва лаьцна шаьш юкъа ма верзийр
И Адин ва Сурхо Тимаркъин салташа.
Сурхон меттамотт болчу ма вахар
ХIара эла Тимаркъа ямартчу цу дагца.
– Жа дебар хуьлда хьан, Адин ва Сурхо!
Ва маьрша лела хьо доларчу сан ломахь!
Со вевзий хьуна, хIай Адин ва Сурхо?
– Къеначу Адас вуьйцу хезна суна хьо, эла Тимаркъа,
Охьавоссал, цхьанделхьа, лекхачу динара,
Шуна дао ду сан-ма хьена ва дилха,
Мала хир ду шуна и сирла ва къаьркъа!
– Хьан дилха даа екха дац тхо-ма,
Хьан малар мала хьогах дац тхо-ма.
Паччахьа суна совгIатна беллачу кху ломахь
Бажа сан бажо бецан цIов ца буьтуш,
Эмалка ремина мала хи къийдина,
Сов паргIат лелаш ву хьой, Адий,
Кхин къуьйсур дац аша долара сан лаьмнаш, –

Бохуш, лета ма вуьйлир хIара эла Тимаркъа.
Динчу нанойх Iовла Iахарий дIатоьхна, хецна:
– Сан тIаьххьар де тIекхаьчна ма дели – бохуш,
Ша лета ма вуьйлир дог майра и Сурхо.
Динна хьалха нисвелларг бергаша ва кегвеш,
Шена улле нисвелларг тур тухий цостуш,
Ведда вала воьлларг эккхийна ва лоцуш,
Лечкъина хьулвелларг къайлаваха ца вуьтуш,
Кхолха лаьцна го ша шалха берзийна,
И шалха бисна го ша цхьалха берзийна,
И цхьалха бисна го бохийна, баржийна,
Ца виссал ва чевнаш шен дегIах ва хилла,
Жан метта ма вирзир и Адин ва Сурхо.
ТIехьашха тIевеъна, тешнабехк ша бина,
Сурхон корта ма баькккхир цу эла Тимаркъас.
Шен салтийн дукха декъий ломахь эгна дитина,
Дозална цIет дина Сурхон корта эцна,
Вахна цIа кхаьчна ловзар дан ма вуьйлир
Элийн баьчча хилла и ямарта Тимаркъа.

III

Сурхох дог диллина, терсаш цIехьа ма бахар
Сурхос безаш лелийна цуьнан хьоме ва гила.
Барзах угIа ма дуьйлир тешаме ва пхьаьрчий.
Ца биссал дера чевнаш дегIаца ва йолуш,
Гоьзан тIе ма тевжир и Сурхон ва гила.
Шаьш угIа ма дуьйлир цхьабосса и пхьаьрчий.
Кийра алу ва яьлла, ша ара ма иккхир
Сурхо вина ва нана доьхначу цу дийнахь.
– Хьо аравалалахь, хIай къена ва Ада! –
Бохуш, чу ма хьаьдир Сурхо вина ва нана. –
Да велча ва санна, гIийла ша терсаш,
Гоьзанца лаьтташ бу и Сурхон ва гила.

Доьттина доьша ца дууш, барзаха угIуш,
Хьаьлхина ма лела цу Сурхон и пхьаьрчий.
Шен киса тиллийла ахьа, хIай къена Ада,
Сурхон корта баьккхинчу Тимаркъин ва корта
Делкъа-хан хилале баьккхина ца вагIахь.
Син метта топ кхетта цIен экха ва санна,
Ша хьала ма иккхир и къена ва Ада.
– Шена ахьа еллариг шеран зама ма хета, –
Олуш, дIатилир, бах, и къена ва Ада.
Хаьхкина ма кхечир ламанан кортошка,
Корта боцуш карийра, тов, шен жима ва Сурхо
Ламанан ирзешкахь, Тимаркъин ва махкахь.
Дог Iабош вилхир, тов, и къена ва Ада,
Корта боцу и дакъа шен мара ва къуьйлуш.
Гила борз ва санна, ша хьалаиккхина,
Хаьхкина ма вахар дог эшна Ада
Тимаркъа вехачу йоккхачу цу юьрта.
СагIа доьхучун ва бедар шена тIе юьйхина,
Хьенапан ва шаьлта пхьуьйша чу лаьцна,
Воьдуш тIе ма кхечир Тимаркъин цу тойне.
Сурхон горга ва корта стоьла тIехь гарна кхерарна,
Ловзаран майданахь лаьттан бIаьра ва хьоьжуш,
Цу эла Тимаркъина ца вовзийта гIерташ:
– Ассалам Iалайкум, хIай эла Тимаркъа,
Де дика хуьлда хьан, той декъал дойла,
СагIина хIума ло суна, миска стаг вара со, –
Бохуш, лен ма велир и къена ва Ада.
ТIаккха лен ма велир ловзаран да Тимаркъа:
– Дог дика хилла Iуьйре ю сан-ма,
Къеначу Адин Сурхон корта стоьла тIе хIоттийна.
Чувалий, халхавала, хIай миска хьаша,
Къобал сагIа лур ду хьуна аса, –
Олуш, пондар лакха ма велир и эла Тимаркъа.

Шен кочара и таьлсаш неІаре кхийсина,
Доьхначу цу дагца ша халха ма хьаьвзир
И къена ва Ада Тимаркъин хІусамехь.
Къеначу цу Адех сирла бІаьрг кхетча,
Пондаран йиш йоха ма юьйлир цу эла Тимаркъин.
– Дакъаза ма вала хьо, эла Тимаркъа,
Пондаран йиш хІунда йохий ахьа паргІатчу хІусамехь,
ЧІогІа сакъералуш, со халхаволуш? –
Бохуш, лен ва ваьлча и къена ва Ада:
– Къеначу Адин берзан боларх тера хета суна
Хелхаран хьан болар, къегина ши бІаьрг,
Лакхалац соьга хІара мерзан пондар, –
Бохуш, лен ма велир и эла Тимаркъа.
– Хьуна мичара вогІур вара и къена Ада?
КІентан Сурхон вон дІадерзош хир вай и къена Ада.
Суна сагІа ца дала ен бехказло хета суна
Ахь хІинца дуьйцург, ва эла Тимаркъа,
Кхана йогІучу Іуьйренца тешам бац хьуна
Цу къеначу Адех, хьо паргІат хила, –
Олуш, уллениcвелла, каде шаьлта тоьхна,
Озийна ма баьккхир Тимаркъин ва корта
Цу къеначу ва Адас цу Сурхон чІирна.
Тимаркъин горга корта таьлсаш чу боьллина,
Тимаркъин ва ловзар дохийна, эккхийна,
Ша цІехьа ма вирзир и къена ва Ада.
Сурхон горга и корта докъаца биллина,
Сурхо винчу ненаца ша халха ма хьаьвзира
Дог майра и Ада доцучу дагца.

## НАЬРТ-АЬРСТХОЙЛ ТОЬЛЛА КУЛЛУБИ

Цхьана ненан цхьа кIант хилла Куллуби цIе йолуш, чуьра аравала ца ваьхьаш. Цунна ша хIун дийр ду ца хууш, чIогIа гатьелла хилла нана.

Цхьана дийнахь дагадеана кхунна цIа чуьра уьйтIа а, кхидIа а чIепалгаш дахка. Куллубина дукхадезаш хилла чIепалгаш. ТIаккха, шена дага ма-дарра, цIа чуьра уьйтIахула дIа чIепалгаш дехкина нанас.

Iуьйранна самаваьллачу Куллубина гина и чIепалгаш. Уьш дууш, уьйтIара араваьлла хIара, цIаьххьана дуьне а, бехаш Iаш болу нах а гина, шайн цIа дицделла, цхьана пана метте кхаьчна. Кхунна тIекхаьчна цхьа наьрт-аьрстхо, шен берашна ижу лаха араваьлла.

Куллуби гина чIогIа хазахетта, наьрт-аьрстхо кхунна тIеевеана. Иза ваа хазделлачу наьрт-аьрстхочо кхуьнга, вайша хьуьнарш къовса деза, аьлла, кхунна тешнабехк цабархьама.

– Вайша аьлханах кхо тIадам баккха беза Iаьвдина, ткъа тIулгийн новкъахь чан яккха еза, – аьлла наьрто.

Куллубис аьлла:

– Вайша и хьуьнарш кхо де даьлча къовса деза.

Цо бохучунна тIетайна наьрт-аьрстхо.

Мухха делахь а, ца хууш, цIа кхаьчна Куллуби. ТIаккха кхо шен нене дийцина ша наьрт-аьрстхочуьнца къовса деза хьуьнарш. Нанас, хIара шен юьхьарлаьцначу некъах юхацаваккхархьама, кхуьнга аьлла: «ХIан, хIара аьлха а, хIоа а ду хьуна, кхин хIара овкъаран тIоьрмиг бу хьуна, гIаш юккъе бехка, чан яккха».

Шен нанас шена ма-хьеххара и хIуманаш а эцна, наьрт-аьрстхочуьнца хьуьнарш къовса вахна Куллуби. ДIакхаьчча, кхунна бухахь карийна наьрт-аьрстхо.

– Хьо хьуьнарш къовса кийча вуй? – хаьттина наьрт-аьрстхочо.

– Дера ву, – дуьхьал жоп делла Куллубис.

ТӀаккха наьрт-аьрстхочо, Ӏаьвдина, аьлханах ши тӀадам баьккхина.

– ХӀан, хьайга хӀун дало хьажал, Куллуби, – вистхилла наьрт.

Куллубис хӀоа (наьртана ца гойтуш), аьлха а цхьаьна Ӏаьвдина, шен куьйгаш бехдеш, хӀоа охьаӀанийна.

– ХӀокху хьуьнар тӀехь хьо туьйли, – аьлла наьрт-аьрстхочо, кхера а луш. – Делахь хӀинца тӀулгийн новкъахь чан хьаьнга яккхало хьовсур ду вай.

Гена-гена а ваьлла, дуьхь-духьал ведда хӀара шиъ. Куллубис, шен гӀаш юккъера тӀоьрмиган бертиг а яьстина, овкъаран чан эккхийтина, ткъа наьрт-аьрстхочуьнга чан ца яккхаелла. ТӀаккха кхин а чӀогӀа кхеравелла наьрт.

– Со вен ма вехьара ахьа, – дехна цо.

– Делахь, дика ду, тахана дуьйна аса бохург дийр ду ахьа, – аьлла Куллубис.

Иза шен ги а хаийна, ша вехаш волчу хӀусаме вахна наьрт. ЦӀа чу а валийна, Куллуби охьавиллина наьрт-аьрстхочо.

Наьртан кӀорнеша а, наьрто а доьӀучу синан махо цӀа чухула тӀемаваьккхина лелош хилла Куллуби.

– Ахьа хӀун до, Куллуби, хьо ма тхевнаца тӀемаваьлла лелаш ву? – хаьттина наьрт-аьрстхочо.

Ша хӀун эр ду а ца хиъна:

– ХӀокху тховх дисна шун ворхӀе ден хилла тур ду бохуш, хезнера суна. Иза схьа а эцна, шун массеран кортош даха воллу со, – аьлла Куллубис.

Цунах кхерабелла бевдда наьрташ цӀа чуьра аралилхина.

ХӀорш бевдда боьлхуш кхаа ломал дехьа бевллачу хенахь, кхарна дуьхьалкхетта цхьогал.

– Аша хӀун до, шу стенах кхераделла девдда? – хаьттина цо.

Иштта шаьш Куллубих девдда хилар наьрташа дӀахаийтича, цхьогало аьлла:

– Оцу цӀа чуьра аравала ца ваьхьачу Куллубих девдда шу? Дуьло, аса кхерор ву, шуна, Куллуби, – аьлла, наьрт-аьрстхой

тӀаьхьа а хӀиттийна догӀуш, наьрташ бехачу уьйтӀа кхаьчна цхьогал.

Оцу заман чохь Куллуби, цхьана доккхачу диттах чуха а тесна, Ӏаш хилла.

– Хьо хӀун деш ву, Куллуби? – хаьттина цхьогало.

– ХӀара дитт а эцна, шуна тӀаьхьаван воллуш вара со, – аьлла Куллубис цхьогале.

Иза хезначу наьрт-аьрстхочо:

– Тхо Куллубига дайъийта доллуш дара хьо! – аьлла, лаьттах тоьхна, эккхийтина цхьогал.

ТӀаккха, бевдда, тӀап-аьлла байна наьрт-аьрстхой.

*Сатуев Хьусайн*

## ДУЬМЕ ЦА КХАЬЧНА ЦИЦИГ

*(Басня)*

Дума бу кхозуш, дашо экъа санна,
Хьена жовхӀар наггахь цӀенкъа ледош.
Меца Пису дуьми кӀелахь сецна,
Каде хьийза, хьена хьоькхнаш лехьош.

ТӀаккха, дуьме дехха хьежна гӀийла,
Бетах мотт а хьоькхуш, делха Ӏени.
Дуьме кхочу хьесап дан и дели.

Ӏодо хецча санна, ирахъиккхи
Миска Пису, лууш дуьме кхача.
Кхийсадели юх-юха а иштта,
Амма генахь бара мерза кхача.

ТӀаккха Писус дуьме дера боху:
«Хьо баа-м со ца даьшнера цкъа а.
Кхаза хьайна, лаьгтахь, стиглахь боцуш,
Ва хьо-м лийриг вуьсу молха даций».

*Саидов Билал*

## НЕНАН МОТТ

Хьох лаьцңа яздина,
Дийца а дийцина.
«Хьайна безахь», – бохуш,
Хьеха а хьо бина.
Хьехорах пайда буй,
Хьо хууш ца хилча?
Хьо бийца хуур дуй,
Хьо безаш ца хилча?

Хьо бийца Iемар вац
Дагна хьо цабезарг.
ЮьхькIайн а лелар вац
Хьо бийца цахуург.
Нехан говра хиъна
Вон бере шех хилла,
Кхардамехь вехар ву
Хьо хийра леринарг.

Хьо безаш волчунна
Пондаран аз ду хьо,
Хьайца уьйр йоцчунна
Гихь беза мохь бу хьо.
Хьо хууш волчунна
ЖовхIарийн хIонс ю хьо,
Хьайца шовкъ йолчунна
Чам тайна стом бу хьо.

Хьайн хазнех кхиъначун
Вахарехь ирс ду хьо,
Хьайх хераваьллачун
ДIатесна некъ бу хьо.

Ойла хьайца ечун
Бух боцу хIорд бу хьо,
Кхин толош волчунна
Совбаьлла гIирс бу хьо.

Сан чIогIа дог лозу
Хьо ца хууш волчух,
Амма эхь ца хета
Iамо ца гIертачух.
Суна сайн ца хета
Ненан мотт бицбинарг,
БIаьрга ван ца веза
Кхечух и хийцинарг.

Хьо ца безаш волчо
Шен нана лорур яц,
Ненан сий ца дечо
Мехкан сий лардийр дац.
Ненан мотт цахаар
Шен кхерч цаларар ду,
Кхерчан да цахилар
Маьттаза вахар ду.

Дагах чекх ов доккхуш,
Iовжаме бийцало,
И дог малхах тардеш,
Хьо сирла бийцало.
Харцонан некъ хадош,
Буьрса аз ду хьоьца,
Бакъонна некъ боккхуш,
Хьехаме хьо буьйцу.

Суна хьох къахета,
Бийца ца хуучо,

Хьайн куьцах бохийна,
Мерза чам талхийча.
Чов хуьлу сан дагна,
Доггах ца безачо,
Шен гIалат диццина,
Сийсазбеш, бийцича.

Хьайн ненан мотт хаахь,
Ас дозалла до хьох,
Даггара и безахь,
Ас хастам бо хьуна.
ДоттагIа, варийлахь,
Цунах ма херлолахь,
Ненан мотт хьайн бацахь,
Байлахь вуй, хаалахь!

*Саракаев Хьамзат*

## ШИРАЧУ ГIОПЕХЬ

*(Повестан дакъош)*

### Некъан ойланаш

Генара хьаьжча, таьIна-сийначу басахь, хьийзинчу холхазах тера хеталучу лекхачу лаьмнашна юккъехь Iуьллу нохчийн шира юрт.

Дуьххьара кхуза кхаьчнарг инзарволий вуьсу. Моттало, комаьршачу Iаламо, цхьа озабезам бина, шен ерриг хазалла, шен уггар исбаьхьа басарш ца кхоош, леррина хIара меттигаш кхелина. Ткъа хIаваъ?! Лермонтовс ма-яздарра, кхузахь а ду иза «беран барт санна, цIена». Мел чуийзарх, ца Iеба цунах кийра! Ткъа оцу дерриг исбаьхьчу Iаламна тIехула ша саннарг кхин ян а юй-те аьлла хеталуш йолу лекха сийна стигал хазйо меллаша нека деш йистйоцчу паналле дIаоьхучу тийначу кIайчу мархаша.

Хаац, наха-м тайп-тайпана дуьйцур ду, амма Веданан а, Шуьйтан а районашкарчу яртел суна хаза а хеташ меттигаш-м яц. Ткъа адамаш мел дика ду цигахь! Уьш гIиллакхе, оьзда, хьеша-дена дика хилар чIогIа хаало лаьмнашкахь. Со кхузахь ца винехь а, амма дукхаеза суна хIара меттигаш! Дика а, вон а гинчу сан бераллин теш хилла меттигаш...

Веданахь а, Соьлжа-ГIалахь а дIаихна аьрхачу, гIайгIа йоцчу сан бераллин цкъа а юхадогIур доцу ирсе денош...

Цхьа ша-шаха хих бузу бIаьргаш, уьш дерриш а дагадаьхкича. Дийна, кхайкха хезехь, уллехь бара дагна дукхабезарш. Церан ховха куьг, эсала дош, даггара бовха безам хаалора оцу дерригенан а хам бан хууш доцчу къоначу, сонтачу берана. Цунна моьтту, и дерриг шена гуттар а хир ду. Амма дахаро гергарчех, бовза-безачех а ваьккхина, чIогIа баьллачу махо дIасакхуьйсу чемхалг санна, дIасакхийса, чехо, хьийзо волийча, цхьа ша-шаха олу даго байтамал! ХIун диси лаза а, газа а! Амма дахаро я, олуш ма-хиллара, бIаьрзечу кхолламо со мичча а кхийсарх, дика а, вон а тIехIоттарх, къадоцчу Iожалло хеназа сайх яьккхинчу сайн нанна тIаьхьа санна, цхьана минотана йиц ца луш, сагатдина аса хIокху меттигашна. Цкъа а юхайогIур йоцчу бераллин маьлхан дуьне-яI-кх! Ма тамашийна хIума хилла-кх хьо, хила-м ткъа!..

* * *

Хийла ойла йогIу коьрте кхуза вогIуш... Пхийтта шо даьллачул тIаьхьа со юха а Ведана кхаьчча, цец а ваьлла висира со: цхьа тамашийна жимъелча санна хетаелира суна юрт. Ваьштаоьзна гайтича санна хеталора цхьана хенахь оццул йоккха а, шуьйра а хеташ хилла юьртана го боккхуш йина тIулган гIап. Гергга улледаьхкина лаьттара бераллехь дикка гена хеташ хилла исбаьхьчу хьаннаша дукъдина лекха лаьмнаш.

Хийцаеллера юрт а. Цхьадолу цIенош тишделлера, амма юрт хазъеш дIахIуьттуш лаьттара керла, яккхий, еттинчу кибарчигийн гIишлош... Цул тIаьхьа а, кхуза мосазза кхечи а, хаалора керланиг, кхузахь хуьлуш болу хийцамаш. Шордина,

тодина цхьана хенахь догӀанаший, бӀаьста ло дешаш охьаоьхучу Ӏовраший дохош, чухерцош хилла адамашна хийла зуламаш дина некъаш.

Ницкъболу тракторш, бульдозерш, кхийолу техника а ю кхузахь стагана-къинхьегамхочунна гӀо деш. Хьалха дуьхь-дуьхьал кхетта ши ворда дӀасаялалуш ца хиллачу меттигашкахула паргӀат дӀасалела яккхий автобусаш, ницкъболу машенаш.

## Веданахь

– ХӀа-а, схьакхечин шуьшиъ! Мичахь карий хьуна хӀара обарг? Жимма бишка[1] ца уьйзи ахьа кхунна? – ша оьгӀазвахаран сурт а хӀоттош, вистхилира да, Зишкий, сой шена гучудаьлча.

– ХӀара-м генаваьлла ца хиллера! Я кхуьнан бехк а ца хиллера иза. Руслана шеца ловза вигна хиллера хӀара, – со бехказваьккхира Зишкас, дена улле, хӀургон тӀе со охьа а хаош.

– ХӀинца дӀадуьйладелча хӀун дара-те вай? – хьаьттира цо, юьхь тӀе даьлла хьацар дӀа а доккхуш...

– Ой, хьо стенга вахнера? Оха хьо ца лохуш меттиг ма ца йитира! – цхьацца агӀор дӀасаозийра со Юсуний, Мохьмадий.

– ХӀан, витал, ма хьийзавел сан кӀант, – шен дехачу мекхаш юккъехула вела а къежна, со тӀеозийра дас...

Шовзткъа шо гергга хан дӀаяьлла хӀетахь дуьйна, амма хӀинца а ца йицъелла суна юьрта доьлхуш тхаьш новкъахь яьккхина и инзаре хаза буьйса.

Евзиний шуна керла хьаькхначу алан цхьа шатайпа хаза хьожа? Дешнашца йийцалур яц иза! Ӏиллиний шу оцу ала тӀехь, йистйоцчу стигалахь догучу седарчийн шийлачу кӀегашка а хьоьжуш? Некъо ага санна теххайо кӀедачу алах йоьттина ворда, цо набаран тар туьйсу кӀедачу алан меттахь Ӏуьллучу берана. Оцу набарна юккъехула цхьа геннара схьахеза баккхийчеран лохха къамелаш а, кӀоргачу Ӏин чохь догӀучу хино ен гӀийла гӀовгӀа а, наг-наггахь говраша деш долу «хур» а, ленаш тоьхначу церан ко-

[1] Бишка – куьг, тӀара.

гаша ден тата а, цхьана юьстахарчу, хина дехьарчу кIотаршкахь летачу жIаьлийн, роггIана екачу боргIалийн аьзнаш а. Уьш, дерриш а цхьаьна а оьй, бер дижош лоькхучу эшарал а хаза дека набаро базбинчу беран коьртан лерехь. Эххар а, ши бIаьрг дIа а хьаббой, доккха са а доккхий, агIо хуьйцу цо. И меттахъхьовш хезна юхахьаьжначу дас, йистош кIел а хьарчош, тодо ша цунна тIетесна хилла верта...

Аса бIаьргаш дIабиллича, сахилаза дара. ХIоьттина лаьттара тхо тIехь долу ворда а. Сайна уллехь я Юсуп а, я Мохьмад а ца хаавелира суна.

ХIургонара воьссина, суна уллехь лаьттара да.

– ХIан, схьачуяийта! – хезира суна ден вешин аз.

– Н-но! – аьлла, архаш хьайира хIургонна хьалха хиъна Iачу Хьаьмас. (ТIаьхьо хиира суна, иза тхо схьадалийначу цхьана хIургонан да вуй).

– Папа, вай мичахь ду? – хаьттира аса, корта хьала а ойуш.

– А-а-а, хьо самавели? Вай хIинца схьакхечи-кх, хIан, схьавало папина, – тIера верта дIа а даьккхина, хIургон тIера, шена улле, лаьтта охьахIоттийра цо со.

– ТIаккха, вай схьакхаьчнехь, Бу-у мичахь ву? – хаьттира аса.

Бу-у – иза сол ши-кхо шо воккха волу сан ден вешин кIант Iийса вара. Цул хьалха суна гина вацара Бу-у. Амма тхо Орз-ГIалахь[1] а, Темирхан-Шурахь[2] а, Хасав-Юртахь а Iаш дас вуьйцуш хезнера суна Бу-у. Ткъа оха цIа дахка кечам бечу деношкахь, аса, къаьсттана, дукха хоьттура дега иза. Цуьнан хьокъехь дас дуьйцуш хазахетара суна. Ткъа хIинца со и волчу схьакхаьчнера.

– Бу-у чохь наб еш хир ву-кх. Вайна-м хIинца а буьйса яй, – жоп делира дас, куьг а лаьцна, ламеш тIехула со лекхачу учи чу хьала а воккхуш.

– Вай, нана яла хьан! – аьлла, мохь а болуш, сан дена марахьаьрчира озачу, лекхачу дегIахь йолу цхьа зуда.

[1] Оьрз-гIала – Червленная.
[2] Темирхан-Шура – Буйнакск.

Иза елха йолаелира.

– Ой, елха хӀунда йоьлху хьо?! Тхо могуш, маьрша схьакхаьчна! – иза теян а гӀерташ, шина а беснех цунна барт баьккхира дас.

«А-а, хӀара сан папин мама хир ю хьуна», – кхийтира со.

Ехха лаьттира иза, тхан да мара а воьллина, йоьлхуш. Кисанара схьа а даьккхина, цунна ца гойтуш, шен бӀаьргех йовлакх хьоькхуш гира суна дас а.

– Хьайн кӀант цӀа веача, йоккхаеран метта, хьо-м, мелхо а, елха ма йолаели, – забар йира дас, шен белшаш тӀе товжийначу цуьнан коьртах юха а барт а боккхуш.

– Нана яла хьан! – шен елхар сацо а гӀерташ, эххар а хьалахьаьжира ден нана. – Аса хьан мел йина ойла, со хьуна мел елхар! Суна-м, шу гале, со лийр ю моттарий, со нана шун яларг!

– Ой, цундела, ахьа сагатдойла а хууш, тхо дерриш а хӀинца схьадаьхки-кх, – юха а забар йира дас. – Ткъа хьо иштта елхахь, тхо дӀа а гӀур ду. ГӀур дуй, Эдька? – юхахьаьжира иза бӀогӀамах а хьаьрчина лаьттачу соьга.

– Ой, Нанин кӀант вац иза?! Схьавола, маракхета Нанина! – суна хьалха охьатаьӀира иза. Вахна, цунна марахьаьрчира со. Со марахь а волуш, хьалха а яьлла: – ХӀан, цкъа чугӀой вай? – аьлла, чуйолаелира йоккха стаг.

Еххачу, шуьйрачу тахти тӀехь дийшина Ӏохкуш бераш гира суна, тхаьш цӀа чу девлча.

– Папа, мичахь ву Бу-у? – хаьттира аса, дега хьала а хьаьжна.

– Мила, Ӏийса хоьтту кхо? – елакъежира Нана. (ТӀаьхьо хиира суна тхешан ден ненах массара а Нана олий).

– Хоьтту, дер-кх. Тхо цӀа догӀур ду аьлла хьахийначу дийнахь дуьйна, лаахь а, ца лаахь а, сихха Бу-уна дӀакхачаве ша, и Бу-у схьава шена бохуш, гӀад а, амал а дайинера-кх кхо. Хаац дера суна-м, – велакъежира да, – хьуна хаа деза-кх, айхьа оццул сагатдина хьайн ваша кхарех муьлханиг ву. Вало, хьажал дикка. Вовза а мегий хьуна-м, – бераш дийшина Ӏохкучу тахти тӀе теттира со дас.

– Собар делахь, аса лампа хьалаозий, – аьлла, яхна стоьла тӀехь лаьттачу мехкадаьттан лампин милт хьалауьйзира Нанас.

Тахти улле дӀа а хӀоьттина, юргӀи кӀелхьара гуш долчу берийн кортошка хьаьжира со. Набарш кхетта Іохкуш долчу берех кхоъ йоӀ юй хиира суна, церан месех. Ткъа юргӀан кӀел боьллинчу боьалгӀачу коьртан лергина буьхьиг бен бацара гуш. Вахна, тахти тӀе хьала а ваьлла, оцу коьрта тӀера юргӀа схьаозийра аса.

– ХӀара ву-кх Бу-у! – аьлла, хазахетта мохь а тоьхна, вахна вижина Іуьллучу цунна юргӀи тӀехула, говрана санна, тӀе охьа а хиъна: – ХӀей, Бу-у, самавала! Со веана хьуна! – пхьарс а лаьцна, дӀасатуьйхира аса кӀант.

ГӀенах цхьа «гӀам-гӀим» а дина, ха хаьрцира цо.

– Ой, самавала! Со ца го хьуна? – юха а дӀасахьавира аса иза.

– Мичара, хьуна! Яккхий тоьпаш хӀокху чохь етташ хилча а-м, дера вер вац цкъа шена наб кхетча-м, – елаелира Нана.

– ХӀан, вита, ма хьеве иза. Кхана шаьшшинна ма-луъу ловзур ву шуьшиъ, – Бу-уна тӀехиъна волу со охьаваьккхира дас. – ХӀинца цкъа дӀадийша деза вай.

– Ой, ца деза дер-кх, цкъа хӀума а ца кхоллуш-м! – стоьла уллехь тохаелира ден нана.

– ДӀаяьллахь, Самта, тховса цхьа хӀума яалур яц, хьуна, тхоьга. КӀадвелла со, цу тӀе, дегӀ а башха дика дац сан, ахьа мотт биллахь, дӀавуьжур вара тхойша.

– Со Бу-уца вуьжур ву, – элира аса.

– Вита Бу-у, ма хьеве. Цхьаьна дӀавуьжур ву вайша, – сан коьртах куьг хьаьккхира дас.

– ХӀан-хӀа, суна Бу-уца вижа лаьа, – мара озийра аса.

– Вижийтахь, цунна иштта лууш хилча, – йистхилира Нана.

– Ой, вижа, хӀета, вижа хьайна иштта лууш хилча, – резахилира да.

Сихха сайна тӀера хӀуманаш охьа а кхийсина, парт-аьлла юргӀи кӀел а иккхина, вижна Іуьллуччу Бу-уна улле дӀатебира со.

## Со байлахь вуьсу

Цхьа де санна, дIабелира цул тIаьхьа масех бутт. Гуьйренан хьалхара денош тIекхавчча, меттара ца гIатталуш, вуьйжира тхан да. Шина кIиранах а ца Iиллира иза. Цхьана кхоьлинчу гуьйренан дийнахь сецира, тIаьхьарчу масех шарахь лозуш, цуьнга оццул бала хьегийтина долу шен дахарехь дуккха а дика а, цул кIезиг доцуш вон а лайна цуьнан комаьрша дог... И валале цхьа-шн сахьт хьалха, цо шена тIевалаве а аьлла, цунна тIевигира кертахь берашца ловзуш хилла со. Со чуволуш, неIарехьа хьоьжуш бара маьнги тIехь Iуьллучу цуьнан бIаьргаш. Цхьа гIийла вела а къежна, халла вистхилла, со шена тIевийхира цо.

Маьнги улле вахна, дIахIоьттира со. Цуьнан хьаж тIехь хьацаран кегий тIадамаш гира суна.

– Папа, хьан корта лозу? – хьаьттира аса, цуьнан коьрта тIе куьг а дуьллуш.

– ХIан-хIа, – корта ластийра цо. – ХIоккхузахь лозу папин, – шен аьрру агIор некха тIе шаршийра цо юргIи тIехула Iуьллуш долу шен куьг. ТIаккха халла хьалаайъина, и куьг сан коьрта тIе диллина, со шена тIе а озийна, со дIа ца хоьцуш, бехха барт баьккхира цо суна.

Со, хьала а нисвелла, цуьнга хьаьжча, цуьнан бIаьргаш чохь льтташ хиш гира суна.

– ХIан, вало... Зишке... Зишке... Чувола ала... Аса кхойкху ала, – элира цо халла.

Сихха араиккхина, ден ваша Iачу чухьаьдира со. Да чIагIвелла аьлла хьажа баьхкинчу нахаца хиъна Iаш карийра суна Iазиз.

– Зишка, папас... папас кхойкху хьоьга! – мохь туьйхира аса.

Хьалаиккхина тхан да Iуьллучу цIа чу хьаьдира Iазиззий, къоьжа, яккхий мажош йолу кхин ши стаггий.

– Бакъхьа верзо веза! – элира царах цхьаммо.

– Делан цIе яккха, ИбрахIим, Делан цIе яккха!– элира вукхо.

– Самта!.. Самта!.. Самта!.. – тIаьххьара ницкъ гулбина, шен нене кхойкхуш, мохь туьйхира дас.

ГIайби тIе буьйжира цо хьалаайъина корта.

– Вай, сан Дела! Со дӀаэцахьа, сан кӀант а витий! – аьлла, мохь а болуш, дехьа чуьра схьахьаьдда тхан ден нана са дӀадолуш лаьттачу шен кӀантана улле, дог а кӀадлуш, охьаюьйжира.

– Воха ма вохалахь, Ӏазиз! – Зишкехьа вирзира воккхачу шина стагах цхьаъ. – Хьо дуьххьара вац хьуна, ваша а велла, вуьсуш!

ШолгӀа воккха стаг, шена хьалха ши куьг а лаьцна, балдаш меттах а хьедеш, лаьттара.

– Папа! – маьхьарца чуиккхира Мохьмад а, цунна тӀаьххье Юсуп а.

Амма да хӀумма а хезачохь вацара... Цхьамма-м, куьг а лаьцна, араваьккхира со.

Оцу дийнахь керта гулбелла хиллачу гергарчу зударийн маьхьарий а, белхарш а девлира.

Амма хиллачух со дика кхеташ вацара. Со тешна вара, цамгарх то а велла, тхешан да юха а хьалагӀоттург хиларх. Суна цунна наб кхетта моьттура. Амма наб гуттаренна а кхетта хиллера. Оцу дийнахь дуьххьара хезира суна бо боху дош, вуьшта, тӀаьхьо бен, цуьнан маьӀнах-м ца кхийтира со...

**Мажда**

Декхна деанчу цхьана дийнахь кертал арахьа, лекхачу бӀарийн диттийн Ӏиндаг1ехь, ловзуш Ӏаш волчу Бу-уний, суний уллехь сецира цхьа адам.

– И кӀант хьенан ву? – хезира суна цуьнан цхьа эсала, забаре аз.

Ловв-аьлла, дегӀах цӀе а яьлла, бӀаьргех хи а хьодуш: «Папа-а!» – аьлла, хьала а иккхина, цунна маракхета дагахь юхахьаьжира со.

Амма, вела а къежаш, соьга хьоьжуш верг суна вевзаш воцу нехан стаг вара. Цу тӀе, Ӏаьржа маж а яра цуьнан. Ткъа папин маж яцара. Цуьнан доккха хьаьрса ши мекх дара. Со шен карахь Ӏаш, цо сайн логах и мекхаш хьаькхча, гилгаш а довлий, гӀадвоьдий, велалора со... ХӀара тхойшинна уллехь лаьтташ верг папа вацара. Амма чӀогӀа эсала хьоьжура иза соьга.

– Ой, ахьа хIун до? Хьо кхера-м ца вели? – хьаттира цо охьа а таьIна, сан коьртах куьг а хьокхуш. – Велха ма велха, аса-м хIумма а дийр даций хьуна.

Амма со кхеравелла воьлхуш вацара.

– Цунна хьо шен да ву моьттинера, – кхетийра иза Бу-ус.

– ИбрахIиман вуй хIара? – хьаттира цо Бу-уга.

– ХIаъ, ву, – мера кIел пхьош хьаькхира Бу-ус.

– Ма велха, ма велха, кIантана-м, вилхича, эхь дай, – аьлла, со кара а эцна, куьг а хьаькхна, бIаьрхиша яшийна сан беснеш якъийра цо.

– Iазиз цIахь вуй? – хьаттира цо, корта хьала а бахийтина уллехь лаьттачу Бу-уга охьа а хьаьжна.

– Вац, балха вахна иза.

– Вахна, боху ахьа? – жимма ойлане велира иза. – Ткъа хьо школехь доьшуш вуй? – хьаттира цо Бу-уга.

– Ву. Со-м шолгIачу классехь ву, – дозаллица жоп делира Бу-ус.

– Ткъа хьуна лаьий деша? – хьаттира стага, соьгахьа а воьрзуш.

– ХIаъ, – аьлла, корта а тосуш, мара хьалауьйзира аса.

– Делахь, Iазиз делкъана цIа вагIахь... ХIа-а, цIе хIун яра хьан? – хьаттира цо соьга.

– Иза Эдалхан ву. Хьайна лаахь, Эда ала а мегар ду, хьуна, – суна хьалхара жоп делира Бу-ус.

– ХIета, Iазизе тхойша ишколе вахна эр ду-кх ахьа, иза цIа вагIахь... Хьуна со вевзий? – хьаттира цо Бу-уга.

– Вевза, хьо Мажда ву-кх.

– ХIай-хIай, вевзаш хилла хьуна-м! ХIета, диц ма делахь, – аьлла, со а карахь урамехула дIаволавелира Мажда.

ХIетахь со хиллачу тхан берийн беша уллехь яра школа, амма со цкъа а хилла вацара цигахь. ТIаьхьо хиира суна цунах «опорни школа» олий, амма хIетахь, цунах и хIунда олу-м, ца хаьара суна...

Со а карахь вахна школана уллерчу цхьана цIийнан неIарх чувелира Мажда.

Бераша яьккхина йоккха гIовгIа яра чохь. ДIахьаьжначу суна гира ехачу стоьлийн шина а агIор охьахевшина хIума юуш дохку даккхий а, кегий а бераш. Маждех шайн бIаьрг кхетча, гIанташ дIасахилош гIовгIа а яьккхина, хьалагIевттира массо а.

– Охьаховша, шайн хIума яа, – куьг тесира Маждас. ТIаккха со лаьтта охьа а хIоттийна: – Хьовсал массо а, – элира цо, – хIара Эда ву, шуна. ХIара вайн школе деша веана. Шайца цхьаьна хIара охьа а хаавай, хIума яийта кхуьнга. Цхьаьнгга а кхунна халахетар а ма дайта, – элира Маждас.

– Суна улле!

– Соьца хаавехьа!

– ХIоккхуза схьаваийтахь! – шайн-шайн меттера хьалаиккхира масех кIант.

– ХIан-хIа, хIара Iисаддина улле хаор ву вай, – элира Маждас. – Схьавоьл, Iисадди, хьайна улле охьа а хаавай, кхунна хIума а яае, тахана дуьйна кхуьнан терго а е! ХIокхунна халахетар дахь, вай эгIар ду, шуна, – велакъежира иза.

ТIе а веана, сан куьг а лаьцна, массо агIорхьара соьга хьоьжучу берийн могIанашна юккъехула дIа а вигна, дехачу гIанта тIе, шений, кхечу цхьана кIантаний юккъе, со охьа а хаийна:

– Аса хIинца яахIума яхьа хьуна, – аьлла, дIаволавелира Iисадди. Дукха хан ялале, карахь каддий, баьпкан доккха цастаррий дахьаш, юхавеара иза. Уьш суна хьалха а ехкина: – Катоххий яа ахьа. Аса хIинцца компот а яхьар ю вайшинна, – аьлла, шен метте охьахиира. – Ма Iе, яа, – шен чорпа яа волавелира Iисадди. Шозза-кхузза кхалла а кхаьллина: – Ой, яа, хьо хIун деш Iа? Иза-м шеллур яй! – аьлла, сан цхьана куьйга Iайггий, вукху куьйга баьпкан дакъий диллира цо.

Амма чIогIа эхь «доьссинчу» соьга, оццул долу бераш сайга а хьоьжуш, хIума ца яалора.

– Ой, яа! Эхь ца хеташ, – вистхилира дехьа агIор Iаш волу кIант а.

– Эхь хIунда хета хьуна? «Эхьал кхакха тоьлу» олуш ца хезна хьуна? – велавелира дIанехьо хIума юуш воллу воккхо-о кIант.

– ХӀунда ца йоу ахьа? – тӀевеара кхин цхьа кӀант.

Цуьнга хьалахьаьжначу суна сайна го бина льтташ дуккха бераш гира. Кхин а чӀогӀа воьхна хьаьвзина со велха волавелира.

– Ой, хӀинца велха хӀунда воьлху? – шен карара Ӏайг охьа а буьллуш, цецвелира Ӏисадди. – Хьо кхин зудабер-м дац, сел чӀогӀа велха?

– Ой, ой, ой! Воьлхуш вац хӀара? – неӀарехь гучувелира берашца со чохь а витина араваьлла хилла Мажда. – ХӀунда воьлху хӀара? Аша цхьаъ дан-м ца дина кхунна?

– Оха-м ца дина хӀумма а, – хьалагӀаьттира Ӏисадди. – Шега хӀума яа аьлча, хӀара велха волавели-кх.

– Шен кочалла воьлхура иза-м, – элира кхечу цхьана кӀанта.

– Ша меца велхьара, юур яра хьуна.

– Валол, хӀета, велха ца валийна вайшиммо хьо кхуза, – аьлла, куьг а лаьцна, араваьккхира со Маждас. Араваьлча, цо со дӀавохуьйтур ву моьттуш, воьлхучуьра а сецна, резахилла аравелира со. Амма арахь а сан куьг дӀа ца хийцира цо. Столовина генайоццучу кхечу неӀарх чоьхьаваьккхира Маждас со. Иза кухня хиллера. – ХӀоккхуза охьахаал, – со гӀанта охьа а хаийна, – хӀокху вайн жимчу хьешана яахӀума лол, ПетӀамат, – элира Маждас оцу чохь пеша уллехь цхьаъ-м деш йоллучу зудчуьнга.

– Вай, дера лур яр-кх, хӀокху сохьта-м! – тохаелира зуда. – ХӀара хьенан, мила ву ткъа? – хаьттира цо, суна хьалха чорпин кад а хӀоттош.

– ХӀара хӀинца вайн ву-кх. Тахана дуьйна кхуьнга хӀокху чохь хӀума яийта, меца ма вита, – элира цо ПетӀамате. – Реза вуй хьо? ХӀокху чохь юур юй ахьа? – коьртах куьг хьаьккхира цо суна.

– ХӀаъ, – корта таӀийра аса.

– ХӀан, дӀаэцал тӀаккха, катоххий яал! – со тӀехь Ӏаш волу гӀант стоьла тӀе озийра сан керлачу доттагӀчо.

Оцу дийнахь «опорни школе» хьалхарчу классе дӀа а язвина, деша эха волавелира со. Ткъа Маждех сан воккхахволу доттагӀ а, шолгӀа да а хилира. Шен кӀантал башха ца хеташ, тергалвора цо со аса Веданахь мел даьхначу шерашкахь. Хийла и волчохь цӀахь

де-буьйса даьккхира аса. Цул тIаьхьа, гIалахь Iаш а, доьшуш со волуш а, аьхкенан каникулаш мосазза хуьлу, Ведана ца вахча ца Iалора со. Ткъа Ведана вахча, Маждех ца кхетча муха вогIур вара?!

Воккхавеш, ирх а кхийсалуш, ведда цIа веара со оцу хьалхарчу дийнахь.

– Бу-у! Бу-у! Со школе деша дIаэцна, хьуна! ХIинца цхьаьна оьхур ву вайша школе! – аьлла, вахна маракхийтира со кертахь дитташ тIера охьаэгна бIараш схьалехьош, чета туьйсуш воллучу сайн шичина.

Хьаьжа юккъе шад а бина, вусавелла хьала а нисвелла, соьга хьаьжира кIант.

– Со хIинца Бу-у вац, хьуна! – элира цо.

– Бу-у вац? Ткъа мила ву хьо?!

– Со хIинца Iийса ву.

– Iийса-а? – цецвелира со. – ХIунда ву Iийса? Бу-у хила хIунда ца лаьа хьуна?

– ХIинца со воккха хилла. Хьо а хIинца жима вац... Аса Лавига а, Хьавага а, Сенега а, Эмишке а, Малике а – массаьрга а аьлла, хIинца со Iийса ву, Бу-у вац аьлла. Кхийтин хьо? ХIинца сайх Бу-у аьллачун аса марш йохор ю!

– Марш йохор ю-ю?! – ца кхийтира со. – Ахьа хIунда йохош ю иза? Йохийча, хIун хир ду?

– И йохийначун бат, стеш диъча санна, хир ю-кх!

– Марш йохийчий?

– ХIаъ, марш йохийча... ХIара юй, хIара? – сан мера кIел буй баьхьира цо. – ХIара хьан кхимар[1] йохийча.

– А-а-а! Мара бохийчий?! – кхийтира со эххар а. – Мерах цIий деачий бен хуьлий и «кхимар», и «марш» стеш диъча санна?

– Хуьлу!

– Ткъа сан мерах цIий атта ма ца догIу. АхIа! ДIаэца хьайна!

– ДогIу я ца догIу-м, хоуьйтур ду хьуна, ахьа сох кхин Бу-у алахь! Кхийтин хьо?

– Кхийти со-м, – къера хилира со.

[1] Кхимар – бат.

Оцу дийнахь дуьйна сан Бу-ух Іийса хилира. И ма яра цуьнан бакъйолу цІе...

## Керлачу дахаре

Дуккха а керла доттагІий хилира сан «опорни школехь». Районан тайп-тайпанчу ярташкара баьхкина бара уьш цига деша. ТІаьхьо хиира суна, уьш, дукхахдерш, да-нана доцуш дисна бераш хилар. ЧІогІа бертахь а, дешарна тІера а дара уьш. Царалахь уггар жимниг со хиллера. Цундела хир дара цара доладеш, цхьаьнгга а суна халахетар ца дойтуш, хьоьстуш, ловзош со лелор. Сан а бара къаьсттана дукхабезаш болу доттагІий: сол дикка воккха волу Іисадди а, шала вина ши ваша Хьасанний, Хьусейнний, Зайндий, Мовлий. Цхьаболчийн цІерш хІинца йицъелла суна. Амма цаьрга, сайн хІетахь хиллачу доттагІашка, хилла безам дІа-м ца байна сан дагчуьра. ДагавогІу суна тхешан школан пионервожати хилла Шарпудди а. Михалковс вуьйцуш волу дядя Степа санна, лекха а, вуткъа а вара тхан вожати. Амма догцІена а, бераш дезаш а вара иза. Берашна а везара Шарпудди. Іуьйранна, хІума йиъна девлча, интернатан кертахь тхо дІа а хІиттадой:

– Смирно! Нислол! – шен дуткъачу озаца команда дора Шарпуддис.

Тхо дІанислора.

Еха яккхий гІулчаш туьйсуш, чехкачу боларца аьтту агІорхьара аьрру агІор волалора Шарпудди. ТІаккха шен лекха дегІ охьатаІадой, Іалашо лоцуш санна, цхьа бІаьрг а хьаббой, закъаьлла дуладелла дІахІиттинчу тхан магІаре хьожура иза. ТІаккха, резахуьлий, вела а къежий, юха а шен еха гІулчаш туьйсуш, юханехьа болар дой, аьтту фланге[1] а волий:

– Пионерики, будьте готовы! – цІогІа тухура Шарпуддис.

– Всегда готовы! – цхьабосса жоп лора оха.

– Школа йолчухьа... Шагом мар-рш! – декара команда.

«ГІарт-гІирт! ГІарт-гІирт» – тхешан ма-хуьллу чІогІа тоха а гІерташ, лаьттах когаш а тухий, дІадуьйлалора тхо.

[1] Фланге – кхузахь: могІана агІоне.

– ДӀа-ла-кха, – юха а команда дора, ехий тӀамарш а лестош, тхуна уллехӀоьттина вогӀучу Шарпуддис.

Кийча ду тхо даим
Хьалха дӀахӀитта,
Оьшуш меттиг тӀехӀоьттича,
Цхьаъ санна, гӀовтта! –

дӀаолура оха тхаьшна чӀогӀа дезаш хилла «Партизанийн некъан илли».

Синкъераме а, хаза а дӀаоьхура школехь берийн дахар. Тайп-тайпана ловзарш, къийсадаларш, халхарш, иллеш дара тхан. ХӀетахь Веданахь футбол башха евзаш яцара, амма волейболах ледара ца ловзура школан лакхарчу классашкара дешархой. Школашна юккъехь хуьлучу къийсадаларшкахь дукхазза а туьйлира уьш.

Иза яра вайн халкъо, тӀетаьӀӀина къахьоьгуш, шолгӀачу пхеашеран план хенал хьалха кхочушъярехьа къийсам латто зама. Цу хьокъехь долу илли а дара оха халхаран эшаран мукъамехь локхуш:

Пхеашарна йина йолу пла-а-ан,
Кхаа шарахь кхочушйийр ю вай!

Школехь урокаш чекхъевлча а, Шарпуддис, магӀаршка дӀанисдой:

– Пионерики! Шагом мар-рш столови йолчу! – олий, мохь а тухий, делкъенан хӀума яа дуьгура тхо.

Оьрсийн мотт башха дика хууш воцчу Шарпуддин тхох и «пионерики» алар, шен дагахь, шел кегий долу тхо хьостуш олуш дара.

Юьхьанца берех къехкаш, Маждас ма-аллара, кухни чохь хӀума юуш хилла со, эххар а вола а воьлла, цаьрца цхьаьна столовехь хӀума яа волавелира.

Мажда бахьанехь цкъа а ца дуьсура тхо дика а, тайп-тайпана а, чомехь а юург йоцуш. Массо а берана везара Мажда. Цунна ша везийта а хаьара. ТӀаьхьо хиира суна иза тхешан интернатан заведующи хилар.

Кухни чохь дийнахь тхуна юург кечъеш повар яра. Ткъа Iуьйранна яахIума кечъян шиъ я кхоъ дежурни къаставора. Буьйса йоккхуш кухни чохь Iара уьш. ЦIахь ян елла урокаш а йой, картолаш а, кхоьш а цIанйора дежурниша а, цаьрца аса а. Вовшашна туьйранаш а, шаьш ешначу книжки тIера хIуманаш а дуьйцуш, самукъане болх бора бераша. Ткъа со, дукха хан ялале набаро корта баз а бой, мераца «зIок етта» волалора. Шайн цхьа пальто кIелий, важа гIевлангий юьллий, стоьла тIе дIавижавора со сан баккхийчу накъосташа.

ХIинца хьуьнан школа лаьттачохь яра хIетахь тхан школа. Цхьана заман чохь паччахьан эскаран гарнизонан казармаш[1], цейхгауз[2] а хиллера оцу цIенош чохь. Ткъа Советан Iедалан хьалхарчу деношкахь дуьйна хIетахь юьртахь уггар дикачех ларалуш йолу и ерриг гIишлош школана, берашна дIаеллера. ТIаьхьо тхан интернат а цига яьккхира.

Школан кертахь йоккха майда яра интернатерчу бераша тIехь картолаш, хасстоьмаш кхиош. БIаьста а, гурахь а оцу майданахь, вовшашца къийса а луш, зингатий санна, тIебоьлла белхаш бечу бераша йоккхий синкъераме гIовгIа лаьттара. Цхьана зил тIе дIа а хIуьттий, хьалхаваларх, дика ахкарх къовсуш, белашца майда ахка волалора иттех кIант.

– ТIаьхьа ма висалахь, Зайнди!

– ТIетаIалахь, Хьасан!

– Мимша хуьлда хьох, царал оьшу велахь!

– Вайн класс юьхьIаьржачу ма хIоттаелахь! – маьхьарий деттара, шайн-шайн классера къовсамхо хьалхаваккха гIерташ, гонаха хьуьйсуш лаьттачу бераша.

Хьалхаваьлларг, тIебетталой когаш а, куьйгаш а лоций, «Ура! Ура!» бохуш, маьхьарий а детташ, ирхкхуьйсура накъосташа.

Вела а къежаш, цаьрга хьоьжуш лаьттара Мажда. Цунна дика хаьара балхана бераш вовшахтоха а, картолаш, копаста, наьрсаш муха, маца дIаен еза а, муха кхио еза а. Цундела дика а, хьийкъина а кхуьура оха дIайийна массо а хIума.

[1] Казармаш – салтий Iаш болу чоьнаш.
[2] Цейхгауз – тIеман гIирс чохь болу цIа (склад).

*Шамсудинов Бувайсар*

## ЖИМАЛЛИН СУЬЙРЕНАШ

– ВаллахI, ваха-кх, хIумма а аса бохучуьнга ла а ца дугIуш-м.

И аз кхеран чуьра хезаш дара. ХIара сехьа чохь лаьттара, дуьйцучух кхета гIерташ, лерса а ирдина.

– Иза-м хIинцца схьавогIур вара. Сийсара дуьйна а вара иза, шаьш дийнна классаца, школе дуьйладалале, кино доьлху бохуш. – Луьйриг дада вара. Кхунна хаьара хIинца хиндерг, и дуьххьара хуьлуш дацара, хIинца кхуьнгахьа гIо дахахь а, ткъа тIаьхье гуттар кхунна дов деш хуьлура кхеран.

– Иштта ала ахьа. Хьо да ма ву, елла хила елара со хьоьга йогIучул, со, хIуьттаре лелош, и ца везаш ю-кх хIинца. Дика, дера, ду и хьуна хьайна бале вер волуш.

ХIара хIинца кхийтира цу къамелах. ДегI дегош, легашкахь цхьа боккха къурд а лаьтташ, ша араоьккхуш и Аьлбика дуьхьаллаьттара кхунна.

Кхо нана олура цунах. Кхуьнга дуьххьара ца алалора иза. Юха бабас а элира, цунах нана ала аьлла.

ТIаккха кхунна ша-шен Iехош хетара. Нана кхин цкъа а хир яцара.

ХIара хIинца Аьлбикин чохь гуттар а цхьа цабезаман къайле къаьста бIаьргаш дуьхьалхIуьттуш лаьттара. Уьш Iаьржа, даккхийра дара. И ша юткъа лекха а йолуш яра, хьаьрсо басарийна месаш, таьIно юьхь-чкъор а долуш. ТIаккха кхунна цуьнан цхьаццадолчу дийнахь хуьлу хьажар гира, бIаьргаш чохь дуьненахь мел болу сардам а къаьсташ.

«Дика ду-кх и хьуна хьайна бале вер волуш», – хезира кхунна.

Юха а Iовжийра коьрте деанчо дог.

– Анзор, Аьлбика цIахь юй? – кхеран лулахо яра.

– Ю, чохь ю хьуна, – элира кхо.

И чу яхара. ХIара уьйтIарчу дитта тIе тевжира. Кхунна ша цхьаммо доьхна дог оьцуш, хьостуш санна хийтира тIаккха. И дитт цу хенахь а дара иштта лаьтташ, цуьнан а шен дахар дара.

Эцца шен тӀамарш лестош лаьттачу цунна дуккха а хӀуманаш гинера, кхуьнан нана а гинера цунна. ХӀара цхьана хенахь хӀора дийнахь воьлхура, цунна тӀе а тевжий. ТӀаккха бабас, хьаста а хьостий, чувуьгура.

– Анзор, ма велхахьа, схьаволахьа, – олура бабас.

Цу хенахь кхуьнан диъ шо бен дацара.

– Баба, нана цӀа маца йогӀур ю? Ахьа, цӀа йогӀур ю, ца элира иза? – хоттура кхо.

Ден-ненан бӀаьргаш хих дузура.

ХӀара мара а вуллий, чуйоьдура баба. ТӀаккха шаьшшиъ дӀадижча:

– Баба, нана цӀа еача, со цуьнца вуьжур вуй? – хоттура кхо.

Кхунна хаьара, цо «хӀаъ» эр дуйла. Цо гуттар а олура иза. Кхунна цу хенахь «хӀан-хӀа» дан а дац моьттура.

– Дера, вуьжур ву, хӀинца наб кхетийтал хьайна сихха. Кхана цӀа йогӀур ю нана, – олура бабас.

Кхунна дукха хан ялале наб кхетара. ТӀаккха йогӀура нана. Цо шортта ловзоргаш йохьура. ХӀара ловзура цаьрца. ТӀаккха, ненан куьг а лоций, Ӏара хӀара. Нана, шен шурула-кӀайн церган гучу а йохуш, йоьлура.

И хӀора буса а хуьлура иштта.

Цкъа цхьана буса ца еара иза, кхунна наб а ца кхийтира, хӀара воьлхура, бабас хьоьстура тӀаккха, туьйранаш а дуьйцура. Уьш ца оьшура кхунна, кхунна нана езара.

Нана. Елаелча, шурула-кӀайн церган гуш, беснеш тӀехь кӀаьгнаш хӀуьттуш йолу. И, бабас, кхана йогӀур ю, элира тӀаккха. Юха кхана а ца еара иза. И, шортта адамаш а даьхкина, дӀаяьхьнера. Уьш дукххахберш коьртахь хӀуманаш йолуш баккхий нах бара. Цу дийнахь дас чӀогӀа маракъевлира хӀара. Кхаьрга боьлхуш зударий а оьхура. Цхьаерг, хӀара гушшехь, чӀогӀа елха йолалора. Кхунна ца лаьара иштта. Уьш хӀунда боьлху ца хуучу кхуьнан а догӀура велха дог, цхьа тамашийна сагатлора.

Цул тӀаьхьа кхин цкъа еара нана. Кхуьнца шортта левзинчул тӀаьхьа:

– Со дIайоьду, вон ма лелалахь, Анзор, – цхьаъ самаваккхарна кхоьруш санна, меллаша элира цо.

Иза хьалхачух тера дацара. Важа цхьа эсала, зевне, самукъане хуьлура.

– Ма гIохьа, нана, со а вогIу, – и мохь кхо чIоггIа тоьхна хиллера.

ХIара вижначуьра кIегархиъннера, ша хIун до а ца хууш.

– Делах тешна, Делах тешна, – шена уллерчу бабин аз хезира кхунна.

Цунна хIара цхьаммо набарха кхерийна моьттуш хиллера.

– Баба, – элира кхо, Iуьйранна ша хьалагIаьттича, – нана сийсара дIа ма яхна, соьга вон ма лела а аьлла.

ХIара ден-ненан бIаьргашка хьоьжура, и йоьлхуш яра.

– Нана кхин йогIур яц цкъа а, – хазийра цо, – и яла ма елла.

ЧIоггIа елхар иккхира бабин. Цу хенахь диъ шо бен доцчу кхунна и дешнаш башха бен а ца хийтира. Ткъа хIинца цул тIаьхьа итт шо даьллера. Баба а яцара хIинца...

– Хьо схьакхечи, кхерсташ леларг?! – кхунна девзира и аз. Цо кхунна, стигал каг а елла, нийсса шена тIеюжуш санна хетийтира. ДIайоьдучу зудчунна тIаьхьа араяьлла Аьлбика яра иза, кхо, ца луъушехь, нана олуш йолу. – Стенна хьоьжу хьо, локкхаргаш санна, и бIаьргаш дусийна? Схьавоьл чу, хьайга дас хIун боху хьажа хIинца.

Дуьхьал вист ца хуьлуш хIара схьаволавелча, иза чуяхара. Кхо неI схьайиллича, да учахь лаьттара.

– Хьо мичахь вара? – хаьттира цо. Кхунна и цхьа дов дан кечлуш санна гора. – Аса, хьо стенгаш лелаш вара, боху хьоьга, боьха хIума! Мотт ца хаьа хьуна? – ХIара, вист ца хилалуш, ша волччохь, вега а веш, лаьттара, беснеш тIехула тачанаш хIиттош охьаоьхучу бIаьрхишна куьг а хьоькхуш.

– ДIавало, хьайна, ловза гIо, кхо-м хабар дуьйцура, – элира Аьлбикас. «Дика дера ду и хьуна хьайна бале вер волуш, дIахеца ахьа», – хьалхо цуьнгара ларамза хезнарг дагадеара кхунна.

Цо юха а Iовжийра дог.

Делкъал тIаьхьенга лестина де, къегина, сирла малх а боцуш, хаза дара. ХIара уьйтIарчу лохачу цIенош чу вахара. Царна чохь хьалха хIарий, бабий Iара. Иза яцара хIинца. Иза стохка еллера. Иза адамаша айъина кех йоккхуш, шен нана дагаеана, хIара вилхира чIоггIа.

– КIант, Анзоран дола делахь, – элира цул хьалхарчу дийнахь бабас дега.

Дада кхуьнга хьаьжира тIаккха. Цуьнан бIаьргех а девллера хиш.

– Дика ду, баба, хьайна паргIат Iе, са а ца гатдеш. Хьуна хала ма ду йистхила. – Дадин аз цхьа кIеда дара.

Аьлбика а яра неIарехь лаьтташ. Ткъа цул тIаьхьа, и дIаяьлча, гуттар лаьттах етталуш йоьлхура иза, массо шега хьажийта санна, бабега а кхойкхуш. Цуьнан наний, йиший яра и сецош, цхьацца пхьарс а лаьцна, уллеяьлла.

Кхуьнан дог этIара тIаккха. Цунна баба бIаьрга ян ца езара, дада Iуьйранна балха воьдура, ткъа Аьлбика сарралц ша йолчохь хуьлура, наггахь цхьа гIуллакх хилла ца ялахь, чуьра ара а ца йолуш.

ТIаккха, кхунна коьртах куьг а хьоькхуш, баба йоьлхура...

– Хьо хIун лоьхуш ву цу чохь? – отин бIаьргаш доьхначу корехула чухьоьжучу ден аз хезира кхунна.

– ХIумма а, – аравелира хIара.

– Стенга воьду хьо, эгIийна хIума санна, тентак? – И кхуьнга луьйш Аьлбика яра.

Кхо иза тергал ца йира.

– ХIара дечигаш дIаяхий вай? – ден аз деара лере.

ХIара ладоьгIуш лаьттара. Суьйре юлуш яра хIинца. Малх цIийбала боьллера. Нийсса кхеран кевнна дуьхьал чубузура и. ХIара, цхьа гIийла, цхьана хIумане сатуьйсуш санна, хIора суьйрана а иза тергалбеш, бIаьргаш тIе а богIабой лаьттара.

– ХIун деш лаьтта хьо, ца хезаш санна, со гIур ю цига? Доккха хIума ду-кх иза, хьакхарчий кхабар гIоли дар-кх, хьо кхобучул, – луьйш яра Аьлбика.

И дерриг а коьрте хьийзаш латтачу кхунна шен нана дагаоьхура. Цуьнан сирла-мокха бӀаьргаш бара. Уьш хӀинца а дуьхьалхӀиттира кхунна (Аьлбикичух тера а боцуш болу).

– Аса схьайола ца элира хьоьга, боьха хӀума? Дукха кхайкха везий хьоьга? – ХӀинца тӀехьа латтачу цо кхунна тӀара туьйхира. Уллехь бӀогӀам хилла, охьа ца кхеташ висна хӀара, и дуьххьара тухуш доцу дела, башха цец а ца велира.

Буьйса дикка къовлаеллехь а, стигалахь гуш цхьа а седа бацара. ХӀара, коьрта кӀел куьйгаш а деххина, нийсса аркъал дӀатевжина Ӏара. «Дукха кхайкха везий хьоьга, боьха хӀума?» – дагадеара тахана дас шега аьлларг.

Школе дӀаволавала пхийтта де бен ца диснера хӀинца. Кхунна и чӀогӀа дика хетара. ХӀара борхӀалгӀачу классе ваьллера. Кхунна кхидолу бераш а даьхкира дага. Школе церан да-нана а догӀура. Берашкахь ахча а хуьлура, уьш буфет чу боьлхура. ХӀара, цаьрга а хьоьжуш, латтара. Дас кхунна хьалха наггахь ахча лора. Цкъа цхьана Ӏуьйранна школе воьдуш вара хӀара, да дехьа чохь вара.

– Анзор! – кхайкхира иза. – Схьаволахь цкъа.

– ХӀун боху ахьа? – хӀара сехьа чу воллушехь, Аьлбика а еара чу.

– ХӀан, тахана шаьш театре доьлху бохуш вацара хьо? – дас схьакховдийра кхо сом.

ХӀара, и схьа а эцна, дехьа чу вахара.

– Даьдала хьан, ма вехар ву-кх хьо, – хезира кхунна шена тӀаьхьа дестечун аз.

Цушиннан дов делира. ТӀаккха школе вахначуьра хӀара цӀавеача, иза цӀахь яцара. Да тап-аьлла Ӏара. Иза, ийгӀина, дӀаяхна хиллера. Цул тӀаьхьа цхьа кӀира даьлча, дас цӀаялийра иза.ТӀаккха ца долура дов...

Кхечу буьйсанашкахь санна, тховса а наб ца кхеташ, дӀасакерчара хӀара. «Анзор, вон ма лелалахь», – дагадеара кхунна.

Дог цхьа сихха тохаделира. И дешнаш кхунна диц ца деллера. И цкъа а дицлур дацара кхунна. И гӀенах нанас элира. Цу

хенахь баба а яра уллехь. Ткъа хIинца, тахана, деккъа цIена цхьа уьйтIара дитт диснера кхуьнца. Кхин дог эца хIумма а дацара.

– Баба, нана яла хIунда елла? – хьаьттира кхо цкъа.

– Ца хаьа, – элира бабас, – Дала дIайигна-кх. Цунна дукхаезаш хилла хьан нана.

– Цо нанна а коч оьцур ю тIаккха?..

– Ю, – элира бабас, – массо хIума а оьцур ю.

– Баба, – юха ца волура хIара, кхунна массо хIума а тамашийна дара цо дуьйцурш. – Иза цуьнан нана ю тIаккха? – Кхунна коч гуттар а нанас оьцу моьттура.

– ХIаъ, – цуьнан бIаьргаш, гуттар а санна, цу дийнахь а бара тIуьна.

ХIара дуьххьара, куьг а лаьцна, школе а вигира цо. Цул тIаьхьа хIара ша воьдура цига. Ткъа суьйранна хIара цIа ван хьевелча, тIаьхьаеанчу бабин куьг а лоций вогIура хIара цIа. ТIаккха цо кхунна цIакхаччалц цхьацца туьйранаш дуьйцура.

Иза елира, тIаккха кхуьнан шолгIа нана а елира. И ца йогIура гIенах дуьхьал, я нана а ца йогIура хIинца.

ХIара Аьлбика яра хIинца нана. Иза нана яцара, цуьнан цхьа а хIума а дацара неначух тера. ХIара нана кхунна цкъа а ца къежара...

***Саидов Сайд-Селим***

## МАЖЪЕЛЛА КЕХАТАН ЦУЬРГ

Набарха а яьлла, чухула бIаьргаш кхарстийча, ХIазанна гира шена дехьарчу маьнги тIехь, самаваьлла, вовшийн лере оьхуш ловзу шен жима ши ваша. Iа а доьлла, тIом баьлчхьана дуьххьара яьллера иза иштта тIаьхьа сама, ур-атталла нана базара йоьдуш а ца хиира.

Корта хьала а айъина, корах арахьаьжира иза. Iуьйре хIинца а бодане яра. Нохчийчохь тIом баьлла хьалхарчу шеран Iа дара иза. Лаьттахь олалла деш лелара чилла.

Наггахь оьгIазе мехаш хьоьккхура, шайн гоне нисделларг дерриг а чахчош, хIаллакдан санна. Адамийн бIаьрг хьаста я уьш цецдаха санна, иштгачу мехаша маьI-маьIIехь лайн гунаш хIиттадора. И инзаре хьал нохчийн лаьмнашкахь дуьххьара дацара. Иштгачех Iуьйре яра хIара а.

Наггахь меттахъхьовчу ведаро юкъахйоккхура Iуьйренан къора тийналла. Зударий хиш кхехьа буьйлабеллера. Долчо шен бежана а дуьгура хи мало. Воьдург дечке воьдура. Хало хьоьгура цхьадолчу адамаша мацаллица, шелонца, тIера дай беллачу байша, къаьсттана тIамах бевдда, цIенош дохийна, карахькуьйгахь доцуш кху юьрта баьхкинчу наха. Ткъа уьш дукха бара кху юьрта баьхкина – масех юьртара адам. Дукхахберш баккхий нах бара, кегийрхой тIамехь беллий, цIабахказа бисний. ЦIабахказа биснехь а, уьш богIург хиларх тешам дIа ца баьллера цхьаболчу доьзалийн.

Иштта Хьамадан йоI ХIазан а яра шен да цIаваре сатуьйсуш, и вогIург хиларх тешаро дог дузийна. ХIора Iуьйранна шийтта шо долу ХIазан шен ненал а хьалха самаяла Iеминера, къаьсттана тIемалой лаьмнашка хьалабирзинчул тIаьхьа. Цхьа шен беран йоцчу амалца йора кхо ойланаш. Кхунна моьттура, шаьш дийшина а долуш, шен да Iуьйранна цIакхочур ву. Цундела ша йижина ца караяйта гIертара, сема а йолуш, цунна дуьхьалхьада.

ХIора денна, хьалхxe гIоттий, оцу юьртарчу базара йоьдура ХIазанан нана. Цхьацца баккхал зударшкара схьа а оьций, и дIаюхкура. ТIаккха цунах юург оьцура, тIеюха хIума-м хьехочохь а дацара. Ша дIаяхале ХIазане тIекереш йира: «ЙоI, ерг яаяй, йовха тIуьйлиг тIеюхий, шина кIанте хьажалахь. Ара ма вийлийталахь, когахь а, тIехь а ледара ю, хьуна, церан. Хьо цаьрца ловзуш а, Iехо гIорталахь уьш, хьан да цIакхачахь, воккхавийна а вер вац, хьо иштта цIийнан Iуналла далла хиллий хиъча».

Тахана ненал тIаьхьа самаяьлла, нара тIехь Iуьллура ХIазан, кхин наб ца кхеташ. Кхо сих-сиха мара а, бат а юргIан кIелхьара гучуйоккхура, амма, шело а хаалой, юха а кIеллачкъайора. Кораш тIехь шелоно яьхначу тирашка а хьоьжуш, ойланаш еш

Іуьллура хІара. Ен ойланаш ерриш а цхьатера яра: шайна нанас яа хІун йитина хьажар. Селхана нанас деана ведар дама а, хІоаш а селхханехь чекхдаьллера. Кхарна уьш тоьург хир яра, делахь а чувогІург дукха нисвеллера. ХІорш саннарш кху школан гІишлон тхов кІелахь дукха бара хьалабаьхкина. И ойланаш еш Іуьллуш йолчу ХІазанан, юург дагаеача, чо тІекІелйолура, багах теза туйнаш оьхура, хьала а иккхина, шина вешина а ца хоуьйтуш, нанас йитинарг ерриг а яа дог хуьлура.

Амма хІара хьала ца гІаьттира, мелхо а, Іуьйренан мерзачу набарх юьйлира. Хазачу гІенах дуьхьалтуьйсура баьццара бай, бай тІехь бежа шайн етт. Етт а оьзна, тІехула кІайн чопа тоьхна ведар дузаза шура яхьаш чуйогІу нана. Нанна дуьхьал а хьаьдда, шен дог Іаббалц, шура муьйлуш. ТІаккха юха дуьхьалтосура ша бешахула уьдуш, тІедогІу мела догІа, къекъа стигал, лелха стелахаьштиг, лелхачу стелахаьштигах кхеравелла воьлху лулахойн кІант.

Воьлхура и кІант, цхьа хІума кхуьнга схьа а йоьхуш. Оцу кІанта холчухІоттийна, набархъелира йоІ. Юьхьанца ца кхийтира хІара, самаялаза йолуш, ша меттахъхьееш, кІанта ала гІертачух.

«ХІума, яахІума, яахІума», – бохура кІанта.

Кхераелла бІаьргаш биллича, ХІазанна гира, багахь пІелг а цІуббеш, вукху куьйга ша меттах а хьееш, берзинчу когашца шена хьалха лаьтта шен ваша.

– ХІаза, суна бепиг деза. ХІаза, со меца ву, – бохура кІанта.

ХІазан, хьаланисъелла, юргІан тІуьйлиг юккъера схьа а йолуш, нанас санна текъамаш бан елира:

– Веза Дела, хІун ду-те хІара? Маца кхачалур ю-те хьо къизалла? Маца соцур бу Нохчийчуьра хІара къиза тІом? Собар де аша, хІинцца соцур бу хІара тІом, тІаккха вай вешан цІа доьрзур ду. ХІинца, са хьала а ца ийзош, жимма сатоха, – аьлла, нанас хІун йитина хьоьжуш, пхьегІаш кего елира.

Цкъацкъа стоьла тІехь карайора кхеххкийна картолаш, кхерзина хІоаш, кхаба шура, хьокхам. ТІаккха ХІазана уьш сарралц

тоуьйту, шина вешина алсам а луш, шена кIезиг а юуш. Тахана а карийра кхунна нанас дIаяхале бина бовха кхоъ хьокхам, кхерзина хIоаш, даьккхина чай.

– ХIаза, со мацвелла. ХIаза, со мацвелла, – юха а шен «зурма» йолийра жимахволчу вашас.

Йишас, даьккхина, хьокхаман цастар делира веше, тIе хIоа а диллина. Цо иза, дIасхьа ца хьийзаш, чухьарчо долийра.

ТIаккха жимчу вешина луш а гина, воккхачо а дийхира бепиг.

– Хьан диъ шо дац, ворхI шо ду, ахьа жимма сатоха, чай кхехккалц.

Кхин вист ца хуьлуш, маьнги тIера охьа а иккхина, жимчунна тIевахара воккханиг. ТIевоьддушехь, цунна хичаш ян велира иза. Амма мацалла бIарзвелла кIант юкъах ца волура хьокхам Iуьйшучуьра. Юург кIезиг йолу дела, сарралц тоийта, цушиннан ойла хьаста, цушинца ловза лиира ХIазанна.

– Вай ловзур ду, чай кхехккашехь, – элира шина веше. – Хьо папа хир ву, – элира жимчул воккхачуьнга. – ХIара вайшиннан кIант хир ву, со нана хир ю. Ахьа вайн кIантана говр е, – аьлла, у делира воккхачуьнга, – аса шун хIуманаш юьттур ю, модаша хьаха а елла йолу, – аьлла, шаьш схьаэцца кхиъначу тIорказ чохь шена гина Iаьржа тай-махий лаха яхара.

Цхьацца бехчалгаш ю цу чохь нанас ден а, берийн а бедарш летош лелийна. Схьадиллира йоIа тIорказ. Дукха совгIаташ дацара тIорказ чохь, иза-м йоIана а хаьара, хIорш шайн цIахь болуш а бацара яккхий таронаш йолуш: нанас арайолуш туьллу цхьа кортали а, ден хилла ши коч а, масех гIайбин чкъуьйриг а, меттан шаршу а. Чохь, ах-ах тIехь тай а долуш, масех тайн туьппалг а, цхьацца кIадин цуьргаш а долуш, зударийн бохча а дара. Бохчи чуьра шена оьшу бехчалгаш а, тай-маха а схьа а эцна, тIорказ дIакъовлуш йоллуш кхуьнан бIаьрг кхийтира сонехь доллучу хазачу божарийн бохчанах. Схьаэцна хьаьжча, и хиллера дас документаш чохь лелош хилла бохча.

Шен жимчу куьйга Iаьвдира йоIа бохча, бIаьргех хиш охьа а Iийдалуш. ТIаккха схьадаьстира. Бохчи чохь дара ден тIеман

билет а, диъ паспортан сурт а, цхьа кехатан тӀоьрмигах дьакххина мажделла кехатан цуьрг а.

Дийшира ХӀазана кехат.

«Со Хьамад ву. Шуна ма-хаъара, декабрехь Соьлжа-ГӀала веара. Оцу дийнахь чубаьхкина тӀенисбеллачу оьрсаша лаьцна Моздоке дӀавигна. Тхо дукха дара, кхузткъа сов стаг. Дерриш цхьана машена тӀе доьттина дигира, бархӀ-бархӀ вовшашна тӀе пурхалла а дохкуш. Со буха нисвеллера. Сан кийрахь мел долу хӀума аьтта ду. Со висарх аса дог диллина. Больница яц, луш юург яц. Вайчара лецначу салташца хуьйцур ду бохуш, цхьа хабар ду дуьйцуш.

ХӀун хир, хаац. ХӀара кехатан цуьрг хӀокху кӀанта, ша дийна висахь, шуьга дӀалур ю. ТӀаккха шуна хуур ду сох хилларг».

БӀаьргех сихха йовлакхан тӀам а хьаькхна, шина кӀантехьа схьайирзира хӀара.

Цхьа а хӀума ца хилча санна, ченан кӀур эккхийтина ловзуш вара ши кӀант. Амма, шайн йоккхахйолчу йишин бӀаьргаш тӀунделла дайча, текхна маьнги тӀера охьавоьссира жимахволу ваша. ТӀаккха ХӀазане хьала а вогӀавелла:

– ХӀаза, аса бепиг ца доьху, ма елха, – элира кӀанта.

ХӀазан йоьлхуш яцара. ХӀара, цӀий а елла, логе шад хӀоьттина, дош ца алалуш лаьттара. Кхунна дерриш дагадаьхкира: тӀема юккъехула денна шен нана шайн ден ваша волчу идар а, хьовла дар а, баккхий нах вовшахбеттар а. Долчул а халахеташ дара, гӀо дан стаг воцуш, кху нехан юьртахь шен нанас хьоьгу къа. Шайна, кегий долу дела, ца гойтуш латтийна кехат а.

Схьайирзинчу йоӀа схьаийцира бисна хьокхам. ТӀаккха яьккхина цхьацца юьхк шина кӀанте а елла, сонехь пенах ирхкхозучу шеде хьаьжира. И шад хӀора денна стамлуш бара, цхьацца юучун дакъош тӀе а детталуш. И беза шад ХӀазана, тӀаьхьалонна, да цӀа вагӀахь а бохуш, шена ца дууш вовшахдеттачу юучун дакъойх бузуш бара. Бес-бесара хӀуманаш яра цу чохь: бӀараш, хьайбанаш, дакъийна жижиг, хохаш, кхин цхьацца кега-мерса

хIуманаш а. Кхо ша кечбеш бара и шад. Нанас схьа а ца бостура, йоIе ма кечбе а ца олура.

Амма хIинца цIайогIур йолчу ненах а, жимчу шина вешех а къахетта, ша гIийла сатийсинчу дех дог диллина, йовха чорпа ян лиира кхунна. ХIинца, схьа а баьстина, леррина хьарчийначу цу шеда юкъара схьайийцира бIараш, дакъийначу жижиган масех дакъа, хохаш...

Йиснарг дIа а хьарчийна, шад ша хиллаче дIа а оьллина, яй лаха елира хIара. Оцу ойланашка яхханчохь кхунна вицвелла ши кIант, тIаьххьара йисна баьпкан юьхк къуьйсуш, вовшахлеташ вара. Схьаяьккхина цушингара баьпкан юьхк юккъех екъа а екъна, тIе бIараш а делла, юург ян йолаелира ХIазан.

Лелха а лелхаш догура пешахь попан дечиг. Сихачу цIергахь, хаза хьожа мере кхоьхьуш, кхехка болабелира яй.

МаьркIажал тIаьхьа цIакхечира нана. Цецъелира иза гиначух. Йиттина ирхъоьхкина берийн бедарш, чохь юучух хаза яьлла хьожа, бовхачу маьнги тIехь ловзу ши кIант.

– Дукха яха хьо! Хьо-м хIинца, аса цадийриг а деш, йоккха ма хилла. Хьан да, цIавагIахь, тешар а вац, ахьа иштта гIуллакхаш до аьлча.

Амма йоьIан бIаьра хьаьжча, ненан бос хийцабелира. ЙоI тIорказ чу хьаьжний а, цо цу чуьра кехат дешний а, хиира.

Бакъду, и кехат нанас ХIазанах лечкъоран шен бахьана дара. Нанна дика хаьара, ХIазанна шен сил а дукха да везийла. Тидаме эцнера баккхийчийн санна йолу йоьIан амал, ойла, мотт. Цундела йоIана, и ирча кхаъ хезча, цхьа хIума хиларна кхоьруш ца аьллера нанас да валарх лаьцна. Хан яьлча, хIума ширло, цул тIаьхьа сатоха хала а ца хир-кх аьлла, дитинера. Кхин йоIе йист ца хуьлуш, шен бIаьргех даьлла хи къайллаха дIа а даьккхина, шена тIера бедарш дIаяха йолаелира нана.

* * *

Къоламца язйина мажъелла и кехатан цуьрг шеца волчу цхьана кIентан курткин чутухург а ятIийна, цу чу дIалачкъийра

Хьамада. Иза халла бен вист ца хилалора. Маж яьлла, Іаржвелла, вевзар а вацара.

...Хьамад сахуьлуш дІакхелхира. Къадоцчу салташа ор чу а кхоьссира.

Иштта, мацца а, рицкъ хиларна, цІа веанчу оцу кІанта Хьамадан веше делла хиллера и кехат, ма-дарра шаьш лелийна хьал а дуьйцуш. ТІом болуш хала хан хиллехь а, вашас, шега догІург, сагІа а даьккхира.

Иза хууш дара, цхьа миска ХІазан йоцчунна массарна а. Кхо иза тахана, кхо бутт баьлча, дийшира.

*Дикаев Мохьмад*

## САН ДАЙМОХК

Нанас берахь дуьйна
Суна хьо марздина,
Хьоьга дагардуьйцуш,
Хийла ойла йина.
Сан дай баьхна Латта,
Сан ирс долу Даймохк,
Ахь кхиийна,
Ахь стаг вина
Со новкъавелира.

Хьуна генаваьлча,
Херехь зама яьлча,
Даго лоькху зурма
Суна хьо хетара.
Сан дай баьхна Латта,
Сан ирс долу Даймохк,
Малх бицбина,
Нур къагийна
Суна хьо лепара.

ХІора йогІу кхане
Хьоьца йоккхур бохуш,
Винчу махка кхача
Ас сатийсинера.
Сан дай баьхна Латта,
Сан ирс долу Даймохк,
Хьох къаьстина,
Дог диллина
Іалург ца хиллера.

Нанас берахь дуьйна
Суна хьо марздина,
Хьоьга дагардуьйцуш
Хийла ойла йина.
Сан дай баьхна Латта,
Сан ирс долу Даймохк,
Ахь кхиийна,
Ахь стаг вина
ВогІург декъал хилла.

***Рашидов Шаид***

## ПОНДАРАН АЗ

*Димаев Іумаран сийнна*

Дара и Юккъерчу Азехь,
Хезча хьан пондаран аз.
Бацара вайнах вон ганза,
Массаьрца йоллура вас.

Мукъамаш хаза йиш йоцуш,
Яьккхира кхойтта шо хан.
ЦІаьххьана, баланаш отуш,
Билхира и пондар хьан.

Билхира, сий айдеш халкъан,
Дайн лаьмнех, аренех, хих,
ЗIенарш тIеIенаеш маьлхан,
Ойланаш яхарца ирх.

Вилхира пондар мел хезнарг,
Нисбина сеттина букъ.
ГIаьттира массо са лезнарг,
Яьстина йихкина юкъ.

Дохура вовшашка кхаьънаш.
Мел доккха де дара и!
Дирзира дагчуьра даьIнаш,
Севцира ихна бIаьрхиш.

Моьттура, дерриге Iалам
Доьлуш ду, хилларг схьагуш.
Бегира боьссина бала,
Нахана паргIато луш.

Дара и-м Юккъерчу Азехь,
Мел лайнарш ца дуьйцу ас.
Тахана, тхоьца хьо вацахь,
Дека хьан пондаран аз.

***Берсанов Хож-Ахьмад***

## ШИ КIАНТ А, ЗУ А

Куьйга узу гIудалкх а такхийна, хьуьнах вахара Iисай, Мусай. Кхин башха доккха гIуллакх а дацара цушиммо дан дагалаьцнарг. Олуш ма-хиллара, церг тоьхча, моз а дуьйлуш, мерза хьуьнан кхораш карийнера цушинна. Август бутт чекхбала гергабахна хан яра иза. Де довха деанера. Наггахь бен гуш марха йоцуш, екхна, сирла лаьттара стигал. Цкъа Iаббалц хи

чохь лийча а лийчина, шаьшшинна билгалчу кхура кІел вахара и шиъ.

Кхуран кІело, баьццарчу бацо хазйина, куз тесча санна, лаьттара. Ношбелла, можа а, мадбелла, тІе марха тесна а, хьорсуш охьатесча санна, цхьа безаме Іохкура кхораш. ГІадвахна, кхораш а бууш, вехха Іийра Іисай, Мусай. Башха сиха а вацара и шиъ кхораш лахьо. Де деха а дара, мукъа хан а яра. Цундела, сарале кхораш лахьо кхуьур ву бохург дагахь, паргІат вара и шиъ. Кхор болчу тІера дуьйна дІа луьстта элхьамчин куллан хьун лаьттара. ЦІаьххьана «хІуьнкІ-хІуьнкІ» баха долийра цу юккъехь. Цецваьлла ши кІант, вовшашка вист а ца хуьлуш, Іадийча санна висира, коьллашкахьа дІахьаьжжинчохь.

– И хІун ю? – элира Іисас, доккха са а доккхуш.

– Суна-м ца хаьа, – жоп делира Мусас, вада дагахь ша Іачуьра хьала а айалуш.

Іиса Мусал ши шо воккха вара. Ша воккхахиларна, жимахволчу вешина ях ца яла, майралла гучуяккха лиира цунна. Кхойтта шо кхаьчна вара и ханна. Меллаша дІакхевдина, бІаьлланган серийн кондарх цхьа сара а баьккхина, куллан кондарш дІаса а теттина хьаьжча, шен Іаьржа меран буьхьиг схьа а берзийна зу яра Іаш. Іисас сара Іоьттира цунна. Зуьно корта чулачкъийра. Сераца керчош, зу гучуяьккхира цо.

– Зу! – элира, цунах бІаьрг кхетташехь, Мусас.

ХІетталц зу ганза вацара и шиъ. Бакъду, цо «хІуьнкІ-хІуьнкІ» олу хезна дацара цушинна. Шайн кертарчу бешахь, кІохцалан керта кІел, дукхазза а гинера цушинна зу. Жимчу ор чохь, тІехула гІаш а гулдина, хуьлура цуьнан бен.

– Хьажахьа, Іиса, хьастагІа буса вай лечкъаргех ловзуш Идрис кхерийнарг зу хилла-кх. ДІалечкъина воллуш, къухалахь цунна хезнера-кх, хІинца хІокхо санна, «хІуьнкІ-хІуьнкІ» бохуш.

Шаьшшиъ кхораш лахьийна валлалц, тергал а еш, Іадда йитира шина кІанта зу. Кхушшинан гІара яйча, корта гучу а боккхий, коьллашкахьа дІахьодура зу. Ткъа Іисас къайлаяла ца юьтура иза. ХІокхо сара хьакхабалийтича, корта дІа а лачкъабой,

ирачу кIохцалийн уьйриг хуьлура цунах. Шина кIанта, шаьшшиъ кхораш а лахьийна цIа вогIуш гIудалкхан цIа чу а йиллина, цIа еара зу. РагIу кIелахь бен а бина, дIалачкъийра цара иза.

Куьпахь мел долу бер, схьа а гуллой, хьуьйсуш хуьлура зуьне. Шена гонаха долчунна хIумма а бала боцуш йолу зу, берийн сур схьагулделча, корта гучубаккха яьхьаш яцара. Бераш дIасхьадевлла, гIара-тата яйча, корта гучу а боккхий, йолалора.

Ша тергал а ца еш, тап-аьлла тийна лаьттачу Iисан когаш кIел схьасара иза цкъа. Iисан когах шен муцIар дIа ма-Iоттаелли, саца а сецна, чухьарчийна, корта къайлабаьккхира цо. Хетарехь, бIаьрса дика дацара цуьнан. Iисана зуьнан гIиллакхаш девзаш лаьттара. Иза, вист а ца хуьлуш, сецча, юха а, тохара санна, йолалора зу.

Iисас, Мусас дийнахь дIахецна зу паргIат йитича, дукхахйолчу ханна, корта къайла а боккхий, йижина Iуьллура, малхехь йох а луш. Буса дIахоьций а тергалйора цара зу. Цо юуш ерг хIун ю, ма-дарра хиъна ца даьллера шина кIантана.

Буьйсанна, шен бенара ара а яьккхина, кертахь дIахийцира шина кIанта зу. Ижуна толлуш дIасхьа а ца хьийзаш, меллаша дIайоьдура иза. Лаьттах хьакхалуш, корта охьа а берзийна, хьожа а йохуш, йоьдура зу.

– Муса, схьахетарехь, хьожанах билгалйоккху цо шена яа тамехь хIума. Гой хьуна, шена дуьхьалнисъеллачу хIуманах хьожа а йохуш йоьду иза.

– Вайшиммо шена хьалха хIоттийна хIума а ца йоу цо-м, цкъа, хьожа а яьккхина, хIун ю ца хиъча.

Къеггина кхетта беттаса дара. Зуьнан ижу яра эшо ницкъ мел кхочу садолу хIума: чхьаьвригаш, цаьпцалгаш, бецан пхьид, лаьттан нIаьна, кхийолу хIуманаш. ХIара партал хилар бахьана долуш, дахка а, моьлкъа а, и тайпа чехка хIума а ца лацалора зуьне. Ша яа йолийна хIума, цаьпцалг елахь а, цIоз делахь а, йиъна яллалц хIуманна тIе ца кхевдара иза. Шена хьалхара дIаеддачу садолчу хIуманна тIаьхьа а хIуттий, йортахь йоьдура и. Ткъа цунна тIаьхьакхиъча, юххехь саца а соций, корта охьабохуьйтуш тIекхетий, схьалоцура.

Зуьнан амалш а, цо ижуна муха толлу а дуьйцура Іисас берашна. Цаьрга ладоьгІуш хиъна Іачу лулахочо элира:

– Іиса, хьуна, зуьно хІун, хІинца а ца хиъна. Стохка со жехь волуш цхьа тамашийна хІума гира суна. Де дохделча, жа кхуран Іиндагіе охьа а дийшийна, сайн хІума юуш, садоІуш Іара со. ГІезо санна, «са-сс-с, с-с-с» бохуш, гІовгІа а еш, цхьа хІума кхийсалуш хези-кх суна. Со Іачуьра хьала а гІаьттина, и татанаш дечухьа дІахьаьжча, зу ю-кх, корта къайла а баьккхина, мотор санна, цхьа вон гІовгІа а еш, текхаргана чу а уьдуш, хьалакхийсалуш. Схьахетарехь, и текхарг кхеро хІиттош сурт дара иза. Текхарг, корта хьала а айъина, багара мотт а баьккхина, дуьхьалъяьллера цунна. Со ца тосаволуьйтуш, къайлаха тергалйора аса и шиъ. Иштта, кхийсалуш, текхаргана и «яппарш» еш, ша герга ма-кхеччи, тІекхетта, текхарган цІога схьалецира зуьно. Текхарг, карараяла гІерташ, хьерчаш, етталора, багара мотт а баьккхина, «сас-с-с-с» бохуш. ДІаьвше лаьхьа бара иза. Зуьно тергал а ца дора цуьнан беттабалар, – бохуш, дуьйцура Іисан лулахочо.

Лулахочо и дийцинчул тІаьхьа кхин а чІогІа терго ян велира ши кІант, зуьно ижуна муха толлу хьоьжуш.

Цхьана дийнахь, бенара зу ара а хецна, берашца цхьацца дуьйцуш лаьттара Іиса. ЦІаьххьана кІажа лазийра цуьнан, мІара тесча санна. Шарх-аьлла кхосса а луш вухахьаьжначу цунна шен кога юххехь зу гира. ТІехьашхула тІе а еана, кІажех цергаш йоьхкинера цунна зуьно. Цул тІаьхьа маситтазза а бира цо и болх. Цу тІе, когахь мача елахь а, меже ерзина йиснапу метте тасалора иза.

Дийнахь жимма тийна а, эсала а хуьлура зу. Бакъду, буьйсанна чІогІа майрайолура иза, Іисах, Мусах лата а гІерташ, мара а лоькхуш, юса а лой, лата чу а кхийсалуш.

– Юхаяла, Ловсакх, – олий, човхайора иза Іисас.

Генаяккха дагахь дІачовхийча а, гІаж Іоьттина генаяьккхича а, тохара санна, юха а йогІий, лата дагахь дІахІуттура.

Барза цІе а йолуш, жІаьла дара ІисагІеран. ЧІогІа ца езара цунна зу. Цкъа юьхьанца боккха «тІом» лаьттира цушиннан.

«ГӀалх-гӀалх» олий, лата тӀекхеташ, бетах ира кӀохцалш а Ӏитталой, юхаэккхаш, чӀогӀа оьгӀазъоьхуш, дарделла летара жӀаьла. Зуьно, корта къайла а боккхуш, цхьа бӀаьрг цуьнга а хьежош, къайлаха тергалдора иза.

Цкъа, Ӏисас, Мусас дӀа ца даьккхинехь, баккъал а чӀогӀа дарделла, зуьнна тӀедетталуш, гонаха хьийзара Барза. КӀохцалш Ӏиттаделла, бат цӀийша юьзнера цуьнан. Дехха лелийра Барзас «хьешаца» и мостагӀалла. ТӀаьххьара а, цуьнца и тӀом латторх ша тоьлур доций а хиъна, сецира. Бен-башха а ца хеташ, зу тергал а ца еш, ша-шена синтем бира цо.

Бакъду, зуьна ша юххенисделча, цуьнга боцчу безамна, къайлаха иза тергалйора цо, «дависарг-яӀ, кӀохцалш ма делара хьуна тӀехь, аса бийр бара хьан болх» аьлча санна. Шура а, кӀалд а, хӀоа а – шена дӀаелларг юура зуьно. Бакъду, буьйда жижиг хьалхадиллича, хийцалора цуьнан амал: цӀаьххьана юса а лой, мерах шок а етташ, хур-хур а деш, тӀекхетий, дададой, жижиг къайла а доккхий, доура цо.

Ӏисан, Мусан транзистор яра. Цхьа хаза йиш локхуш шена хезча, герга а йогӀий, ладугӀура зуьно.

Нанас, дов деш, ца вуьтура ши кӀант.

– ДӀаяккха и зу! Хьуьнах дӀа а хьой, дӀакхосса! Зу ловзош Ӏен йиш яц вайн. Дан дезаш дукха гӀуллакхаш ду.

Дешаран шо а дӀадоладелира. Чохь-кертахь гӀуллакхаш дан а, урокаш ян а дийзира шина кӀентан. Зу ловзош лела мукъа вацара и шиъ.

Цхьана дийнахь, тускар чу а йиллина, зу эцна хьуьнах вахара и шиъ. Шаьшшиммо схьаеъанчу метте зу охьа а йиллина, Ӏисас элира:

– Ловсакх, хӀинца дӀалелар ю-кх хьо кху хьуьн чохь, хьайна ма-луъу. Ӏодика йойла хьан! Марша Ӏойла хьо!

Зу, шега бохучух кхеташ санна, дӀахьаьрчинчуьра ясталуш, корта гучу а баьккхина, го тосуш, схьа а йирзина, ехха лаьттира.

– ДӀагӀо! ХӀун деш лаьтта хьо, тентак? – аьлла, вистхилира Муса.

Зу, меллаша йолаелла, куллан кондарш юккъе дӀаяхара.

*Бексултанов Муса*

## ГЕНАРА А, ГЕРГАРА А ДЕНОШ

Суна дагадогӀу тхайн хилла лоха цӀа, буьйдачу кибарчигех дина долу. Уче еллаелла яра цуьнан, цхьа рама а йоцуш. Я учахь тоьхна аннаш а дацара.

Да веллера тхан, тхо дукха кегий долуш, кхайкхочу[1] лазарх. Цо дехха лелийна, бохура, и лазар, Казахстанехь кхетта долу. Юха шовзткъе берхӀитталгӀачу шеран бӀаьста, кийрара тас дуззал цӀий а тесна, оцу сохьта веллера.

Иза ца кхиънера цӀенош чекхдаха. Уьш иштта латта а дисира, еллаелла уче а йолуш, аннаш а тохаза.

Со хьалхарчу классе волавелла гуьйре бен, дика дага ца догӀу суна хилларш. Юкъ-юкъа къаьста цхьацца хазахетта я халахетта меттигаш.

Да веллачу шолгӀачу шеран гурахь, цхьа стаг, Ӏаса а луьйзуш, схьа а вогӀий, охьахуура тхан цӀийнан дуьхьаларчу бай тӀе. Цо, пӀелг а лестош, балдаш хьедора, тхан тхов тӀе а хьоьжуш.

Нана гуттар а йоьхна хуьлура иза гучуваьлча. Юха сихха цхьанхьа дӀа а йоьдура.

Со цунах (астагӀчу стагах) кхоьрура.

Цхьана дийнахь ворданца, шеца кхин ши стаг а валош схьа а веана, тхан тхов тӀера шифер дӀаяьхьира цо, охьа а яьккхина.

Нанас цаьрга, чу а довлий, хӀума яа, элира, уьш тхов тӀехь боххуш.

Уьш чу ца баьхкира.

Юха нана, уьш дӀабахча, йилхира: «Хуур дар-кх, иза дийна хиллехь, хуур дар-кх», – бохуш.

ТӀаккха со а вилхира, геннара нанна бӀаьра а хьоьжуш.

Нанас тхов тӀе кехат туьйхира. Цул тӀаьхьа тхайн Ӏахар гира суна Ӏоьхуш. Жий боьхкинера.

Дадас диллина эцна хиллера и шифер юьртдегара. Юха, дада велча, старгӀа цунна тӀаьхьа ен а йийна, дӀадала ахча ца хиллера.

[1] Кхайкхо лазар – туберкулез.

Юьртда бай тIе охьа мосазза хуу, нана ахча деха йоьдура. Юха меллаша чу а йогIура, хье а лой, тIетаIийна балдаш а долуш, цхьаьнгге а дIа а ца хьожуш. Иза, дукхахьолахь, цхьанхьа хиъна а Iай, схьайогIуш хиллера, нахе ахча деха кIорда а дина.

И шифер дIаоьцучу дийнахь со хIунда вилхира, ца хаьа суна. Со нана йоьлху дела воьлхура.

Гуттар а хьалхачех кхин цхьаъ догIу суна дага. Цкъа тхо (бераш) шишанийн тIассех ловзуш, со туьйлира. Суна дика хаьара царах ловза. Кхуссуш долу гIутакх массарчул а улле кхуссура аса. ТIаьххьара Лоьмас, ведда дIа гена а ваьлла: «Шу можа ахьар дууш лела, кхин яа хIума а йоцуш, – элира соьга. – Шуьгахь цкъа а кIайн бепиг а ма ца хуьлу», – аьлла.

Бераш дара гобаьккхина лаьтташ. Уьш цхьадерш дийладала гIертара. Цхьа ши-кхоъ вела а велира, хIуьттаренна – церан тIассаш а соьгахь ма дара. ТIаккха со тIаьхьаведира Лоьмина. ТIаьхьа ца кхиира, шайн кевнал чоьхьаиккхира иза.

Со, схьа а веана (тIассаш новкъахь дIакхийсира аса), тхайн уьйтIарчу бай тIе охьа а хиъна, ши бIаьрг цхьанаметта а боьгIна, хIун ю ца хуу ойланаш а еш Iара, Керим сайга вистхуьлуш.

Иза сан ваша вара, воккхахволу, школера цIа вогIуш. Нанас тегна кIадин тIоьрмиг а бара цуьнгахь.

Со, иза схьагича, велха волавелира, ийза а луш, са дIа а лоьцуш, сайга аьлларг а дуьйцуш.

Цо, шен кIадин тIоьрмиг охьа а хIоттийна: «ХIумма а дац-кх. Ахьар можа хилча хIун ду? Бен а ма дац ахьар, можа а, кIайн а... Можа ахьар мерзох а ма ду... Шайн доцу дела, Iеха ма вина цара хьо», – бехира соьга, шен кучан тIам а хьоькхуш бIаьргех. Юха, куьг а лаьцна, чувигира цхьа кхин хабарш а дуьйцуш, ахьарна аьттехьа а доцу.

Суна цкъа а дагара ца долу и де хIинца. Гуттар а дуьхьалхIуьтту, тхаьш вовшашна генахь хилча я ца гуш хан яьлча, тIекхача иза а воцуш, сайн цхьа чIогIа сагатделча.

Иза сол ши шо бен воккха ма вацара, хIетахь, со хьоьстучу хенахь.

Юха со хьалхарчу классе волавеллачу гурахь дуьххьара школе цхьаьна дIавахара тхойша. Сан цIена боьзан хеча яра, пха тесна, стигалан басахь коч а тегнера суна нанас. Кериман санна кIадин тIоьрмиг а бара кочахь кхозуш, чохь ши тетрадь а, шекъа долу къолам а болуш.

Когаш берзина бара сан: нанна сандалеш ца карийнера. Тхо схьа а къастийна, класса чу дигча, со бен, когахь хIума йоцуш цхьа а вацара.

Хьехархочо, хьо хьенан ву аьлла, хьаьттира соьга.

Аса дIаэлира. ТIаккха чIогIа эхь хийтира суна, цо иза хIунда хаьттина а хиъна. Юха горгали ма-бийкки, ведда цIа веара со цу дийнахь, Iин чухула а ваьлла.

Нанас хаьттича, аьшпаш бира, хьалхарчу дийнахь доьшуш ца хуьлу, цIа гIо элира тхайга аьлла. Цунна дагахь а дацара, со ишттта цIа веана хир ву аьлла. Цуьнан кхин а дара хIуманаш, сан ши ког боцург а.

Йоккха пеш яра тхан, духовка а йолуш. Духовки тIехь нанас тхан пазаташ якъайора; гIабакхан хIуш а хуьлура цу тIехь дакъалуш. Цу тIехь тхо а Iара, хьалха гIуллакх дина ваьлларг. Духовки чохь оха картолаш а йоттура, чкъоьргаш а тIехь, хьаьаш а кхорзура, духовкин неI тIе а къовлий. Юха уьш цу чохь кхийсалора, «тIох-тIих» деш. Тхо, хеба а хебаш, хазахетарца дуьйлура. Нанас, кегий а долуш, довха хьокхамаш дора. Пеша тIехь кхеххкаш мохь тоьхна кхоьш а хуьлура тхан. Царах цхьа хаза хьожа а йогIура гуттар а.

Цкъа, школера чувеача, меца волу со, пеша хьалха лоха гIант а хIоттийна, цу тIе а ваьлла, яй чуьра чорпа юуш лаьттара чамица. Суна хаа а ца хууш, кучах цIе яьлла хиллера сан. Гай дохлуш санна-м хетара суна. Коч шуьйра яра сан. Со баххьаш тIе а хIуьттуш хьалаийзаваларна, хечи чуьра хьала а яьлла, пеша чу яхна хиллера кучан хьалхара юьхьиг.

«Халид, вогу хьо», – олуш, тIекхийтира суна Керим.

Со, когаш бухара гIант дIа а иккхина, лаьттах кхийтира, нийсса аркъал. Керима сан коч этIайора. Соьга мохь оьхура.

Юха цо нодарчий кхуьйсуш дӀаоьхуьйтуш гича: «Коч... коч... – бохуш, мохь биттира аса, – нанас дов дийр ду... коч... коч...»

Кериман ший а куьг дагийнера. Зеленка а хьаькхна, кӀайн кисеш а дихкина лийлира иза дуккха а.

Стигалан басахь йолу сийна коч, иштта, дакъош хилла, дӀаелира сан, йогуш а, ца йогуш а.

Нанас суна дов ца дира, чуеача. Цо дуккха а маракъийлира со, цхьацца цӀерш а йохуш. Цул тӀаьхьа иза елха а йилхира, чӀениг а егош.

ХӀара со йоьалгӀачу классехь волуш дара, Ӏай. Урокаш чекх а евлла, школан кертахь берашца со хехкалуш, цхьана кӀанта кӀел ког тоьхна, гал а оьккхуш, бертал кхийтира со. Со, хьала а иккхина, тӀекхийтира цунна. Цо со юха а лаьттах туьйхира. Бетах цӀий оьхура суна. Балдаш стамделлера.

Со кӀайчу лай тӀехула цӀийн тӀадамаш Ӏенош цӀа веара хӀетахь.

КӀант сол воккха вара. ЯлхалгӀачу классехь вара иза. Сан ваша а вара ялхалгӀачу классехь. Сан ваша а, и кӀант а делкъал тӀаьхьа вара доьшуш. Со – Ӏуьйранна.

Тхойша хӀора сарахь школехь хуьлура, цу кӀантана етта аьтто лоьхуш. Уьш дуккха а цхьаьна лелара. Тхойшиннан стагга а вацара.

Цхьана сарахь, Ӏаржлуш дара иза, Ӏина йисттехь лаьттара тхойша, цу кӀанте хьоьжуш. Иза цхьана кӀантаца схьавогӀуш вара.

Тхойша дуьхьалвелира.

– ХӀара кӀант вевзий хьуна? – хаьттира сан вашас.

ХӀуп-олуш, багара хӀун чкъоьрг дӀа а кхоьссина:

– ХӀарий... ХӀан! Вевза, цкъа аса лаьттах йиттина хумпӀар ю-кх хӀара,– элира цо.

– ХӀара сан ваша ву хьуна! – элира сан вашас.

– Хилча хӀун ду хьан ваша?.. Хьо Маккарчу сирачу кхело вина-м вац? – элира цо.

– Со веттар варий ахьа лаьттах? – элира сан вашас.

– Дера вар-кх хьо а-м. ДӀалацал, Ваха, хӀара книгаш, – элира цо шеца волчу кӀанте.

– Эцца Ӏин чу охьадовла вай... – элира сан вашас.

Юха сан ваший, изий вовшахлетира Іин чохь. Со, сайн вешин книгаш мара а лаьцна, Іадда лаьттара.

Доккха ло дара. Шийла а яра. Цхьа а стаг вацара гуш.

И шиъ дуккха а вовшаххьирчира лайлахь. Юха суна сайн ваша цунна тІехь гира, юьхь тІе хІума етташ цунна. ТІаккха оцу кІанта мохь хьоькхуш хезира суна. Суна уллехь лаьттина волу цуьнан накъост ведира:

– Собар де ашшиммо, шун болх оха бийр бу хьуна, хІинца бераш а дахкийтина, – олуш соьга.

– Дахкийта ахьа, дахкийта ахьа! – элира аса, иза ведча, гуттар майра а ваьлла.

Вукху кІанта чІогІа мохь хьоькхура. Воьлхура иза. Нене а кхойкхура.

Цхьа йоккха стаг кхечира тхуна тІе.

– И ши кІант хьенан ву? – хаьттира цо соьга.

– ТІехь Іаш верг сан ваша ву! – элира аса.

ТІаккха йоккхачу стага шегара гІаж туьйхира сан вешина, маситтазза, дов а деш.

Юха, оцу кІантана тІера лош дІа а дохуш, сан вешина дов а деш дІаяхара иза.

КІанта, велха а воьлхуш, мохь беттара гена мел вели а:

– Собар де ахьа, хьуна-м аса йоьттуьйтур ю хьуна... Мича вер ву хьо?! – бохуш.

Тхойша дикка схьа генаваьлча:

– Керим, ахьа цунна дика-м йиттира хьуна! – элира аса, велавала а гІерташ.

– Суна гІо хІунда ца дира ахьа? – хаьттира Керима.

– Со хьан книгаш лаьцна лаьтташ ма вара! – элира аса, Керимна дІа хьалха а оьккхуш.

Цул тІаьхьа суна тхайн директоран йоІ езаелира. Анджела. Соьга и цІе нийса яккха а ца лора цкъа а. Анджела сан классехь яра. ЧІогІа цІена лелара иза тІехь. Дика а доьшура. Со а велира тІаккха цІена лела. Гуттар куьзгана хьоьжура со, школе вахале а, чувеача а.

– КIант, ахьа хIун леладо? Куьзга ца гина хьуна? – олура нанас, ша муха кхета еза а ца хууш аса лелочух.

ХIума мосазза йоу, цергаш юьлура аса, корта а буьлура хIора дийнахь, сайн ботинкашна крем а хьоькхура, цкъа а ца хьаькхна долу. Цхьа воккха хила лаьара-кх суна, вон а ца лелаш, кхийса а ца луш. Юха сайн товалар, воккхахилар Анджелина гойла а лаьара чIогIа. Юха, цунна ца гича, хала а хетара. Класса чу йоьдуш, арайолуш, некъ буьтура аса цунна, со гIиллакхе юьстах а соцуш.

– Какой ты интеллигентный! – элира цо соьга цкъа, дуьххьара цкъа.

Кхин ца элира иза а, оццул со со гайта гIертташехь.

Анджелина тIехьарчу парти тIехь Iаш волчу Iисас цуьнан билзиг[1] гIантан букътухургах дIадихкина хиллера, цунна хаа а ца хоуьйтуш. Шега хьттича хьалагIоттуш йолу Анджела, корта тIехьа а боьдуш, охьакхийтира. Цунна ца хиира шена хилларг.

Тхо цIаьххьана доьхна дисира, хIун ду а ца хууш.

ТIаккха Анджеле мохь белира, шен билзиг дихкина гича.

Iиса, хьала а иккхина, ведира, Раиса Лечиевна (тхан хьехархо) кхетта ялале.

Уггар хала аса лайра иза, Анджеласчул а хала лайра. Суна лата лаьара Iисах. Юха со гучуваларна а кхоьрура. Кхоьрура, берашна со Анджела езаш вуйла дIахаарна. Иза аса сайца лелош дара, буьйсанна, юргIи кIелахь бен дийца а ца ваьхьаш сайга а.

Тхан нана МартантIе оьхура цхьацца хIума йохка. Котамаш, кIалд, бIараш кхоьхьура цо дохка. Наггахь хIумма а ца йохкалуш цIа йогIура. ТIаккха тхан чохь сингаттаме а хуьлура чIогIа.

Цхьана дийнахь, хьо ван веза соьца, Халид, котамаш йохка, элира нанас.

Сайна ца хезна кеп хIоттийра аса, котамийн цIе яьккхича. Нанас юха а элира. Суна чIогIа ца лаьара цуьнца ваха. Со муха воьду котамаш йохка, со йоI а яц кхин, я лай а вац.

ГIуллакх ца хилира, вигира со нанас. Шоьтан дийнахь дара иза, исс сахьт долуш. Со автобусна билеташ духкучу цIийна

[1] Билзиг – бантик.

тIехьа а ваьлла лаьттара, котамашна уллехь, цхьана бIаьргаца школа ларъеш. Школа, дIахьаьжча, гуш яра.

– Халид, мичахь ву хьо? Автобус йогIу, – кхайкхира нана.

Школан горгали а бийкира, зарр-р-аьлла.

Автобус саццалц собар ца деш, котамаш а эцна, дIахьаьдира со, уггар хьалха тIехаа дагахь. НеIарш къевлина хиллера. Ши сетка цхьана буйна а лаьцна, мукъачу куьйга неI туьйхира аса.

Схьа ца йоьллура.

Шофер волчу дIаведира со тIаккха. Со шоферна тIекхачале неIарш еллаелира.

ТIаккха сихха схьаведира со.

Зударий бара тIебуьйлуш. Со юккъехула чугIоьртира царна, корта охьа а таIийна, аьрру куьйга сетканаш а текхош.

Къакъ-къакъ-аьлла, мохь белира котаме.

– Котам йоьду хьан, кIант! – элира цхьана зудчо.

Со юхахьаьжча, бихкинчу когаш тIехь кхийсалуш, тIемаш а лестош, ворта а яхйина, школа йолчухьа хьаьдда йоьдура котам, нахах къехка а къехкаш.

Сайн са мел ду тIаьхьаведира со, кхин дIаса а ца хьожуш. Лаца ца лора. Котам, мелхо а, лаьттара хьалаийалора, тIемаш а лестош.

«Вайн классера Хасаев... Хасаев, ов-вай, хьахь-хьахь-хьа... Йоьду хьуна, айалуш ю хьуна, кема хуьлуш ду хьуна, Хасаев... Ха-ха-ха, хиъ-хиъ», – аьзнаш, бен-бен аьзнаш.

Зудабераш. Анджела. Суна мел ца лиънера, ца лиънера. «Со хьан нана ма ю, и хIун ду, суна ца лаьа, бохург!» «Аса бегаш бора, нана, аса бегаш ма бора, хала ма хетахь...»

Дап-даллап – цхьанна тIекхета со.

Мохь болу: «Iаьй-й-й».

Жима йоI Iуьллу аркъал, ченашлахь, кIайн фартук а йолуш.

Со соцу.

«Ши бIаьрг бац хьан, боьха хIума? Хьайн Дала хIаллакве хьо», – соьга боху.

Со хIумма а ца гуш латта, пIелгийн баххьел хиш а оьхуш, вега а веш.

«Къакъ-къакъ» хеза геннара.

Со дIахьожу. Котам го, цхьаммо ши ког а лацна, бертал охьакхозуш. ЗIок а ю гIаьттина, тIемаш охкаделла.

– Халид!

Аса корта хьалаойу. Керим ву. Сан ваша. Сан воккхахволу ваша.

– Шуьшиъ хIинца а дIа ца дахнера?.. Вай, воьлхуш ву хьо? Хьуна хIун хилла, мичахь ю нана? Вало, дIавоьду вайша. – Иза шек а вацара. Цунна бен а ца хетара.

Иза, котам дIаса а лестош, сан белша тIе куьг а диллина, школана хьалхахула меллаша охьаволавелира, ша бен кхузахь стаг а воцуш санна. Суна цхьа тамашийна атта хилира тIаккха. Сайца дада ву, моьттура суна. Керим а воцуш, я ший а цхьаьна.

– Керим, со кхин цкъа а воьлхур вац хьуна! – элира аса.

– Хьо хIунда воьлху? – элира Керима. – Велха оьшуш ма дац!

– Со кхин воьлхур вац хьуна! – элира аса юха а.

– Велха ма ца оьшу, эхь хета оьшуш ма дац. Дийлича хIун ду бераш? ХIумма а дац-кх. Делийтахь. Хьайн ненаца базара воьдуш ву-кх хьо, кхин хIумма а дац!

Иза, со автобус тIе а ваьккхина, нене вист а хилла, дIаволавелира. Суна букъ гира цуьнан, автобус чуьра дIахьаьжча. Воккхачу стеган санна, цуьнан паргIат болар, цо меллаша дIасалесто куьйгаш. Со, тIехьа а ваьлла, охьахиира, сетканаш когаш юкъа а хIиттош.

Автобус сиха йоьдура. Некъацара дитташ уьдура дуьхьал.

– Иза сан ваша вара хьуна! – элира аса сайна уллехь Iачу кIанте.

Кхаъ боккхуш санна, элира, вела а велла.

– ХIан? – цо бIаьрг-негIарш туьйхира.

– Сан воккхахволу ваша вара, хьуна, иза! – элира аса юха а. – Сан ваша вара хьуна...

Иза вист а ца хилира.

*Хасаев Хьамзат*

# IАЬНАН ЧИЛЛАХЬ...

Iа Iаламехь уггар шийла хан ю. Муха хуур ду, Iа доьлча? Халкъо олуш ду: «Малх цIа кхаьчча, Iа дулу». Иза нийса ду. Де уггар дацделла хан хуьлу иза. Цул тIаьхьа догIу масех де кхин хийца ца луш лаьтта. И денош дIадевлча, де дахдала долало. Iаьнан уггар шийла цхьа мур хуьлу. Цунах чилла олу. Чилла юлу Iа доьлла ткъа де дIадаьлча. Иза шовзткъа дийнахь-бусий лаьтта.

Чиллахь, гIайба санна, тIе ло а диллина, массо генаш лаьтта хIуьттуш букар дахна хуьлу дитташ, коьллаш. Iаьнан хьун, хьежа ца кIордош, исбаьхьа хаза хуьлу. ХIаваъ цIена, садеIа атта долуш.

Иштта хазачу хьуьн чу вуьйлира шайн гIуллакхна лам тIе вахна цIа вогIуш волу Iабдул-Хьамиддий, Iалманний, Жамалайлий.

Iаьнан доца де чекхдолуш дара, говраш гIелъеллера. Царна басахула чуйисса хала дара, бергаш кIеларчу ленаш юккъе ло лацаделла, когаш шершаш хиларна.

– Кхузахь таллархоша йина оти[1] ю, чохь буьйса яккха а, говраш чулахка а меттиг йолуш, вай кху хьуьн чохь буьйса яккха совца деза, – элира Жамалайлас.

– Мегар ду, – аьлла, накъостий буьйса яккха севцира.

Говраш паргIат а яьхна, уьш юзийна дIа а хIиттийна, кхо накъост оти чу вахара. Чохь аьчкан пеш а, тIе охьавижа кIедачу жIоламех дина «маьнгеш» а, чай кхехко яй а, туьха а дара, тховх хьалаоьллина кхозучу тIоьрмиг чохь сирникаш а. Уьш тIун ца ялийта оьхкинера тIалам болуш болчу таллархоша. НеIарехьа сонехь охьадиллина декъа дечиг дара.

Ша жимха хиларе терра, хьаьдда вахна Iин чуьра хи а деана, яй пеша тIе а хIоттийна, Iалмана цIе хьалалатийча, аьчкан пешо чоь йохйира. Яй, шен «цIуз-з» деш, кхехка болабелира. Довха чай мелла, накъостий, паргIат а бевлла, хабарш дийца буьйлабелира.

---

[1] Оти – жима цIа.

[2] Йиллаелира – чухьаьдира.

Пешахь, «тIах» деш, лелхаш, догура дечиг. Хеталора, кху шийлачу буса хьуьн чохь садолу хIума хир яц аьлла. Амма и иштта дацара. Хьуьнан акхарой, олхазарш шайн дахарца дехаш дара...

Чиллин и шийла буьйса юккъе яхнера, оти чохь буьйса йоккхуш болчарна набаран тар тийса долалуш. Оццу хенахь хьуьн чуьра схьа цхьа аз хезира «хIей-хIей-э-ээ» бохуш, цхьаъ кхойкхуш санна. Цунна дуьхьал деара иштта аз. Вайн накъосташа ладуьйгIира.

«Иза хьуьнан буьйсанан охIла – бухIа ю», – элира Жамалайлас.

БухIа шена ижуна гIайгIа беш яра. Попан лакха буьххьехь Iаш йолчу цунна гира бухахула кIайчу лай тIехула цхьа Iаьржа тIадам боьдуш санна. БухIа, шах-тата доцуш, шен тIемаш даржийна, ша Iачуьра чунехьа йиллаелира[2], и Iаьржа тIадам схьалаца. БухIано лаьцнарг хьуьнан дахка бара.

Дукха хан ялале говраш, мерах шакарш етташ, меттахъхьсн юьйлира, цхьана экхано кхерийча санна. Кхаьрца цхьаьна долу Гуьйриг цIе йолу доккха жIаьла «гIагI» дан доладелира. Хье ца луш хьуьн чуьра схьахезира у-у-у-у-аьлла, деха аз. Иза мацалла угIуш борз яра. Араваьллачу Iабдул-Хьамида топ кхоьссира. Тоьпан гIовгIа дIаяьлча, хьуьн чохь тийна дара. Iабдул-Хьамид, чу а веана, пеша дечиг а тиллина, охьавижира, сахиллалц хьуьн чохь тийна хир ду аьлла хеташ. Говраш а, Гуьйриг а дIатийра.

– Хьуьн чохь тийна, шийла елахь а, акхароша шайн белхаш сахиллалц бийр бу, – элира Iалмана.

Хьунан «бахархой» шайн гIуллакхаш деш бан а бара. Хьуьнан акхарой йийшина ца Iохкура.

Iуьйранна сай-бодий къастале гIаьттинчу Iалмана, чай кхехкийна, шен накъостий самабехира. Довха чай молуш, кIегаш тIехь деттина жижиг-сискал а диъна, шаьш буьйса яьккхинчу оти чу деана декъа дечиг, сирникаш охьа а ехкина, шайн говрашна нуьйраш а техкина, накъостий цIехьа баха новкъабевлира.

Хьуьнан хоти чохь кхос-кхоссалуш яхна цхьа лар яра. Цхьана меттехь, дIасхьакхоссаелла, йохийна яра. Иза хIилла дара, шен лар яйархьама пхьагало дина.

Мацаллех кхоьрийла яцара цуьнан. Сахиллалц ловзуш, ежаш лийлира иза. Ежаш, цо тIера кевстигаш йиъна, чIимдина лаьтташ дара акхтаргаш. Вукхузхьа ирзуна гонаха долу хьуьнан Iежийн, кхорийн синтарш тIера а цергашца гIад, кIайдеш, даьжнера цо. Сахуьллуш юха а, юьзна, де йижина даккха, цхьана куллах йоьлла дIайижнера пхьагал. Шен кIайчу цIоканца кIайчу лайлахь атта ган а ца го иза цхьогална.

Мекарниг а хьийзинера буса хIайт-аьлла. Кхунна шелонах кхоьрийла яцара. Цхьогалан кетар йовха, кIеда ю.

Цкъа хьалха, ша ижуна арадолуш, букъ саттош, дегI дулуш меттадалийра цо. ТIаккха, муцIар ирхъерзийна, къегаш долчу седарчашка хьожуш хIаваах хьожа а яьккхина, сих ца луш, шен лар йохарна кхоьруш санна, хьалха ког баьккхинчу тIаьхьара ког а боккхуш хьуьн чуьра ара а даьлла, горгачу ирзехула дIадахнера иза.

Ткъа кхузахь маситтанхьа дина лаьтташ элан литтанаш дара.

Кхузахь дуккха а меттигаш яра цхьогало, ло кегош, аьхкина. Иза лаа дацара. Шен ла а дугIуш догIучу цуьнан семачу лергашна лайн бухахь дехкийн гIовгIа хезира. Мекарчо, сихонца ло аьхкина, дахка, схьа а лаьцна, биънера. И гIуллакх цо маситтазза а динера. ТIаьххьара ша дуза гергадахча, лаьцна дахка ловза а бина, шена кIордийча, и дIакхаьллина, садаIа къайладаьллера и хIилланча. Иза Iуьллур ду цхьанхьа Iуьргахь я такхорах доьлла...

*Сулейманова Зайнап*

## ПХЬАРМАТ

1.

Ма сихделла шерша шелчу Iинан кIоргехь
Чилланан тулгIешца тIулгаш тIоьхла Орга,
Азаллех[1] чекхдуьйлуш, гIайгIане мотт лебеш,
Шен бехачу новкъахь къайленийн мохь дебош.

Аш ладогIа соьга, шуна дика дийцарг,
Ас дуьйцур ду шуна нохчийн шира дийцар.
И хилла сов хьалха, эзар шерел генахь,
И хилла вайн дуьне къона долчу хенахь.

Лаьмнаш санна, лекха вайн шира дай хилла,
Церан дой а иштта вуно даккхий хилла.
Берзалойл а каде, цIоькъа-лоьмел майра,
Нуьцкъала катухий, бердах йоккхуш гIайракх.

Инзаре мохь-цIогIа тухий, стигал екош,
Ламанан тарх[2] кхуссий, Нана-латта дегош,
Цхьогалш санна, мекар, черчий санна, онда,
Амма синош – оьзда, дегнаш доцуш сонта.

Вайн дай – наьрт-аьрстхой – кху лаьмнашкахь баьхна,
Дахаро цахьестарх, бертахь, синош – аьхна.
Амма Села – стигалан да – вара цаьрца дера,
Уьш хилийта лууш шен харцонна къера.

Вайн ширчу дайн – наьртийн, ницкъ болчу наьрт-аьрстхойн,
Iойла яра тIулган бIаьвнаш, лекха аьрцнаш.
Церан хIусмаш яра уьнах цIена хьаннаш,
Лаьмнийн шийла хьехаш, тешам болу Iаннаш.

---

[1] Азалле – юьхь йоцу хенан йохалла.

[2] Тарх – боккха тIулг.

Вежарел а бертахь, дагца доцуш хIилла,
Синойл чIогIа царна маршо езаш хилла,
Уггар сийлахь-лекха церан эхь-бехк хилла,
Даим сийлахь-еза син паргIато хилла.

ХIун пайда бу ницкъан, шех дика ца хилча,
ХIун пайда бу цуьнан, дегнаш балехь хилча,
Стиглахь, Латтахь цхьа а машар-барт ца хилча,
ХIара дуьне Селас лахьтел а гатдича?

Дахар, маршо, кхоллам Селин карахь хилча,
ПаргIатонан цхьа а билгало ца гича,
Iожаллин мукъ, эхарт мостагIчуьнгахь хилча,
Iазапан дукъ дайдан некъ карош ца хилча?

Стимал къаьхьа дуьне чомехь даа гIерташ,
Стиглара цIе езаш шайна хилча бертахь,
Селигара езаш комаьршо я нийсо,
Сел дерачу цуьнца бан ца хIуттуш къийсам.

Вайн турпала дай хилла гIорасиз, ницкъбоцуш,
Дахаран ницкъ – Сийлахь ЦIе – шайн долахь йоцуш!
Сел сутарчу Селас карара ца хоьцуш,
Цунах герз а дина, маршонан лаг лоьцуш.

Дера угIу мох-дарц даим дегIах хьерчош,
Латтан тайна сибат даькххинера эрча.
Са хаьддера адмийн кхерчан цIарах хьегна,
ЧIагIделлера тIулгал садиттина дегнаш.

Даима дов хьедеш яра Стигал Латте,
Адам балехь дара и луьра тIом латташ,
Ткъа и мостагIалла Селин карахь дара,
Харцонна комаьрша, зуламца и вара.

2.

Села гIад мел оьху, балехь яра Сата –
Наьртийн сийлахь нана, нуьре Села-Сата.
Шен къоьнгийн гIо лаца и яра сов лууш,
Амма кхоьруш, цунах зулам хир дуй хууш.

ДоIанашкахь даим цо доьхура Батте:
– Хьайн серлонца маршо Латта хьажаелахь!
Малхе балхабора кийрара сингаттам:
– ХIай нур догург, Селин харцо хIаллакьелахь!

Нийсонца кхел елахь, хIай малх кхета Iуьйре,
Тешнабехках ахьа сан къоьнгий Iалашбелахь,
МаслаIатца йоьллахь, хIай малх бузу суьйре!
Сийлахь хастам хиларг, тхох къинхетам белахь!

Амма цу доIана дуьхьал, стигла ятIош,
Дакъанашца кегъеш, дуьне, Iалам Iадош,
Са мел долу хIума табош, инзардоккхуш,
Боссабора кхерам цо Iаламат боккха.

Iожаллин хIу дебош, инзаре дур гIиттош,
Шегара ницкъ зейта шен сонта кеп хIиттош,
IЦIеран хьорканаш тIе хуий, Латта марца
Волалора Села шен карарчу цIарца.

3.

Вайн лаьмнашкахь вехаш цхьа говза наьрт вара,
Халкъана сов оьшуш цуьнан пхьола дара,
И вара дуьненна гIараваьлла Пхьармат,
Шен сих, дегIах сагIа дина Пхьармат.

Азаллера дуьйна сий ца хеда Пхьармат,
Шен халкъана серло еъна каде Пхьармат,

Ца лен волчу дарже кхаьчна къона Пхьармат,
ТӀаьхьенашна дийца хьуьнар дитна Пхьармат.

И турпал наьрт вара оьздачу хӀух ваьлла,
Кхетам кӀорга, сица лекха хиларца гоьваьлла,
ХӀоранна тергонна цо гулдора собар,
Дагабуьйлучеран ца хедара тоба.

Адамашца тайна яра цуьнан амал,
И вехара церан дика шена Ӏамош,
Оьзда гӀиллакх-Ӏедал цаьргара схьаийдеш,
Шен дагца и дебош, царна юхакхийдош.

Шен пхьалгӀи чохь гӀуллакх дан хаарца шера
Эчигах гӀирс бора куьг говзачу пхьеро.
Къахьоьгура алсам, къамел кӀезиг дора,
Ойлано дог дожуш и даим а гора.

«ЧӀерана хи санна, сина хӀаваъ санна,
Адамна цӀе оьшу, дуьненна малх санна,
Лаьттан ялур яра даго бохху терго,
Генара дуьненаш хилалур дара герга.

Ткъа цӀе караеъча, зовкх хир дара махкахь,
Ницкъ хир бара сенчу Стигла некъаш дахка,
ЧӀагӀлур бара денна вайн дахаран орам,
Декъала хир вара, оьмар яхлуш, хӀора...

«Селига къурд бойтуш, харцонан ницкъ эшош,
Ас хӀун гӀоли йича, бакъахь дара-теша?» –
Хоьттура цо шега, цӀеран серло яржош,
ГӀайгӀанечу Лаьтте цӀе кховдаян, маржа!

«Стигалара цӀе ядо! – даго бира хаам,
Самабоккхуш наьртан сийлахь-боккха лаам,

Бертаза дадийна, и берта ца вагIахь,
Ас дадор ду хьаштиг, йохош цуьнан чIагIо!

Сайн Iожаллел хьалха халкъан аьтто гойла,
Цунна тIера сан сих, дегIах сагIа дойла.
Кхоьллинчо сан дагна халкъе безам белла,
Ткъа дегIера хьуьнар цу безамо делла».

4.

Наьртан гила лела Лам чохь паргIат бежаш,
Махо, малхо яхчош хIора буто меже.
Ловзаболу наггахь, боду ткъесал маса,
ПаргIатчу аренца шен акха дог дассош.

Цхьана дийнахь дине нуьцкъала мохь тоьхна,
(Селас агIо хорцу, цIаьххьана наб йоьхна),
ТIекхайкхира Турпал – шен тешаме накъост,
Кийча берг сих къаста, халонах деш дакъа.

Пхьарматан мохь баьржи, Органан чIаж[1] екош,
Турпал дуьхьал терси, ламанийн рагI екош,
Хьомсара аз хезча, мел хиларх а генахь,
Ткъесал маса гила тIекхочура дена.

Шен буточу дегIе ширделла гIагI[2] дерзош,
Дихкира цо юкъах шен тешаме герзаш,
ТIедуьйхира шена тIамна оьшу барзакъ,
Йочанехь хIорд санна, дог дуьйлура карзах.

Булин неIарх дина шира турс[3] схьаоьцу,
Дато серло хоьрцу тур цо караоьцу,

[1] ЧIаж – Iин.

[2] ГIагI – хьалхалерачу заманахь тIамехь чов ца яйта тIеюхуш хилла аьчкан бедар.

[3] Турс – мацахлера ирачу герзах ларвеш каралоцу дуьхьало.

МаIанца йий мелла, там бина шен сина,
Юткъа нуьйр цо тилли тешамечу динна.

Шен болатан лаам Iалашонах боьзна,
Халкъах йолу ойла шен дагна тIеоьзна,
Даима са гIерташ долчу кхача лиъна,
Кечвелира Пхьармат шен Турпал тIе хиъна.

Ойлано мел лоцу сийна стигал Iуьллу –
Хьесап дора наьрто, кхетамехь сурт дуьллуш:
«Кхин кхийдор дац, Села, ахь тешнабехк, зулам,
Ас дагца дуй биъна хIаллакбан хьан хьулам!»

ЦIаьххьана ткъес тоьхна, де буьйсанах ийра,
Алонца Iеттийра стигало шен кийра,
Лаам стигла хьаьдда, шед туьйхи дас динна,
Майралла бен, накъост вац тховса цушиннан.

5.

Инзаре букарчу дарцо цоьстуш верта,
Инзаречу новкъа бере хьалагIерта,
Мелчу хьацарх буьзна, дуьхьалтуьйсуш лергаш,
Дино маса луьйзу цIийша юьзна бергаш.

ВорхIе Iинах волуш, ворхIе а лам хадош,
Йоькханаша воттуш, йочанаша тIадош,
Сел галморзах, чолхе, лекха ирхеш эшош,
И шиъ хьалха дуьгург бара Сийлахь Тешам.

ВорхI дийнаххьий, бусий Пхьармата некъ бира,
БорхIалгIачу дийнахь шен Iалашо гира –
Стигла хьалалаьцна лаьтта Башлам-корта!
Бос къорзачу бецийн кхузахь яра шорто.

Іуьйре самаели, доьллуш нуьре бІаьрса,
Белабелла, малхо дашо зІенарш хьаьрси,
Шен бенара аьрзу, даржадеш дайн тІемаш,
Тохадели стиглахь, дуьне довза Іемаш.

Эзар шерийн кІорге наьрт ойлано кхуссу,
БІарлагІийн дуьнене и меллаша вуссу.
Боданечу шерийн кирхьа дІасатоттуш,
ГІайгІанечу вастийн тоба дуьхьалгІотту.

– Я рабби, хьо дуьне, хьо кхолламан йоза,
Хир дуй-теша, Села, хьан харцонан доза?
Я рабби, хьо дуьне, хьо Іазапе дуьне,
Хьо адамийн мостагІ, стимал къаьхьа дуьне!

И лаьтта, гуш доза доцу сийна ана,
Йицъелла ша йоьлхуш йитна къена нана,
Болатан дог-ойла Селин кхерча кхийдаш,
Лаам карзахбуьйлуш, ойлано са ийдеш.

– ХІара ю-кх и Селин жоьжахатин бертиг! –
Села вехаш волчу стигла хьалагІерта. –
ХІара бу-кх дуьненна гІарабаьлла корта –
ХІинццалца цадаьхьнарг адам юххегІорта!

Дуьйцуш хезна жимчохь: малх кхеташ я бузуш
Тийналлехь садаІа юссу наггахь кхуза
Нуьре Села-Сата – Селин хьоме езар,
Наьртийн сийлахь нана хІинцца кхача еза...

Олхазаран васте йоьрзуш, цунна дуьхьал
И йоьссира тийна цу Башлома буьххье.
Пхьарматах цецъюьйлуш, цо адамийн маттахь,
Нуьре бІаьрса Іенош, дира зевне хаттар:

– ХӀай ницкъболу наьрт, ойла яьлла тӀома,
Лаа веъна вац-кх хьо кху акхачу лома?
– Бакъду, хӀай олхазар, со лаа ца лела:
Со цӀе ядо веъна, къарвина шун Села!

Воьрзийла яц цӀехьа, цӀеран хаьштиг доцуш,
Ког боккхур бац Лаьтта, кхерчара цӀе йоцуш!
– Дикчу гӀуллакхана араваьллачунна,
Некъан аьтто гойтуш, со гӀо деш ю хьуна!

Тхьевсина ву Села, ша маьрша ма гӀаттарг,
Хьо тосалахь шена, хӀаллаквийр ву атта!
И некъ бу сов ирча, и некъ бу сов шира.
Лерг хилийта сема, бӀаьрг хилийта ира!

ДӀо, дӀахьажал стигла, гой хьуна цӀе къегаш,
Азаллера дуьйна шу йовхонах хьегош?
Сьрмакал а сема ву къа дахна Села,
Ӏожаллел а чехка ву дарвелла Села!

Турпал цӀе хьакъйолуш буй хьан маса гила?
– Сан дино берг тоьхча, шовда гучудолу!
– ДегӀехь ницкъ хиларца муьтӀахь буй хьан иза?
– Стиглара ткъес санна, и аренца кхерста!

Доьналлица, хьуьнарца кийрара дог хьоьсту,
Вон-диканехь накъост и Ӏемина хила!
– Ткъа хьо-хьо вуй дегӀехь алсам гӀора долуш?
– Сан карахь цӀокъболат балозал а кӀадло!

– Халчу новкъахь ларлуш, ахь сема бӀаьрг тоха,
Села тилкхазвоккхуш, хаьштигах катоха,
Хьайн хӀилланах, ницкъах Села инзарваккха,
Хьовзам боцуш Лаьтта хьо воьрзур ву тӀаккха.

Ас бийцинчу новкъахь каде хила веза,
Селин само артъеш, хаьштиг дадо деза.
Дин хир бу хьан маса, хьесап хилахь чехка, –
Сата хьалхайолу, гIургIезах яйн техкаш.

6.

Тешамечу дине тIаьххьара кост[1] дина,
Шен лаамах, ницкъах ца босту шад бина,
Сакх[2] хилира Пхьармат, дуьйлина Iад санна,
Дог кхеххкара кийрахь, йочанехь хIорд санна.

Инзаре ницкъ гулбеш, ондда бергаш гIортош,
ДIатеттира маса дино ломан корта,
И бедира стигла, дерриг дуьне дегош,
Сов чехкачу бергех сийна суйнаш эгош.

Хийти, тохаделла, маьлхан дуьне лести,
Гила, леча санна, кхерча тIоьхла кхерсташ.
Чукхевдаш, катоьхна, цIеран хаьштиг лоцуш,
Наьрт дIаоьккху маса, дуьненах шеквоцуш.

Хецабелла гила лечанал а маса,
ЦIеран суйнаш Iена, юьллуш дашо аса.
ЦIаьххьана бIаьрг кхетий етталучу кхесах,
Села хьалаоьккху, хуьлучун деш хьесап.

Башломехьа берзош, наьрто гила лоллу,
ЦIе – боккха ницкъ – халкъе Пхьармат кховдо воллу:
«Адам хир ду ирсе, адам хир ду майра,
ЦIе – доьналлин хьоста, ницкъ – дахаран байракх!»

Оцу сохьта Селас, инзаре тIом гIаттош,
Iеттийра шен дIаьвше, дуьне дего хаттар:

[1] Кост – тIедиллар.
[2] Сакх – сема

– Мила ву шух, гаурш, кхерчан цIе яьхьнарг?
Мила ву и копар, сан сий дайа ваьхьнарг?

Ткъесал чехка болар Турпала ца хуьйцу,
Хьуьйсучара Лаьттахь, инзарбуьйлуш, дуьйцу:
– Тамаш бу-кх, и гила тIома Буракъ[1] бацахь!
Цу шиннел-м ду атта стелахаьштиг лаца!

Чекхъиккхира мархех, кхоьссина ткъес санна,
Литтинарг шен гIора кху сийлахьчу денна.
Мацъеллачу барзах лерехь мох-дарц цIийза,
Iожаллица гIергIаш, уьне мархаш хьийза.

Адаме цIе кхачарх Села кхеравелла.
Ирча орца доху цо дера дарвелла.
Доккха кит[2] схьадосту, арахоьцуш Iаьржа Буьйса.
Дуьне кхолош, и цIаьххьана яьржа.

Алу ца лакъийта хаьштиг дуьллуш чета,
Пхьармата мохь туьйхи, ша ирсан да хеташ:
– Iожалла, каетта ахьа, къинхетам боцуш,
Со воьрзур вац Лаьтта цIеран хаьштиг доцуш!

КIайн олхазар хилла, Сата хьалхайолу,
Некъ хьоьхуш цо тамашийна илли олу.
Шен исбаьхьа, зевне, эсала аз Iенош,
Зен-зуламах бере цо вохура гена.

Боданечу новкъахь шиъ бохамах лардеш,
Царна гонах гIергIа Iожаллин дарц къардеш,
Бух боцчу ахка дахна, шиъ ца дайта,
Цо бохура илли, дегнийн шовкъ ца яйта.

[1] Буракъ – туьйранашкахь буьйцу дин.
[2] Кит – хьайбанан цIоканах дина гали.

ШозлагIа кит досту Селас, дарц схьахоьцуш,
Дорцан шийла тулгIеш царна тIаьхьахоьцуш,
Сийна даш тIелестош, этIадора лаьмнаш,
Кескаш йохуш бердах, Iенадора Iаьмнаш.

Некъах тила хьаьхна са бIарзделла дуьсу,
Шиъ лаца ницкъ боцуш, Села къера вуьсу.
Сатин илли дека, цушинна некъ хьоьхуш,
ХолчухIиттинчарна Деле орца доьхуш.

КхозлагIа кит досту, хоьцуш морса шело,
Толамах дог диллац гIирвоьллачу Селас.
Цу харцонна стигла сихъелира елха,
Цу шелонна хебна, лаьмнаш дара лелхаш.

Ялсаманин зевне, сирла илли бохуш,
Мох-дарцана дуьхьал шен кIайн тIемаш лоьцуш,
Зен-зуламах лардеш, бегIийла некъ лоьхуш,
Села-Сата йогIу, цушиннан гIо лоьцуш.

Шен Iодара кхуссуш цIарах догу хаьштиг,
Ластийна ткъес туьйхи, отуш ломан бIаьштиг.
Селас неIалт боху, кхетамчуьра ваьлла:
– Адмашка цIе кхечи, гауран каяьлла!

Инзаречу ткъевне гIора ца ло Пхьармат,
Галморзахчу новкъахь гал ца волу Пхьармат,
Iожалло касттарх, оза ца ло Пхьармат,
Стелахаьштигашка лаца ца ло Пхьармат.

Букарчу мох-дарцо къиза дIасаветташ,
Стигало алонца уьне кийра Iеттош,
Шело дагах хьерчош, куьйгаш, когаш гIорош,
Iожаллица къуьйсуш, цо хала некъ бора.

Некъах тила хьаьхна, са бIарзделла дуьсу,
Пхьарматан карарчу хаьштиго цIе туьйсуш,
ЦIаьххьана гIар тийна, хаьштиг шайга кховдош,
Синош малхаделла, уьш цунна тIехьовду.

Серлонна тIекхевда маса наьртийн шога
Куьйгаш, сирла бIаьргаш ирсан цIарах догуш.
Маршонан кхаъ хилла, самайолу Iаьржа
Буьйса, ирсан зевне гIовгIа Лам чохь яьржа.

– ХIан, дIаэца алу! ХIан, серло дIаэца! –
Олу наьрто, воьлуш. – Аш кхин дIа ма хеца
ХIара беркат цкъа а! Шу дехийла маьрша!
Ма хедийла цкъа а шун дегнех комаьршо!

БIаьвнаш серлайохуш, алу гIаттаелаш,
Ца локъуьйтуш, беркат даим латтаделаш!
Массо хIусамашка дIасаекъа йовхо,
Хилийталаш цIарца екаш хIора товха!

ХIара ю шун синош хьегна сийлахь алу,
ХIинца байлур шуна тIера беза бала!
Со Селас тIевоьху. ХIан, шу марша Iойла,
Вай эхартахь кхана дог гIоза а гойла!

Суна са ма гатде, гIайгIане ма хила! –
Лаьмнашка бIаьрг кхарстош, цо лаьллира гила.
И вахара стигла Селин кхел тIеэца,
Шен халкъера безам цо баьхьира шеца.

Вахара дог реза шен кхолламна дуьхьал,
Эшахь, дуьне дита Iалашонан дуьхьа,
Даиманна йицъеш дахарцара мерза
Уьйраш, хадош деган уггар зевне мерзаш.



Воккхаверца бIаьрса цо туьйсура гонах,
Воьдура, иллешкахь даим ваха къона,
Кхочушдина уггар сийлахь-деза декхар,
Шел декъала адам дуьненахь ца хеташ.

7.

Сийлахь цIе, хьо хIинццалц зуламан герз дара,
Хьан боккха ницкъ хIинца-м кхаьчна адмийн кара!
Iазапан дукъ дайдеш, харцонан ша бостуш,
Наьрто кховдий халкъе хьо дахаран хьоста!

Iазапах чекхвуьйлуш, цо еъначу цIаро
Дахар карладаккха хилийтира таро.
Iалам малхадаьлла, хазделира дуьне,
Адамаш дара кхойкхуш вовшийн ирсан шуьне.

ГIа-патаршца язлуш, дIахIиттира хьаннаш,
Зевне кхаьънаш дохуш дара кIорга Iаннаш,
Кечъелира башха, зезаго бIаьрг боьллуш,
Хаза хьожа йогIу бецаш, юькъа коьллаш.

Ницкъболу наьрт шена дуьхьалвогIу гича,
Селас алсамйоху буьрса яппарш, хичаш.
Сийлахь Башлам лоцу шелчу Iаьнан гура,
Даиманна хIоттош ца ястало гIура.

Диццдолуьйтуш цунна йовхоне сатийсар,
Цо турпал дегI дира шелчу дорцан йийсар,
Даиманна цунна гонах хьовзош шело.
Мохь туьйхира буьрса гIирвоьллачу Селас:

– Айхьа ядийнчу цIарах даим хьегавойла хьо!
Цуьнга сатуьйсуш, хьан са хIаллакдойла!
– Хама бац хьан, жехIал! Вашац со хьан кхелах!
Со саннарш бу хьуна шортта, диц ма делахь!

– Сан Iазап бен, цкъа а маршо гур яц хьуна!
Уггар луьра бекхам кечбина ас хьуна!
ЗIенашца дIавехка и Башлома буьххье! –
Шен лай Iужа лоллу цо наьртана дуьхьал.

Цхьа бIаьрг болчу Iужас муьтIахь волчу дена,
Хаьржина, кечйира уггар онда зIенаш
Селин омра декча, наьртана тIеведда,
ДIавихкира тархах, лерина деш шеддаш.

Тешаме лай воллу дусийна цIийн пхенаш,
Турпалхочун дегIах чIагIъеш йоьзан зIенаш
(Наьртан бIаьргаш чуьра ирсан серло лешаш,
Iужа генаволу, гиначух ца тешаш!),

Схьагулйира лам тIе ерриг харцо Селас,
Цунна дуьне къахьдан алсамйохуш гIело,
Меллаша хьалаузуш аренцара шело,
Ткъа аренаш кечъеш, гIа-патарца елош.

Шен сина дарделла цIийза, экха санна,
Дорцан тулгIеш хьерчаш дегIах даиманна,
Наьрто Iазап хьоьгу, ловш инзаре бала,
Цу къизалло кхерстош даге сийна алу.

– ДоIах дажал цуьнан! – малх гIаттале хьалха
Йийсарна тIе лоллу Iужас къиза ялхо –
Олхазарийн эла Ида. Iуьйрре гIоттий,
Наьртан голаш тIера цо луьра барт хотту:

– ХIай декъаза Пхьармат, хIай хьо къине Пхьармат,
Ца ваьлла хьо дохко айхьа динчунна?
Нагахь дохковаьллехь, аса зен дийр дац хьуна,
Хьайн сина гечдойтуш, жоп хазаде суна!



Цу даьссачу хабарх Пхьарматан дог кхаьрда,
Шена кхелъечуьнга курра олу наьрто:
– Ша халкъана динчу диканах цецвуьйлург
Базаран кIилло ю, шен кхетамца аьрта!

Айса цIе ядийна со дохко ца ваьлла,
Халкъе серло кхаьчна, сан са малхадаьлла,
Ас хадийна зуламхочо Селас латто гIело,
ТIаьхьенашна бийца цунах хилла белам.

ТIулгах хьокхий, ирйо болатан зIок Идас,
ЦIийх ца Iеба лаам ижуна тIекхийдаш.
Цо Iалашо лоцу турпалхочун доIах.
(Села-Сата, эрна хиллера хьан доIа!)

Шен да вийна мостагI чалтачна наьрт хета,
ОьгIазалла гулйой, и цунна тIекхета.
Кескаш йоху дилхах (хиларг шена хьарам),
Наьртан доIах цоьсту, туьйсуш дIаьвше мIараш.

Турпалхочун бIаьргех цхьа тIадам ца болу,
Оццул Iазап хьоьгуш, къаьхьа къурд ца олу.
Цуьнан багахь даим цхьа доца жоп хеза:
– Айса цIе ядийна со дохко ца ваьлла!

Цу башломал чIогIа ду Пхьарматан собар,
Дуьне духуш духур дац Пхьарматан собар!
Латтанаш, бухдийла! Стигланаш, чуелха!
Ницкъ карор бац шуна ламанан кIант велхо!

Ида Iабац, некхах шен ира зIок етташ
(Амма наьртан дагчохь нур дашо малх кхетта!),
Стиглара цIе еъна, адмаш дина азат[1],
Пхьармата шеквоцуш лов инзаре Iазап.

[1] Азат дан – Iазапах маршадаккха.

Мархашлахь гоьдолу[1] беттан сибат санна,
Кхетаман кIоргенехь денло цхьана ханна
Ненан хьоме сибат – кIентан сийлахь ойла,
Юха херйо дагна лазаме дог-ойла.

Iожаллица къуьйсуш, дегIах са ца долу,
Цуьнан курчу дагах цхьа узар ца болу.
И хиллерий хаац ша болатах дина?
Амма цул чIогIа дог дуьненна ца гина!

8.

Башломах шалам беш, пхьола дира Селас,
Цуьнан коьртах хьарчош барзах угIу шело.
Наьртан доIах дажа даим Ида догIу,
Буто ша бу цигахь Iуьллуш тIулгал чIогIа.

ХIетахь дуьйна дебна вайн Лаьтта тIехь беркат,
НиIматаца яьржи наьрто еъна серло.
ХIетахь дуьйна хIора шарахь маьрша Iалам
Шен низамехь сихло сийлахь Латта кхала.

Вайн махкахь ду Iедал боьрша стаг ца воьлхуш,
Мел доккха вон шега деъча, и ца вухуш.
Пхьармата хьуьнарца даимна ницкъ белла,
Вайн къонахийн дегнаш гIайракхел чIагIделла.

Пхьарматна некъ хьоьхуш хIетахь орцах еъна
Нуьре Села-Сата вайн хьаннашкахь йисна.
Хаьштиго мас-пелаг мерцина, кIайн доцуш,
И олхазар ду басца къорза, тIемаш доца.

Цу Iазапан кийрахь хIинца а ву Пхьармат,
Кхолламан ницкъ кхачац болатан дог къардан!
Пхьарматан хан-зама ю абадел[2] еха:
Турпал цкъа а ца ле, турпал даим веха!

[1] Гоьдолу – кхузахь: гучудолу.
[2] Абаде – чаккхе йоцу хенан йохалла.

# ЛИТЕРАТУРИН ТЕРМИНИЙН ДОШАМ

***Автобиографи*** – шен дахарх лаьцна ша яздар.

***Аларш*** – барта кхолларалехь кегийра дийцарш.

***Аллегори*** – хIума, хилам тардинчу кепара гайтар, къегина гуш долчу хIуманехула гучу а доккхуш.

***Аллитераци*** – литературин текстана башха декар а, къастор а луш долу цхьатера аьзнаш юх-юха далор.

***Амфибрахи*** – шолгIачу дешдекъа тIехь тохар а долуш, кхаа дешдекъах лаьттачу стихан барам.

***Анализ*** (литературин произведенин) – толлуш произведени къастор.

***Анапест*** – кхоалгIачу дешдекъа тIехь тохар а долуш, кхаа дешдекъах лаьттачу стихан барам.

***Аннотаци*** – книгин, статьян боцца чулацам бовзуьйтуш яздинарг.

***Антитеза*** – дуьхь-дуьхьалниг. Исбаьхьаллин кеп ю хилам а, хIума а, персонаж а дуьхь-дуьхьал хIоттош йолу.

***Архаизм*** – ширделла, шех кIезиг пайда оьцу дош.

***Афоризм*** – чекхдаьлла маьIна а долуш, доцца аьллачу къеггинчу дешнашка ерзийна ойла. Афоризмаш кицанех тера ю, амма цаьрца юьстича, шен билггал волу автор волуш ю (яздархо, Iилманча и. д. кх. а).

***Байт*** – малхбалехьарчу поэзехь шина стихах лаьтташ йолу строфа.

***Барта кхоллараллa, я фольклор*** – халкъо кхоьллинчу барта дешан искусство. Барта кхоллараллин шуьйра евзаш йолу жанраш: кицанаш, хIеталметалш, туьйранаш, иллеш, эшарш, чехкааларш, дагардарш.

***Басня*** – хьехаме маьIна шеца долу стихотворенин (я прозин) кепехь яздина жима дийцар. Адамийн амалш дийнатийн васташца гойту баснехь.

***Баллада*** – ира сюжет а йолуш, шен бухехь цхьа хилам болу стихотворени.

***Гипербола*** – дуьйцург тIехдоккха гойтуш йолу исбаьхьаллин кеп.

***Градаци*** – предложени чохь цхьанатайнана исбаьхьаллин гIирсаш (эпитеташ, дустарш, метафорш и. д. кх. а.) маьIна тIаьхь-тIаьхьа чIагIдеш я, мелхо а, лахдеш далоран исбаьхьаллин кеп.

***Гротеск*** – хила йиш йоцург а, хила йиш ерг а цхьаьнаэдеш дестийна хIума далор.

***Дактиль*** – хьалхарчу дешдекъа тIехь тохар а долуш, кхаа дешдекъах лаьттачу стихан барам.

***Дийцар*** – стеган дахарера цхьаъ я масех гIуллакх гойтуш йолу жима эпически произведени.

***Дийцархо*** – исбаьхьаллин произведени тIехь шен цIарх дийцар дIахьош верг.

***Дерзор*** – исбаьхьаллин произведенехь гайтинарг чекхдолуш кхоллалуш долу хьелаш.

***Долор*** (завязка) – исбаьхьаллин произведени тӀехь гӀуллакхаш билггал кхиа доладаларан хьал.

***Драма*** – сцени тӀехь хӀотто лерина произведени.

***Дустар*** – исбаьхьаллин суртхӀотторан гӀирс, цхьа хӀума я гӀуллакх кхечуьнгахула билгалдоккхуш, шех тера долчуьнца дустуш гойтуш болу.

***Диалог*** – шина я масех стага вовшашца ден къамел. Спектаклашкахь, пьесашкахь, киносценарешкахь турпалхойн амалш йовзийтаран коьрта кеп.

***Жанр*** – исбаьхьаллин произведенин кеп, масала: дийцар, повесть, поэма и. д. кх. а.

***Идея*** – исбаьхьаллин произведенин коьрта ойла.

***Илли*** – нохчийн барта кхоллараллин жанр.

***Илли*** – турпалаллин тӀаьхьа пондар а балош, дахарехь хилла гӀуллакхаш а, хьуьнаре къонахий а буьйцу стихотворенин кепехь йолу лирически а, лиро-эпически а произведени.

***Инверси*** – шатайпа дешнийн раж.

***Интерпретаци*** – литературин произведенех кхетор, цуьнан маьӀнина, идейна тӀаьхьакхиар.

***Интонаци*** – къамелехь цхьа дош чӀогӀа аларца билгалдаккхар. Цо аьтто бо шина дуьйцучуьнца йолу юкъаметтиг билгалъян.

***Ирония*** – шена хеташ дерг а, ала кечдинарг а ца олуш, цунна нийсса дуьхьалдерг аларан исбаьхьаллин кеп; хӀума беламе даккхар.

***Ира алар*** – доцца аьлла, шайх шуьйра пайда оьцу говза дешнаш. Ирачу аларша забаран кепехь Ӏорайоху адамийн сакхте амалш.

***Кица*** – доцца, шайгахь къеггина а, кхеторан маьӀна а долу ира халкъан аларш.

***Комментари*** – маьӀна дар, кхетам балар.

***Композици*** – исбаьхьаллин произведенин дӀахӀоттам.

***Кульминаци*** – исбаьхьаллин произведени тӀехь хиламаш кхиарехь уггар лакхара тӀегӀа.

***Къовсам*** – галморзахалла, турпалхой вовшашна дуьхь-дуьхьал, къийсаме бевлла хилар, церан тайп-тайпана дуьнене хьежар.

***Лаконизм*** – ма-хуьллу доца алар.

***Легенда*** – шена чохь бакъдерг а, хила йиш йоцург а цхьаьнаийна йолу халкъан фантазица кхоьллина произведени.

***Лирика*** – литературин тайпа. Лирикехь дахар гойту адамийн ойланаш, синхаамаш бовзийтарца.

***Лирически турпалхо*** – авторан ойланаш, лаамаш, синхаамаш бовзуьйту исбаьхьаллин васт.

***Литературовед*** – цхьана я масех яздархочун кхолларалла а, историко-литературин гIуллакхаш а толлуш волу говзанча.

***Метафора*** – кхечу маьIнехь далийна дош я алар. Цхьа хIума шех тера долчу кхечу хIуманехула гучудаккхар.

***Мифаш*** – турпалхойх а, цIуйх а лаьцна хьадисаш, легендаш.

***Монолог*** – исбаьхьаллин произведенехь цхьана турпалхочун я дакъа-лацархочун къамел.

***Мотив*** – исбаьхьаллин произведенин темин цхьа дакъа.

***Мораль*** (баснехь) – жамI, маьIна дар, дукхахьолахь авторо хадийначу махаца догIуш долу.

***Новелла*** – литературин дийцаран жанрехь йолу произведени. Новеллехь ардаме сюжет цIаьхххьана голатухуш ерзаре йоьрзу.

***Олицетворени*** – метафорин цхьа тайпа, исбаьхьаллин суртхIоттош, Iаламера муьлхха а хIума, адаман хьесапе дерзийна, синхаамаш, кхетам болуш санна гайтар.

***Пейзаж*** – исбаьхьаллин произведенехь Iаламан сурт.

***Персонаж*** – изза литературин турпалхо, исбаьхьаллин произведенера дакъалацархо.

***Пиррихий*** – шайна тIехь тохар доцчу шина дешдекъах лаьтташ йолу стихан гIулч.

***Портрет*** – произведенин турпалхочун юьхь-сибат, куц-кеп.

***Повесть*** – эпически произведеиийн цхьа тайпа. Дийцарехь болчул алсам хиламаш а болуш, барамал йоккха йолу эпически произведени.

***Поэма*** – лиро-эпически произведенийн цхьа тайпа. Къоман дахарехь маьIне долу гIуллакхаш а къастош, хьуьнаречу турпалхойн ваcташ а кхуллуш йолу стихашца язйина лиро-эпически произведени.

***Поэзи*** – стихотворени кепехь язйина йолу исбаьхьаллин произведенеш.

***Поэт*** – поэтически произведени кхуллуш верг.

***Проза*** – стихотворени кепехь йоцу литературин произведени.

***Пролог*** – фабулин цхьа дакъа; исбаьхьаллин произведени тIера хиламашна юкъа ца догIу дийцар.

***Рецензи*** – критика жанран цхьа дакъа, произведени къастош мах хадор.

***Риторически хаттар*** – поэтически произведенехь хIума чIагIдаран маьIнехь далийна хаттар.

***Риторически айдар*** – поэтически произведенехь айдаран интонацехь дог-ойла билгалъяккхар.

***Риторически тIедерзар*** – исбаьхьаллин суртхIотторан гIирс; синкхетам болчу а, боцчу а хIуманашка вистхиларца ша дуьйцуш долчуьнга йолу шен юкъаметтиг авторо гайтар.

***Ритм*** – стихотворенехь шайна тӀехь тохар долу а, доцу а дешдакъош цхьана барамехь хийцадалар.

***Рифма*** – стихотворенин могӀанийн чаккхенаш цхьаьнаяр.

***Роман*** – эпически жанран произведени. Дахар шуьйра, кӀоргера гойтуш, дуккха а турпалхой болуш, церан амалш кхиаран хьелаш къасташ, кхочушхуьлуш долу гӀуллакхаш шаьш кхиарехь гойтуш йолу йоккха произведени.

***Сатира*** – дахарехь хуьлуш дерг, адамийн амалшца сакхте дерг, беламе деш, Ӏорадаккхар.

***Силлабо-тонически стих кхолларан кеп*** – дешдакьойн барамца а, дешдакъошца а, тохаршца а, и тохарш могӀанехь дӀанисдаларца а билгалйолу стихкхолларан кеп.

***Спондей*** – тӀехь тохар долчу шина дешдекъах лаьтташ йолу стихан гӀулч.

***Стихотворени*** – исбаьхьаллин жима произведени.

***Строфа*** – шайн маьӀница, интонацица, рифмашца цхьаьнатоьхна стихотворенин могӀанаш.

***Сюжет*** – исбаьхьаллин произведенера хиламаш кхиаран кеп.

***Тема*** – исбаьхьаллин произведенин бух кхуллуш болчу хиламийн го.

***Турпалхо*** (литературин) – исбаьхьаллин произведенин коьрта дакъалацархо.

***Туьйра*** – халкъан барта кхолларалин произведени.

***Хорей*** – хьалхарчу дешдекъехь тохар долу шина дешдекъах лаьтта стихан барам.

***ХӀетал-металш*** – барта кхолларалин цхьа тайпа.

***Эпиграф*** – произведенин идея, тема, маьӀна билгалдеш долу говза дешнаш, дукхахьолахь цуьнан юьххьехь я дакъошна юккъехь далош долу.

***Эпизод*** – произведенин хиламан цхьа дакъа.

***Эпитет*** – хӀуманан мухалла билгалйоккхуш я цуьнан цхьа агӀо исбаьхьаллин, поэтически кепехь гойтуш йолу дош.

***Эпос*** – литературин тайпа. Эпосан жанраш ю: роман, повесть, дийцар, очерк.

***Эпилог*** – турпалохойн кхолламехь тӀаьххьара а хилларг довзуьйтуш долу исбаьхьаллин произведенин тӀаьххьара дакъа.

***Юьхьйолор*** (экспозици) – исбаьхьаллин произведенехь гӀуллакхаш дӀадоладаларал хьалха дийцинарг.

***Юмор*** – произведенехь шех пайда оьцу исбаьхьаллин кеп; беламе дерг.

***Ямб*** – шолгӀачу дешдекъехь тохар долу шина дешдекъах лаьтта стихан барам.

## ЧУЛАЦАМ

Халкъан барта кхолларалла ........ 3
Эвтархойн Ахьмадан илли ........ 6
Эвтархойн Ахьмадан иллех лаьцна ........ 13
Таймин Бийболатан илли ........ 18
Иллех а, церан исбаьхьаллин билгалонех а ........ 26
Нохчийн халкъан эпос ........ 29
Наьрт-аьрстхойн паччахь Наураз ........ 30
«Наьрт-аьрстхойн паччахь Наураз» дийцарх лаьцна ........ 31
Ницкъболу Солса ........ 34
Гермачигара наьрташ ........ 38
Наьрт-аьрстхой кхерор ........ 41
Наьрт-аьрстхойх лаьцна долу дийцарш а, туьйранаш а ........ 44
*Гайсултанов Іумар Эдилсултанович* ........ 47
Нийса кхел ........ 49
Басня жанрах лаьцна ........ 58
Барзо амалш ца хуьйцу ........ 59
«Барзо амалш ца хуьйцу» баснех лаьцна ........ 61
*Сатуев Хьусайн Джунидович* ........ 63
Ломмий, цхьогаллий ........ 64
Басня таллий вай ........ 67
*Гадаев Мохьмад-Салахь* ........ 69
Дарта ........ 71
*Ошаев Халид Дудаевич* ........ 74
Чайра ........ 75
«Чайра» дийцарх лаьцна ........ 88
Литературин произведенин турпалхочух лаьцна ........ 91
*Мамакаев Іаьрби Шамсуддинович* ........ 93
Поэмех лаьцна ........ 95
Дагалецамаш ........ 96
«Дагалецамаш» поэмех лаьцна ........ 103
*Сайдуллаев Хьасан Хамидович* ........ 107
Ненан бІаьрхиш ........ 108
Пейзажах лаьцна ........ 128
*Сулаев Мохьмад Абуевич* ........ 130
КІанте ........ 131
*Эдилов Хас-Мохьмад Эдилович* ........ 134
Ненан безам ........ 135

*Ахмадов Іумар Ахмадович* .......... 138
Воккха дада .......... 139
*Айдамиров Абузар Абдулхакимович* .......... 150
Вина мохк .......... 151
«Вина мохк» стихотворенех лаьцна .......... 154
Эпитетах лаьцна .......... 156
*Ахматова Раиса Солтамурадовна* .......... 159
Ма хала ду цунах кхета .......... 160
«Ма хала ду цунах кхета» стихотворенех лаьцна .......... 162
*Саракаев Хьамзат Бекович* .......... 164
Ирсе бІаьрхиш .......... 165
*Арсанукаев Шайхи Абдулмуслимович* .......... 175
Мохкбегор .......... 177
*Окуев Шима Хамидович* .......... 179
БІаьсте .......... 180
Олицетворенех лаьцна .......... 183
*Кибиев Мусбек Магомедович* .......... 185
Меттан сий .......... 186
*Дикаев Мохьмад Джунаидович* .......... 190
Къинхетаме Нохчийчоь .......... 191
*Рашидов Шаид Рашидович* .......... 194
Ломара цІе.......... 195
*Мамакаев Эдуард Арбиевич* .......... 200
ХІорд .......... 202
*Махмаев Жамалдин Махмудович* .......... 204
Іаьржачу баьпкан юьхк .......... 205
*Нунуев Сайд-Хьамзат Махмудович* .......... 211
«Хьайбаха» (Йилбазан оьмар» романан дакъа).......... 212
«Хьайбаха» дийцарх лаьцна .......... 222
*Яхъяев Леча* .......... 225
Даркеш («Гиххойн Таймасха» роман тІера дакъа).......... 226
*Бексултанов Муса Эльмурзаевич* .......... 234
Некълацар .......... 235
«Некълацар» дийцарх лаьцна .......... 244
Литературин турпалхочух, сюжетах, композицех лаьцна .......... 246
*Ахмадов Муса Магомедович* .......... 249
Телефон .......... 250
*Яралиев Юсуп Сардал-Алиевич* .......... 259
Кад .......... 260
«Кад» стихотворенех лаьцна .......... 262

**Дешархошна шаьш еша произведенеш**
Мадин Жаьммирзин, Таймин Бийболатан илли ............................ 264
Къеначу Адин илли ............................................................... 275
Наьрт-аьрстхойл товлла Куллуби ............................................ 280
*Сатуев Хьусайн.* Дуьме ца кхаьчна цициг ................................ 282
*Саидов Билал.* Ненан мотт ....................................................... 283
*Саракаев Хьамзат.* Ширачу гІопехь .......................................... 285
*Шамсудинов Бувайсар.* Жималлин суьйренаш ............................ 300
*Саидов Саид-Селим.* Мажъелла кехатан цуьрг ............................ 305
*Дикаев Мохьмад.* Сан Даймохк ................................................ 311
*Рашидов Шаид.* Пондаран аз ..................................................... 312
*Берсанов Хож-Ахьмад.* Ши кІант а, зу а ..................................... 313
*Бексултанов Муса.* Генара а, гергара а денош ............................ 318
*Хасаев Хьасан.* Іаьнан чиллахь ................................................ 326
*Сулейманова Зайнап.* Пхьармат ............................................... 329
Литературин терминийн дошам ................................................ 345

